



MANGSA PASKA 2023

**“Wungunipun Sang Kristus  
Nggegulang Pamulihan  
miwah Patunggilan”**

**LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN**

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH  
Samironobaru 77 kompleks LPPS  
Yogyakarta 55281

Mangsa Paska 2023

Téma:

**“Wangunipun Sang Kristus Nggegulang Pamulihan miwah Patunggilan”**

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia Jawa Tengah

Telepon: 0274 514721

Website: [lpps.or.id](http://lpps.or.id)

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben buku Rp. ....

## *Atur Sapala*

Saben taun kita mahargya riyadi Paska. Ing ngriki kita ngriyayakaken wungunipun Sang Kristus kanthi iman lan kapitadosan. Panjenenganipun nguwaosi sadaya panandhang lan pepejah. Lumantar karyanipun Gusti, sesambetan lan patunggilaning manungsa kaliyan Allah, sesami lan sadaya ingkang karipta déning Gusti Allah kapulihaken. Pramila punika Paska dados sumber lan punjering kapitadosan dhateng karyanipun Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci, Trinitas ingkang Suci, Allah ingkang nitahaken, milujengaken, ngrimat sadaya ingkang sampun karipta. Kanthi mahargyo Paska, kita ndhèrèk lampahing sih katresnanipun Gusti.

Kanggé ngriyayaaken sih katresnanipun Allah, Lembaga Pembinaan dan Pengaderan Sinode GKJ dan GKI SW Jateng (LPPS) damel buku Mangsa Paska 2023. Wondéné jejer Mangsa Paska 2023 inggih punika, “Wungunipun Sang Kristus Nggegulang Pamulihan miwah Patunggilan” (Lelakoné Para Rasul 10:34; Yoh. 20:8).

Pinangka satunggaling bahan, buku punika prelu dipun jumbuhaken kaliyan kabetahan ing pasamuwan piyambak-piyambak. Pramila punika dhumateng para sedhèrèk ingkang migunaaken bahan punika kasumanggakaken ngginaaken bahan kanthi njumbuhaken kaliyan kabetahanipun.

Bahan-bahan punika samangké saged wonten ing asta panjenengan awit kasaénan saha panyambut damel ingkang wekel saking kanca-kanca tunggil paladosan. Para kanca miwiti nganggit buku ing wulan Septèmber 2022 dumugi Desember 2022. Awit saking punika keparenga kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

1. Pdt. Neny Suprihartati - Bidang PWG Bapelsin GKJ XXVIII
2. Pdt. Yussac Cahya Khristianto - DPG GKI SW Jateng
3. Pdt. Daniel Bani Winni Emma - DPG GKI SW Jateng
4. Pdt. Agus Suprihana - GKJ Bendungan Wonosobo
5. Pdt. Agus Prasetyo - GKJ Bambu Yogyakarta
6. Pdt. Ageng Prasetya Raharjo - GKJ Karangpandang Karanganyar
7. Pdt. Kurniawan – GKJ Argamulyo Salatiga

8. Pdt. Zefanya Duta Prasetya – GKJ Depok
9. Pdt. Iky Sumarthina Putri Prayitno - PPK Sinode GKJ di FTH UKSW Salatiga
10. Pdt. Dwi Agus Cahyono - GKJ Gondang Sragen
11. Pdt. Francisca Natalia Handayani - GKJ Depok
12. Bp. Gantyo Kuspradono - GKJ Tangerang
13. Pdt. Yulius Perdana Putera - GKI Ajibarang
14. Pdt. Rahmat Paska Rajagukguk - GKI Gereformerd Semarang
15. Pdt. Lukas Suprastowo - GKI Klaten
16. Pdt. MR. Kurniadi GKI Rawamangun - Jakarta
17. Pdt. Andetta Philiea Dorothea – GKI Kutoarjo
18. Pdt. Kristian Dewantara – GKI Serua Indah
19. Pdt. NL. Utomo – GKI Karangсарu Semarang

Atur panuwun ugi kaunjukaken dhateng juru pertal, inggih punika: Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode), Ibu Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode), Bp. Pdt. Yusak Tri Darmanto (Fakultas Teologi UKDW), Bp. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Sala), Bp. Pdt. Toni Jadmiko (GKJ Magelang), Bp. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten), Bp. Pdt. Tri Nur Adi (GKJ Suryodiningratan), lan Ibu Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan – Klaten).

Pamaturnuwun kaaturaken kagem sadaya kontribusi saking para sakabat ingkang migunaaken bahan punika.

Pungkasaning atur, kawula ngaturaken sugeng cecawis lumebet ing Mangsa Paska 2023. Mugi anggèn kita sami ngriyayakaken sih katresnanipun Gusti ndadosaken kita pinangka pribadi-pribadi ingkang karsa nggegilut kababaring katresnan kanggé nggegulang pamulilan miwah patunggilan.

LPP Sinode, 19 Januari 2023

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Murtini Hehanussa

## *Dhaptar Isi*

Atur Sapala.....	i
Dhaptar Isi .....	v

### **Bahan Khotbah**

Khotbah Rebu Awu .....	1
Khotbah Minggu Pra Paska kapisan.....	5
Khotbah Minggu Pra Paska kaping-2 .....	11
Khotbah Minggu Pra Paska kaping-3 .....	19
Khotbah Minggu Pra Paska kaping-4 .....	25
Khotbah Minggu Pra Paska kaping-5 .....	29
Khotbah Minggu Pra Paska kaping-6 .....	35
Khotbah Kemis Pethak .....	39
Khotbah Jumuwah Adi .....	45
Khotbah Setu Sepi .....	49
Khotbah Minggu Paska Énjang .....	51
Khotbah Minggu Paska Sonten .....	57
Khotbah Minggu Paska 2.....	61
Khotbah Minggu Paska 3.....	65
Khotbah Minggu Paska 4.....	69

### **Bahan Liturgi**

Liturgi Rebo Awu .....	73
Liturgi Minggu Pra Paska kapisan.....	83
Liturgi Minggu Pra Paska kaping-2 .....	91
Liturgi Minggu Pra Paska kaping-3 .....	99
Liturgi Minggu Pra Paska kaping-4.....	107
Liturgi Minggu Pra Paska kaping-5 .....	113
Liturgi Minggu Pra Paska kaping-6.....	119
Liturgi Kemis Pethak .....	127
Liturgi Jumuwah Adi .....	135
Liturgi Setu Sepi .....	145
Liturgi Minggu Paska Énjang .....	151
Liturgi Minggu Paska Sonten .....	159
Liturgi Minggu Paska 2 .....	167

Liturgi Minggu Paska 3 .....	175
Liturgi Minggu Paska 4.....	181

### **Bahan Panyuraos Kitab Suci Diwasa**

Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra Paska 1 .....	189
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra Paska 2 .....	195
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra Paska 3 .....	203
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra Paska 4 .....	209
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra Paska 5 .....	215
Bahan Panyuraos Kitab Suci Pra Paska 6 .....	221
Bahan Panyuraos Kitab Suci Sédanipun Gusti Yésus .....	225
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paska .....	229
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paska 2 .....	233
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paska 3 .....	237
Bahan Panyuraos Kitab Suci Paska 4 .....	241

### **Bahan Pakempalan Pandonga**

Bahan Pakempalan Pandonga 1.....	249
Bahan Pakempalan Pandonga 2 .....	257
Bahan Pakempalan Pandonga 3 .....	263
Bahan Pakempalan Pandonga 4 .....	269
Bahan Pakempalan Pandonga 5 .....	275
Bahan Pakempalan Pandonga 6 .....	283

# BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang  
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun  
pasamuwan piyambak-piyambak*



## KHOTBAH Rebo Awu

22 Februari 2023

Waosan 1: Yoèl 2:1-2, 12-17  
Tanggapan: Masmur 51:3-19  
Waosan 2: 2 Korintus 5:20 – 6:10  
Injil: Matius 6:1-6, 16-21

## “Sami Puruna Karukunaken déning Allah”



### KHOTBAH JANGKEP

#### “Sami Puruna Karukunaken déning Allah”

Menapa ingkang limrahipun katindakaken gréja utawi pasamuwan nalika mrangguli warganipun dhumawah ing dosa? Sampun temtu gréja badhé ngawontenaken pirembagan tuwin pangamping-ampingan dhateng warga pasamuwan kasebat. Asring, ancas pungkasanipun saking pirembagan tuwin pangamping-ampingan menika nélakaken bilih warganing pasamuwan kasebat kedah nindakaken pamratobat (pangakening dosa). Salajengipun menawi warga kasebat mboten sumadhiya kanggé nindakaken pamratobat (pangakening dosa), mila gréja nganggep menawi warga kasebat taksih kedah tansah dipunperdi utawi dipunengèn ngantos sumadhiya kanggé nindakaken pamratobat (pangakening dosa).

Dinten menika kita nindakaken ibadah Rebo Awu minangka wiwitan lumebet ing Mangsa Pra Paska, inggih menika mangsa kanggé mratobat, ingkang dipunkanthèni ndedonga, siyam tuwin sedhekah. Ing ibadah menika badhé katindakaken pangosèran awu ing bathuk kita sadaya. Sampun lumampah dangu, malah sampun atusan taun sadèrèngipun Sang Kristus, awu sampun dados tandha pamratobat. Gusti ngènetaken bilih manungsa pinangkanipun saking lebuning bumi saha badhé wangsul malih dados lebu. Awu dipunosèraken ing bathuk (palarapan) minangka tandha bilih dosa mboten kanggé dipundhelikaken ananging ugi mboten kanggé dipunketingalaken utawi dipunpamèraken. Dipunosèraken ing bathuk dados tandha supados kita tansah

émut bilih kita menika ringkih lan gampil dhumawah ing dosa. Awit saking menika, ing saben-saben kita damel dosa, énggala ngakeni tuwin nelangsani dalah sowan dhateng ngarsanipun Gusti kanggé mratobat lan nyuwun pangapunten.

Pamratobat kedah tuwuh saking rumaosing dhiri saha katindakaken saking telenging manah. Kanthi cetha dipunngendikakaken nabi Yoèl: “Atimu suwèken, aja sandhanganmu,”. Panguwuh-uwuh menika badhé ngantebaken bilih pamratobat sanès namung dados ritual (bab ingkang gegayutan kaliyan upacara agami) kanggé ngrampungaken masalah tuwin panampi wangsulipun malih warga dhateng satengahing pasamuwan. Kados ingkang dipun ngendikakaken Sang Prabu Daud: “kawula ngrumaosi panerak kawula”. Kanthi kebak panelangsa Sang Prabu Daud nélakaken kalepatanipun tuwin nyuwun pangapunten saking Gusti Allah. Nabi Natan babarpindah mboten ngaturi Sang Prabu Daud supados nindakaken pamratobat, ananging namung ngèngetaken tumindakipun ingkang lepat. Awit saking rumaosipun piyambak, Sang Prabu Daud nelangsani tumindakipun sarta nyuwun pangapunten tumrap kalepatanipun. Nalika Sang Prabu Daud nyuwun pangapunten dhumateng Gusti Allah, sayektosipun Sang Prabu Daud saweg nindakaken *rekonsiliasi* utawi pangudi mulihaken sesambedan kaliyan Gusti Allah, utawi saweg purun dipunrukunaken déning Gusti Allah.

Kados pituturipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Korintus, ingkang sampun samesthinipun ugi dados pitutur kanggé kita sadaya minangka tiyang pitados wekdal samangké, supados kita sumadhiya purun dipunrukunaken déning Gusti Allah. Cumawising dhiri purun dipunrukunaken déning Gusti Allah ateges cumawising dhiri kanggé ngakeni sadaya dosa tuwin nelangsani, salajengipun purun mratobat sarta dipunwujudaken kanthi cumawising dhiri kanggé gesang jumbuh kaliyan pranatan dalah piwulangipun Gusti Allah. Salajengipun Rasul Paulus maringi pitutur supados kita mboten ndamel tanpa gina kawilujengan ingkang sampun kita tampèni, ingkang sampun dados tiyang pitados. Gusti Allah sampun maringaken kawilujengan kanggé manungsa ing salebeting lelabuhanipun séda tuwin wungunipun Gusti Yésus Kristus.

Rasul Paulus ngandika bilih panjenenganipun menangi marupi-rupi panandhang tuwin kasangsaran ageng ing salebetipun nindakaken ayahan ngabaraken injil. Nanging piyambakipun kedah saged mbuktèkaken saged dipunpitados anggènipun ngabdi. Rasul Paulus kedah saged mantep ing salebeding kasabaran (2 Kor. 6:4-5), kasucèning manah saha saya menep ing sawernining kasaénan (2 Kor. 6:6-8), malah sagah dados sumbering berkah kanggé ngiyataken tuwin nyembadani tiyang ingkang dipunladosi (2 Kor. 6:9-10). Rasul Paulus ngandharaken sadaya menika minangka ajakan dhateng tiyang pitados, inggih menika para palados ing ayahan ngrukunaken. Minangka palados ing ayahan ngrukunaken, kedah purun karukunaken déning Gusti Allah tuwin gesang kasukmanipun kedah tansah ngalami kaanyaraken déning Gusti Allah.

Nglampahi Mangsa Pra Paska ateges nglampahi Mangsa Tobat, ingkang kinanthénan déning tumindak ndedonga, siyam lan sedhekah. Kita kaajak supados nindakaken sadaya menika sanès minangka kawajiban malah panyuwunan ingkang metek kita. Kita nindakaken sadaya menika mboten supados dipun pirsani tiyang, mboten supados dipunanggep minangka tiyang Kristen ingkang mursid. Kedahipun kita mboten nindakaken sadaya ibadah kita kanthi lamis. Kanthi cetha Gusti Yésus melèhaken tiyang-tiyang ingkang nindakaken sadaya menika minangka wujuding kasombongan rohani tuwin kapenuhan lelamisan. Gusti Yésus mulangaken dhateng para murid-Ipun lan ugi dhateng kita sadaya, supados nindakaken sadaya ibadah kasebat kanthi tulus saking telenging manah. Sumangga kita lumebet tuwin nglampahi Mangsa Tobat menika kanthi cumawising dhiri purun karukunaken déning Gusti Allah. Amin.

(NS-DEN)





**KHOTBAH****Minggu Prapaska kapisan***Minggu; 26 Fébruari 2023*

Waosan 1: Purwaning Dumadi 2:15-17,  
3:1-7;

Tanggapan: Masmur 32; 1 - 7

Waosan 2: Roma 5:12-19;

Injil: Matius 4:1-11

## “Kasetyan Inggang Mulihaken”

**KHOTBAH JANGKEP****“Kasetyan inggang Mulihaken”**

Pasamuwan inggang dipun tresnani tuwin tresna dhumateng Gusti,

Minggu menika kita lumebet ing Mangsa Prapaska inggang kapisan. Kita sadaya tinimbangan malih ngraos-raosaken sangsaranipun Gusti Yésus ing salebeding pakaryanipun nebus saha milujengaken umat-Ipun. Ing Mangsa Prapaska menika kita ugi dipun-ajeng-ajeng ngrumaosi menggah karingkihan dalah kasèkènganipun minangka manungsa ngadhepi sakathahing geguletaning gesang. Manékawarni geguletaning gesang menika kala-kala ndamel lampahing gesang karaosaken awrat. Kawusananipun kathah tiyang inggang sesambat, ketelasan pangajeng-ajeng, ngalami suwunging sukma, ngantos wonten inggang mungkasi gesangipun amargi sampun mboten kuwawi ngadhepi pakèwed. Kajawi ngadhepi geguletaning gesang, manungsa ugi dipun-aben-ajengaken kalayan pandheseking gesang sanèsipun. Pandhesek wau inggih menika pepénginan supados gesang menika langkung ngremenaken, kaleksanan sedyanipun, kasil, bingah, saé-saé kémawon lan sadaya sarwa cumawis. Kawusananipun manungsa badhé ngudi kanggé maujudaken. Bab inggang kedahipun dipun-émot-émot inggih menika nalika manungsa ngedhepi geguletan utawi nalika mbudidaya nggayuh satunggaling prakawis inggang dipun-idham-idhamaken, kedahipun kita mboten kepareng uwal saking satunggaling pasarujukan, medal saking paugeran tuwin étika,

menapadéné paugeran, saé ingkang sinerat menapadéné ingkang mboten sinerat. Kadospundi kanyatanipun?

Bapak-bapak, ibu-ibu, para sedhèrèk, dalah anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Minggu Prapaska menika, kita nyinau saking cariyosipun Adam lan Kawa ingkang kacariyosaken ing Kitab Purwaning Dumadi 2:15-17 tuwin Purwaning Dumadi 3:1-7. Nalikanipun Adam lan Kawa kapapanaken Gusti ing taman Eden, Gusti maringi sadaya ingkang dipunbetahaken déning Adam lan Kawa. Satunggal prakawis ingkang dados piweling utawi dhawuhipun Gusti inggih menika supados Adam lan Kawa mboten nedha wohipun wit pangawruhing becik lan ala, awit ing wekdal Adam lan Kawa nedha woh wau, Adam lan Kawa temtu badhé pejah. Lumantar dhawuhipun Gusti menika, kita émut, bilih saben kawontenaning gesang temtu nggadahi pranatan, pepacak, paugeran dalah étika supados sadaya lumampah kanthi becik. Gesangipun Adam lan Kawa ugi katata supados Adam lan Kawa namung tumungkul lan setya tuwin mituhu dhumateng Inggang Nitahaken, inggih menika Gusti Allah. Ananging ing Purwaning Dumadi 3:1-7, kacariyosaken, amargi Adam lan Kawa kepéngin dados “kadosdéné Gusti Allah”, kepéngin mangertos sedayanipun, Adam lan Kawa nerak pasarujukan kaliyan Gusti Allah lan nyupèkaken paugeran kaliyan étika ingkang dipun paringaken déning Gusti. Nalika manungsa kepéngin “kadosdéné Gusti Allah”, menapamalih wonten panggodha ingkang nggèndèng manah sanget, kanthi nedha woh pangawruhing becik lan ala, Adam lan Kawa mancas kanggé mboten setya dhumateng Gusti Allah. mBoten-setyanipun Adam lan Kawa dhumateng Gusti Allah ndamel tiyang kalih wau pikantuk paukuman saking Gusti. Kawusananipun inggih menika kasangsaran satunggal katungka kasangsaran candhakipun tansah dipun-alami déning sadaya umat manungsa ngantos wekdal menika, malah ngantos jagad menika sirna.

Menawi manungsa ngrèmèhaken dhateng prajanjian kaliyan Gusti Allah, lanjeng kadospundi menggah Panjenenganipun? Punapa Panjenenganipun (Gusti Allah) ngrèmèhaken dhateng manungsa? Wonten ing lampahing sujarahipun manungsa. Gusti tansah nresnani manungsa.

Katresnanipun Gusti Allah mboten naté éwah gingsir. Gusti Allah ngersakaken manungsa wangsul malih dhumateng Gusti. Gusti lestantun maringaken piweling, pitutur tuwin dhawuh supados manungsa tetep setya dalah namung mituhu dhumateng Gusti. Gusti mboten naté sayah ngémutaken umat, nggulawenthah tuwin nuntun umat-Ipun supados tetep ngambah margi ingkang dipunkersakaken déning Gusti. Salah sawijiniipun nalika Gusti maringi angger-anggering Torèt dhateng umat-Ipun. Ananging sakiyat-kiyatipun umat nindakaken angger-anggering Torèt, samanten ugi kiyatipun panggodha kanggé nglirowakaken angger-anggeripun Gusti. Sabab sasampunipun manungsa dhumawah ing dosa, sadaya manungsa nggadhami kacondhongan kanggé nindakaken piawon ing ngarsanipun Gusti.

Bapak-bapak, ibu-ibu, para sedhèrèk, dalah anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Saking Kitab Suci kita mangertos bilih Sang Prabu Daud ugi naté nindakaken kalepatan ingkang ndrawasi. Nalika Sang Prabu Daud kepéngin ngrengkuh Batsyéba dados sémahipun, sadaya rékadaya dipun lampahi. Sang Prabu Daud nyelaki Batsyéba tuwin nindakaken pandamel ingkang mboten pantes. Kanthi julik, Sang Prabu Daud nyingkiraken dalah mejahi Uria sémahipun Batsyéba. Ing ngriki Sang Prabu Daud nerak angger-anggering Gusti ingkang sapriki dados gondhélaning gesangipun. Pengalaman kadospundi piyambakipun nerak dhawuhipun Gusti dalah pengalaman nampèni sarta ngraosaken katresnan saha pangapuntinging dosa saking Gusti Allah ingkang tanpa watesan, kaserat ing Jabur Masmur 32:1-11. Wusananipun Sang Prabu Daud ugi dipunpulihan, sanadyan kawusanan saking tumindakipun ingkang awon tetep ndhatengaken paukuman dhateng dhirinipun piyambak.

Bapak-bapak, ibu-ibu, para sedhèrèk, dalah anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Kasetyan dhumateng Gusti Allah inggih menika reregèn ingkang kedah kabayar supados manungsa ngalami gesang ingkang sawetahipun. Sarta sinten ingkang saged setya dhumateng Gusti kanthi wetah/sampurna? mBoten wonten. Roma 3:9-12 nélakaken: “9 *Banjur kepriyé? Apa kita luwih*

*unggul katimbang wong liya? Babar pisan ora! Sabab ing ngarep kita rak wis ndakwa, menawa wong Yahudi lan wong Yunani iku kabèh padha nandhang dosa. 10 Kaya kang wis katulis, surasané, "Ora ana wong kang bener, siji baé ora ana. 11 Ora ana wong siji baé kang duwé pangertèn, ora ana wong siji baé kang ngupaya Allah. 12 Wong kabèh padha nylèwèng, kabèh tanpa guna, ora ana kang gawé becik, siji baé ora ana."*

Pribadi ingkang saged setya ngantos dumugi wekasan, sanandyan kasangsanarane kedah dipun-alami anamung pribadi Yésus. Wonten ing Injil Matius 4:1-11 nyariyosaken bab Gusti Yésus ingkang mboten kendhat ngendelaken Ramanipun. Panjenenganipun gondhélan kenceng dhateng sabdanipun, tumungkul lan setya dhateng pranatan, paugeran lan étika ka-Allahane malah sumuyud ngantos séda sinalib. Kanthi ngendelaken Rama, Panjenenganipun saged ngawonaken panggodhanipun iblis. Saking ngriki kita sinau, kènging menapa Panjenenganipun kasil ngawonaken pacobèn? Panjenenganipun kasil amargi sayektosipun ingkang dipun tindakaken Panjenenganipun mboten kanggé dhirinipun piyambak. Panjenenganipun mboten ngener dhateng dhirinipun piyambak, mboten nggayuh satunggaling prakawis namung kanggé dhirinipun. Menapa ingkang dipuntindakaken Panjenenganipun namung kanggé nindakaken karsanipun Sang Rama. Kasetyanipun Gusti Yésus netepi angger-anggering Allah kanthi sedyana kanggé damel pulihipun gesanging manungsa. Menawi pambangkangipun Adam lan Kawa ndhatengaken paukuman, séda lan sangsara kanggé sadaya manungsa, mila pambangunturut tuwin kasetyanipun Gusti Yésus ndhatengaken gesang tuwin pamulihan. Gusti Yésus maringi pangajeng-ajeng kanggé sadaya umat manungsa ingkang pitados sarta nampèni Panjenenganipun, malah ugi kanggé jagad raya menika.

Bapak-bapak, ibu-ibu, para sedhèrèk, dalah anak-anak ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Kita ènget bilih kanthi kakiyatan ingkang kita darbèni mboten kelampahan kita saged nggayuh gesang tuwin dipun-pulihaken, awit saking menika kita tinimbalan supados saya nyumèndhèkaken kasèkèngan kita dhumateng Gusti Yésus, amargi namung wonten ing Gusti Yésus kémawon, pamulihan

ingkang sejati menika badhé kelampahan. Nalika gesang kita sampun dipunpulihan, mila tentrem rahayunipun Allah badhé wonten ing gesang kita, gesanging brayat kita, gesanging patunggilan kita, ugi gréja kita, dalah ing pundi kita wonten sesarengan kaliyan sanèsipun. Tetepa setya ndhèrèk Gusti Yésus supados gesang kita èstu-èstu dipunpulihan. Amin.

(SP-DEN)





**KHOTBAH****Minggu Pra Paska kaping-2***Minggu, 5 Maret 2023*

Waosan 1: Purwaning Dumadi  
12: 1-4  
Tanggapan: Masmur 121  
Waosan 2: Roma 4: 1-5, 13-17  
Injil: Yohanes 3:1-17

## **“Pitados ing satengahing Krisis”**

**KHOTBAH JANGKEP****“Pitados ing satengahing Krisis”**

Umatipun Gusti Allah ingkang kinasih,

Pitados ing satengahing Krisis, menika jejer panyuraosing sabda kita dinten menika. Sumangga kita ngupadi katrangan cekak 2 (kalih) tembung utami saking jejer kita inggih menika tembung “pitados” saha “krisis”. Pitados wonten ing basa Ibrani saking tembung *emunah* ingkang ateges tentrem, lan ugi tunggil tembung wod kaliyan tembung “amin” ingkang ateges “saèstu”. Pitados wonten ing Prajanjian Anyar, ing Kitab Suci basa Yunani saking tembung *pisteo/pistin* ingkang ateges kumandel. Dados pitados saged dipuntegesi kumandel amargi wontenipun raos tentrem lan saèstu. Wondéné tembung krisis asalipun saking basa Yunani κρισις -krisis utawi kawontenan kisruh (gawat, mutawatosi, surem) inggih menika saben l slampahan ingkang saweg kelampahan (utawi kakinten) ngener dhateng kawontenan mboten stabil (ajeg) lan mbebayani ingkang mangaribawani indhividhu (pribadi), klompok, komunitas (paguyuban), utawi masarakat sedayanipun.

Saking tegesipun kalih tembung menika sayektosipun kita mboten saged nyampur kalih-kalihipun dados satunggal, amargi lelawanan. Ananging mangga kita pirsani kawontenaning pitados ingkang dipun-tuwuhaken ing satengahing krisis. Krisis ing babagan pasrawungan tuwin ékonomi global (nyrambahi sawetahing jagad) taksih nedheng-nedhengipun lan badhé kelampahan ing taun menika. Wiwit pageblug Covid 19

tumanduk ing taun 2020 dalah dayanipun ngantos sapriki, sadaya bangsa ing jagad menika gulet kanggé *survive* (tanggon) saking krisis multidhimènsi (nggadhahi wawasan kathah sanget). Pamarintah Indonesia piyambak ngangkat tetembungan, "*Pulih Lebih Cepat, Bangkit Lebih Kuat*" ing Pèngetan Dinten Kamardikan Republik Indonesia kaping pitungdasa pitu ing taun 2022. Lumantar tetembungan menika pangajeng-ajengipun inggih menika: sasampunipun rampung ketaman pageblug mila bangsa Indonesia badhé mapag gesang kanthi pangajeng-ajeng ingkang langkung saé ing wekdal ingkang badhé dhateng. Ananging, let sawetawis wekdal sasampunipun, bapak présidhèn Joko Widodo ing satunggaling pratélanipun nginten-inten ingkang badhé dhateng ing taun 2023 "peteng". Pratélanipun présidhèn menika kawawas saking sawetawis bab kadasta mboten grengsengipun ékonomi global, konflik (pasulayanipun) Rusia-Ukraina ingkang dèrèng rampung, krisis ing babagan énergi (daya kakiyataning jagad) dalah tetedhan amargi daya pangaribawa pasulayanipun Rusia-Ukraina, ugi kawontenan politik ing negari kita ngener Pilprès 2024 lan sanès-sanèsipun.

Ing antawisipun pangajeng-ajeng kaliyan kanyatan taksih dumunung ing kawontenan ingkang mboten gumathok. Menapa ingkang kelampahan ing jagad global (sawetahipun) lan nasional (kabangsan), ugi nggadhahi daya pangaribawa ing babagan dhomèstik inggih menika brayat kita piyambak-piyambak. Dedagangan ingkang lesu, pamedal kaliyan kabetahan kadangkala mboten timbang, tiyang jaler lan èstri ingkang sesémahan silih nggigat, tiyang sepuh ingkang jibeg penggalhipun saged ndamel sesambedanipun kaliyan anak gampil konflik (lelawanan), lan wusananipun ugi kasayahanipun deranging manah kanggé ngibadah. Bab-bab menika ndamel masarakat, pasamuwan, dalah brayat pribadi ugi ngalami krisis lan takèn, "bénjing menapa kawontenan menika dados saé?".

Umatipun Gusti Allah ingkang kinasih,

Waosan sabda kita wekdal samangké mujudaken cariyos-cariyosipun anaking manungsa nglampahi gesang ingkang kebak krisis. Tiyang-tiyang menika tarung kaliyan geguletanipun piyambak-piyambak. Waosan kapisan, kita nyariyosaken bab Abram tinimbalan déning Gusti Allah lumebet dhateng

rancanganipun Gusti Allah. Kita mbokmenawi taken wonten ing pundi krisisipun? Mangga kita angen-angen, saupami panjenengan gesang ing satengahing brayat, sesambedan ingkang sekéca sarta rumaket kaliyan brayat, pedamelan ingkang sampun maton kanthi pamedal ingkang lubèr, sadaya *fit and settle* (pas lan mapan). Dumadakan, sadaya kedah dipun tilar amargi dhateng panjenengan dipun janjèni wonten kalubèraning gesang ing papan sanès. Sadaya kawontenan sekéca lan kalubèran, wekdal samangké kedah dipun-tilar amargi panjenengan kedah ngener papan menika, mangka ing pundi dunungipun papan menika, panjenengan mboten mangertos.

Kita saged ngangen-angen kadospundi kawontenanipun Abram nalika nyariyosaken timbalanipun Gusti Allah menika dhateng garwanipun, biyungipun, tuwin sawetahing brayatipun. Horeging pribadi tuwin brayat ageng menggahing dhatengipun timbalan ingkang mboten limrah menika temtu wonten. Dèrèng malih nalikanipun Abram nyagahi timbalan menika, tuwuh pangina lan pamoyok amargi suwantenipun Gusti menika mboten dipunpirengaken lan dipunmangertosi tiyang sanès. Ing kawontenan menika, krisis saged kémawon kelampahan.

Masmur bab 121 ugi ing salebeding wewengkon ingkang mèh sami kaliyan lelampahanipun Abram. Masmur menika kalebet Masmur jiyarah. Masmur jiyarah menika kakidungaken utawi nyariyosaken bab lampah ingkang dipunlampahi umat nuju utawi ngener dhateng Padaleman Suci ing Yérusalèm. Ing satunggaling riyaya (dinten ageng) kados Paska (*Pesakh*), Péntakosta (*Shavuot*), tuwin Tancebing Tarub (*Sukkot*) padatanipun tiyang Yahudi saking saindenging papan tinimbangan supados ngempal ing salebeding festival (dinten ageng agami kanggé mangayubagya lelampahaning agami ingkang wigatos) agami ing Yérusalèm. Lampah salajengipun kedah dipun-lampahi atusan malah éwon mil. Ampun kita ngangen-angen lelampahan menika saged dipunlampahi mawi bis, sepur, montor mabur, kanthi sarana panyengkuyung tetumpakan ingkang nyekapi, tuwin papan pasipengan ingkang jangkep. Lelampahan menika dipungayuh kanthi cara ingkang awrat tuwin nilaraken kawontenan sekéca.

Wewengkonipun waosan Injil Yohanes ugi aben-ajeng kaliyan satunggaling krisis tetenger ing bangsa ingkang

dipunalami bangsa Israèl. Dados bangsa ingkang marambah-rambah dados tanah jajahanipun bangsa ngamanca temtu mboten ndamel sekécanipun bangsa Israèl. Gerakan-gerakan méhias (gerakan ingkang gadhah gegayutan kaliyan rawuhipun méhias) ing wiwitaning abad masèhi jumedhul kanggé netepi pamecanipun nabi-nabi Prajanjian Lami menggah rawuhipun Sang Méhias pangluwar umat. Ing satengahing jumedhulipun gerakan méhias, ugi mecungul gerakan murid-muridipun Gusti Yésus. Punapa Gusti Yésus ugi sang méhias ingkang dipun-antos-antos rawuhipun? Punapa rawuhanipun Gusti Yésus saged dados wangsulan saking krisis ingkang wonten? Menika ingkang mbokbilih dados pitakènan-pitakènan ingkang saweg dipun-raos-raosaken déning Nikodémus nalika piyambakipun badhé manggihi Gusti Yésus.

Nikodémus menika satunggaling Pangarsa Agami Yahudi ingkang misuwur kanthi sebatan Sanhèdrin. Sanhèdrin inggih menika golonganipun 71 tiyang ingkang dipunsepuhaken. Tiyang-tiyang menika nggadahi kalenggahan mirunggan, kanggé mancasi prakawising agami lan padatan ugi prakawising politik. Tiyang ingkang dipunsepuhaken menika lenggah wonten ing Sanhèdrin, mbokmenawi kémawon makili mazhabipun (madahab) inggih menika Farisi. Tegesipun Nikodémus menika sanès tiyang limrah ing mazhab ugi sesebatanipun ing satengahing pasrawunganipun.

Minangka pangarsaning Agami Yahudi, Nikodémus ngraosaken kawontenaning batosipun ingkang mboten jenjem. Geguletaning manah menggahing pangajeng-ajeng ingkang gadhah gegayutan kaliyan méhias ingkang mangaribawani tiyang kathah, ugi karaosaken déning Nikodémus. Pangajeng-ajeng ingkang gadhah gegayutan kaliyan méhias menika magepokan kaliyan pamecanipun para nabi, bilih badhé rawuh Sang Méhias ing satengahing umat Israèl. Sang Méhias badhé rawuh saha mulihaken Krajanipun Sang Prabu Daud. Pangajeng-ajeng menika saya katingal yekti wonten ing wiwitaning Abad Masèhi ing Israèl ingkang dipuntengeri kanthi jumedhulipun kathah gerakan méhias (gerakan ingkang gadhah gegayutan kaliyan rawuhipun méhias) dalasan panuntun-panuntunipun.

Saking ciri-cirnipun ing satengahing masarakat nalika samanten, Gusti Yésus dalah kelompok (gegrombolan) murid-

muridipun Gusti Yésus saged kagolongaken wonten ing gerakan méhias. Ananging wonten bab ingkang bènten menggahing gerakanipun Gusti Yésus. Sajakipun gerakan menika narik kawigatosanipun ingkang salajengipun ndamel Nikodémus kepranan tuwin kepéngin mangertosi langkung lebet. Tumindakipun Nikodémus manggihi Gusti Yésus ing wanci dalu dados jangkahing gesang ingkang kendel, ingkang katindakaken Nikodémus. Bab menika dipunsebabaken amargi nalika samanten tangkepipun sapérangan mazhab Farisi inggih menika nampik piwulang tuwin adegipun gegrombolan murid-muridipun Gusti Yésus.

Pirembagan kawiwitan saking pangakenipun Nikodémus menggahing sinten dhirinipun Gusti Yésus, inggih menika Rabbi (tegesipun guru), Utusanipun Gusti Allah (saged dipuntegesi Gusti Yésus minangka utusan ingkang nglenggahi kalenggahan nabi), pratandha (mukjijat). Bab pangaken menika katampi déning Gusti Yésus. Saking pirembagan menika Gusti Yésus énggal-énggal ngénggokaken pirembagan dhateng bab Kratoning Allah. Tangkepipun Gusti Yésus menika kanthi sengaja katindakaken kanggé mbatalaken pamanggihipun Nikodémus ingkang mangertosi pangajeng-ajeng menggahing méhias menika asipat politik lan namung wonten ing wewengkon lokal (winates ing wewengkonipun bangsa Israèl), inggih menika bab pamulihanipun Kratoning Israèl kadosdéne jamanipun Sang Prabu Daud.

Gusti Yésus ngajak Nikodémus ningali sacara universal kanggé sadaya tiyang sajagad tuwin sedayanipun bab kaleksananing pameca ingkang gegayutan kaliyan Méhias. Rawuhipun Méhias inggih menika nindakaken olah pirukun, nggathukaken sesambedan ing antawisipun Gusti Allah kaliyan jagad lumantar Gusti Yésus. Menika pawartosipun Yohanes 3: 16-17, méhias menika, Sang Putra ingkang kaparingaken déning Gusti Allah dados margining karahayon lan sanès ndhatengaken paukuman. Kanthi pulihing sesambedanipun Allah kaliyan jagad (kawaos: rékonsiliasi) mila Isarèl dados pulih. Malah mboten namung Israèl, ananging saindenging jagad menika badhé dipunpulihaken. Kawontenan pulhipun jagad inggih menika satunggaling kasunyatan Kratoning Allah, ing pundi Allah ngerèh

sarta panguwaosipun Gusti Allah nglimputi sawetahing titahipun Gusti.

Prakawis ingkang dipunandharaken Gusti Yésus pancèn angel dipunmangertosi déning Nikodémus. Inggang dados sababipun inggih menika amargi Nikodémus nggadahi pangertosan wiwitan kados pokok pamanggihipun limrahipun tiyang Israèl. Dhumateng Nikodémus, Gusti Yésus maringi wangsulan menggahing piwulang kalairaken malih. Kalairaken tata kajasmanèn (Yunani: *sarx*) saking guwagarbanipun biyung mbekta tindak-tanduk kadosan, ananging lair malih tegesipun kalairaken saking Gusti Allah wonten ing Roh (Yunani: *pneuma*). Lair malih mbekta tiyang saged ningali Gusti Allah lan kanyatanipun kratoning Allah kanthi cara énggal ingkang angel dipunmangertosi kanthi cara kamanungsan. Kratoning Allah menika sanès pangluwaran saking jajahanipun tiyang ngamanca, ananging tumindak ing pambudidaya ngrukunaken Gusti Allah lan jagad ingkang ndhatengaken pamulihan. Pérangan saking cariyos menika ingkang dados nengsemaken inggih menika nalika Nikodémus dipunasta Gusti Yésus njangkepi pérangan pangertosan kalayan pitados (*pistis*) wonten ing ayat 10-12, 16, 18. Ing salebeding pitados, satunggaling tiyang badhé nampèni pangertosan wetah tumrapping pakaryaning katresnanipun Gusti Allah ingkang milujengaken, njangkepi tuwin mulihaken.

Umatipun Gusti Allah ingkang kinasih,

Kanthi pitados utawi nggadahi iman mila sadaya prajanjinipun Gusti Allah saged dipunalami. Pengalaman menggahing Gusti Allah badhé ndamel kita mlebet dhateng saben krisis ing pangaubanipun Gusti. Menika ingkang kelampahan ing cariyosipun Abram amargi piyambakipun kumandel dhumateng Gusti Allah. Dhumateng Abraham dipunparingi berkah. Prakawis menika dipuntélakaken ing Roma 4:18, “18 Sabab sanadyan ora ana dhasaring pangarep-arep, éwasamono Abraham tetep kagungan pangarep-arep lan pracaya yèn panjenengané bakal dadi bapa tumrap sakèhé bangsa, miturut apa kang wus kapangandikakaké, “Cacahing turunira bakal dadi samono akèhé.” Pirsanana asiling pitadosipun Abraham, ingkang nélakaken kanyatanipun. mBokmenawi nalika kita maos Masmur 121: 1 jumedhul satunggaling pitakénan ingkang nedahaken glagating

kawontenan mboten jenjem lan krisis. Juru Masmur munjuk, “Mripatku tumenga marang gunung-gunung; pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?” Saking aturipun menika kadosipun juru masmur ngalami geguletaning batos. Ananging tetéla atur menika mboten kèndel ing ngriki amargi atur menika kasusul kanthi pratélan ing ayat 2. Ayat menika mujudaken satunggaling wedharan pangaken pitados, “Pitulunganku iku pinangkané saka Sang Yéhuwah, kang nitahaké langit lan bumi.” Bidhal saking pengalaman menika, juru masmur nyariyosaken kadospundi buktinipun Gusti dados papanipun tiyang-tiyang sami kumandel menika, mbuktèkaken bilih dhirinipun minangka Pangreksa tumrap umatipun, Pangreksa ingkang naté nglirwakaken lan saré. Panjenenganipun menika Gusti Allah ingkang nganthèni gesanging umatipun Gusti, ing sadhéngah kawontenan.

Ing minggu pra paska kapindho menika, sabdanipun Gusti ngaruh-aruhi kita supados tetep pitados utawi kumandel sinaosa ing satengahing krisis. Menapa kita purun, panjenengan lan kula, kumandel ing salebeding kawontenan krisising gesang? Menapa mboten gesang supados ngalami lan ngraosaken pakaryanipun Gusti Allah ingkang ngrampungé sadaya pakèwed? Kanthi pitulunganipun Gusti Allah, mugi sabdanipun Gusti dinten menika saged kita gesangi. Amin.

(YPP-DEN)





**KHOTBAH****Minggu Pra Paska kaping-3***Minggu, 12 Maret 2023*

Waosan 1:	Pangentasan 17:1-7
Tanggapan:	Masmur 95
Waosan 2:	Roma 5:1-11
Injil:	Yohanes 4:5-21,34-42

**“Memitran  
sanès  
Memengsahan”**

☪☪☪

**KHOTBAH JANGKEP****“Memitran, sanès Memengsahan”**

Para sedhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Salah satunggaling kabetahanipun manungsa menika wontenipun mitra utawi kanca wonten ing gesangipun. Manut Rebbecca Chopp, mitra utawi kanca menika tiyang ingkang kaliyan piyambakipun kita ngendikan menggahing kaleresan tuwin sesarengan kaliyan piyambakipun kita saged sesarengan mbabar impèn.

Memitran mujudaken satunggaling métafora (tetembungan ingkang ngemu teges éntar) ingkang kaginakaken kanggé nggambaraken sesambedanipun manungsa kaliyan Gusti Allah. Memitran kita kaliyan Gusti Allah sarta tiyang sanès ngewrat pangertosan rumaketing raos trenyuh ingkang kita betahaken, ing pundi kita seged jujur mirengaken tuwin nyariyosaken dhiri kita. Memitran ugi ateges sesambedan ingkang sami-sami untungipun (*mutualis*), panggulawenthah, kapitadosan, dalah pangaji-aji tumrapping sadaya kabecikanipun kanca kita.

Memitran ingkang éndah mawujud ing katresnan ingkang silih nyukani lan nampèni. Memitran sejati mboten nampik kaanèhan, mboten njiyat sadaya dados homogén (kempalan saking jinis ingkang sami), utawi ugi mboten ngersakaken tataran dalah kalenggahan ingkang sampun katemtokaken. Memitran nguntabaken kita ngener dhateng kasusilaning gesang ingkang langkung aos kanthi “nguwongaké uwong”.

Menika gegambaran pas memitran ingkang kedahipun kelampahan. Ananging mboten saged dipunsélaki, kanthi kemajenganing kabudayanipun masarakat ingkang saya asipat indhividhual (namung menggalihaken ingkang jumbuh kaliyan pikajengan pribadi) dalah wontenipun éwah-éwahan ingkang rikat, kathah tiyang kécalan raos dados pérangan saking satunggaling paguyuban. Ngantos wiwit suthik dundum kaliyan sesami. Saben tiyang dados égois (nengenaken dhiri pribadi), silih sangga-runggi, gampil nyukani cap awon, ciyut pamawasipun tumraping péhak sanès, modhèl pamikiran mitra-mengsah lsp.

Menika ingkang badhé kita suraos sesarengan ing satengahing gesang kita. Rumiyin kita kathah mirengaken pangandikan ingkang saé menggahing Indonesia. Gesang sesarengan minangka satunggaling bangsa dipunlampahi kanthi guyub rukun. Kénging menapa samangké kiyat kapireng wontenipun sikap-sikap dhiskriminatif (mbédak-mbédakaken tiyang amargi bènten agami, warnining kulit lsp.), panganiaya ingkang kadhasaraken SARA? Sampun temtu wonten ingkang prelu kita dandosi sesarengan.

Para sedhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Ing Minggu Pra Paska kaping tiga menika, maringi piweling supados mbangun gesang ing salebeding memitran dipunkumandhangaken. Sumangga mbangun gesang ingkang guyub rukun.

Waosan Sabda kita dinten menika martosaken kabar kabingahan bilih manungsa kedah nggadhahi kasetyan dhateng mitra dalah kekancan. Cariyos pirembaganipun Gusti Yésus kaliyan tiyang èstri Samaria dados babak énggal kadospundi Gusti Yésus rawuh kanggé mulihaken sesambédaning memitran antawisipun tiyang Yahudi kaliyan tiyang Samaria. Ing antawisipun kalih suku bangsa menika memengsahan kelampahan saha lumampah atusan taun, turun-tumurun. Bab menika kacetha ing ayat 9. Cariyos-cariyos menggahing memengsahan, sesengitan kiyat sanget ngantos medhot pasedhèrèkan. Pepanggihan ing sumuripun Yakub minangka papaning tiyang kathah pisan-damel mbiyantu pangènget-ènget menggahing wekdal kapengker (*memoria passionis*) magepokan

kaliyan sujarah saking para leluhur ingkang sami dados wekdal ingkang cocok kanggé mulihaken kados sekawit tumrap sesambedan ingkang nalika semanten risak. Keparengipun Gusti Yésus pinarak kanggé ngendikan tuwin nyuwun toya ingkang dipun timba déning tiyang èstri Samaria, mbekta dhateng pirembagan ingkang nggadhahi kwalitèti ingkang wonten maknanipun. Saking pirembagan menika tuwuh pangertosan énggal tumrap makna rawuhipun Mésias ingkang rawuh kanggé mulihaken tuwin karsa memitran kaliyan manungsa. Mésias menika nyawisi papan tumrapping manungsa kanggé saged ngripta malih dhirinipun, ngriyayakaken gesang ingkang kapenuhan bedhamèn ing salebeding grengsenging memitran lan pasedhèrèkan kaliyan sinten kémawon ingkang nglangkungi watesanipun gegolonganing bangsa, suku bangsa, golonganing agami dalah kayakinan ingkang wonten.

Para sedhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Pirembagan antawisipun Gusti Yésus kaliyan tiyang èstri Samaria mujudaken pepanggihan ingkang ngéwahi sesambedaning memitran ngener dhateng kawontenan ingkang langkung saé. Kadospundi menggah kanyataning padintenan kita? Asring kanggé njagi memitran ing salebeding sesambedaning katresnan, mboten gampang. Wonten kathah bab ingkang prelu dipun udhari. Bab menika kados ingkang dipunprangguli wonten ing waosan dinten menika saking Kitab Purwaning Dumadi dalah Masmur. Manungsa prelu pikantuk pepènget menggahing kadospundi gesang sesambedan ing katresnaning memitran. Asring mboten sagedipun ngemunah émosi (pangraos) dhiri dados jalaran wontenipun pasulayan. Menika saged kita pirsani saking pasulayan antawisipun Musa kaliyan umat Israèl salebedipun lelana ing pasamunan. Pasulayan menika dipunsebabaken mboten wontenipun toya ing papan palereban. Bab menika ndheseg jumedhulipun sikap ingkang kebak émosi ingkang nggadhahi daya pangaribawa dhateng mboten pitadosipun tumrapping panganthinipun Gusti, ugi dhateng anggènipun Musa nuntun umat. Ing pasulayan menika tiyang-tiyang wau samidéné nglepataken. Wedharan-wedharan kecuwan tuwin kanepson dipunluntakaken. Nabi Musa sesambat dhumateng Gusti supados pasulayan menika

lerem. Kanthi sesambat dhumateng Gusti, Nabi Musa mbeningaken kawontenan dalah mbekta umat wangsul dhateng kayakinanipun dhumateng Gusti. Panjenenganipun menika Gusti Allah ingkang nunggil tuwin ngrimati gesanging umatipun wiwit umat manggèn ing Mesir ngantos pangluwaran nuju dhateng tanah prajanjian. Tumindakipun Gusti Allah ingkang ngrimati tetep katindakaken déning Panjenenganipun. Nalika umat Israèl mboten gadhah toya, Gusti Allah maringi toya. Nabi Musa kasuwun nyabetaken teken ingkang rumiyin naté kaginakaken kanggé nyabet bengawan Nil, nyabetaken teken dhateng séla parang. Saking sawingkinging séla menika badhé medal toya kanggé dipun ombé. Cariyos menika ngènetaken kita supados nggatosaken kanthi waspada dhateng émosi-émosi ingkang ngrisak memitran. Ngutamèkaken sikap kebak émosi badhé mbégal nalar-séhatipun manungsa. Bab menika nuwuhaken pasulayan, tukar padu, malah panganiaya ingkang ngrisak memitran.

Para sedhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Lumantar seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan Roma, kita kaémutaken kanggé ngutamèkaken sikap andhap asor ing salebeding sesambedan sesarengan. Kanthi makaten, umat kasagedaken kanggé tansah ngudi gesang salebeding bedhami, mbangun memitran ingkang supeket kadosdéne Gusti ingkang ugi nampèni lan ngapunteni manungsa.

Minangka pandhèrèkipun Gusti Yésus, menapa ingkang saged kita tindakaken supados gesang sesarengan dipunlampahi kanthi grengseng memitran, sanès mememngsahan? Ngandhap menika jangkah-jangkah kita:

1. Kèndel nggadhahi sikap èksklusif (mligi). Sikep mligi minangka pangraosing dhiri ingkang suci piyambak, leres piyambak, ngédab-édabi piyambak, tuwin nganggep sanèsipun asor, kesasar, mboten pas. Pangudi kanggé sumingkir saking patraping gesang èksklusif inggih menika kanthi njagi kasucèn, kamurnèn, kaleresan tuwin sesambedan sesarenganipun sadaya tiyang. Adegung dhiri minangka tiyang ingkang mbekta pawartos kabingahan tumrap sesami kedah kawiwitan kanthi memitran, sanès kanthi panguwaos, sanès kanthi panganiaya menapa malih rodapeksa.

2. Kasebara winih-winihing kasaénan lumantar solahtingkah nyumadulur ing sadaya péranganing gesang. Dadosa pacalang (cucuking-lampah) kanggé mulihaken sesambédan-sesambédan memitraning gesang ingkang sampun risak amargi dosa. Wonten mawarni-warni dosa ingkang ngrisak gesang sesarengan kadosta korupsi, panganiaya, patrap ngrèmèhaken, pangina, tumindak mboten adil, sesengitan, mbédak-bédakaken, memengsahan. Kalajengna anggènipun mbudidaya nglawan dosa sarta ndhatengaken tentrem ing sadhéngah papan, tuwin sadhéngah wekdal. Dadosa berkah kanggé sadaya tiyang.
3. Urmatana tuwin ngudia panampèn tumrap warni-warnining céngkok ingkang wonten ing sakiwatengen kita, dadosa prabédaning agami, gegolonganing bangsa, golongan, kalenggahan ing masarakat. Warni-warnining céngkok ingkang wonten menika kasugihan. Warni-warnining céngkok menika sengseming manah ingkang nggumunaken. Saiba éndahipun menawi dhatengipun kita ngriyayakaken warni-warnining céngkok dipunwujudaken kanthi pasuryan tuwin èsemanipun Gusti ingkang sumorot ing gesang padintenan.
4. Gagasan menggah “ingkang bènten utawi ingkang séjé” kaliyan kita menika tandhing utawi mengsah, kedah dipunbusak saking pamawas kita. Gesang ing sanjawining paguyuban kita sanès mengsah. Kita mboten gadhah mengsah. Sadaya menika mitra. Wonten ing gesang, wonten prakawis ingkang kedah dipunrampungni tuwin pakèwet ingkang prelu dipuntanggulangi saha dipunudhari sesarengan. Pakèwet menika kedah dipunrampungni sesarengan. Karuwetaning gesang kanthi sadaya obah-osiking masarakat ingkang wonten dipunrampungaken kanthi kebak èsem, kebak memitran, samekta mangertosi, mboten mawi mripat ingkang mendelik tuwin panguman-uman ingkang ngawon-awon tiyang sanès.

Para sedhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,

Ing Minggu Pra Paska kaping tiga menika, Sabdanipun Gusti ngajak kita supados ndhèrèk tuladhanipun Gusti Yésus. Sumangga mbangun paguyuban memitran kadosdéné Gusti

Yésus. Tindakna saking wewengkon ingkang celak piyambak. Kanthi gandhéngan asta samidéne kagungan kasetyan, kita pitados badhé nggayuh gesang sesarengan ingkang langkung saé. Kados pethikan Kidung ingkang ngilhami éndahipun saduluran ingkang guyub lan rukun makaten:

Kidung Pasamuwan Jawi 357:1

KPJ 357 ÉNDAHING SADULURAN

Do=F 6/8

- 1) Éndahing saduluran manut rèhing Pangéran,  
sami déné ngajèni, wah mbiyantoni.  
Nadyan béda agama wah béda golongannya,  
tunggal rasa, pambekan, prikamanungsan  
Refr. : Kluwung pindhanya, éndahing warna,  
nyawiji mbangun urip kang adya,  
tentrem raharja.

Para sedhèrèk ingkang dipuntresnani Gusti,  
Sumangga sami olah memitran, sanès olah memengsahan.  
Tindakna tuladhanipun Gusti Yésus saha ngalamana gesang  
sesarengan ingkang nggadhahi pangajeng-ajeng.

(AP-DEN)

**KHOTBAH****Minggu Pra Paska kaping-4***Minggu, 19 Maret 2023*

Waosan 1: 1 Samuèl 16:1-13

Tanggapan: Masmur 23

Waosan 2: Èfesus 5:8-14

Injil: Yohanes 9:1-41

**“Mandeng  
Gesang Anyar”****KHOTBAH JANGKEP****“Mandeng Gesang Anyar”**

Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti,

Ing salebeting sejarah gesanging manungsa, perang boten naté kèndel. Perang tansah kadadosan gilir gumantos ing madyaning suku, gegolongan, ètnis, agami, lan bangsa. Sadaya perang punika tansah naksihaken karisakaning gesang, dadosa gègèring pati punapa déné karisakaning alam ing sakiwatenipun paprangan. Perang ingkang *viral* sapunika inggih perang antawisipun Rusia kaliyan Ukraina. (Saged ngandharaken sawatawis saking pérangan *DASAR PEMIKIRAN* bab akibatipun prang Rusia kaliyan Ukraina).

Ing salebeting patrap memengsahan ingkang boten naté kèndel lan karisakan ingkang damel kasangsaran sarta peteng lelimengan ing gesang, kados pundi kita saged mandeng gesang anyar?

Wonten 3 piwucal ingkang saged kita suraos saking waosan lèksionari dinten punika, inggih punika:

1. Mandeng dhateng Gusti Allah

Prabu Saul miwiti pakaryan lan gesangipun minangka ratuning bangsa Israèl ingkang kapisan kanthi prayogi. Nalika piyambakipun dalah bangsa Israèl ajrih-asih dhateng Gusti Allah sarta mbangun-turut dhateng pitedahipun Nabi Samuèl, bangsa Israèl saged mandeng mangsa mangajengipun kalawan bingah. Nanging, samukawisipun éwah-gumingsir nalika enering manah Prabu Saul lajeng tumuju ing bab pangalembana saking para kawulanipun sarta ing bab bandha jarahan saking

para mengsahipun. Piyambakipun boten ajrih-asih malih dhateng Gusti Allah sarta nylèwèng saking pitedahipun. (Saged ngginakaken tafsiran I Samuel 16: 1-13 kanggé ngandharaken pérangan punika).

Mangsa mangajengipun Prabu Saul dumugi ing wekasanipun, inggih nalika Gusti Allah nilar piyambakipun awitdéné patrapipun ingkang boten mbangun-turut. Panjenenganipun nuli miji Dawud minangka gantosipun Prabu Saul, saprelu mujudaken éwah-éwahan saé tumrap mangsa mangajengipun bangsa Israèl. Jebadan ingkang piyambakipun tampeni lumantar Nabi Samuèl ndadosaken pambukaning lampah gesang anyar tumrap Dawud. Dawud sanès manungsa ingkang sampurna, piyambakipun gadhah dosa sarta karingkihan. Nanging, benten kaliyan Raja Saul ingkang nyingkur maring Gusti Allah, Prabu Dawud tansah ngeneraken manah dhateng Gusti Allah ing lampah gesangipun. (Saged ngandharaken pérangan punika kanthi tafsiran Jabur 23).

## 2. Mranata Solah-Tingkah

Rasul Paulus paring pitedah tumrap pasamuwan ing Éfesus—minangka umat ingkang sampun tinebus déning Gusti Yésus lan dados para putraning pepadhang—supados sampun ngantos netepaken solah-tingkahipun miturut paugeraning pakarti ingkang dipunugemi nalika sami dèrèng ngrasuk Kristen. Gesangipun kedah sami dipunéwahi awit sapunika kawontenaning dhirinipun ugi sampun kaéwahan. Pepènget lan awisan tumrap sarupaning pratingkah nistha, kinanthènan pitedah-pitedah sarta panimbang-panimbang ing bab pratingkah ingkang saé, dados panuntun kanggé mujudaken éwah-éwahan ing gesang. Dados Kristen boten namung jejer utawi pangaken kémawon, ananging ugi kedah nglampahi éwah-éwahan ing babagan solah-tingkah sapidintenan.

Dados para putraning Allah boten lajeng sanalika ical babar pisan wataking dosa ingkang sampun tumèmpèl ing salebeting dhiri. Nanging, pepadhangipun Gusti paring pangertosan kanggé ngrumaosi dosa lan panerak. Ing salebeting karumaosan dhiri punika, kita saged mranata dhiri lan nglampahi pambudidayaning éwah-éwahan

ingkang saé kalawan wicaksana. Éwah-éwahan ingkang saé ugi nuwuhaken kasaénan tumrap sesami dalah kukuban ing sakiwa-tengen kita. Kasaénan ingkang kita tindakaken dhateng sesami badhé marèmbèt lan nukulaken kasaénan salajengipun, ngantos kawujud éwah-éwahan ingkang saé ing gesang sakiwa-tengen kita. (Saged ngandharaken pérangan punika saking tafsiran Éfesus 5: 8-14)

3. Ngeneraken manah dhateng Yésus Kristus  
Périkop Yokanan 9, kawiwitan lan kapungkasan kanthi prakawis bab wuta. (Njarwakaken péranganing tafsiran Yokanan 9: 1-41). Gusti Yésus melèkaken mripatipun tiyang ingkang wuta wiyit lair mula ngantos piyambakipun saged ningali kawontenan sakiwa-tengenipun. Piyambakipun lajeng ngeneraken manah lan pitados dhateng Yésus Kristus minangka Gusti, satemah piyambakipun saged mandeng gesang anyaripun. Kosok wangsulipun, para tiyang Farisi ingkang sanadyan sacara kajasmanèn saged ningali, nanging malah boten saged ningali karawuhanipun Gusti. Para tiyang Farisi punika sami nampik anggènipun kabereg supados pitados dhateng Yésus Kristus minangka Gusti, ngantos boten saged mandeng sih-rahmat gesang anyar ingkang kaparingaken lumantar Yésus Kristus.

Dosa sampun damel wutaning mripating karohanèn manungsa, satemah damel risak gesangipun lan kawontenan sakiwa-tengenipun. Pasulayan, kadurakan, laku jina, lan prang punika minangka woh pepetenging gesang. Kanthi ngrumaosi wontenipun dosa, panerak, piawon, lan pambudidaya ingkang boten kasil, boten lajeng ateges gesang punika nglaha. Malah nalika kita rumaos wonten ingkang risak, badhé mrentul karumaosan dhiri kanggé wangsul dhateng Gusti Allah lan mranata solah-tingkah satemah saged tumuju ing gesang anyar ingkang langkung saé.

Gusti Yésus bikak manah kita supados pamawas gesang kita ngener dhateng Panjenenganipun, boten dhateng bab kadonyan. Tinarbukaa dhateng Gusti Allah supados kasagedaken

mranata gesang anyar, inggih gesang ingkang laras kaliyan  
karsanipun Gusti Allah.

(RPR-TNA)

**KHOTBAH****Minggu Pra Paska kaping-5***Minggu, 26 Maret 2023*

Waosan 1:	Yèhèzkièl 37:1-14
Tanggapan:	Masmur 130
Waosan 2:	Roma 8:6-11
Injil:	Yohanes 11:1-15, 25-29, 33-45

**“Sih-Rahmatipun  
Gusti  
Nuwuhaken  
Pangajeng-ajeng”**

☪☪☪

**KHOTBAH JANGKEP****“Sih-Rahmatipun Gusti Nuwuhaken Pangajeng-ajeng”**

Sinten ta ingkang boten kesayahan déning pawartos bab manéka warni prakawis ing gesanging manungsa? Saben dinten kita kaadhepaken kaliyan pawartos bab perang, kacilakan bab sosial kamanungsan, kacilakan bab ékonomi, kacilakan bab alam, lan sapiturutipun. Temtu ingkang kita karsakaken inggih punika saben wekdal kita mireng pawartos ingkang saé, ingkang ngremenaken, lan nentremaken.

Schopenhauer gadhah pamanggih bilih pepenginaning manungsa punika sanyatanipun tanpa gina, boten jumbuh ing nalar, sarta tanpa kasalarasan kaliyan kawontenan ugi kaliyan sadhéngah tumindak. Temtu boten sadaya tiyang sarujuk kaliyan pamanggih punika. Kanyatanipun, taksih kathah tiyang ingkang ngajeng-ajeng gesang ingkang langkung saé, langkung tentrem, langkung raharja, langkung resik, langkung rinimat, lan sapiturutipun. Boten namung pangangen-angen, kathah tiyang ingkang sampun mbudidaya kanggé mujudaken bab punika. Éwa semanten, kathah ugi ingkang kesayahan lan pasrah awit boten énggal saged manggihi éwah-éwahan ingkang nyata. Wusananipun, banjur boten preduli malih kaliyan kawontenan lan kécalan pangajeng-ajeng.

Kawontenan ingkang tanpa pangajeng-ajeng punika ugi dipunadhepi déning Bangsa Yéhuda, ing pundi déning para nabi sampun kaweca bilih badhé kaboyong ing pambuwangan. Yèhèzkièl piyambak, kajawi dados satunggaling nabi ingkang

meca bab punika, ugi sampun dados paseksi prastawa pambuwangan punika. Piyambakipun ugi katut kaboyong ing salebeting gegolongan urutan kaping kalih, sasampunipun gegolonganipun para nèm-nèman ingkang paling saé sami kaboyong dhateng Babél lan dipundadosaken batur-tukon. Langkung mrihatosaken malih nalika Nébukadnézar lajeng mbibrah kutha Yerusalem lan ngrubuhaken Padaleman Suci, sarta mboyong sapérangan ageng tiyang Yahudi dhateng Babél. Sadaya pangajeng-ajeng sampun sirna, pameca éndah bab gesang ingkang saé saking para nabi palsu lan sadaya pambudidaya *nasionalisme* para prawira boten kayektènan. Bangsa punika kawon, ajur, lan kabucal. Boten wonten malih kaluhuran ingkang saged dipungung-gungaken, boten wonten malih pangajeng-ajeng.

Ananging ing waosan kita ing Yèhèzkièl 37: 1-14, kita mrangguli bilih kasunyatanipun sih-susetyaning Gusti Allah boten éwah-gingsir. Panjenenganipun karenan mitulungi lan milujengaken. Panjenenganipun badhé nggesangaken malih bangsa kang apindha balung-balung kang garing punika. Bangsa ingkang sampun semplah awit kécalan pangajeng-ajeng badhé kaadegaken malih. Panjenenganipun badhé mulihaken lan lan ngempalaken malih bangsa punika ing tanahipun. Bab punika kagambaraken kadosdené balung-balung kang dipungesangaken malih déning Sabdanipun Gusti kang kawedhar lumantar Yèhèzkièl. Boten namung punika, Gusti Allah ugi badhé maringaken Rohipun supados bangsa punika saged tepang dhateng Gusti Sang Sumbering Gesang. Gusti Allah paring prasetya bab gesang anyar, inggih gesang ingkang kinanthènan pangajeng-ajeng.

Cetha bilih gesang kados punika namung saged kaparingaken déning Gusti Allah. Awitdéné wontenipun dosa ing gesanging manungsa, manungsa boten saged dumugi ing gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng kanthi kakiyatanipun piyambak. Manungsa kedah nyadhong dhateng Gusti Allah Sang Sumbering Gesang. Manungsa kedah nyenyuwun pangapuntenipun, kados ingkang Juru-Masmur tedahaken, “Ngarep-arepa marang Pangéran Yéhuwah, he Israèl! Awit Sang Yéhuwah kagungan sih-kadarman, sarta kerep banget paring pangluwaran.

Panjenengané kang bakal ngluware Israèl saka sakèhing kaluputané.” (Masmur 130: 7-8)

Ing salebeting kapitadosan kita dhateng Gusti Allah, kita rumaos bilih samukawis kawontenaning gesang ingkang boten saé punika kajalaran saking dosaning manungsa. Ing salebeting dosanipun, manungsa sanyatanipun nembé nglampahi gesang ingkang tanpa pangajeng-ajeng—awit kita mangretosi bilih ing wekasanipun, pejah sampun ngantos-antos. Sadaya ingkang kagayuh, sadaya pambudidaya, lan sadaya pangajeng-ajeng badhé muspra, saupami dumugi ing pungkasaning gesang kita boten nampèni sih-rahmatipun Gusti Allah. Rasul Paulus nedahaken kalawan cetha sanget bilih gesang ing salebeting daging namung badhé nemahi karisakan. Panci boten saged tumrap manungsa uwal saking hawa-nepsuning daging nalika taksih dados satru kaliyan Gusti Allah, taksih wonten ing kawontenan ingkang dèrèng wilujeng, lan taksih wonten ing panguwaosing dosa. Namung satunggal margi, inggih punika nyadhong kawelasanipun Sang Sumbering Gesang supados karenan mitulungi. Namung kanthi kadunungan Roh Kristus, tiyang saged lumebet ing gesang anyar, inggih gesang ingkang kadunungan pangajeng-ajeng. Rasul Paulus mastani ingkang makaten punika gesang miturut karsaning Roh.

Awit saking punika, kita sinau 2 prakawis wigati gegayutan kaliyan Gusti Allah. Kapisan, kita mangretos bilih Panjenenganipun kebak ing sih-susetya pramila badhé mitulungi lan ngluware kita saking gesang ingkang boten kadunungan pangajeng-ajeng. Kaping kalih, Panjenenganipun kagungan panguwaos. Panjenenganipun jumeneng Sang Sumbering Gesang ingkang kuwaos mitulungi lan ngluware kita saking gesang ingkang boten kadunungan pangajeng-ajeng wau. Dados, punika sadaya ateges bilih Gusti Allah karsa lan kuwaos.

Bab punika katingal cetha ing prastawa Gusti Yésus nangèkaken Lazarus. Pakaryanipun Gusti punika nedahaken bilih Panjenenganipun kebak ing sih-susetya, makaten ugi kagungan panguwaos tumrap ing gesang. Rawhipun dhateng Lazarus ingkang kaundur temtu boten awit Panjenenganipun mastani gesangipun Lazarus punika bab ingkang remeh lan tanpa aji. Kita pitados bilih Gusti Yésus badhé nglairaken adegipun minangka Putraning Allah ingkang Mahakuwaos.

Sasampunipun langkung sawatawis dinten anggènipun pejah, tiyang Yahudi nembé kumandel bilih satunggaling tiyang punika saèstu pejah, boten namung *mati suri*. Prakawis punika boten tumindak tumrapping Sang Sumbering Gesang. Nalika Panjenenganipun ngarsakaken, kawontenan mokal kados punapa kémawon, malah sanadyan ta punika pejah, boten saged ngalang-alangi karsanipun.

Ing satunggal sisih, Gusti Yésus kabereg déning welas asih ingkang tulus. Bab kang èngès, pangalihipun Gusti Yésus rengu nalika Panjenenganipun pinanggih Maryam. Punika boten ateges bilih Marta boten wigati utawi boten dipunkasihi. Ananging ingkang damel bènten, inggih punika gumolonging kapitadosan dalah pangajeng-ajengipun Maryam bab kawelasanipun Sang Kristus. Piyambakipun tansah ngantu-antu pepanggihan kaliyan Sang Kristus awit pitados bilih namung sarana punika badhé wonten pitulungan lan gesang.

Samangké, kados pundi kita badhé nglampahi gesang kita? Punapa patrap ingkang boten preduli tumrap kawontenan donya punika leres? Punapa kita rumaos boten kasil nalika kita sampun mbudidaya pirukun nanging dereng katingal kasilipun? Panci kados-kados tanpa pangajeng-ajeng manawi kita ninggali iba agengipun dosaning manungsa. Saèstu awrat lan kapara mèhna mokal ngéwahi-éwahi pakartining manungsa ingkang awon lan sampun damel manéka warni karisakan. Ananging, patrap ingkang boten preduli sanès pirampungan ingkang leres. Minangka tiyang pitados, kita taksih gadhah pangajeng-ajeng. Pepanggihan kaliyan Sang Kristus badhé nuntun kita manggihaken pitulungan. Pangajeng-ajeng dhateng Sang Kristus sanès pangajeng-ajeng palsu. Déning katresnan dalah panguwaosipun, Panjenenganipun karsa lan kuwaos mitulungi kita.

Samangké, ingkang baken kados pundi kita gumregah saking gesang ingkang tanpa pangajeng-ajeng dados gesang ingkang kadunungan pangajeng-ajeng. Patrapping gesang ingkang kadunungan pangajeng-ajeng kalairaken kalawan kendel tumindak lan tansah purun mbudidaya kasaénan. Adhedhasar katresnan ingkang tulus dalah pangajeng-ajeng bab gesang ingkang langkung saé, sami kendela netepaken putusan-putusan ingkang wigati tumrap gesang. Sami kendela

ngundhangaken kautaman kalawan cara ingkang leres! Sami kendela nandukaken patrap tumrap bab kang boten adil, panganiaya, sarta bab kang boten nguwongaken tiyang!

Saupami kita namung kèndel lan boten preduli, punika ateges kita sampun keladuk anggènipun mikolèhaken dhiri kita piyambak, sanadyan ta kita mangretos bilih samukawisipun badhé tumuju ing karisakan lan sadaya ingkang boten langgeng ing donya punika mesthi bakalan sirna. Kanthi ndhèrèk makarya lan ngajeng-ajeng, kita nembé ngéjawantahaken katresnan lan panguwaosipun Gusti Allah lumantar gesang kita. Mugi jagad punika pinanggih Sang Kristus lumantar gesang kita, supados tuwuh pangajeng-ajeng anyar kanggé gesang kang anyar.

Mugi kawontenan kita saged damel sesami ngraosaken karawuhanipun Sang Kristus. Nalika kita mrangguli sedhèrèk-sedhèrèk kita ingkang kasayahan lan pasrah tumrap manéka warni kacilakan ing gesangipun, sumangga sumadya kanggé mirengaken pasambatipun. Kita andum kakiyatan lumantar tetembungan bab pangajeng-ajeng supados balung-balung kang garing saged gumregah kadosdéné prawira ingkang samekta ngadhepi gesang malih. Nalika pangadhuh dalah patangis kapireng saking para sedhèrèk kita, sumangga kita purugi kalawan nélakaken katresnan sarta sesarengan ngupadi pirampungan.

Wusananipun, kalawan ndhasaraken gesang kita ing pangajeng-ajeng bab katresnan lan panguwaosipun Gusti Allah ingkang mesthi ngreksa gesang, sumangga kita gumregah lan medalaken pangajeng-ajeng tumrap jagad punika, dados margining pirukun, lan kanthi sarupaning pambudidaya kita kendel nglairaken katresnan lan mangarsani katentreman. Amin.

(APR-TNA)



**KHOTBAH****Minggu Pra Paska kaping-6***Minggu, 2 April 2023*

Waosan 1: Yésaya 50:4-9  
 Tanggapan: Masmur 31:10-17  
 Waosan 2: Filipi 2:5-11  
 Injil: Matius 27:11-26

**“Éklas  
 Ngurbanaken  
 Dhiri,  
 Boten  
 Nengenaken  
 Kaslametanipun  
 Piyambak”**

☪☪☪

**KHOTBAH JANGKEP**

**“Éklas Ngurbanaken Dhiri,  
 Boten Nengenaken Kaslametanipun Piyambak”**

Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti Allah,

Ing Pangakening Pitados Rasuli, wonten satunggal pérangan ingkang makaten: “... ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus...”. Pratélan punika tansah kita lairaken ing Pangibadah Minggu. Sarèhné dipunlairaken saben minggu, saged kémawon kita kécalan suraosipun pratélan punika.

Pontius Pilatus punika Wali-Nagara ing Yudéa, Samaria, lan Iduméa, ingkang ing taun 26-36 M dhawah ing panguwaosipun Karajan Rum. Yonky Karman ing buku kanthi jejer “Runtuhnya Kepedulian Kita” nyebataken bilih Pilatus punika satunggaling panguwaos ingkang *pragmatis*. Anggènipun mimpin boten adhedhasar *visi*. Piyambakipun mbujeng karampunganing saben prakawis kalawan sakebat-kebatipun lan kanthi bebaya sasekedhik-sekedhikipun.

Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti Allah,

Pandamel ingkang ngrampungni prakawis kalawan cara ingkang kebat punika dipuntindakaken déning Pontius Pilatus nalika piyambakipun kaabenajengaken kaliyan para

pangagengipun agami Yahudi lan tiyang kathah. Tiyang-tiyang kalawau sami meksa Pilatus supados nyalibaken Gusti Yésus. Tiyang-tiyang punika sampun ngetrapi pambanda tumrap Pilatus kalawan pangancamipun bilih badhé wonten gègèran ingkang ageng saupami pepénginanipun tiyang kathah punika boten kaleksanan.

Pilatus ajrih dhateng Gusti Yésus, nanging piyambakipun langkung ajrih malih kaliyan tiyang kathah. Pramila piyambakipun ndangu, punapa tiyang kathah badhé saged nampi bilih Gusti Yésus dipunapunten lan dipunluwari. Tiyang kathah sami nampik lan langkung milih supados Karajan Rum ngluwari Yésus Barabas, satunggaling tiyang ingkang damel pati ingkang naminipun sami kaliyan Gusti Yésus. Yésus Barabas (Barabas: putra saking bapakipun) punika satunggaling tiyang ingkang mbaléla lan durjana ingkang nistha. Nanging tiyang kathah langkung milih tiyang nistha ingkang damel pati tinimbang Gusti Yésus, Sang Jurupamulih! Tiyang ingkang damel pati langkung dipunremeni tinimbang Sang Sumbering Gesang!

Pilatus dados sanget anggènipun kapetek. Piyambakipun jatosipun badhé mbudidaya kados pundi Gusti Yésus ingkang boten kagungan lepat punika saged luwar, nanging sadaya tiyang Yahudi sami bengok-bengok kalawan sora ngarah sédanipun Gusti Yésus. Nalika pambengok lan pametekipun tiyang kathah saya rusuh lan boten saged dipunkendhalèni, Pilatus kapeksa ndhawahaken paukuman pejah dhateng Gusti Yésus. Nanging, saderengipun piyambakipun ngulungaken Gusti Yésus supados kasalib séda, piyambakipun nélakaken bilih boten lepat kanthi wijk ing sangajengipun tiyang kathah. Piyambakipun badhé ngundhangaken bilih Gusti Yésus punika leres, pramila bab paukuman ingkang boten adil sarta sédanipun Tiyang Leres punika boten saged kapundhut pulhipun marang piyambakipun.

Tiyang kathah sami ujar bilih boten dados prakawis manawi ipat-ipat saking rahipun Gusti Yésus katanggal déning tiyang-tiyang wau dalah sadaya tedhak turunipun. Saiba nggegirisi raos sengitipun tiyang kathah punika. Tiyang-tiyang punika sami nutup mripat lan kupingipun sarta tansah mbengok: “Kasaliba! Kasaliba!” Tiyang-tiyang punika sampun boten purun

malih mirengaken panjawab, paseksèn-paseksèn ingkang saged kémawon ndunungaken pamanggihipun ingkang klentu, lan sapiturutipun. Tiyang-tiyang punika namung purun satunggal prakawis: Gusti Yésus kapenthang ing kajeng salib dumugi ing sédanipun!

Pilatus satunggaling pangarsa ingkang namung nengengaken kaslametanipun piyambak. Ing wiwitanipun, Pilatus janipun mbudidaya supados dados *mediator* ingkang *nétral* kanggé ngrampungni pasulayan antawisipun para pangarsaning imam lan pinituwaning bangsa Yahudi dhateng Gusti Yésus (11, 13, 17, 21-23). Ananging nalika ningali kawontenan ingkang mindhak rusuh lan tiyang kathah anggènipun sami nepsu ugi mindhak tumemen, dèrèng malih katambahan pangojok-ojokipun para pangageng agami Yahudi ingkang nudhuh Gusti Yésus sampun nyawiyah agami Yahudi (20, 23, 25), Pilatus milih wijk lan ngurbanaken Gusti Yésus (24, 26). Pilatus punika tiyang ingkang wasis lan piyambakipun saèstu mangertosi bilih wosipun pasulayan para pangageng agami Yahudi kaliyan Gusti Yésus punika jalaran saking raos drengki (ayat 18). Punapa malih Pilatus sampun dipunèngetaken déning sémahipun supados boten tumut-tumut ing prakawisipun tiyang ingkang winastan mursid punika (19).

Pilatus sejatosipun sumerep kados pundi dados pangarsa ingkang adil lan wicaksana. Nanging, piyambakipun langkung milih patrap ingkang *pragmatis* awit jejibahanipun ingkang utami minangka Wali-Nagara Yudéa inggih punika damel jenjem wewengkonipun supados tiyang-tiyang Yahudi boten sami mbaléla dhateng Karajan Rum. Awit saking punika, piyambakipun boten tumut-tumut ing dredah ing salebeting bangsa Yahudi (24). Kanggé ngrogoh atinipun tiyang Yahudi, Pilatus naros pundi ingkang badhé kaukum, antawisipun Barabas kaliyan Gusti Yésus (15-17, 20-23). Éwa semanten, tumindakipun Pilatus meksa ngetingalaken bilih piyambakipun kalawan njarag éndha saking tanggel jawabipun njejegaken kaadilan lan kabeneran. Ing bab punika, piyambakipun saged kabiji minangka pangarsa ingkang nengengaken kaslametanipun piyambak.

Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti Allah,

Lumantar waosan Injil ing ngajeng, kita manggihi pundi golonganipun pangarsa ingkang laras kaliyan pandamelipun Gusti Yésus lan pundi ingkang kosok wangsulipun. Gusti Yésus pangah kekah ing tekadipun, sanadyan ta katempuh ing pametek saking lebet lan saking njawi. Kanthi sarana makaten, Gusti Yésus mujudaken pulihing gesang. Saupami Panjenenganipun nengenaken kaslametanipun dhiri, sadaya rancangan kawilujengan boten bakal kawujud. Punika pandamelipun Gusti Yésus.

Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti Allah,

Ing Minggu Prapaska kaping enem punika kita ngraos-raosaken lan nulada Gusti Yésus ingkang éklas ngurbanaken dhiri murih bedhamèn ingkang sayekti. Tuladha saking Gusti Yésus punika lampah ingkang samesthinipun kaetrapakan déning sadaya tiyang pitados lan pasamuwan. Ing salebeting nyanggi momotaning gesang, kita kaatag tetap éklas ngurbanaken dhiri lan boten malah kalawan tegel ngurbanaken tiyang sanès kanggé kabetahanipun kita. Punika kautaman kita. Sumangga sami kendel kanggé nglairaken panjawab BOTEN lan BOTEN ngalalaken sarupaning cara kanggé mbujeng pepénginan kita. Mugi tuladha saking Gusti Yésus mawujud dados tumindak kita sadaya. Amin.

(LSP-TNA)

## KHOTBAH Kemis Pethak

*Kemis, 6 April 2023*

Waosan 1: Pangentasan 12:1-14  
Tanggapan: Masmur 116: 1-2, 12-19  
Waosan 2: 1 Korinta 11: 23-26  
Injil: Yohanes 13:1-17, 31-35

## “Nresnani Dumugi Pungkasan”



### KHOTBAH JANGKEP

#### “Nresnani Dumugi Pungkasan”

Pasamuwan ingkang kamulyakaken Gusti,

Ing gesang padintenan, wonten satunggaling prekawis ingkang kaanggep limrah déning satunggaling tiyang, nanging tumrap tiyang sanès boten. Prekawis punika lumampah ing wekdal pambujanan dalu pungkasan antawisipun Gusti Yésus lan para siswanipun. Tumrap Gusti Yésus bujana dalu punika boten namung saderma dhahar kados padatanipun.

Menawi waosan dinten punika kawawas sacara ilmu psikologi, saged kapirsanan menawi ing telenging batin lan manahipun Sang Guru mobat-mabit ing pangraos mirunggan, kangèlan kajlentrehaken ing basanipun manungsa.

Panjenenganipun nembé nyawisaken diri kanggé ngadhepi pungkasan gesangipun ing alam donya. Ing wekdal ingkang sami, kanthi pangraos ingkang awrat, Panjenenganipun kedah nyawisaken manahipun para siswa ingkang dipuntresnani. Ing kawicaksananipun Sang Guru, wekdal dhahar dalu punika ageng aosipun, amargi énjangipun (dinten jemuwahipun) punika dinten ing pundi korban sejati ing pèngetan Paska badhé kasembelèh lan kapisungsungaken ing pedalemanipun Allah.

Dalu punika, dalu ingkang mirunggan, dalu ing pundi tiyang kathah samidéné sorak "Hosana! Hosana! Hosana!" lan sami bengok sora “Kasaliba, kasaliba”. Sawetawis dinten saderengipun para tiyang makempal nampèni Panjenenganipun

kadosdéné Raja Maha Mulya. Dinten punika béda kaliyan dinten-dinten saderengipun. Ing dinten Kemis dalu, Gusti Yésus mendhet jarak saking keraméan, kawontenan ingkang mbrebegi saking tiyang kathah, kanggé dhahar sesarengan kaliyan para siswanipun. Ing wekdal punika Panjenenganipun paring satunggaling dhawuh. Awit prekawis punika, mila kénging punapa Kemis dalu punika lajeng dipun pèngeti minangka *Maundy Thursday* ingkang sayektosipun saking tembung Latin *mandatum*, ingkang ateges "dhawuh".

Dhahar ingkang suwaunipun namung limrah, dados béda awit Gusti Yésus ingkang ngwijiki sampéyanipun para siswa lan paring dhawuh supados samidéné nresnani. Ing satengahing dhahar sesarengan, Gusti Yésus lukar pengagemanipun. Ingkang kantun namung "*tunic*". Nuwun sewu radi kangelan madosaken tembung ingkang sami ing basa jawi. Ageman punika sejatosipun ageman ingkang kaagem déning para abdi. Panjenenganipun jumeneng saking papan palenggahanipun, lajeng timpuh ing sangajengipun para siswa. Panjenenganipun ngersakaken murih para siswa "ngendelaken" Panjenenganipun ngwijiki sampéyanipun para siswa.

Para sedhèrèk, sumangga sesarengan kita mbayangkan ewah-ewahanipun emosi dalah swasana ing papan punika. Gusti Yésus ngersakaken supados para siswanipun mangertosi aosing pakaryanipun kados pangandika : "Dikaya anggonKu wus tresna marang kowe." Samangké pitakenanipun inggih punika, Kadospundi Gusti Yésus nresnani para siswanipun? Wonten ing Injil Yohanes 13:1, Yohanes nyerat, "Padha kayadene Panjenengané anggoné tansah ngasihi marang para kagungane kang an a ing donya, mangkono uga saiki Panjenengané anggoné ngasih i iku nganti tumeka ing wekasane."

Pangandika punika saged dipunjarwakaken, "Panjenenganipun nresnani para kagunganipun kanthi saestu, sakatog daya kekiyatanipun". Punika sanès nélakaken bab wekdal nanging langkung dhateng bab lebeting sesambetan. Bab sepinten agengipun katresnan punika saèstu nyrambahi gesanging satunggalipun tiyang. Ing satengah sedaya umyeking

prekawis dinten – dalu punika, dhahar sesarengan ing wanci dalu ingkang katindakaken Gusti Yésus lan para siswanipun punika dados wekdal ingkang ngèndelaken sawetawis wekdal kanggé sedayanipun. Wekdal kanggé nélakaken pawartos bilih Panjenenganipun nresnai para siswanipun.

Para sedhèrèk, aosipun pangandika ing ayat 1-5 dinten punika nélakaken dhateng kita bilih Panjenenganipun dados satunggaling abdi. Menawi kita gatosaken ing gesang padintenan, temtu badhé ketingal bedanipun antawisipun satunggaling pelados lan lelados. Nalika satunggaling tiyang miji kanggé lelados, punika prekawis ingkang saé, nanging ing pungkasanipun tiyang punika ingkang nemtokaken sinten ingkang dipun ladosi lan kapan wekdalipun badhé lelados.

Asring, tiyang damel pilihan nalika prekawis punika caos kautungan. Nalika ingkang dipun lampahi ndadosaken tiyang punika ketingal prayogi lan ndadosaken tiyang nyepeng kendali, sedayanipun badhé katindakaken kanthi sukabingah. Nalika sedaya ingkang katindakaken punika mitunani, sedayanipun badhé dipuntilar. Nanging ing wekdal satunggaling tiyang mbabar diri minangka abdi, lampahing lelados saèstu dados tata caraning gesang. Pilihan punika ndadosaken tiyang boten menggalihaken bab nyepeng kendali utawi pengaken, kabetahan nampèni punapa kémawon saking ingkang dipunladosi. “sakregedipun sampeyan” ingkang dipun ladosi, satunggaling abdi kedah kersa “ngwijiki”

Gusti Yésus pirsá bilih ing wekdal mbenjangipun, para siswa boten badhé gampil anggènipun mbabar timbalan pangutusan. Dhawuh timbalan ingkang kaparingaken punika kanggé ngemuti punapa ingkang kelampahan ing dalu punika. Para siswa badhé mangertosi bilih samidéné dipuntresnani ing tataran ingkang inggil. Para siswa punika katimbalan mbabar dhawuh timbalan dhateng donya kadosdéné ménda ing satengahing segawon ajak. Ing satengahing pangancam, para siswa tansah katimbalan mbabar katresnan lan boten nyuwun dipuntresnani. Gusti Yésus pirsá bilih para siswanipun mbetahaken kawontenan punika, kawontenan ingkang badhé

ngiyataken para siswa. Kanthi nuhoni dhawuhipun Gusti Yésus – Sang Guru, para siswa badhé kagungan kekiyatan kanggé nresnani kanthi gumolonging manah awit sami dene ngraosaken katresnan ingkang ageng, katresnan ingkang sejati.

Para sedhèrèk, sanadyan katresnan ingkang sejati sampun kapratelakaken déning Gusti Yésus, kasunyatanipun boten sedaya ingkang dipun tresnani punika saged nampèni. Ing panggenan sesarengan kaliyan Gusti Yésus dalu punika, kawontenaning manah kebak kontradiksi. Wonten manah ingkang ngrancang kadurjanan ageng, wonten ingkang badhé nyelaki Panjenenganipun. Bokbilih awit saking punika, ing wekdalipun Petrus badhé dipunwijiki, piyambakipun nampik. Piyambakipun matur, “Paduka sampun ngantos ngwijiki suku kawula...” Petrus gumun tumrap patrapipun Gusti Yésus. Piyambakipun kangelan nampèni bilih Sang Guru ingkang dipunaosi malah ngwijiki sampéyanipun lan para siswa sanèsipun. Petrus boten mangertos punapa ingkang dipun kersakaken Gusti. Gusti Yésus ngendika, bilih benjangipun Petrus badhé mangertos sanadyan samangké dèrèng nyandhak kersanipun Sang Guru. Sanadyan Gusti Yésus ngendika, “Manawa Aku ora ngwisuhi kowe, kowé ora nduwèni panduman ana ing Aku.” Pétrus tetep dèrèng nyandhak kersanipun Gusti Yésus. Awit saking punika boten maiben menawi piyambakipun matur dhateng Sang Guru murih boten namung sampéyanipun ingkang kawijiki, nanging ugi tangan dalah sirahipun ugi.

Sanadyan Pétrus punika caket kaliyan Gusti Yésus, kasunyatanipun piyambakipun boten saged nyandhak kanthi saé punapa ingkang dados kersanipun Gusti Yésus. Prekawis punika kelampahan awit sikep posèsif ing dirinipun Petrus ingkang saèstu kiyat. Posesif punika sikep rumaos kagungan sesambetan ingkang linangkung caket satemah ajrih kecalan. Pétrus ajrih kécalan raos tentremipun kaliyan Gusti Yésus. Piyambakaipun boten nggatosaken bilih Gusti Yésus lukar pengagemanipun lan mundhut lawon, minangka wujud bilih Panjenenganipun sumadya nilar kawontenan ingkang kebak katentremen awit para siswa ingkang dipun tresnani. Punapa ingkang kelampahan

ing dirinipun Pétrus, punika satunggaling kasunyatan padintenan. Kathah tiyang, sacara fisik caket, nanging pangraosipun tebih saking manahipun. Kasunyatan punika ketingal lumantar pangandikanipun Gusti Yésus, "Kowé iku ora kabeh resik". Sanadyan Yudas sampun dipunwijiki, nanging punika boten cekap kanggé ngresiki piyambakipun, amargi piyambakipun nampik berkah spiritual saking Gusti Yésus. Punapa ingkang lumampah ing dirinipun Yudas punika sejatosipun minangka kasunyatan gesang sesarengan kaliyan Gusti Yésus. Wonten ingkang raganipun caket kaliyan Gusti Yésus, nanging manahipun tebih lan selajengipun nilar Panjenenganipun. Pitakenan selajengipun ingkang saged dados pamikir inggih punika: punapa inggih Pétrus boten tentrem nalika dipuntresnani?

Para sedhèrèk, Kemis Pethak punika ngémutaken kita, bilih kita saèstu dipuntresnani Gusti. Panjenenganipun boten kawratan "ngwijiki samparan" panjenengan. Awit saking punika sumangga kita nindakaken dhawuhipun Gusti. Mengekera lan tampenana setunggal lan setunggalipun kanthi kebak katresnan. Katresnan tumrap sesami ingkang langkung ageng aosipun katimbang kepentingan kita pribadi. Sumangga wonten ing gesang pribadi lan gesang sesarengan, kita sami nuladha Gusti Yésus. Kanthi nuladha Panjenenganipun, nampèni setunggal lan setunggalipun kanthi kebak katresnan, boten badhé karaos angèl. "Sumruwung" punapa kémawon kawontenaning gesang, tetep dadosa "peladen". Sumangga panjenengan ugemi dhawuhipun Gusti Yésus punika.

Sawangen, Panjenenganipun ingkang saged mirsani sédanipun Bénjing énjing. Tatuning manahipun ingkang lebet awit mirsani manungsa ingkang dipuntresnani boten kersa gesang miturut pangraosipun Gusti. Manungsa tetap wonten ing pamblethokaning dosa, lampah cidra, samidéné gething, samidéné damel tatu. Sinambi nanggal tatunipun, Panjenenganipun "mblebet" tatu-tatu, manah-manah, pangraos-pangraos, gesang-gesang ingkang sampun rusak ing ngarsanipun kanthi kebak katresnan.

Para sedhèrèk, sumangga kita raosaken astanipun Gusti Yésus ingkang alus, ingkang kersa “ngwijiki lan mblebet” panjenengan, supados panjenengan saged dados pribadi ingkang pulih, kebak katresnan, mbabar pirukun, kawicaksanan, pamratobat, kasaénan, keadilan lan sesambetan ingkang tulus. Gusti badhé tansah nresnani panjenengan dumugi ing pungkasan. Samanggé Panjenenganipun nembé “timpuh” nengga panjenengan ngaturaken “sampèyan” panjenengan murih dipunwijiki Gusti. Punapa wangsulan panjenengan? Amin.

[IS/WW]

**KHOTBAH  
Jemuwah Adi**

*Jemuwah, 07 April 2023*

Waosan 1: Yésaya 52:13 – 53:12

Tanggapan: Masmur 22

Waosan 2: Ibrani 10:16-25

Injil: Yohanes 19:16-37

**“Panjenenganipun  
Séda kanthi  
Nistha,  
Paring Pirukun  
Langgeng”**  
☪☪☪

**KOTBAH JANGKEP**

**“Panjenenganipun Séda kanthi Nistha,  
Paring Pirukun Langgeng”**

Para sedhèrèk ingkang kinasih ing Gusti,

Satunggaling penganggit lan filsuf Rusia, *Fyodor Dostoyevsky*, naté nyerat “Kénging Punapa Gusti Allah ngaling-ngalingi wadanipun ing kawontenan ingkang kritis ... kadosdéné kanthi suka bingah pasrah dhateng hukum alam ingkang wuta, budheg lan tanpa welas asih?” Pangandika punika mila karaos geter sanget, awit mitakenaken sikepipun Gusti Allah ingkang ngeparengaken paiting panandhang lumampah. Panandhang ingkang dumados saking mawarni-warni kawontenan gesangipun manungsa, punapa punika prekawis alamiah awit sesambetanipun manungsa kaliyan alam titahipun Gusti, kadosta pandemi, sarta bencana alam sanèsipun. Ugi panandhang ingkang lumampah awit saking tumindak boten adil lan panindhèsipun manungsa kaliyan sesaminipun. Punapa leres Gusti Allah ingkang Maha Tresna ngendelaken panandhang tanpa welas asih tumempuh ing manungsa lan misahaken tiyang-tiyang ingkang dipuntresnani, déning kasédan jati? Kénging punapa Gusti Allah namung kèndel, kadosdéné ngaling-alingi wedananipun saking kasunyatan panandhang lan kaprihatosan tumempuh ing gesangipun para tiyang ingkang dipuntresnani? Punapa Gusti Allah preduli?

Para sedhèrèk,

Jemuwah Adi ingkang kita pèngeti samangké, nuntun kita ngraosaken wangsulnipun Gusti Allah ingkang kebak katresnan dhateng kita awit anggèn kita asring mitakenaken bab panandhang lan kaprihatosan.

Jemuwah Adi ingkang mèngeti sédaning Sang Putra Ontang-antingipun Gusti Allah, maringaken pawartos pengajeng-ajeng kanggé kita, ingkang taksih asring kalimputan raos ajrih kanggé gesang ingkang kebak pengajeng-ajeng, kadosdéné ingkang dipunalami déning umat Yèhuda ing tanah pangawulan Babèl.

Momen Jemuwah Adi punika ngémutaken kita, bilih sédanipun Gusti Yésus Kristus, martosaken pawartos belaraosipun Gusti Allah dhateng sedaya manungsa ingkang kebak dosa. Gusti Allah boten mendhet jarak tumrap panandhang lan séda ingkang nyengsaraken lan dados dhuhkitaning manungsa. Gusti Allah boten namung mireng tangis lan pasambatipun manungsa wonten ing panandhang ingkang dipunalami. Gusti Allah boten ugi saderma mirsani luh dlèwèran, kécalan nyawanipun, jerit ingkang nrenyuhaken, tebih saking dhamparing swarga, nanging Gusti Allah piyambak ingkang lumebet ing kasunyataning panandhang malah ugi nglampahi séda ingkang sayektosipun. Gusti Yésus Kristus, Sang Sabdaning Allah manjalma dados manungsa, Putra Ontang-antingipun Sang Rama, nglampahi pepisahan kaliyan Sang Rama! Wiwit saking mula buka, Panjenenganipun wonten ing patunggilanipun katresnan ingkang sampurna, nyawiji kaliyan Sang Rama lan Sang Roh Suci, kedah nglampahi pepisahan ingkang nrenyuhaken. Panjenenganipun punika Sang Gesang, miji nglampahi séda kadosdéné ingkang dipunalami déning manungsa titahipun. Ing wekdal kita nangisi gegantilaning manah kita: tiyang sepuh, putra, sémah, sedhèrèk, utawi mitra ingkang nilaraken kita, saèstu Gusti Allah mangertos aosing tangis lan raos kécalan punika.

Sanadyan ta mekaten, menawi kita gatosaken, ing antawisipun panandhang lan raos sakit, Gusti Yésus tetep nélakaken Sih Rahmating Allah ingkang saèstu nrenyuhaken. Ing wekdal Gusti Yésus badhé séda, mbabar pangandika dhateng sakabat ingkang dipuntresnani kanggé njagi Ibunipun.

Pangandika punika ingkang wiwitan kangendikakaken déning Gusti Yésus ing kajeng salib (Yoh. 19:26-27). Kanthi makaten, Injil Yohanes nélakaken bab katresnanipun Gusti Yésus ingkang kebabar, malah ugi ing satengahing panandhangipun, boten naté dipunkompromekaken. Manungsa, kadosdéné ingkang dipun wakili déning Pilatus, asring tumindak lan anggènipun mendhet keputusan namung adedhasar kepentingan pribadi, karaharjan lan katentremaning piyambak. Gusti Yésus Kristus, mbabar katresnan sejati kanthi ngurbanaken sariranipun! Gusti Yésus boten njeksani punapa malih ngukum para tiyang dosa ingkang memoyok Panjenenganipun. Panjenenganipun malah mbabar panebusing dosa, kanggé nyampurnakaken pakaryan kawilujengan manut kersanipun Gusti Allah. Panjenenganipun punika ingkang Maha Leres lan Adil. Minangka 'ingkang leres lan adil' (Ibrani: *tsaddiq*) Gusti Yésus, kadosdéné abdi ingkang kebak panandhang (Yes 52 & 53), boten njeksani lan mbaléla, kanthi kekiyataning Gusti Allah, nanging ngleresaken umat, mulihaken, lan ndadosaken umat gesang kanthi sikep ingkang leres lan adil. (Yes. 53:11).

Lumantar panandhangipun, Gusti Yésus nuntun manungsa paham punapa ta tegesipun katresnan, sih rahmat pangapuntening dosa lan pirukun ingkang sejati. Sang Kristus pribadi, kanthi sampurna nélakaken bilih Gusti Allah saèstu kersa rawuh lan makuwon ing antawis para umatipun, malah ugi ing antawisipun panandhang lan kasangsaran. Woh saking kerawuhan lan pangorbananipun Gusti Yésus awujud uleman kanggé sedaya tiyang pitados kanggé gesang wonten ing patunggilan lan nyawiji anggènipun ngrosaken bilih salib Kristus punika ngrukunaken manungsa kaliyan Gusti Allah lan sesami. Penyalibanipun Gusti Yésus makaping-kaping nimbali manungsa dosa kanggé nyaket Gusti Allah, ing kekiyatan kapitadosan ingkang teguh.

Para sedhèrèk ingkang kinasih ing Gusti,

Tiyang ingkang nampèni ulem saking Gusti Allah, badhé gesang samidéné nyengkuyung lan ngiyataken, amdum swanten tangis lan luh dleweran, dipuninspirasi déning Sang Kristus ingkang maringaken sariranipun. Sarira ingkang kasalib, nuntun tiyang gesang ing salebeting katresnan lan tumindak saé, ing

satengahing gesang ingkang namung sawetawis wekdal ing alam donya punika. Gesang ingkang kawarna panandhang awit bencana saknjawining nalar manungsa utawi bencana amargi manungsa ingkang srakah lan jumawa. Gesang ingkang mekaten punika, namung badhé ndadosaken manungsa dhumawah ing panandhang lan nglokro menawi saben tiyang boten mreduli utawi namung kèndel kémawon utawi malah nilar sesaminipun ing kasangsaran.

Gusti Allah wonten ing Sang Kristus Yésus, lumantar sédanipun, ngrukunaken lan nunggilaken kita murih kita gesang minangka sesami ingkang rawuh kanggé samidéné ngiyataken lan mitulungi anggèn kita ngadhepi kasunyataning gesang ingkang boten tansah manis. Kita nélakaken prekawis punika boten piyambakan, amargi Gusti Allah rawuh nyarengi lampah kita, ndhèrèk nglampahi dhuhkita lan tangis kita. Amin.

### **Waosan Pendukung:**

- *Robert Kysar*, Injil Yohanes Sebagai Cerita, BPK Gunung Mulia, 1995
- *Vanessa Lovelace*, Commentary on Isaiah 52:13-52:13, workingpreacher.org  
<https://www.workingpreacher.org/commentaries/revised-common-lectionary/good-friday/commentary-on-isaiah-5213-5312-10>)
- *Jerome Creach*, Commentary on Psalm 22, workingpreacher.org  
<https://www.workingpreacher.org/commentaries/revised-common-lectionary/good-friday/commentary-on-psalm-22-2>)
- *Craig R. Koester*, Commentary on Hebrews 10:16-25, workingpreacher.org  
<https://www.workingpreacher.org/commentaries/revised-common-lectionary/good-friday/commentary-on-hebrews-1016-25-9>)
- *Philip Yancey*, Bukan Yésus yang Saya Kenal, Professional Books, 1997

**KOTBAH SETU SEPI***Setu, 8 April 2023*

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

Pns : Pinisepuh

U: Umat

N: Narator

L: Lektor

**“Gusti Yésus  
lan Para Tiyang  
Ingkang  
Wonten Kubur”****KATRANGAN**

Pangibadah Setu Sepi karakit sacara reflektif lan lumintu. Ing Pangibadah punika boten wonten kotbah.

**CECAWIS**

- Pelados Pangibadah nyawisaken diri lumantar pandonga.
- Pawartos Pasamuwan



**KHOTBAH**  
**Paska Énjang**  
*Minggu, 9 April 2023*

Waosan I: Lelakoné Para Rasul  
 10:34-43  
 Tanggapan: Masmur 118:1-2, 14-  
 24  
 Waosan II: Kolosé 3:1-4  
 Injil: Yohanes 20:1-8

**“Mawartosaken  
 Wungunipun  
 Kristus,  
 Mulihaken  
 Sesambetan  
 Ing Patunggilan”**  
 ☸

**KHOTBAH JANGKEP**

**“Mawartosaken Wungunipun Kristus, Mulihaken  
 Sesambetan Ing Patunggilan”**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti,

Satunggilan bapa ingkang mireng pawartos bilih larénipun ing papan tebih nembé nandang sakit, temtu badhé ngraosaken sedih. Piyambakipun tansah ageng ing pengajeng-ajeng lan ndedonga amrih larénipun énggal saras sarta pulih. Kosokwangsulipun nalika mireng pawartos bilih larénipun sampun saras, temtu manahipun suka bingah. Pawartos ingkang saé lan leres badhé ndadosaken ingkang mirengaken remen. Makaten ugi kosokwangsulipun. Ing patunggilanipun manungsa wonten manéka warni kawontenan ing gesang sesarengan. Patunggilan punika badhé risak nalika wonten sesambetan ingkang boten saé, pawartos ingkang sumebar boten cetha malah kepara isinipun boten leres (hoax).

Kanyatan ingkang wonten ing sakiwa tengen kita samangké, kathahipun pawartos awon ingkang ndadosaken jenjeming manahipun tiyang pitados. Ing média sosial manéka warni pawartos ngapusi, hoax, konten ingkang ngemot pitenah, *gossip* lan pitembungan serik-sengit kanthi wujud ukara, swanten lan gambar, lajeng sinebar ing média sosial lan média sanèsipun. Bab kasebat temtunipun saged numusaken potensi nggrisak sesambetan antawisipun manungsa. Kita ngadhahi

pengajeng-ajeng pawartos ingkang sumebar pawartos ingkang ngremenaken. Bab punika saged numusaken pengajeng-ajeng lan raos optimis sesarengan.

Para sedhèrèk ing kang dipun tresnani déning Gusti

Pawartos wungunipun Gusti Yésus minangka pawartos suka bingah. Pawartos ingkang suka bingah punika pantes kita riyadinaken lan kawartosaken. Kita sinau saking Pétrus nalika mawartosaken wungunipun Kristus ing sangajenging tiyang-tiyang Yahudi ingkang èksklusif ing sesambetan sesami. Agami ingkang kaanut paring watesan dhateng sesambetan sesami. Milanipun Pétrus paring paseksi bilih wungunipun Gusti Yésus manunggilaken tata gesang manungsa. Wungunipun badhé mawartosaken bilih Gusti Allah nresnani dhateng sedaya tiyang. Panjenenganipun boten miji manungsa miturut kawontenanipun manungsa. Sedaya bangsa badhé ajrih dhateng Panjenenganipun lan purun nindakaken kayektèn badhé katampi ing ngarsanipun.

Menapa ingkang dadosaken pikiran lan pemanggihipun Pétrus tinarbuka kanggé sedaya tiyang? Piyambakipun sampun kabukak déning Gusti lumantar pepanggihan kaliyan Kornélius. Ing perikop kasebat, kita saged ningali pergumulan lan pambudidayanipun Pétrus anggènipun mangertosi kersanipun Gusti ingkang tinarbuka kanggé sedaya bangsa. Ing paseksinipun, Pétrus nyethakaken kadospundi gesangipun kaliyan Gusti Yésus. Nalika piyambakipun kaliyan Gusti Yésus, wiwit saking Galiléa lan tlatah Yudéa, nalika Gusti Yésus kabaptis, piningan panguwaosipun sang Roh suci. Panjenenganipun saged nyarasaken tiyang sakit kagubel déning iblis. Pétrus ugi dados paseksi séda lan wungunipun Gusti Yésus. Sedaya punika paseksi bab pakaryan lan katresnanipun Gusti Yésus kanggé sedaya manungsa. Pawartos ingkang dipun serat ing Lelakoné Para Rasul ngendikakaken bilih menapa ingkang dipun ngendikakaken Pétrus punika pawartos kayektèn woh saking pengalamanipun gesang. Pengalaman pitados bab wungunipun Gusti Yésus ingkang manunggilaken pumika kedhah kawartosaken.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Mawartosaken kabar kabingahan ngèngingi wungunipun Gusti Yésus dumugi samangké tetep kedah katindakaken. Ing jaman téknologi informasi komunikasi ingkang sarwi canggih kadosdéné wekdal samangké, pawartos saged katindakaken ing wekdal menapa kémawon lan papan pundia kémawon. Média komunikasi kadosdéné média sosial lan média arus utami minangka solusi kanggé kita amrih mawartosaken kabar kabingahan dhateng sinten kémawon ing jagad.

Téma Mangsa Paska ing taun punika, “Wungunipun Kristus Mbereg Rékonsiliasi lan Patunggilan.” Lumantar tema punika, kita kaajak amrih ngémut-émut prastawa wungunipun Kristus kanggé gesangipun tiyang pitados lan tata gesang sesarengan kaliyan warganing jagad sanèsipun.

Amrih pawartos bab wungunipun Kristus dados pawartos ingkang nggesangaken, kita landesi kanthi pitados, pitados dhateng Kristus ingkang wungu kedah satuhu, boten namung magel. Ing satengahing pepanggihan kaliyan manéka warni piwulang ingkang sumebar ing manéka warni média sosial samangké, kapitadosan ingkang namung magel gampil ical. Lumantar serat Paulus dhateng pasamuwan ing Kolosé kita sinau kadospundi anggènipun mbereg kapitadosan. Pasamuwan ingkang sampun nampi Kristus Yésus kedhahipun gesang ing Panjenenganipun kanthi satuhu. Lumantar manah ingkang satuhu, mitadosi wungunipun dadosaken kita sangsaya kiyat.

Kolosé 2:12 ngendika, “*Sebab nalika kowé dibaptis, iku ibaraté kowé dikubur bebarengan karo Sang Kristus, lan ing baptisan mau kowé uga ditangèkaké bebarengan karo Sang Kristus, merga saka precayamu marang pangwasané Gusti Allah, sing mungokaké Sang Kristus saka ing séda.*” Lumantar pangertosan kasebat mila ing Kolosé 3:1-4 ngendika kadospundi bab wungunipun Gusti Yésus. Salebeting baptisan, tiyang Kristen séda lan wungu malih. Kanthi makaten, tiyang Kristen kedah wungu saben dinten sesarengan Kristus. Wungu sesarengan Kristus ketinggal lumantar gesang ingkang ngener dhateng Panjenenganipun. Bab wigati ingkang kedah dipun tingali inggih punika: ngupadosi prekawis-prekawis ing nggingil (Kol 3:1), dédé ngemu teges gesang ing Kristus punika abstrak. Ngupadosi prekawis ing ngginggil ngemu teges saben tiyang Kristen kedah

nggadhazi cara gesang surgawi lan ngecakaken cara pandhang kasebat ing jagad punika. kanthi basa sanès, Jefri Sudirgo ngendika bilih ngupadi babagan karohanèn (babagan ing nginggil) boten sami kaliyan idealisme ingkang kothong, ananging malah kepara kosokwangsulipun minangka cara ingkang paling saé kanggé nglampahi gesang ingkang wicaksana. Inggih punika woh saking wungunipun Gusti. Wungu sesarengan kaliyan Gusti Yésus tegesipun ngadhepi kanyataning gesang kinthahi kawicaksananipun Gusti.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani déning Gusti,

Jagad ing wekdal samangké sanget mbetahaken pitulunganipun Gusti. Lumantar pawartos wungunipun Gusti Yésus, kita tinimbalan maujudaken éwah-éwahan amrih jagad tepang kaliyan Gusti lan manunggil kaliyan Gusti lan sesami. Lumantar Yohanes 20:1-8, kita sinau saking pangandikanipun Gusti. Ing pérangan pambuka kita tingali Maria ngendika dhateng para sekabat sanèsipun, "*Layoné Gusti Yésus wis dijupuk wong,*". Pétrus lan sawetawis para sekabat nampèni pawartos saking Maria. Pawartos layonipun Gusti ical dadosaken bingungipun para sekabat. Sedaya sami supé menawi Gusti Yésus naté ngendika bilih Panjenenganipun kedah séda, nanging ing tigang dintenipun badhé wungu. Yohanes 20:9 ngendika bilih dumugi wekdal samangké sedayanipun dèrèng mangertosi isining Kitab suci ingkang ngendika, bilih Panjenenganipun kedah wungu saking antawisipun tiyang pejah. Ing antawisipun para sekabat ingkang sami kaget nampèni pawartos layonipun Gusti ical, wonten ugi para sekabat ingkang mitadosi bab wungunipun Gusti. Yohanes 20:8 nyebataken, "*Sekabat sing teka dhisik mau uga banjur mlebu ing pesaréan. Weruh kuwi mau kabèh, temahan percaya*".

Sekabat "liyané" punika sekabat ingkang nampèni sihipun Gusti, lelampahan dipun tresnani Gusti dadosaken anteng ngadhepi pawartos ingkang boten jumbuh kaliyan pangandikanipun Kitab Suci. Sikep ingkang 'anteng' ndadoskaen 'émut' kaliyan pawartos ing Kitab Suci. Piyambakipun ugi 'waspada' ing satengahing pawartos layonipun Gusti ingkang ical. Murid punika dados tuladha kanggénipun kita amrih mirengaken pawartosaken lan mawartosaken isining Kitab suci.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Ing dinten Minggu Paska punika, kita sedaya ngraosaken wungunipun Gusti Yésus. Sumangga kita mawartosaken wungunipun minangka pawartos ingkang ngiyataken lan mungokaken sinten kémawon kanthi wujud:

1. *Tetep gesang lan nyariosaken pakaryanipun Gusti.*

Gesang minangka tiyang pitados temtu boten namung gesang kadosdéné gesangipun tiyang umumipun, menapa malih ing jaman samangké. Nanging gesang ingkang kawerni kanthi ngraos-raosaken gesang sesarengan kaliyan Gusti lan émut kaliyan pakaryanipun Gusti ing tata gesang kita, saé nalika manggihi kawontenan ingkang saé menapa déné ingkang awon. Punika badhé mungokaken gesang kita lan tiyang sanès ingkang nampèni cariyos pengalamaning kita ngèngingi pakaryanipun ingkang nengsemaken. Tiyang sanès badhé remen kekancan kaliyan kita.

2. *Ngraosaken gesang lan pengajeng-ajeng awit Gusti.*

Gesanging para kagunganipun Gusti tansah énggal lan nggadhahi pengajeng-ajeng ngèngingi dinten ngajeng, bab punika numusaken sangsaya grengseng anggènipun nglampahi gesangipun. Gusti nggadhahi rancangan tentrem rahayu kanggé para kagunganipun ingkang gesang kebak pengajeng-ajeng dhateng Panjenenganipun awit Panjenenganipun boten badhé masrahaken kagunganipun dhateng gesang awon. Wonten ing gesangipun para pasamuwan kita tansah ngiyataken lan ngrimati sesambetan kita kaliyan sesami mirungganipun sedhèrèk nunggil pitados.

3. *Tansah ngabekti lan tansah ucap sokur dhateng Panjenenganipun.*

Tiyang ingkang gesangipun tansah saos sokur badhé ngraosaken gesangipun saé kalebet nalika sangsara. Gesang ingkang kebak saos sokur badhé dados paseksi kanggé jagad. bènten kaliyan tiyang ingkang dèrèng naté ngabekti dhateng Gusti lan tansah sambat, badhé ngraosaken gesangipun awrat lan dados momotanipun tiyang sanès matemah sesambetan kaliyan sesami badhé boten saé. Kosokwangsulipun, gesang ingkang tansah nampi saben kawontenan lan saged saos sokur, punika ngremenaken.

Sumangga kita menggalih lan nindakaken isining Kitab Suci. Bab punika ingkang mbereg kita kasagedna nindakaken paseksi lumantar tumindhak ingkang mulyakaken Gusti. Kanthi mekaten kita gesang wonten ing kayekten pangandikanipun Gusti lan tansah nyariosaken pakaryanipun Gusti ing sadengah gesang kita. Kita ngénggalaken gesang lumantar panguwaosing wungu lan Roh Suci ingkang makarya ing manah kita. Gusti Allah maringi sih-rahmat lan paring pambiyantu gesang kita saé minangka pribadi menapa déné sesambetan kita kaliyan sesami. Sugeng Paska, sugeng mawartosaken wungunipun Gusti lan mulihaken gesang sesarengan Kristus ingkang wungu. Gusti mberkahi. Amin.

[DAC/TJ]

**KHOTBAH**  
**Minggu Paska Sonten**  
*Minggu, 9 April 2023*

Waosan 1: Yésaya 25:6-9  
 Tanggapan: Masmur 114  
 Waosan 2: 1 Korintus 5:6-8  
 Injil: Lukas 23:13-49

**“Wungunipun  
 Kristus  
 Mbereg  
 Semangat  
 Rékonsiliasi”**

☪

**KHOTBAH JANGKEP**

**“Wungunipun Kristus  
 Mbereg Semangat Rékonsiliasi”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti,

Rékonsiliasi dados prekawis ingkang wigati karembag ing wekdal samangké. Kathah cariyos gesang ingkang bènten pemanggih lajeng mbekta manungsa memengsahan. Perang antawisipun nagari satunggal lan satunggalipun kalampahan, padudon antawisipun golongan menapa déné ing brayat ugi saged kalampahan ing padintenan, milanipun semangat rékonsiliasi dados kori kanggé ingkang saé pinangka mawartosaken kratoning Allah.

Yésaya ngatag kita bilih Gusti Allah punika nguwaosi jagad. Sadaya bangsa ing jagad punika wonten ing panguwaosipun Gusti. Prekawis sesambetan antawisipun nagari ingkang numusaken perang, sadayanipun ugi wonten ing panguwaosing Gusti. Wonten pameca bilih saking ardi Sion sadaya bangsa badhé nampèni Rékonsiliasi pinangka pawartos wigati ingkang kedhah kawartosaken. Pakaryaning Sang Kristus ingkang séda lan wungu dados berkah tumrapping sadaya bangsa pinangka wujud nyata bilih saking ardi Sion patunggilanipun para bangsa kelampahan. Kabingahan punika minangka wujud saking Rékonsiliasi.

Saknyatanipun Gusti Allah sampun ngandika bilih gesanging bangsa Israèl nalika ing ara-ara samun tansah kebak prekawis lan saged luwar saking prekawis awit saking

mukjizatipun Gusti. Senadyan nabi Musa duka lan nuthuk séla karang nalika bangsa Israèl sami besengut nyuwun tonya, Gusti Allah tetep nindakaken mukjizat ing ngriku. Rékonsiliasi antawisipun Musa lan bangsa Israèl nalika jaman semanten dados prekawis wigati awit lampahipun bangsa Israèl tumuju siti prajanjèn taksih lami. Prastawa punika numusaken prekawis ingkang awrat kanggénipun nabi Musa awit piyambakipun namung saged mirsa siti prajanjèn lan boten kaparengaken lumebet ing siti prajanjèn.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti,

Wonten ing salebeting pasamuwan, semangat rékonsiliasi kedah tetep kaudi amrih kita saged ndhèrèk Gusti kanti wetah. Pakarya kawilujengan Kristus ing kajeng salib minangka wujud nyata Gusti sumadya mangun rékonsiliasi kaliyan para kagunganipun. Milanipun resiking gesang nalika nampèni pakaryanipun Gusti dados prekawis ingkang wigati. Toleransi ngèngingi dosa tinutup awit badhé ngregeti rékonsiliasi kasebat. Awit dosa ingkang alit sanget saged dados rahi ingkang nragèni sedaya jladren lan saged ngrisak pakaryanipun Gusti. Roti tanpa rahi ingkang katedha déning bangsa Israèl nalika ngriyadinaken Paska minangka tetenger bilih ngresiki dhiri minangka bab wigati ingkang kedhah kaudi.

Ing babagan gesang pribadi, manggihaken rékonsiliasi ing pengajeng-ajeng lan kanyataning gesang minangka bab ingkang wigati. Kléopas lan réncangipun ingkang manggihaken prekawising gesang, karawuhan déning Gusti Yésus minangka réncang lampahipun. Pepènget, pangreksa lan pangandika mirungan katindakaken déning Gusti Yésus amrih kekalihipun saged manggihaken mantebing kapitadosan. Gegambaran Gusti Yésus ingkang karsa ngréncangi mlampah sesarengan Kléopas lan réncangipun ugi minangka gegambaran bilih ing wekdal punika ugi Gusti Yésus tansih lumampah sesarengan kaliyan para kagunganipun kanthi cara manéka warni. Manéka warni rékonsiliasi ing saben manungsa mbereg pribadinipun manggihaken mantebing pitados ndhèrèk Panjenenganipun. Kadosedéné Kléopas lan réncangipun ingkang tetep nggadhahi semangat makantar-kantar anggènipun mawartosaken wungunipun Gusti Yésus dhateng para Rasul minangka

gegambaran kadospundi saben pribadi kedah sumadya ngagengaken semangat rékonsiliasi dhateng sinten kémawon.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti,

Saben tiyang temtu nggadhahi prekawis ingkang mbetahaken rékonsiliasi, saé rékonsiliasi internal kanggé dhiri pribadi menapa déné eksternal, kanggé tiyang sanès. Wungunipun Gustu Yésus minangka sumbering kakiyatan kanggé semangat rékonsiliasi. Wungunipun Gusti minangka rékonsiliasi paling ageng dipun lampahi manungsa awit karukunaken malih kaliyan Gusti Allah. Lumantar karukunaken punika kaangkah saben tiyang ugi gesangaken rékonsiliasi ing satata gesangipun. Ngobarken semangat rékonsiliasi minangka lampahing gesang awit Gusti Allah sampun nindakaken rékonsiliasi ing satata gesang kita lumantar wungunipun. Mugi Gusti nyagedaken kita sedaya. Amin

[YCK/TJ]



**KHOTBAH**  
**Minggu Paska kaping kalih**  
*Minggu, 16 April 2023*

Waosan 1: Lelakoné Para  
 Rasul 2:14, 22-32  
 Tanggapan: Masmur 16  
 Waosan 2: 1 Pétrus 1:3-9  
 Injil: Yohanes 20:19-31

**“Karukunaken lan  
 Katunggilaken  
 awit Wungunipun  
 Sang Kristus”**



**KHOTBAH JANGKEP**

**“Karukunaken lan Katunggilaken  
 awit Wungunipun Sang Kristus”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Wonten satunggaling paribasan ing basa jawi ingkang makaten, “*Yèn wani aja wedi-wedi, yèn wedi aja wani-wani*”. Tegesipun, ‘Menawi wantun, tetepa wantun, menawi ajrih, ampun ngrumaosi wantun’. Paribasan punika paring piwulang amrih nalika kita tumindhak lan nindakaken menapa kémawon boten kanthi mangu-mangu utawi magel. Paribasan punika mbereg saben tiyang amrih wantun nindakaken lan nglampahi gesang, temtunipun kanthi ningali kesagedanipun. Wantun anggènipun nemtokaken sikep lan pamanggih badhé nemtokaken kadospundi margining gesang kita samangkènipun.

Kados pundi tuladhanipun? Nalika kita nembé nggadhahi ancas miwiti pambudidaya, ingkang kedah katindakaken inggih punika mantepaken manah kanggé nglampahi ancas punika kanthi raos pitados. Kadospundi menawi pambudidaya ingkang badhé kita wiwiti kebak ing pamangu-mangu? Temtu sedaya prekawis ingkang kawiwitan kanthi mangu-mangu boten badhé pikantuk kasil ingkang murwad. Paribasan jawi kasebat dados cepengan, menawi kita wantun miwiti pambudidaya, ampun ngantos ajrih kanggé budidaya lan ngrembakaaken punapa ingkang sampun karancang. Ananging menawi kita ajrih dhateng sadaya pungkasanipun, inggih ampuh ngantos wantun damel pambudidaya. Punjeranipun, mangu-mangu badhé ndadosaken

kita boten saged lumamampah kanthi prayogi, awit tansah kaiket déning raos ajrih, kuwatos, boten pitados lsp.

Waosan Injil dinten punika nyariosaken lelampahan nalika Gusti Yésus ngetingalaken dhiri dhateng para sakabatipun. Wonten satunggal sakabat ingkang boten pitados dhateng wungunipun Gusti, inggih punika Tomas. Wonten ing Injil Yohanes 20:19-31 kababhar bilih kawontenan kala semanten nggegirisi, lan ndadosaken para sakabatipun Gusti Yésus sami ajrih, matemah para sakabat sami makempal ing satunggaling papan kanthi kori ingkang kakunci (19). Dumadakan Gusti Yésus rawuh lan jumeneng ing satengahing para sakabat. Panjenenganipun ngandika, “Tentrem rahayu ana ing kowé” (19). Selanjengipun Gusti Yésus ngetingalaken astanipun lan padharanipun dhateng para sekabat. Menapa ingkang kalampahan? Sawaunipun para sekabat kebak raos ajrih, samangké dados sami suka bingah awit ningali Gusti Yésus (20). Para sakabat sami pitados bilih Gusti Yésus ing satengahing para sakabat nyata-nyata sampun wungu. Wungunipun ndadosaken tentrem rahayu lan suka bingah, sarta nundhung raos kuciwa, mangu-mangu lan raos ajrih (21-23)

Tomas boten ngraosaken kadosdéné ingkang dipun raosaken déning para sakabat sanés. Nalika Gusti Yésus ngetingalaken sariranipun dhateng para sakabat, Tomas boten ngempal kaliyan para sekabat (24). Dhumateng Tomas, para sekabat nyariosaken ngèngingi wungunipun Gusti Yésus, kalebet ugi pepanggihanipun para sakabat kaliyan Gusti Yésus. Ananging karana Tomas boten ningali piyambak, piyambakipun boten pitados lan atur pangandikan menawi piyambakipun boten pitados sadèrèngipun ningali wungunipun Gusti Yesus kanthi mripatipun piyambak (25). Selajengipun Gusti Yésus ngetingalaken sariranipun malih. Tomas kaparingan wekdal kanggé mbuktékaken bab wungunipun Gusti Yesus (26-27). Awit saking punika Tomas pitados lan manembah dhateng Panjenenganipun, “Gusti kawula, Allah kawula” (28-29).

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Dipun sadari punapa boten, kadangkala sikep kita kadosdéné Tomas. Boten pitados menawi dèrèng wonten buktinipun. Kita prelu émut, sakyektosipun boten sadaya

prekawis saged dipun buktèkaken kanthi nalar. Pramila, Gusti Yésus ngandika, “Begja wong sing padha pracaya senadyan ora ndeleng Aku.” (29). Kadospundi kaliyan kita, menapa kita pitados namun karana ningali, utawi kita tetep pitados dhateng Gusti senadyan boten ningali? Saking waosan Injil, nyata ketingal bilih wungunipun Sang Kristus damel éwah-éwahan dhateng para sakabatipun. Saking raos ajrih dados wantun, saking mangu-mangu dados sèstu pitados, lan sewaupun gesang ingkang kebak raos kuwatos dados suka bingah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Tiyang ingkang saged ngraosaken suka bingah lan tentrem rahayu inggih menika tiyang ingkang saged ngakeni winatesing dhirinipun lan saged nentremaken diri ing sadhéngah kawontenan. Inggih punika ingkang katuladhakaken déning Pétrus. Sewaupun, Pétrus sélak dhateng Gusti rambah kaping tiga. Ananging awit sih-katresnanipun Gusti, Pétrus ngraosaken éwah-éwahan ing gesangipun. Wonten ing Lelakoné Para Rasul 2:14,22-32, Pétrus paring paseksi ngèngingi Gusti Yésus kanthi tinarbuka. Malah kepara ing pamedaring sabda, Pétrus mawartosaken bilih Gusti Allah sampun netepi prasetyanipun lumantar Kristus ingkang kasalib (22-27). Lan Gusti ingkang sinalib samangké wungu. Para sakabat dados seksinipun wungunipun Gusti (32).

Saking lelampahanipun gesangipun Pétrus, boten maiben menawi ing pungkasanipun Pétrus ngrepékaken kidung kamulyan kagem Gusti Allah ingkang sampun ngetingalaken kamirahanipun lumantar séda lan wungunipun (1 Pétrus 1:3-9). Wonten ing waosan kita, Pétrus ngendika bilih tiyang-tiyang pitados badhé pikantuk gesang kebak kabingahan lan pengajeng-ajeng kanggé nampèni kawilujengan ing pungkasaning jaman (5-6). Sinten kémawon ingkang pitados, piyambakipun badhé nampi kawilujengan (7-9). Lan sinten ingkang nampi kawilujengan, badhé manunggil kaliyan Kristus. Saking Pétrus kita saged nyinau bilih wungunipun Gusti Yésus numusaken ewah-ewahaning gesang saking sawaupun kebak pepeteng samangké kathah pengajeng-ajeng, lan nembé kalampahan menawi kita purun ngakeni winatesing dhiri lan nyuwun sih pangapuntening Gusti. Kanthi makaten, Gusti Allah piyambak ingkang badhé

ngetingalaken sih katresnanipun dhateng kita lan kita kasagedaken nindakaken paseksi ngèngingi Panjenenganipun.

Boten bènten kaliyan Pétrus ingkang kebak suka bingah awit ngraosaken sih katresnanipun Gusti ing pagesanganipun, Masmur 16 mratélaaken bilih Gusti punika pinangka Allah ingkang sèstu saé ing tata gesangipun. Suka bingah ingkang karaosaken kadosdéné tiyang ingkang nampèni warisan (2-6). Boten namung menika kémawon, juru Masmur ugi paring paseksi bilih namung Gusti Allah kémawon sumbering gesangipun (8-11). Pramila kanthi kebak pitados sang juru Masmur nyuwun supados Gusti Allah tansah ngamping-ampingi (1). Juru masmur badhe tansah miyandelaken gesangipu dhateng Gusti (7).

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,

Kathah sanget piwulang ingkang kita tampi lumantar waosan-waosan kita samangké. *Kapisan*, kanthi mitadosi wungunipun Gusti Yésus, ateges kita pitados bilih Gusti Yésus punika gesang. *Kaping kalih*, wungunipun dados bukti nyata sihipun Kristus dhateng manungsa. *Kaping tiga*, kita boten kaiket malih déning raos ajrih lan mangu-mangu awit Gusti Yésus sampun rawuh maringaken tentrem rahayu. *Kaping sekawan*, kita tansah ngraosaken suka bingah lan nggadahi pengajeng-ajeng awit Gusti piyambak ingkang mrasetyakaken kawilujengan kanggé kita. *Kaping gangsal*, kita kasagedaken minangka paseksi lan mawartosaken katresnanipun Gusti.

Samangké kita sampun karukunaken lan katunggilaken awit wungunipun Gusti Yésus. Punapa kita purun nampi ayahan pangutusan saking Gusti minangka respon caos sokur kita awit katresnanipun ingkang ageng? Mugi kita ngengeti paribasan ing basa jawi kalawau, “*Yén wani aja wedi-wedi, yén wedi aja wani-wani*”. Menawi saking wiwitan kita sampun nyethakaken dhiri bilih kita punika pitados lan badhé dados sakabatipun, ampun ngantos mangu-mangu anggènipun mawartosaken sih katresnanipun Gusti. Punapa kita wantun ngetingalaken kapitadosan kita dhateng tiyang sanès, lan menapa kita wantun ngadhepi akibatipun? Sumangga sami pitados, Panjenenganipun ingkang sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah, tansah nganthi kita. Amin.

**KHOTBAH**  
**Minggu Paska kaping tiga**  
*Minggu, 23 April 2023*

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul  
 2:14, 36-41  
 Tanggapan: Masmur 116:1-4, 12-19  
 Waosan 2: 1 Pétrus 1:17-23  
 Injil: Lukas 24:13-35

**“Ngènet lan  
 Ngraos-  
 Ngraosaken  
 Wungunipun  
 Sang Kristus”**  
 ❧❧❧

**KHOTBAH JANGKEP**

**“Ngènet lan Ngraos-Ngraosaken  
 Wungunipun Sang Kristus”**

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti.

Kathah tiyang, kalebet kita, ing mbok bilih naté wicanten makaten, “Masa lalu biarlah berlalu, nggak usah diingat-ingat”. Ing sawetawis wekdal tetembungan punika nuwuhaken raos tentreming manah, awit kita kaparingan wekdal saprelu menggalihaken prekawis ingkang badhé kalampahan. Ananging ing sisih sanèsipun, prekawis ingkang sampun karaosaken kala wau sakyektosipun boten saged kalirwakaken. Salajengipun, punapa prekawis ingkang sampun kalampahan langkung wigati tinimbang prekawis ing wekdal samangké? Ing mriki, bab ingkang langkung wigati sakyektosipun inggih punika bab kadospundi anggèn kita saged mendhet maknaning gesang saking sadaya prekawis ing antawisipun wanci ingkang sampun kalampahan, wanci samangké lan wanci ingkang badhé kalampahan.

Samangké kita lumebet ing Minggu Paska kaping tiga. Waosan Injil ngrembag bab lampahipun sakabat ingkang cacahipun kalih tumuju dhateng kitha Émaus. Kekalhipun badhé wangsul dhateng papan padununganipun. Para sakabat punika lumampah kanthi raos dhukita gegayutan kaliyan Gusti Yésus. Salajengipun Gusti Yésus rawuh ing antawisipun para sakabat wau. Gusti Yesus nepangaken dhiri pinangka Tiyang

ingkang wungu dhateng kekalihipun. Temtu, ngraosaken wungunipun Gusti Yésus sanès prekawis ingkang gampil tumrapping para sakabat. Pemanggihipun manungsa mbetahaken sawetawis wekdal kanggé mitadosi kanthi wetah bilih Panjenenganipun sampun wungu.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti

Prekawis ingkang ngéramaken ing waosan Injil inggih punika, kanggé mitulungi para sakabat ngènget lan ngraosaken wungunipun, Gusti Yésus karsa mlampah sesarengan kaliyan Kléopas lan réncangipun tumuju ing Emaus. Lumampahing para sakabat tumuju dhateng Émaus sakyektosipun dados laku spiritual. Lampahing para sakabat lan Gusti Yésus, boten namung obahing suku. Sakabat kekalihipun lan Gusti Yésus sami wawan pirembagan ngèngingi lelampahan ingkang nembé kémawon kedadosan. Lelampahan punika magepokan kaliyan kasalibipun Gusti Yésus, pamomong ingkang dipun tresnani. Boten kasebataken sacara cetha bab pirembagan ingkang kadadosan, ananging saged kapestèkaken bilih pirembagan punika sanès prekawis ingkang ngremenaken tumrapping Kléopas lan sakabatipun.

Wonten ing ayat 17 dipun babaraken bilih pasuryanipun para sakabat wau sami nandhang dhukita nalika Gusti rawuh lan paring pitakèn ngèngingi menapa ingkang karembag. Dhukitanipun para sekabat punika awit déné kekalihipun boten mangertos bilih ingkang paring pitakèn lan mlampah sesarengan punika sakyektoripun Gusti Yesus, Tiyang ingkang dipun sungkawaaken. Lukas ingkang nyerat Injil punika migunaaken gegambaran wontenipun pepalang ingkang ndadosaken kekalihipun supé dhateng Gusti Yésus (ay. 16). Salajengipun Kléopas, rencangipun dalasan Gusti Yésus dumugeng papan pidalemanipun lan sesarengan sami kembul bujana. Ing wekdal punika, Gusti Yésus nindakaken bab ingkang sami kadosdéne sadèrèngipun sinalib inggih menika nyuwil-nyuwil roti lan soas sokur. Bab punika ndadosaken para sakabat mangertos bilih ingkang sesarengan lumampah ing margi saking Yérusalem dumugeng Émaus punika Gusti Yésus. Kaserat ing Injil, "Nanging Panjenengan énggal sirna saking paningalipun para sakabat (ay. 31).

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti

Gusti Yésus ngosikaken murid kekalihipun lumantar bujana kadosdéné bujana sesarengan para sakabat sakdèrèngipun Gusti kasalib. Bab punika dados sarana ingkang njalari Kléopas lan réncangipun saged ngraosaken rawuhipun Gusti. Lumantar prekawis punika para sakabat ènget malih rasoing manah ingkang makantar-kantar nalika lumampah sesarengan Gusti Yésus (ay. 32).

Pepènget punika sakyektosipun pakaryanipun Roh Suci ingkang mitulungi kekalihipun ngraosaken punapa ingkang nembé kelampahan. Nalika tumuju Émaus manahipun para sekabat kebak ing raos dhukita. Ananging kasunyatan ingkang kalampahan, Gusti Yésus rawuh lan nyarengi. Salajengipun, bènten kaliyan lampah saking Yérusalem tumuju Émaus ingkang kebak dukhitaning manah. Lampah wangsul tumuju Yérusalem pinangka lampah ingkang kebak ing kapitadosan awit sadaya sami pitados bilih Gusti Yésus nyata-nyata wungu. Matemah kekalihipun kasagedaken mawartosaken wungunipun Gusti dhateng para sakabat sanèsipun.

Pangènget-ènget dhateng Kristus ugi katindakaken déning Pétrus, kadosné ingkang kita waos saking waosan sepisan. Pétrus sesarengan para rasul cacah sewelas, ngadeg lan martosaken dhateng sadaya tiyang Yahudi ing Yérusalem amrih sami pitados dhateng Gusti Yésus ingkang sampun wungu saking antawisipun tiyang pejah lan mbereg amrih sami purun kabaptis. Lumantar piwucalipun Pétrus, kathah tiyang ingkang sami pitados lan nyuwun kabaptis. Piwucal ngèngingi Gusti Yésus ingkang kapiirengaken lan kaseksekaken mitulungi sadaya ingkang mireng sami pitados dhateng Gusti. Pangènget-ènget ngèngingi Gusti Yésus lan anggenipun sami sumadya ngraosaken wungunipun ndadosaken tiyang-tiyang punika pitados lan masrahaken dhiri saprelu nampi pratanda baptis.

Pangènget-ènget gesang sesarengan Gusti ing mawarni-warni kawontenan ugi kaserat kanthi éndah déning juru Masmur. Ayat 1-4 Masmur 116 sinerat kadospundi raosipun manah sang juru Masmur nalika ngraoskaen awrating gesang awit déné kaiket ing salebeting prekawis. Gesangipun boten lumampah kanthi saé awit ruwet rentenging gesang. Awit saking pitulunganipun Gusti, kawontenan ingkang boten saé punika

selanjengipun kendho lan matemah juru Mazmur luwar saking momotaning gesang. Ngèneti lelampahaning gesang ingkang makaten punika, juru Mazmur mandheng dhateng Gusti Allah ingkang Maasih, Adil lan Kebak Katresnan, Gusti Allah ingkang ngeksa lan milujengaken (ay. 5-6).

Saking pengalaman punika, juru Mazmur saos sokur dhateng Gusti. Piyambakipun sumadya saos kurban sokur lan ngluwari kaulipun ing sangajening tiyang pitados. Pitembungan punika boten naming pangandikan ngèngingi bab saos kurban bakaran ingkang kaaturaken ing mesbah, ananging ugi wujud paseksinipun juru Masmur ngèngingi Gusti Allah dhateng sadaya tiyang. Satemah lumantar paseksinipun kathah tiyang ingkang kasagedakan ugi ngraos-ngraosaken sih katresnanipun Gusti. Paseksi ngèngingi Gusti Yésus ingkang wungu, sanyatanipun kababar saking pengalaman sesarengan kaliyan Panjenenganipun ing padintenan ingkang kalampahan déning para sakabat. Juru Masmur ngraosaken kadospundi Gusti Allah punika pinangka Allah ingkang setya tuhu nresnani titahipun kanthi manéka warni cara ing tata gesang punika.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti

Bab ingkang wigatos lan prelu tansah dipun ènet, gesanging kita ing wekdal samangké ugi saged kécalan pangraos ing pakaryanipun Gusti wonten séda lan wungunipun Sang Kristus. Tata gesang padintenan saged damel pengalaman sesarengan kaliyan Gusti boten boten karaosaken. Manéka warni prekawis lan konflik ingkang kita adhepi saged dados prekawis ingkang angèl lan boten dados kesaénan menawi boten dipun maknani kanthi trep. Kita kedhah lumebet wonten ing rékonsiliasi kaliyan dhiri kita piyambak lan tiyang sanès kanthi adhedhasar katresnanipun Gusti. Pramila sumangga énggala sami tansah ènet bilih sadengah gesang kita tansah wonten ing pakaryanipun Gusti. Wungunipun Gusti Yésus badhé dados pawartos sujarah kémawon nalika kita boten nindakaken sadaya pakaryanipun Gusti ing satata gesang. Sugeng ngènget-ènget sih katresnanipun Gusti, sugeng ngraosaken wungunipun Sang Kristus. Amin.

[APD/TJ]

**KHOTBAH**  
**Minggu Paska kaping 4**  
*Minggu, 30 April 2023*

Waosan 1: Lelakoné Para Rasul  
 2:42-47  
 Tanggapan: Mazmur 23  
 Waosan 2: 1 Pétrus 2:19-25  
 Injil: Yohanes 10:1-10

**“Dipun Engèn  
 amrih  
 Mulihaken lan  
 Nentremaken”**  
 ☸

**KHOTBAH JANGKEP**

**“Dipun Engèn  
 amrih Mulihaken lan Nentremaken”**

Para sedhèrèk ingkang nresnani lan dipun trenani Gusti.

Kita kaatag saos sokur dhateng Gusti awit samangké kita sami lumebet Minggu Paska kaping sekawan. Jejer ingkang kita renungaken ing minggu punika, “Dipun engèn amrih mulihaken lan nentremaken”. Nalika mireng tembung ‘dipun engèn’ utawi “pangengèn”, punapa ingkang wonten ing salebeting manah panjenengan? Kathah warganing pasamuwan ingkang nganggep tembung ‘dipun engèn’ utawi “pangengèn” minangka tembung ingkang ngajrih-ngajrihi. Wonten ingkang nganggep bilih ‘dipun engèn’ minangka bab ingkang awon. Dhasaring pemanggih nalika jaman semanten, tembung ‘dipun engèn’ ngemu teges kaparingan paukuman kanggé warga pasamuwan ingkang nglampahi dosa. Ing pundi nalika warganing gréja kadunungan nindakaken dosa, pasamuwan boten mulihaken amrih mratobat saking dosa, ananging pinaringan paukuman. Sakyektosipun, punapa ing Kitab Suci ugi tetembungan ‘dipun engèn’ minangka bab ingkang ngajrih-ajrihi lan nglingsemaken, saèngga ndhatengaken paukuman?

Waosan-waosan ing dinten punika mbabar bab gesangipun umat ingkang ‘dipun engèn’. Menapa paèdahipun ‘dipun engèn’? Wonten ing jagading among tani, juru pangèn punika tiyang ingkang pinitados njagi sato kéwan saking pamangsanipun kéwan galak, ngreksa para ménda ing pasuketan.

Elrath Billy Mathias ing *Ensiklopédia Alkitab Praktis* paring katrangan bilih ing jamanipun Kitab Suci kaserat, juru pangèn punika ngreksa ménda, panggaotan ingkang saged katindakaken déning tiyang kakung-pawèstri, sepuh-anem. Ayahan punika kalebet awrat lan bebayani. Cetha sanget ayahanipun pangèn boten gampil. Awrat lan bebayani. Awrat awit ngengèn punika njagi sapantha ménda. Wonten tantangan saking lebet lan njawi. Saking lebet, kadangkala wonten ménda ingkang sakit, boten purun nedha, wonten ingkang giras, mlajar saking pepanthanipun lsp. Saking njawi, ngengèn punika awrat awit kathahing panggangu, sato kéwan ingkang badhé mangsa ménda lsp. Para pangèn kedhah kanthi wetahing manah ngrimat lan ngamping-ampingi ménda-méndanipun, makaten ugi ngeneraken méndanipun amrih dumugi papan ingkang katuju. Ngeneraken margi para méndanipun pinangka salah satunggaling ayahan ingkang boten gampil.

Kitab Masmur lan Injil Yohanes nélakaken bilih Gusti punika minangka Pangèn lan kita dados ménda kagunganipun Gusti. Kadospéné para pangèn njagi méndanipun lan ngeneraken para méndanipun, makaten ugi ingkang katindakaken déning Gusti dhateng kita sedaya. Selajengipun kanggé para kagunganipun, Gusti maringi ayahan amrih umat kagunganipun tansah ngengèn-ingengèna. Punapa kémawon wujuding gesang ngengèn-ingengèna punika? Wonten ing gesanging masamuwan, kita remen ‘dipun engèn’ ingkang ngreksa kapitadosan. Saé lumantar khotbah, renungan, patuwèn, pangrimating warga ingkang sakit lan pikantuk momotan, donga-indongakaken, tansah peparang lan wujud sanèsipun. Ananging pangengèn kanthi wujud pepémot, ngeneraken malah kepara panyaruwé, boten gampil katampi. Malah kepara ‘para ménda’ nampik pepémot lan panyaruwé awit rumaos boten nindakaken kalepatan menapa kémawon.

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani lan nresnani Gusti,

Minangka ménda, kita mbetahaken pitulunganipun Gusti awit kawontenaning kita punika sèkèng, lan juru Pangèn Utama tansah ngetingalaken sih-rahmatipun. Masmur 23 mbabar bilih Gusti tansah nuntun kita wonten ing tata gesang ingkang saé

midhèrèk karsanipun Gusti. Panjenenganipun rawuh ing karingkihan, raos ajrih lan gesang kita ingkang tuna pengajeng-ajeng. Ing ngriki juru Masmur ngendika bilih ing jurang palimenganing pati, Panjenenganipun badhé ngiyataken satemah kita boten ajrih ngadepi bebaya.

Jaminan gesang punika kedahipun ngasta kita dhateng gesang patunggilan ingkang leres kaliyan Gusti lan sesaming umat kagunganipun Gusti. Tuladha saking pasamuwan wiwitan punika kaserat déning Lukas ing Lelakoné Para Rasul 2:42-47. Tata gesanging pasamuwan wiwitan adhedasar katresnan ingkang tulus. Pasamuwan sampun ngraosaken tentrem rahayu lumantar kawilujengan saking Gusti. Sihipun Gusti nyagedaken pasamuwan gesang andum wèwèh. Inggang lubér andum wèwèh dhateng ingkang kakirangan. Bab punika ketinggal nalika kembul bujana lan dedonga. Boten wonten ingkang 'merem' nalika wonten sedhèrèk nunggil patunggilan ingkang mbetahaken. Gegambaran punika dados gegambaran ingkang prayogi kanggé patunggilaning tiyang Kristen. Prayogi utawi sampurna ngemu teges patunggilan Kristen ingkang tinarbuka kados punika ingkang nyagedaken mawartosaken kawilujenganipun Gusti. Kawontenan punika bènten sanget kaliyan patunggilan ing pundi warganipun èkslusif, egois, lan ingkang namung mburu kabetahaning piyambak.

Pambereging Roh Suci nyagedaken saben tiyang andum wèwèh kanthi tulus. Patunggilan ing wekdal samangké kedahipun nuladha kadosdéné tata gesanging pasamuwan ingkang kapisan. Tata gesang sesarengan ingkang kalandesan déning pandonga ingkang leres, gesang ing pranata kanthi katresnanipun Gusti lan tansah setya kapimpin déning Roh Suci.

Para sedhèrèk ingkang nresnani lan dipun tresnani Gusti,

Kawontenaning gesang jagad samangké nembé ing kawontenan boten saé. Gusti nyawisaken dhirinipun pinangka Pangèn kita. Tinarbuka 'dipun engèn' déning Gusti lumantar pasamuwanipun. Lumantar pasamuwanipun kita sedaya 'dipun engèn' amrih mulihaken lan nentremaken! Lumantar pasamuwanipun Gusti kita ugi tinimbalan amrih ngengen-ingengèna. Pengengèn punika kita lampahaken kanthi wujud paseksi, patunggilan lan lelados. Menawi wonten ing

antawisipun kita ingkang kadunungan kalepatan, pengengèn katindakaken amrih ngrukunaken lan mulihaken, sanés paring paukuman lan nundhung. Sumanga kita dados pangèn ingkang damel tentrem, ingkang ngrangkul sedaya tiyang kanti cara nampi, nresnani, lung-tinulung, tansah paring pambiyantu, tansah dongaaken satunggal lan satunggalipun. Amin

[KD/TJ]

# BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang  
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun  
pasamuwan piyambak-piyambak*



**BAHAN LITURGI****Rebo Awu***22 Fèbruari 2023*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

L: Lèktor

**“Sami Puruna  
Karukunaken  
déning Allah”****PACAWISAN**

- Juru musik ngungelaken kekidungan ingkang nuntun umat rumasuk ing pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Loncèng kaungelaken, **umat jumeneng**.
- Salah satunggaling Warga Pradata nyumed lilin ibadah.
- Arak-arakaning palados pangibadah lumebet dhateng papan ibadah kairingan *instrumen* (lelagon tanpa nyanyian).
- Pasrahan Kitab Suci saking salah satunggaling Warga Pradata dhateng Pelados Sabda.

**VOTUM**

PS: Ibadah Rebo Awu menika kita sengker kanthi pangaken:  
“Pitulungan kita iku ana ing asmaning Sang Yéhuwah,  
kang nitahaké langit bumi.” (Masmur 124:8)

U: (*ngidungaken*) **Amin** (KPJ 464a)

**SALAM**

(*ngidungaken KPJ 460 kanthi gentosan antawisipun PS kaliyan umat*)

PS: Tentrem raharja sing Gusti kita,

U: **tumrah mring kita;**

PS: tentrem raharja sing Gusti kita,

U: **tumrah mring kita.**

**ATUR BEBUKA***(umat lenggah)*

PS: Rebo Awu dados tetenger lumebet ing Mangsa Pra Paska, minangka wekdal utawi mangsa kanggé mratobat, ingkang dipunkanthèni ndedonga, siyam tuwin sedhekah. Gusti Yésus ngènetaken para muridipun supados mboten nindakaken ibadah kasebat supados dipun tingali tiyang utawi minangka kawajiban, punapa malih kanthi lelamisan. Nindakaken ibadah kedah kanthi tulus saking telenging manah tuwin minangka wujud ngaturaken dhiri karukunaken déning Gusti Allah. “Padha gelema karukunaké déning Gusti Allah“, mboten namung pambujuk, ananging dhawuh kanggé tiyang pitados supados sumadhiya ngaturaken dhirinipun gesang minangka tiyang pitados ingkang kanthi tulus nindakaken sadaya pranatan saha piwulangipun Gusti Allah. Sumadhiyanipun ngaturaken dhiri karukunaken déning Gusti Allah ateges sumadhiya kanggé ngakeni sadaya dosa saha kalepatan menapadéné sumadhiya nindakaken pamulihan (*rekonsiliasi*) kaliyan Gusti Allah.

**KIDUNG PAMUJI**

U: *(ngidungaken KPJ 40 “Repèkna Kidung Anyar“, karepèkaken kalih rambahan)*

KPJ 40. REPÈKNA KIDUNG ANYAR

Do=C 3/4

Repèkna kidung anyar; Gusti tansah luharna.

Gusti tansah luhurna.

Ooo ..... Ooo..... Ooo ....

Repèkna kidung anyar; Gusti tansah luharna.

Gusti tansah luhurna.

Ooo ..... Ooo..... Ooo ....

**TIMBALAN MRATOBAT**

P/D1: Para sedhèrèk, Gusti Allah sampun nélakaken katresnanipun dhateng kita kanthi maringaken Putranipun, Gusti Yésus Kristus, ingkang kanthi éklas ngurbanaken dhirinipun séda ing kajeng salib saha wungu ngawonaken pati. Ananging asring kita kirang mepeng nanggapi kasaénanipun Gusti Allah menika.

Kita asring taksih gampil dhumawah ing dosa. Awit saking menika, sumangga akanthi wening, kita ngrumaosi, ngakeni saha nelangsani dosa-dosa kita wonten ing ngarsanipun Gusti Allah miwah ing ngajengipun sesami, sarta nélakaken pamratobat kita. (*wekdal ening: umat kacawisan wekdal kanggé nélakaken anggènipun keduwung minangka pribadi*)

P/D1: Dhuh Allah ingkang lubèr ing katresnan, kawula saèstu nalangsa amargi kawula kirang mepeng nanggapi katresnan Paduka. Kawula nalangsa amargi taksih gampil dhumawah ing dosa. Kawula sampun damel dosa nglawan Paduka saha mboten nresnani Paduka kanthi gumolonging manah.

Kawula èstu nalangsa. Kawula kepéngin ndandosi dhiri lan gesang langkung saé jumbuh kalayan karsa Paduka. Kawula Paduka apunteni tuwin Paduka kiyataken.

Kaparengna kawula lumebet ing Mangsa Pra Paska kanthi pitulungan Paduka, supados saged nglawan panguwaosing kadurakan dalah nilaraken cara gesang lami, ingkang mboten ndadosaken kepareng Paduka. Kasagedna kawula nglampahi Mangsa Tobat menika kanthi tumemen ndedonga, pasa miwah nindakaken sedhekah kanthi tulus, tuwin mboten kanthi lelamisan. Kawula purun (ngaturaken dhiri) karukunaken déning katresnan Paduka. Amin.

## KIDUNG PANELANGSA

U: (*ngidungaken KPJ 61:1-3 “Saèstu Keduwung”*)

### KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.  
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci
- 2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.  
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya, lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
- 3) Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.  
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat, mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

## PAMECANING PAMRATOBAT

P/D2: (maos **Kitab Yunus 3:1-10**)

### KIDUNG PANGUNGSÈN

U: (ngidungaken KPJ 44:1,2 “Aku Wong Kang Dosa”)

KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

*D<sub>0</sub>*=D 3/4

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,  
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.  
*Reff.:* Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.  
Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka  
inggang saged ngluwari kawula saking dosa.  
*Reff.:* ...
- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan  
dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.  
*Reff.:* ...

### PALADOSAN SABDA

PS: (*ndedonga nyuwun panuntuning Roh Suci,  
kapungkasan kathi atur: “Ing Sang Kristus, Sang  
Sabda inggang manjalma manungsa, kawula  
ndedonga .....”*)

PS+U: **Amin.**

#### Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yoèl 2:1-2, 12-17**  
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

#### Mazmur Tanggapan

L2: (maos **Masmur 51:3-19**)

#### Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan Kaping Kalih saking **2 Korintus 5:20 – 6:10.**  
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Matius 6:1-6; 16-21**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

"28 Kang rahayu iku wong-wong kang padha ngrungokaké lan nggatèkaké pangandikaning Allah."  
(Luk. 11:28).

Hosiana!

U: (*ngidungaken*) **Hosiana** (*manut lagunipun KPJ 468*)

**Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: Sami Puruna Karukunaken déning Allah*)

**KIDUNG PAMUJI**

U: (*ngidungaken KPJ 56:2, 3 "Muliha Anggèr"*)

KPJ 56:2-3 MULIHA ANGGÈR

Do=Es 4/4

2) Élinga sira, wong dosa tobata.

Ramamu kang asih nganti klawan sedhah.

Adhuh, cilaka sira wong dosa, dèn énggal tobata.

3) Tobata sira, wong dosa nlangsa!

Suwarga omahmu, naraka satrumu.

Adhuh, cilaka sira wong dosa, nging Allah ngaksama.

**PANGOSÈRAN AWU**

PS: Awu kaagem minangka simbul (sawenèhing tandha) pratélaning panelangsa tuwin pamratobat, pisan damel simbuling pangajeng-ajeng menggahing petangèn, ing pundi sadaya prakawis badhé sirna saha geseng déning urubing latu, tuwin kagentosan déning bumi lan langit énggal. Awu ugi dados simbul nggrantesing manah ingkang lebed (Ayub 2:8) utawi minangka simbul pambiringing dosa (Wilangan 19:9, 17-18; Ibrani 9:13).

Nalika kita nengeri panelangsa tuwin pamratobat kita menika mawi awu, minangka tandha anggèn kita sumadhiya purun ngaturaken dhiri karukunaken déning Gusti Allah, supados kita saged gesang salaras kaliyan tuladhanipun Gusti Yésus.

Awu kaosèraken ing bathuk, minangka tandha bilih dosa sanès supados dipun-dhelikaken ananging supados dipun-akeni, minangka satunggaling panelangsa saha dipun pungkasi kanthi pamratobat. Kanthi awu ingkang dipun-osèraken ing bathuk, mila kita sumadhiya nindakaken Mangsa Tobat kanthi tumemen ndedonga, nindakaken pasa dalah nindakaken sedhekah.

----- [*Nalika awu dipun-osèraken, Pandhita utawi Pelados Sabda ngandika, “Amarga sira iku lebu, lan sira bakal bali dadi lebu manèh.” (P. Dumadi 3:119). Utawi “Padha mratobata, lan pracayaa marang Injil!” (Markus 1:15). Pramila umat kula aturi ngunandika (ngandika ing salebeding manah): “Paduka mugi karsaa paring pangapunten dhateng kawula, dhuh Gusti .....” minangka pratélaning panelangsa tuwin pamratobat.*] ----

----- [*Pangosèran awu kawiwitan kanthi ngidungaken KPJ 45:1, 2, 4 “Anèng Ngarsané Gusti”. Sasampunipun ngidung, Pandhita/Palados Sabda lan umat, saé ingkang wonten ing gedhong gréja menapadéné ing ndalem, nindakaken pangosèran awu, kairingan instrumentalia (lelagon tanpa nyanyian) saking KPJ 45 ngantos pangosèran awu paripurna.*] -----

U: **(ngidungaken KPJ 45:1, 2, 4)**  
 KPJ 45:1,2,4 ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.  
 Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.  
 Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anèng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.  
 Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

**WEKDAL ENING**

**PANGAKENING PITADOS**

(umat jumeneng)

P/D3: (*nuntun nglairaken Pangaken Pitados Rasuli sesarengan*)

**PANDONGA SYAFAAT**

(umat lenggah)

PS: (*ngonjukaken pandonga syafaat, kapungkasan kanthi atur: “..... ing Sih-kamirahan Paduka, kawula ndedonga.....”*)

U: (***ngidungaken KPJ 434:2 “Gusti Mugi Sampun Ngantos Nilar”***)

KPJ 434:2 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR

Do=G 4/4

2) Gusti, mugi myarsakaken pasambat kula awit kawula punika putra Paduka

Reff: Gusti, mugi nuntun kawula

kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

PS+U: **Amin.**

**PISUNGSUNG**

P/D4: (*maos pangatag pisungsung saking 2 Korintus 9:7*)

U: (***ngidungaken KPJ 160:1 “Gusti, Kawula Ngaturken Badan Nyawa”***)

KPJ 160:1 “GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA”

Do = D 3/4

1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula, sumangga Paduka agem kawula kagunganta.

Refr.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,

dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

--- (*kanthong pisungsung kaladosaken, ubenging kanthong pisungsung kairingan musik instrumèn KPJ 160 ngantos kanthong purna kaubengaken.*) ---

U: (***umat ngidungaken KPJ 160:3 “Gusti, Kawula Ngaturken Badan Nyawa”***)

3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan, kagama dados lantaran babaring kabingahan.

Refr.: Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,  
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah  
Paduka.

**PANDONGA** (umat jumeneng)

P/D4: (nuntun pandonga Rama Kawula kanthi kakidungaken  
manut KPJ 152)

U: (ngidungaken KPJ 152 “Rama Kawula Kang Wonten  
Swarga”)

**KIDUNG PANGUTUSAN** (umat jumeneng)

U: (ngidungaken KPJ 439:1 “Ing Jagad Kang Peteng”)

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,  
kathah tyang kang ngresula.  
Karana panandhang, samya nggresah  
miwah semplah ing manah.  
Reffr.: Sumangga, Gusti ngagem kawula,  
mrih ngèngetna para kanca,  
sengkut makarya nglawan godha  
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

**PANGUTUSAN** (umat jumeneng)

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti!

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Panjenengan lampahi Mangsa Pra Paska kanthi purun  
ngaturaken dhiri karukunaken déning Gusti Allah!

U: **Kawula badhé ngakeni sadaya dosa / ing  
ngarsanipun Gusti Allah / saha sumadhiya  
nglampahi pamulihan kaliyan Gusti Allah.**

PS: Pinujia Gusti Allah – Rama, Putra, lan Roh Suci!

U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula / saking  
katresnan Paduka / samangké dumugi salami-  
laminipun.**

**BERKAH***(umat jumeneng)*

PS: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng (kita) panjenengan lan ngayomi (kita) panjenengan.

Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi sih rahmat.

Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi tentrem rahayu.

(Wilangan 6:24-26)

U: *(ngidungaken)* **Amin 3x** *(manut KPJ 4b)*

U: *(ngidungaken KPJ 37 "Kamulyakna, Hé, Jiwaku" kakidungaken rambah kaping tiga)*

KPJ 37. KAMULYAKNA, HÉ JIWAKU

(Kanon)

Do=G 4/4

Kamulyakna, hé jiwaku.

Mulyakna Gusti Allah Juruslametku.

Kamulyakna, kamulyakna;

mulyakna Gusti, hé jiwaku

**PANUTUP**

- *Pandhita/Palados Sabda masrahaken Kitab Suci dhateng Pradataning Pasamuwan ingkang tinanggènah mandhegani pangibadah.*
- *Salah satunggaling warga pradata menjahi lilin ibadah.*
- *Loncèng kaungelaken (minangka tenger lumebet Mangsa Pra Paska).*

[NS-DEN]





**BAHAN LITURGI****Minggu Paska kapisan***Minggu; 26 Februari 2023*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

L: Lèktor

**“Kasetyan  
Inggang  
Mulihaken”****PACAWISAN*****(kacundhukna kaliyan pakulinaning pasamuwan-  
pasamuwan sapanggénan)***

- *Organis/pianis* (juru musik) ngungelaken lelagon inggang mbekta umat rumasuk ing ibadah ingkan badhé katindakaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

**TIMBALAN IBADAH***(umat jumeneng)*

P/D1: Pasamuwan inggang dipun tresnani Gusti, minangka tandha pratélaning sokur kita awit saking piwelaspun Gusti Allah, badhé kita télakaken lumantar ibadah Minggu Prapaska inggang kapisan, ing dinten menika. Sumangga kita lumebet ing pangibadah menika kanthi pengalaman batos inggang teguh bilih namung Gusti inggang setya ngrimati tuwin kepareng mulihaken gesang kita. Pramila sumangga kita memuji Gusti kanthi Masmur 150:1 – 6.

P/D1: Haléluya! Padha saosa puji marang Gusti Allah ana ing pasucèné! Padha saosa puji marang Panjenengané ana ing cakrawalané kang santosa!

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané / marga saka sakèhing kakiyatané, / padha saosa puji marang Panjenengané / marga saka kaluhurané kang ngébat-ébat!**

P/D1: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning kalasangka. Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi clempung lan slukat!

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané / kanthi terbang lan jejogédan, / padha saosa puji marang Panjenengané / kanthi swaraning clempung lan suling!**

P/D1: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang kumencring, padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang gumenjrèng!

U: **Kabeh kang ambekan / karebèn padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah! / Haléluya!**

P/D1: Kita ulukaken pamuji sokur kanthi ngluhuraken Gusti kanthi ngidungaken KPJ 59:1, 2 “Pinujia Tansah Allah Mamirah”.

U: (*ngidungaken KPJ 59:1, 2 “Pinujia Tansah Allah Mamirah”*)

KPJ 59. PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

$D_0 = F \frac{3}{4}$

- 1) Pinujia tansah Allah Mamirah,  
kang gung tresna nira mring salir titah.  
Tyang dosa duraka sinung apura,  
tinebus sing pati temah basuki  
Reff. : Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta !  
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.  
Pasrah mring Allah srana pracaya  
margining waluya tentrem raharja.
- 2) Pinuji slaminya Allah Matresna,  
kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar,  
nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,  
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.  
Reff. : ...

## VOTUM

PS: Kita lumebet ing ibadah Prapaska kapisan menika kanthi pangaken:  
Pitulungan kita ingkang sanyata menika Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisnipun, tuwin

ingkang setya netepi prajanjining kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken déning Panjenenganipun.

U: (*ngidungaken Amin 3x*) **Amin, Amin, Amin.**

### **SALAM**

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing (kita) panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

### **ATUR BEBUKA**

(*umat lenggah*)

P/D2: Gesang menika tansah éwah, sisah lan bingah, sukarena lan sedhik tansah gumantos saha éwah saben wekdal. Karisakan, paprangan, kamurkan, sampun ngéwahi cakriking gesangipun manungsa. Cakriking gesangipun manungsa ingkang kedahipun nyunaraken citranipun Allah, ananging kosokwangsulipun, nyunaraken kanepson, kamirisan dalah kaéringan. Ananging sih-kasetyanipun Gusti mboten naté éwah saha tansah dipun-télakaken ing sauruting gesang kita. mBoten wonten telasipun sih-kasetyanipun Gusti menggahing gesang kita. Gusti Allah ingkang njagi tuwin ngrimati kita. Gusti Allah ingkang nyawisaken menapa ingkang kita betahaken. Menawi kita rumaos ayam lan tentrem, menika sadaya amargi Gusti Allah ingkang tansah nunggil gesang kita. Kasetyanipun Gusti dhateng umatipun mulihaken, nyarasaken saha maringi pangajeng-ajeng tumrap saben tiyang ingkang pitados sarta suméndhé dhumateng Panjenenganipun.

U: (*ngidungaken KPJ 34:1, 2 „Ulukna Pamuji“*)

KPJ 34. ULUKNA PAMUJI

Do=F 2/4

- 1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati, hé titah, mring Gusti Allah kang setya lan maha mirah; wit sira rinoban berkah.
- 2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung hé sira, wong kang pracaya mring Allah sumbering berkah; wit sira sinung raharja.

**PANGAKEN DOSA**

PS: Sumangga sesarengan kita raos-raosaken sabdanipun Gusti Yésus ing Matius 7:21 makaten: *“21 Kang bakal lumebu ing Kratoning Swarga iku dudu angger wong kang ngucap marang Aku: Gusti, Gusti, nanging mung wong kang nglakoni karsané Ramaku kang ana ing swarga.”*, amargi mboten wonten tiyang satunggal-satunggal ing antawis kita ingkang kecongghah netepi dhawuh menika akanthi wetah nindakaken karsanipun Sang Rama ing swarga. Kita ngrumaosi bilih kita asring mboten setya dhumateng Gusti, amargi langkung nengenaken dhiri kita piyambak, mila sumangga kanthi tulus sarta sawetahing manah, kita télakaken panelangsa saha pamratobat kita ing ngarsanipun Gusti dalah sesami lumantar repèng KPJ 48:1, 2 *“Gusti Angantya Sira”*

U: (*ngidungaken KPJ 48:1, 2 “Gusti Angantya Sira”*)  
 KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

- 1) Gusti angantya sira wong dosa.  
 Aruming swara nimbali sira.  
 Nyuwuna luwar lan pangapura!  
 Mareka, saosna ati nira!  
 Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,  
 aywa adoh-adoh, umareka!  
 Gusti anganti-anti sira!  
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!
- 2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.  
 Nyata gampang lamun liniwatan.  
 Nging sira tan nduga tan uninga!  
 yéku tan anjog mring nagri baka!  
 Refrein : ...

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** (*umat jumeneng*)

PS: Amargi sih-kawelasanipun Gusti ingkang tanpa watesan, Panjenenganipun karsa nampèni pratélan panelingsaning umatipun. Pamratobat ingkang dipun-télakaken kanthi tulus badhé mulihaken. Mila Gusti Inggang Mahaasih nindakaken ayahan luhur lan mulya, maringi pangapunten lan nebus dosa. Wekdal menika,

tampènana Sabdanipun Gusti ing 1 Pétrus 1: 18-19 “18 Sabab kowé mangerti, menawa wis padha katebus saka kalakuanmu kang tanpa guna, kang kokwarisi saka para leluhurmu iku, ora sarana barang kang bisa sirna, uga ora kalawan salaka utawa emas, 19 nanging sarana getih kang aji banget, yaiku rahé Kristus kang padha kaya getihing cempé kang tanpa cacad lan tanpa blentong.”

Awit saking menika, pangurbananipun Gusti kanggé kita ampun ngantos panjenengan bucal tanpa tanja, utawi malah panjenengan paiben. Tansaha tetep setya ngantos kita wangsul sowan dhateng ngarsanipun Gusti.

Makaten pawartosing sih rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

U: (ngidungaken KPJ 78:1, 3 “Iba Begjaku”)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya; aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffein: Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya  
Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya

3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega, klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reffein: ...

### **PALADOSAN SABDA**

(umat lenggah)

PS: (ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Roh Suci)

U: (ngidungaken KPJ 192:1 “Isining Kabar Kabingahan”. Salebetipun umat ngrepèkaken kidung, para Lèktor nyawisaken dhiri ing papan ingkang kacawisaken)

KPJ 192. ISINING KABAR KABINGAHAN

Do=F 4/4

1) Isining kabar kabingahan winangsit ken déning Pangéran, dadya srana paring piwulang margining kautaman.

Reff. : Dimèn tyang pitados tansah arumantos mbangun turut Gusti, nresnani sesami

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Purwaning Dumadi 2:15-17, 3:1-7**

Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

L2: Masmur tanggapan saking **Mazmur 32; 1 – 7**. (*saged kawaos gegentosan kaliyan umat*)

Waosan Kapindho

L3: Waosan kapindho saking **Roma 5:12-19**

Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, saking **Matius 4:1-11**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus,

Ingang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang nggatosaken tuwin nindakaken kanthi setya ing gesang padintenan. Hosiana.

U: (*ngidungaken Hosiana manut lagunipun KPJ 467*)

**Hosiana 3x.**

**Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: “Kasetyan ingkang Mulihaken”*)

**Wekdal Ening****Pangaken Pitados**

(*umat jumeneng*)

P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ékraraken tuwin kita teguhaken malih menapa ingkang kita pitados kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

**Pandongga Syafaat**

(umat lenggah)

PS: (ngonjukaken pandonga syafaat)

**PISUNGSUNG**

(umat lenggah)

P/D4: Pamuji sokur ingkang kita télakaken ing ibadah kanthi ngaturaken pisungsung wekdal menika, kita talesi sabdanipun Gusti kados ingkang dipun-télakaken déning Rasul Paulus ingkang kaserat ing 1 Korintus 6:19–20 “19 *Apa kowé padha ora sumurup, yèn badanmu iku padha dadi padalemané Roh Suci kang dedalem ana ing kowé, Roh Suci kang kaparingaké marang kowé déning Allah, sarta menawa awakmu iku dudu awakmu dhéwé? 20 Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas: Mulané padha ngluhurna Allah srana badanmu!*”

U: (ngidungaken KPJ 157:1, 3 “Caosna Pisungsungmu”) KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNGMU

Do=F 2/4

- 1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.  
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.  
Reff. : Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.
- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana amrih kratoning Allah énggal kelampah.  
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.  
Reff. : ...

**Pandongga Pisungsung**

(umat jumeneng)

P/D4: (nuntun pandonga caos pisungsung, pungkasaning pangibadah, lan Donga Rama Kawula)

**Kidung Pangutusan**

(umat jumeneng)

U: (ngidungaken KPJ 92:1, 2 “Sèstu Agung Sihé Gusti”) KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI

Do=G 3/4

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.  
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya, sèstu punika ganjaran dahat agungira.

**PANGUTUSAN***(umat jumeneng)*

PS: Tetepa setya supados gesang panjenengan dipun-pulihaken, miwah enerna manah panjenengan dhumateng Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: **Kawula siyaga dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

U: **Samangké dumugi salami-laminipun.**

PS: Mengkera kanthi bingah, émuta dhateng Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang panjenengan. Tindakna gesang kanthi raos sokur saha tindakna timbalanipun Gusti kanthi setya. Gusti ngiring gesang panjenengan kanthi berkah-Ipun:

**BERKAH**

PS: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng (kita) panjenengan lan ngayomi (kita) panjenengan.

Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi sih rahmat.

Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi tentrem rahayu.

Amin.

U: *(ngidungaken Hosiana Amin manut lagunipun KPJ 472)*

**Hosiana! 5x Amin 3x.**

[SP-DEN]



**BAHAN LITURGI****Minggu Pra Paska kaping-2***Minggu, 5 Maret 2023*

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

PS: Pelados Sabda/Pandhita

U: Umat

L: Lèktor

PP: Panuntuning Pepujèn

**Pitados  
ing satengahing  
Krisis****PERSIAPAN**

- Juru musik (*organis/pianis*) ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan/umat rumasuk ing pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan/umat lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Loncèng kaungelaken (*manut pakulinaning pasamuwan sapanggénan*)
- Pawartos Pasamuwan kawaos.
- Loncèng kaungelaken (*manut pakulinaning pasamuwan sapanggénan*)

**TIMBALAN NGIBADAH***(umat jumeneng)*

Arak-arakan Lilin Pra-Paska kapindho

*(Pinisepuh utawi Dhiaken nyumet lilin Pra-Paska ingkang kaping kalih)*

P/D1: Iba anggènipun nengsemaken padaleman Paduka, dhuh Yéhuwah Gustining sarwa tumitah.

U: 2(84-3) **Nyawa kawula rempu / margi kangen dhateng plataranipun Pangéran Yéhuwah, / manah kaliyan raga kawula sami asumyak-sumyak / tumuju dhumateng Gusti Allah ingkang gesang.**

P/D1: 3 (84-4) Dalah peksi gréja sampun manggih griya, lan peksi kedhali manggih susah, kanggé nyelehaken anakipun,

U: 4 (84-5) **Rahayu tiyang ingkang sami manggèn ing padaleman Paduka, / saha tansah ngluhuraken asma Paduka.**

P/D1: 10 (84-11) Wonten ing plataran Paduka sadinten punika prayoginipun nglangkungi sèwu dinten wonten ing sanès panggènan;

U: **kawula milaur ngadeg ing korining padalemanipun Allah kawula, / punika langkung saé / katimbang kaliyan manggèn wonten ing kémahipun tiyang duraka.**

P/D1: Sumangga kita sesarengan pepanggihan lan dipuntunggilaken ing Sang Kristus, séba ing ngarsaning dhamparipun Gusti.

U: (*ngidungaken KPJ 17:1, 2, 3 "Mugi Rawuha, Dhuh Gusti"*)

KPJ 17. MUGI RAWUHA, DHUH GUSTI !

Do=F 3/4

- 1) Mugi rawuha, dhuh Gusti ! Mugi rawuha, dhuh Gusti !  
Mugi rawuha, dhuh Gusti ! Mugi rawuha, dhuh Gusti !
- 2) Kula nyawiji, dhuh Gusti! Kula nyawiji, dhuh Gusti!  
Kula nyawiji, dhuh Gusti! Kula sami nyawiji.
- 3) Kula memuja, dhuh Gusti! Kula memuja, dhuh Gusti'  
Kula memuja, dhuh Gusti' Kula sami memuja.

## VOTUM

PS: Kita lumebet ing ibadah Prapaska ingkang kaping kalih menika kanthi pangaken:

Pitulungan kita ingkang sanyata menika Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisnipun, tuwin ingkang setya netepi prajanjining kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken déning Panjenenganipun.

U: (*ngidungaken Amin 3x*) **Amin, Amin, Amin.**

## SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing (kita) panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

**ATUR BEBUKA***(umat lenggah)*

P/D2: Bancana alam, pasulayan malah perang, pilih kasih amargi bènten Suku Ras Agami. Mboten gumathoking panyambut-damel, kekirangan tedha, ontran-ontran ing satengahing brayat, dalah pangancaming kawontenan semplah, ndamel manungsa dhumawah ing jurang krisisipun gesang.

Kita asring taken, menapa taksih wonten pangajeng-ajeng ing satengahing sadaya kisruhing gesang? Sokur dhumateng Gusti Allah, bilih Panjenenganipun kagungan bélaraos dhateng kita tuwin rawuh mitulungi kita. Menapa kita purun mlampah sesarengan Gusti ing salebeding pitados. Menika ingkang badhé kita gegilut ing jejering Sabda, “Pitados ing satengahing Krisis”.

U: (*ngidungaken KPJ 125:1, 2 “Lamun Kula Mlampah”*)  
 KPJ 125. LAMUN KULA MLAMPAH

Do=F 3/4

- 1) Lamun kula mlampah nèng margining Allah,  
 kula sèstu ngraosken bingah.  
 Kula yakin èstu, Gusti nuntun tamtu  
 mring tyang kang pitados satuhu.  
 Reff. : Mung sawiji kabegjan sejati,  
 nggih pitados mring Gusti wah manut lan bekti.
- 2) Yèn peteng ing manah, kabidhung ing sisah,  
 kula nilingken sabdèng Allah.  
 Uwas lan kuwatir wus tamtu sumingkir,  
 angger pasrah kang trusing manah.  
 Reff. : ...

**PANGAKEN DOSA**

P/D3: Gusti, manah kawula èstu sisah sanget, luh kawula dlèwèr tankénging kasigeg, ing saben-saben kawula ngrumaosi wurungipun tumindak kawula ing salebedipun netepi karsa Paduka. Sinaosa lestantun anggèn kawula mbudidaya kanthi tumemen, kawula mboten saged nyélaki karingkahan kawula, kawula dhawah lan dhawah malih, kawula wurung lan wurung malih, kawula nglampahi dosa lan nglampahi dosa malih. Malah tarkadhang dosa ingkang sami wongsal-wangsul

kelampahan malih. Gusti, kawula Paduka apunteni, kawula tansah Paduka kiyataken, supados saya mepeng anggèn kawula mlampah ing margi pitedah Paduka, supados saya panggah netepi Sabda Paduka, kawula kepéngin gesang leres. Roh Suci juru panglipur lan pitulung kawula, kasagedna kawula mratobat. Ing Sang Kristus Yésus, panebus kawula, pandonga menika kawula unjukaken dhumateng Paduka, dhuh Rama.

U: **Amin.**

U: (*ngidungaken KPJ 44:1 – 3 “Aku Wong Kang Dosa”*)  
 KPJ 44. AKU WONG KANG DOSA

Do=D 3/4

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti, temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.  
 Reff. : Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.  
           Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka ingkang saged ngluwari kawula saking dosa.  
 Reff. : ...
- 3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.  
 Reff. : ...

### **PAWARTOSING SIH-RAHMAT** (*jumeneng*)

PS: Miyarsakna pawartosing sih-rahmat ingkang kapendhet saking **Éfesus 1:7-8**, ingkang makaten suraosipun:  
*“7 Sabab iya ana ing Panjenengané, kita kaparingan tebusan, yaiku pangapuraning dosa marga saka rahé, manut gungging sih-rahmaté, 8 kang wus kalubèraké marang kita kalawan sagungging kawicaksanan lan pangertèn.”*

Ing Sang Kristus panjenengan sampun kaapunten dosanipun!

U: **Ing Sang Kristus panjenengan ugi sampun kaapunten dosanipun!**

**SALAM TENTREM RAHAYU**

PS: Tentrem-rahayunipun Sang Kristus tumraha ing (kita)  
panjenengan. Salam tentrem-rahayu!

U: (ngidungkaken KPJ 460 “Tentrem Raharja”)  
KPJ 460 TENTREM-RAHARJA

Do=E 4/4

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;  
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

U: (ngidungkaken KPJ 194:1, 4 “Kitab Suci kang Adi”)  
KPJ 194. KITAB SUCI KANG ADI

Do=D 2/2

- 1) Kitab suci kang adi, sabdèng Gusti sejati  
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,  
nugraha saking Allah.
- 4) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati  
ngreksa wiwit cilikku ngedohken siksa-pati,  
ngedohken siksa-pati.

**PALADOSAN SABDA**

(umat lenggah)

PS: (nuntun pandonga nyuwun tedhakipun Roh Suci)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Purwaning Dumadi 12:1-4**.  
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

PP/L2: Sumangga kita tanggapi waosan kapisan menika kanthi  
midhangetaken pamaosing Kitab **Masmur 121** ingkang  
makaten.

Waosan Kapindho

L3: Waosan kapindho saking **Roma 4:1-5, 13-17**.  
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Pamaosing Injil

(umat jumeneng)

PS: Pamaosing Injil saking **Yohanes 3: 1-17**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang ngèstokaken. Hosiana.

U: *(ngidungaken Hosiana manut lagunipun KPJ 467)*  
**Hosiana 3x.**

**Khotbah** *(umat lenggah)*

PS: *(ngladosaken khotbah kanthi jejer: “Pitados ing Satengahing Krisis”)*

## **Wekdal Ening**

**Pisungsung Pepujèn Koor/VG** *(menawi wonten)*

**Pangaken Pitados Rasuli** *(umat jumeneng)*

P/D4: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ékraraken tuwin kita teguhaken malih menapa ingkang kita pitados kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: *(sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)*

**Pandongga Syafaat** *(umat lenggah)*

PS: *(ngonjukaken pandonga syafaat)*

## **PISUNGSUNG**

P/D5: Pamuji sokur ingkang kita télakaken ing ibadah kanthi ngaturaken pisungsung wekdal menika, kita talesi sabdanipun Gusti kados ingkang dipun-télakaken **Kitab Kaimaman 19: 5** ingkang makaten suraosipun:  
“5 Manawa sira nyaosaké kurban slametan marang Pangéran Yéhuwah, anggonira nyaosaké kurban iku ndadèkna renaning Pangéran Yéhuwah marang sira kabèh.”

U: *(ngidungaken KPJ 68:1, 5, 6 “Allah Maasih”)*

KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D <sup>3</sup>/<sub>4</sub>

- 1) Allah Ma asih asung Putranya, Allah Ma asih mring manungsa.  
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma asih,  
Allah Ma asih mring manungsa.

- 5) Kula sinungan tentrem-raharja, kula sinungan pangaksama.  
Reff.: ...
- 6) Kula sinungan gesang sejati, kula sinungan kraton swargi.  
Reff.: ...

**Pandongga Pisungung** (umat jumeneng)  
P/D4: (ngonjukaken pandonga pisungung)

### **Kidung Pangutusan**

U: (ngidungaken KPJ 438:1, 3 “Gusti, Paduka Ngirid Lampah Kula”)

438. GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA

Do=D 4/4

- 1) Gusti, Paduka ngirid lampah kula  
Kula ndhèrèk Paduka salaminya.  
Kawula datan saged milih margi  
Mugi sapurug kula, Gusti nganthi.
- 3) Ngambaha margi rumpil nguwatosi,  
tinempuh ing prahara nggegirisi,  
nging Gusti tansah ngirid lampah kula,  
mesthi Paduka kanthi dateng swarga.

### **PANGUTUSAN**

PS: Mengkera kanthi bingah, émuta dhateng Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang panjenengan. Tindakna gesang kanthi raos sokur saha tindakna timbalanipun Gusti kanthi setya. Gusti ngiring gesang panjenengan kanthi berkah-Ipun.

### **BERKAT**

PS: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng (kita) panjenengan lan ngayomi (kita) panjenengan.  
Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi sih rahmat.  
Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi tentrem rahayu.  
Amin.

U: (ngidungaken Hosiana Amin manut lagunipun KPJ 472)  
**Hosiana! 5x Amin 3x.**

[YPP-DEN]



**BAHAN LITURGI****Minggu Pra Paska kaping-3***Minggu, 12 Maret 2023*

Katrangan:

PS: Palados Sabda

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

U: Umat

L: Lèktor

**Memitran  
sanès  
Memengsahan**


**PACAWISAN**

- *Organis/pianis* (juru musik) ngungelaken lelagon ingkang mbekta umat rumasuk ing ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

**TIMBALAN IBADAH***(umat jumeneng)*

P/D1: Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pratandhaning pamuji sokur kita amargi sih-kawelasanipun Gusti Allah, badhé kita télakaken lumantar pangibadah ingkang énggal-énggal kita tindakaken. Kita lumebet ing pangibadah Minggu Pra-Paska kaping tiga menika kanthi pengalaman batos ingkang teguh bilih namung Gusti ingkang setya ngrimati gesang kita, mila sumangga sesarengan kita memuji Gusti kanthi ngidungaken KPJ 182:1, 2.

U: *(ngidungaken KPJ 182:1, 2 "Puji Sokur lan Panggunggung")*

**182. PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG**

Do=G 4/4

- 1) Puji sokur lan panggungung konjuk mring Hyang Maagung, kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya. Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran. Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèhnya.

- 2) Surya, candra, lan pra lintang samya nyunarken padhang.  
 Peksi gocèh mawurahan wah sato-kéwan girang.  
 Tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan.  
 Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.

### VOTUM

- PS: Kita lumebet ing ibadah Prapaska katiga menika kanthi pangaken:  
 Pitulungan kita ingkang sanyata menika Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, tuwin ingkang setya netepi prajanjining kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken déning Panjenenganipun.
- U: (*ngidungaken Amin 3x manut lagunipun KPJ 464b*)  
**Amin, Amin, Amin.**

### SALAM

- PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing (kita) panjenengan sadaya.
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

### ATUR BEBUKA

(umat lenggah)

- P/D2: Para sedhèrèk ingkang kinasih, mitra utawi kanca menika tiyang ingkang kaliyan piyambakipun kita ngendikan menggahing kaleresan tuwin sesarengan kaliyan piyambakipun kita saged sesarengan mbabar impèn. Memitran mujudaken satunggaling métafora (tetembungan ingkang ngemu teges éntar) ingkang kaginakaken kanggé nggambaraken sesambedanipun manungsa kaliyan Gusti Allah. Memitran kita kaliyan Gusti Allah sarta tiyang sanès ngewrat pangertosan rumaketing raos trenyuh ingkang kita betahaken, ing pundi kita seged jujur mirengaken tuwin nyariyosaken dhiri kita. Memitran ugi ateges sesambedan ingkang sami-sami untungipun (*mutualis*), panggulawenthah, kapitadosan, dalah pangaji-aji tumrapping sadaya kabecikanipun kanca kita. Memitran ingkang éndah mawujud ing katresnan ingkang silih nyukani lan nampèni. Menika ingkang dipun-wulangaken déning

Gusti Yésus, saking Panjenenganipun kita mangertosi  
maknanipun mitra ingkang sejati.

U: (*ngidungaken KPJ 362:1, 3 "Ing Satengahing Bebrayan Agung"*)

### KPJ 362 ING SATENGAHING BEBRAYAN AGUNG

Do=G 4/4

- 1) Ing satengahing bebrayan agung,  
mung Pangéran pantes ginunggung.  
Rahmatnya binabarken warata,  
rumentah mring titah sadaya.  
Refr. : Dèn tansah ndedonga lan makarya,  
mrih kebabaring tentrem raharja.  
Nggih gesang memitran wah pasedhèrèkan,  
wit tyang sadaya tresna-tinresnan.
- 3) Sadaya datan pantes gumunggung,  
angongasken dhiri kumlungkung,  
prayogi tansah lembah ing manah,  
ngrumaosi jejering titah,  
Refr. : Dèn tansah ndedonga lan makarya,  
mrih kebabaring tentrem raharja.  
Nggih gesang memitran wah pasedhèrèkan,  
wit tyang sadaya tresna-tinresnan.

### PANGAKEN DOSA

P/D3: (*maos Matius 22:37 – 40 makaten*),

'37 Panjenengané ngandika marang wong iku, "Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. 38 Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. 39 Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. 40 Kabèh isining Torèt lan kitabé para nabi iku gumantung ing angger-angger loro mau."

mBoten wonten tiyang satunggal-satunggalipun ing antawisipun kita ingkang kecongah netepi dhawuh menika kanthi wetah. Kita langkung asring nresnani dhiri kita piyambak tinimbang tresna dhumateng Gusti lan

sesami. Sumangga kita télakaken panelangsa tuwin pamratobat ing ngarsanipun Gusti lan sesami.

U: (*ngidungaken KPJ 52:1, 3 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”*)  
 KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,  
 damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.  
 Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,  
 sinucèkken sing dosa.  
 Mugi manah kula kaénggalna,  
 mituhu Paduka.
- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,  
 wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.  
 Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,  
 sinucèkken sing dosa.  
 Mugi manah kula kaénggalna,  
 mituhu Paduka.

**PAWARTOSING SIH RAHMAT** (*umat jumeneng*)

PS: Awit saking Sih-kawelasanipun Gusti ingkang tanpa winates, Panjenenganipun karsa nampèni pratélan panelangsa lan pamratobat ingkang dipunaturaken kanthi tulus déning saben manungsa. Mila Gusti Inggang Mahaasih nindakaken ayahan luhur lan mulya, maringi pangapunten lan nebus dosa, pisan damel nuntun tiyang ingkang sampun kaapunten dados mitra-mitraning gesang. Menika pawartos sih-rahmat saking Gusti kadosdéne kaserat wonten ing Injil Yohanes 15:13 – 14,  
 “13 Ora ana katresnan kang gedhéné ngluwihi katresnané wong kang ngetohaké nyawané kanggo nglabuhi mitra-mitrané. 14 Kowé iku mitraku, menawa kowé padha nglakoni apa kang dakdhawuhaké marang kowé.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Tentrem-rahayu kanggé kita sadaya,

U: **Tentrem-rahayu kanggé kita sami.**

U: (ngidungaken KPJ 94:1, 3 “Sumangga Mareka”)  
 KPJ 94. SUMANGGA MAREKA

Do=F 4/4

- 1) Sumangga mareka ngarsané Gusti kita,  
 anggunggung asmanya wit sihé kang sanyata  
 maringken Kang Putra, yéku marginira  
 mbirat dosa kita, wah gesang sembada
- 3) Yéhuwah Makwasa maringi kabingahan  
 lan tentrem-raharja dugèng jaman klanggengan.  
 Samya tansah panggah mituhu mring Allah,  
 minangka panuwun, wit gung berkahipun.

**PALADOSAN SABDA** (umat lenggah)

PS: (ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Roh  
 Suci; para Lèktor nyawisaken dhiri ing papan ingkang  
 kacawisaken )

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Pangentasan 17:1-7**  
 Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Masmur Tanggapan

L2: Masmur tanggapan saking **Jabur Masmur 95**. (saged  
 kawaos gentosan kaliyan umat)

Waosan Kapindho

L3: Waosan kapindho saking **Roma 5: 1-11**  
 Makaten sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, saking **Yohanes 4:5-21,34-42**.  
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus,  
 Inggang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang  
 mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang nggatosaken  
 tuwin nindakaken kanthi setya ing gesang padintenan.  
 Hosiana.

U: (*ngidungaken Hosiana manut lagunipun KPJ 467*)  
**Hosiana 3x.**

### **Khotbah**

PS: (*ngladosaken khotbah kanthi jejer: "Memitran Sanès Memengsahan"*)

### **Wekdal Ening**

**Pangaken Pitados** (*umat jumeneng*)

P/D3: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ékraraken tuwin kita teguhaken malih menapa ingkang kita pitados kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

**Pandongga Syafaat** (*umat lenggah*)

PS: (*ngonjukaken pandonga syafaat*)

### **PISUNGSUNG**

P/D4: Pamuji sokur ingkang kita télakaken ing ibadah kanthi ngaturaken pisungsung wekdal menika, kita talesi sabdanipun Gusti kados ingkang dipun-télakaken ing Lelakoné Para Rasul 20:35 makaten,

'35 Tumrap ing sadhéngah prakara aku wis awèh tuladha marang kowé, yèn wong padha kuwajiban nyambut-gawé mangkono kagawé mbiyantu wong-wong kang sèkèng sarta kudu éling marang pangandikané Gusti Yésus, sabab Panjenengané piyambak wis ngandika: Luwih begja wong wèwèh, katimbang karo nampani.'

U: (*ngidungaken KPJ 171:1, 4 "Mangga Saos Pisungsung"*)  
KPJ 171. MANGGA SAOS PISUNGSUNG

Do=C 6/4

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah Ma agung krana gunging sihrahmat kang lubèr tan kendhat
- 4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan tim'bang, lan gung berkahing Allah tan kénging winilang.

**Pandongga Pisungsung**

(umat jumeneng)

P/D4: (nuntun pandonga caos pisungsung, pungkasaning pangibadah, lan Donga Rama Kawula)

**Kidung Pangutusan**

(umat jumeneng)

U: (ngidungaken KPJ 357:1, 2 “Ébdahing Saduluran”)

KPJ 357 ÉNDAHING SADULURAN

Do=F 6/8

- 1) Éndahing saduluran manut rèhing Pangéran,  
sami déné ngajèni, wah mbiyantoni.  
Nadyan béda agama wah béda golongannya,  
tunggal rasa, pambekan, prikamanungsan  
Refr. : Kluwung pindhanya, éndahing warna,  
nyawiji mbangun urip kang adya,  
tentrem raharja.
- 2) Rukun ing pitepangan, sumanak ing rembugan;  
dhemen sung pangapura, nyirik piala;  
nging samya silih-ngalah, mbabarken tresna tansah,  
nulad ing sihé Allah mring sagung titah.  
Refr. : Kluwung pindhanya, éndahing warna,  
nyawiji mbangun urip kang adya,  
tentrem raharja.

**PANGUTUSAN**

PS: Mengkera kanthi bingah, émuta dhateng Sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya wonten ing gesang panjenengan miwah dados mitra tumraping gesang. Tindakna gesang kanthi raos sokur saha tindakna timbalanipun Gusti kanthi setya. Gusti ngiring gesang panjenengan kanthi berkah-Ipun.

**BERKAH**

PS: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng (kita) panjenengan lan ngayomi (kita) panjenengan.  
Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi sih rahmat.  
Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng (kita) panjenengan lan maringi tentrem rahayu.  
Amin.

U: (ngidungaken Hosiana Amin manut lagunipun KPJ 472)  
**Hosiana! 5x Amin 3x.**

U: (ngidungaken KPJ 436:1 “Gusti Nuntun Lampah Kula”)  
 KPJ 436. GUSTI NUNTUN LAMPAH KULA

Do=C 4/4

- 1) Gusti nuntun lampah kula,  
 saklangkung nggèn kula begja  
 Celak miwah tebih ugi,  
 kula tansah dipun kanthi  
 Reff. : Nggih Gusti kang nganthi kula,  
 astanya pyambak kang ngreksa  
 Mila kula manut Gusti,  
 Juru wilujeng sejati.

[AP-DEN]



**TATA PANGIBADAH**  
**Minggu Pra Paska kaping-4**

*Minggu, 19 Maret 2023*

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda

Pr: Pradata

U: Umat

L: Lektor

**“Mandeng  
 Gesang  
 Anyar”**

☪☪☪

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang ngatag pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaleksanan.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan sacara pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(Jumeneng)*

Pr1: Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti, minggu punika kita lumebet ing Minggu Prapaska kaping sekawan. Kanggé murwakani pangibadah punika, sumangga kita memuji Gusti kalayan pepujèn saking Prabu Dawud, ingkang makaten: “Dhuh Allah kawula, dhuh Ratu kawula, Paduka badhé kawula luhuraken, saha badhé tansah memuji asma Paduka ing salaminipun. Saben dinten kawula badhé memuji dhateng Paduka, saha asma Paduka badhé tansah kawula luhuraken ing salaminipun. Pangéran Yéhuwah punika agung sarta sanget pinuji-puji, kaluhuranipun punika boten saged jinajagan.” (Masmur 145: 1-3)

U: **(Ngidungaken KPJ 26: 1–2)**

KPJ 26: 1-2 “PINUJI GUSTI”

1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad

siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.

*Ref.* : Haléluya sagung puji tansah konjuk Gusti

Haléluya sagung bekti mring Ratu Swargi.

- 2) Pinuji Gusti Sang Juru Basuki  
 kang ngurbanken sarira nebus manungsa.  
*Rèff.:* ...

### VOTUM

PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken:  
 Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Pangéran  
 Yéhuwah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun,  
 lan ingkang setya netepi prasetyan kawilujenganipun.

U: **(ngidungaken aklamasi Amin, Amin, Amin)**

### SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan  
 saking Gusti Yésus Kristus wontena ing sedhèrèk sadaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi!**

### ATUR PAMBUKA

*(lenggah)*

Pr2: Gusti Allah rawuh ing madyaning umatipun.  
 Karawuhanipun maringi pepadhang satemah kita saged  
 nglangkungi pepeteng. Katresnanipun nentremaken  
 manah satemah kita saged pulih saking tatuning batos.  
 Kuwaosipun paring kakiyatan satemah kita saged  
 mandeng gesang anyar.

Ing Minggu Prapaska kaping sekawan punika, kita badhé  
 ngeneraken pamawasing gesang kita tumuju ing Sang  
 Panebus manungsa saking dosa.

U: **(ngidungaken KPJ 275: 1-2)**

KPJ 275 "SRANA MANDENG ING SALIB"

- 1) Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,  
 tinebus sagung dosanira.

Dé Cempéning Allah kang sinalib  
 ngrempat, ngésahaken dosa kita.

Ref. Swawi dèn pandeng!

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang,  
 tinebus sagunging dosanira.

- 2) Swawi ngungsi mring Gusti, tyang dosa sagung,  
 dosa kita dèn unjukena.

Mesthi antuk apura, temah agesang;

mbok dèn tampeni lan suka-rena. *Rèff.:* ...

**PANGAKENING DOSA**

PS: Sumangga kita sowan marek dhateng Gusti lan ngakeni sakathahing dosa kita. (pasamuwan kasumanggakaken ndedonga sacara pribadi, lajeng kapungkasan déning PS)

U: **(ngidungaken KPJ 279: 1, 3)**

KPJ 279: 1, 3 “YÈN MANDENG SALIBING GUSTI”

- 1) Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsarané, sagung dosa dakgetuni, wit sampurna lelabeté.
- 2) Gusti séda, nebus dosa, nglabeti tiyang sadonya; sèstu nggih tumrap kawula ngraosaken sih Paduka.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT**

*(Jumeneng)*

PS: “Anadéné kang dadi paseksèné: Kita wus padha kaparingan urip langgeng déning Gusti Allah, lan urip iku dumunung ana ing Kang Putra. Sapa kang nduwèni Sang Putra, iku nduwèni urip. Sapa kang ora nduwèni Putraning Allah, iku ora nduwèni urip.” (1 Yokanan 5: 11-12). Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

U: **(ngidungaken KPJ 96: 1, 4)**

KPJ 96: 1, 4 “TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH”

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena, déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.  
Refr.:  
Mara tansah abebungah saben dina antuk trang.  
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah den girang.
- 4) Balik wong kang amiturut, tansah padhang dalannya.  
Mula mara manut Gusti, suminggah saking dosa.  
Refr.: ...

**PELADOSAN SABDA**

*(Lenggah)*

PS: (Pandonga Épiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **I Samuèl 16:1-13**  
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Pananggap

L2: Sumangga kita atur pananggap dhateng Sabdanipun Gusti saking 1 Samuèl 16: 1-13 kanthi maos **Masmur 23** kalawan sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Éfesus 5:8-14** Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Yohanes 9:1-41** Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu sok sintena tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. HOSIANA!

U: **(ngidungaken aklamasi HOSIANA)**

**Wedharing Sabda****Wekdal Ening****Pangakening Pitados** *(Jumeneng)*

Pr3: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah ing sauruting sujarah pakaryan kawilujengan, sumangga kita kekahaken malih kapitadosan kita kanthi nglairaken Pangakening Pitados Rasuli.

U: **(sesarengan nglairaken Pangakening Pitados Rasuli)**

**Pandongga Safaat** *(Lenggah)*

PS: (ngonjukaken pandonga safaat)

**PELADOSAN PISUNGSUNG**

Pr4: Cihnaning sokur ingkang kita télakaken ing salebeting pangibadah punika lumantar pisungsung, linandhesan sabdanipun Gusti kadosdéné ingkang sinerat ing 1 Timotéus 6: 17-19, ingkang makaten:

Para wong sugih ing donya iki padha élingna, supaya aja padha gumunggung lan aja padha kadunungan pangarep-arep marang samubarang kang ora tetep kaanané, kayata kasugihan, nanging marang Gusti Allah, kang marga

sugihé, maringi marang kita samubarang kabèh, supaya kita rasakaké nikmaté. Padha elingna, supaya padha nglakoni panggawé becik, dadi sugih ing bab kabecikan, dhangsan wèwèh lan memandumi temah padha nandho amal kang minangka pawitan kang prayoga kanggo ing tembé, supaya padha olèha urip kang sanyata.

**U: (ngidungaken KPJ 161: 1, 2, 4)**

KPJ 161: 1, 2, 4 “JIWA-RAGA KAWULA”

- 1) Jiwa-raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugé dados lantaran kamulyaning Pangéran, kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya, mrih sesami basuki, nampèni sihing Gusti, nampèni sihing Gusti.
- 4) Bandha lan kasugihan, wekdal, wah kasagedan, nggih gesang sawetahna dadya pisungsung nyata, dadya pisungsung nyata.

**Pandongga Pisungsung**

(Jumeneng)

Pr4: (*mimpin pandonga pangucap sokur, kalajengaken PANDONGA RAMA KAWULA sesarengan*)

**Kidung Pengutusan**

**U: (ngidungaken KPJ 439: 1, 2)**

KPJ 439: 1, 2 “ING JAGAD KANG PETENG”

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa, kathah tyang kang nggresula.  
Karana panandhang, samya gresah miwah semplah ing manah.  
Refr.  
Sumangga, Gusti, ngagem kawula, mrih ngèngetna para kanca sengkut makarya nglawan godha, dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 2) Angundhangna sih-rahmaté Gusti kanthi setya nglampahi; margining luwar saking sangsara, temah samya raharja.  
Refr.: ...

**PANGUTUSAN LAN BERKAH**

PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti,

U : **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus

U : **Puji sokur konjuk Gusti**

PS : Pinujia Gusti Allah kita

U : **samangké dumugi ing salami-laminipun**

PS : “Tentrem-rahayu lan katresnan kang kanthi pracaya saka Gusti Allah Sang Rama lan saka Gusti kita Yésus Kristus anaa ing para sadulur kabèh. Sih-rahmat anaa ing wong kabèh, kang padha nresnani Gusti kita Yésus Kristus kanthi katresnan kang ora sirna ing salawas-lawasé.” Amin. (Éfesus 6: 23-24)

U : **(ngidungaken) HOSIANA [5x] AMIN [3x]**



(RPR-TNA)

**TATA PANGIBADAH**  
**Minggu Pra Paska kaping-5**

*Minggu, 26 Maret 2023*

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda

Pr: Pradata

U: Umat

L: Lektor

**“Sih Rahmatipun  
 Gusti  
 Nuwuhaken  
 Pangajeng-ajeng”**  
 ☪☪☪

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang ngatag pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaleksanan.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan sacara pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(Jumeneng)*

Pr1: Gusti Allah kebak ing katresnan dalah panguwaos. Awit saking punika, kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangajeng-ajeng bab pulhipun gesang ingkang badhé Allah tandukaken. Sumangga kita sesarengan memuji Gusti Allah kanthi ngidungaken KPJ 89: 1, 3 “Puji Konjuk Allah”.

KPJ 89: 1, 3 “PUJI KONJUK ALLAH”

- 1) Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;  
ing rinten dalah ratri tansah ngganjar berkah;  
tyang mursid dalah mursal tan badhé ketriwal.
- 3) Puji sarta sokur Kang Maluhur;  
dé ngganjar berkah adi mring tyang kang ngabekti,  
winuwuhan sih-rahmat-pangrimatan tan kendhat

**VOTUM**

PS: Swawi Pangibadah Minggu Pra Paska V punika kita senger kanthi pangaken: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Pangéran Yéhuwah ingkang

nitahaken langit, bumi, lan saisinipun, lan ingkang setya netepi prasetyan kawilujenganipun.

**U: (ngidungaken aklamasi Amin, Amin, Amin)**

### **SALAM**

**PS:** Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing sedhèrèk sadaya.

**U: Wontena ing panjenengan ugi!**

### **ATUR PAMBUKA**

*(lenggah)*

**Pr2:** Karawuhanipun Gusti Allah punika nyata lumantar saben prastawa gesang manungsa. Kuwaosipun boten saged kapaiben déning mangu-manguning manungsa. Kuwaosipun langgeng tumrap kita sadaya. Kanthi dasar makaten, samesthinipun tansah wonten pangajeng-ajeng saé ing salebeting manah kita dhateng Panjenenganipun. Sumangga kita lairaken pangajeng-ajeng kita punika kanthi tansah kinanthènan pangandel lan ngunggung Gusti Allah ingkang Mahaluhur lan Mahasuci.

**U: (ngidungaken KPJ 28: 1, 2)**

KPJ 28: 1, 2 “SUCI, SUCI, SUCI”

- 1) Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.  
Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.  
suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi  
titah sadaya memuji samnya.
- 2) Suci, suci, suci, pujining pra suci  
angumandhang sora ngèbeki akasa.  
Pra mlaékat sami sujud angabekti,  
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

### **PANGAKENING DOSA**

**PS:** (nuntun pasamuwan ngonjukaken pandonga pangakening dosa)

**U: (ngidungaken KPJ 51: 1-2)**

KPJ 51: 1-2 “GUSTI MUGI MIRSANI”

- 1) Gusti mirsani nggèn kula kesrakatan.  
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangéran.  
Nyuwun tulung, dhuh Allah, mugè nglanting kawula  
sing sagung karibedan, dimèn pulih lejara.

- 2) Tan wonten pangauban, sèstu namung Paduka,  
etuking pitulungan tumrap tyang kang nalangsa.  
Yèn kegunturan sedhik miwah nandhang sangsara.  
sinten kang nglipur malih, inggih namung Paduka.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** *(Jumeneng)*

PS: Tumrap saben tiyang ingkang ngakeni dosanipun, Gusti Allah tansah nandukaken sih-rahmatipun ingkang nuwuhaken pangajeng-ajeng, kadosdéné Sabdanipun ingkang makaten:

“Katresnan iku mangkéné: Dudu kita kang wus padha tresna marang Gusti Allah, nanging Gusti Allah kang wus nresnani kita lan wus ngutus Kang Putra minangka pangruwating dosa kita.” (1 Yokanan 4: 10)

**U: (ngidungaken KPJ 106: 1, 2)**

KPJ 106: 1, 2 “AMUNG KUMANDEL IKU”

- 1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.  
Amung kumandel iku etuking kraharjanku.  
Refr.  
Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku  
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku.
- 3) Amung pracaya iku kang mbungahken driyaku.  
Amung pracaya iku panglipuring batinku.  
Refr.: ...

**PELADOSAN SABADA** *(Lenggah)*

PS: (Pandongan Épiklésis)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yèhèzkièl 37:1-14**  
Makaten Sabdanipun Gusti

**U: Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Pananggap

L2: Sumangga kita atur pananggap dhateng Sabdanipun Gusti punika kanthi maos **Masmur 130** kalawan sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Rum 8:6-11**  
Makaten Sabdanipun Gusti

**U: Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, saking **Yohanes 11:1-15, 25-29, 33-45**  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu sok sintena  
tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan  
nindakaken ing gesang padintenan. **HOSIANA!**

**U: (ngidungaken aklamasi HOSIANA)**

**Wedharing Sabda**

**Wekdal Ening**

**Pangakening Pitados** *(Jumeneng)*

Pr3: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah ing  
sauruting sejarah pakaryan kawilujengan, sumangga kita  
kekahaken malih kapitadosan kita kanthi nglairaken  
Pangakening Pitados Rasuli.

**U: (sesarengan nglairaken Pangakening Pitados  
Rasuli)**

**Pandongga Safaat** *(Lenggah)*

PS: (ngonjukaken pandonga safaat)

**PELADOSAN PISUNGSUNG**

Pr4: Kanthi tansah ngajeng-ajeng dhateng Gusti Allah ing  
madyaning sadhéngah kawontenan ing sakitwa-tengen  
kita, sumangga kita misungsungaken punapa ingkang  
wonten ing gesang kita; dadosa punika pandonga-  
pandongga kita ingkang ngajeng-ajeng dhateng  
Panjenenganipun, dadosa punika daya, pamanggih,  
dedana, lan sapiturutipun. Jabur 141: 2 mratélakaken  
dhateng kita makaten: "Pandongga kawula mugi dadosa  
kados kurban dupa arum kagem Paduka, saha tangan  
kawula ingkang kawula ulukaken dadosa kados pisungsung  
kurban ing wanci sonten."

**U: (ngidungaken KPJ 170: 1, 2, 4)**  
KPJ 170: 1, 2, 4 "LUBÉRING BERKAH SING GUSTI"

- 1) Lubèring berkah sing Gusti, yéku prajanji suci;  
urip mulya anèng swarga, pinaringken Sang Putra.  
Refr.  
Berkahing Gusti, iku dak anti anti,  
sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati.
- 2) Lubèring berkah sing Gusti, dadya seger uripku  
saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu.  
Refr.: ...
- 4) Lubèring berkah sing Gusti, iku kang kita anti;  
atiku tansah binuka, dienggal kaparingna !  
Refr.: ...

### **Pandongga Pisungsung**

(Jumeneng)

Pr4: (*mimpin pandonga pangucap sokur, kalajengaken  
PANDONGA RAMA KAWULA sesarengan*)

### **Kidung Pengutusan**

**U: (ngidungaken KPJ 431: 1-3)**

KPJ 431: 1-3 “GUSTI ADHAWUH”

- 1) Gusti adhawuh yèn kita sami  
kinèn kadya lilin kang amadhangi  
supaya saben wong padhang ing ati,  
wah anggluhuraké Hyang Ma suci
- 2) Saka suwarga Gusti mirsani  
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.  
Gusti ya mirsa, apa kita iki  
urip kadya lilin kang madhangi.
- 3) Ing jagad kéné peteng wurahan  
kebak ing dosa miwah kawusahan.  
Mula payo padha nyunarké cahya  
Injil pepariné Gusti kula.

### **PANGUTUSAN**

PS : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti,

U : **Kawula nggeneraken manah kawula dhumateng  
Gusti**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus

U : **Puji sokur konjuk Gusti**

PS : Pinujia Gusti Allah kita

U : **samangké dumugi ing salami-laminipun**

### **BERKAH**

PS: Pangéran Yéhuwah mugè maringi berkah dhateng panjenengan, lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugè nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan, lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah mugè karsaa nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: **(ngidungaken Hosiana Amin)**

(APR-TNA)



**TATA PANGIBADAH**  
**Minggu Pra Paska kaping-6**

*Minggu, 2 April 2023*

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda

Pr: Pradata

U: Umat

L: Lektor

**Éklas**  
**Ngurbanaken**  
**Dhiri,**  
**Boten Nengenaken**  
**Kaslametanipun**  
**Piyambak**

☪☪☪

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang ngatag pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaleksanan.
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan sacara pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

(Jumeneng)

Pr: Ing jagad kang gampil dhumawah ing satru lan dredah, sumangga kita ngundhangaken bedhamèn.

U: **Kawula adreng ngundhangaken bedhamèn tumrap jagad.**

Pr: Sami mandenga dhateng Gusti Yésus lan nulada pakaryanipun.

U: **Kawula nedya tansah tuwuh sangsaya madha rupa kaliyan Sang Kristus.**

Pr: Mugi asmanipun Gusti Allah kaluhuraken tansah.

U: **"Pinujia Gusti awit iba ageng katresnanipun"**

- *Pasamuwan ngidungaken* KPJ 87: 1-2 "NÈNG KASA NGUMANDHANG ASMA"
  - 1) Nèng kasa ngumandang asma sajuga, kang anepangaken jagad lan swarga. Datan wonten asma kados punika, kang kwasa nyirnakken pangrèhing dosa.

- Napa sami dèrèng wanuh,  
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?
- 2) Wus pantes asmané lan pakaryané.  
Rawuhé ing donya wit gunging sihé,  
nebus tiyang dosa, sinalib séda,  
gya wungu nyawisken papan ing swarga.  
Napa sami dèrèng wanuh,  
Gusti Yésus Kristus yéku asmané?

*(Sinarengan pasamuwan ngidung, para pelados pangabekti miwiti prosesi lumebet, Pr nggesangaken lilin Prapaska lan PS mapanaken dhiri)*

### **VOTUM**

**PS:** Swawi Pangibadah Minggu Pra Paska V punika kita sengker kanthi pangaken: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Pangéran Yéhuwah ingkang nitahaken langit, bumi, lan saisinipun, lan ingkang setya netepi prasetyan kawilujenganipun.

**U:** **(ngidungaken aklamasi Amin, Amin, Amin)**

### **SALAM**

**PS:** Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing sedhèrèk sadaya.

**U:** **Wontena ing panjenengan ugi!**

### **ATUR PAMBUKA**

*(lenggah)*

**Pr:** Dinten punika kita lumebet ing Minggu Pra-Paska kaping enem. Kita ngraos-raosaken lampah kasangsaranipun Gusti Yésus. Ing sangajengipun pangadilan ingkang boten adil, Panjenenganipun tansah nindakaken pandamel ingkang adil. Ing sangajengipun para tiyang ingkang sami memuja panganiaya lan pitenah, Gusti Yésus tansah lumampah ing margining kautaman. Ing sangajengipun tiyang kathah ingkang brangasan, Gusti Yésus panggah jumeneng jejeg, boten nedya lolos utawi pados kaslametan tumrap pribadinipun piyambak. Sauruting lampah gesangipun dipuntanggal kalawan katresnan.

Panjenenganipun mbangun-turut dhateng karsanipun Sang Rama supados jagad kawilujengaken. Dinten punika, lumantar jejering pangibadah “Èklas Ngurbanaken Dhiri, Boten Nengenaken Kaslametanipun Piyambak”, kita badhé ngraos-raosaken prastawa kasangsanipun Gusti Yésus lan nuladhani Panjenenganipun ing lambah gesang kita.

- *Umat ngidungaken KPJ 69: 1, 3 “ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA”*
  - 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta, sèstu gung tresnanya, angruwat dosa. Salir tyang pracaya lamun tansah setya luwar sing antaka, mlebet mring swarga.  
Refr.:  
Sung sembah puja konjuk Sang Rama, kang paring nugraha tentrem raharja. Sung sembah bekti konjuk mring Gusti, kang sampun nyawisi kamulyan swargi.
  - 3) Rama Mahamirah ngrentahken gung berkah tyang nandhang sangsara manggih waluya. Saliring pra umat tan kendhat rinimat. srana peparingnya, nadyan prasaja.  
Refr.: ...

### **PANGAKENING DOSA**

PS: *(PS ngatag pasamuwan ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti sacara pribadi, pasamuwan lumebet ing wekdal ening sawatawis, lajeng PS mimpin pandonga pangakening dosa)*

- *Umat ngidungaken KPJ 270: 1-3 "SANG KRISTUS SINANGSARA"*
  - 1) Sang Kristus sinangsara sinandhangan wirang Ri kinarya makutha, pinoyok tyang kathah. Rinangkit lir durjana, ci nampah siniya. Dhuh Allah, punapaa tan ngéman kang Putra?
  - 2) Wit aku uga Gusti ginitik winirang. Ngagem makutha eri lan singep poyokan.

Wit aku gawé dosa, tinaton sliranya.  
Sinungkawan ing driya lir tingalan nistha.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** *(Jumeneng)*

PS: “Amarga iki kang wus kaundhangaké déning Pangéran Yéhuwah nganti tekan ing poncoting bumi. Wartakna marang putri Sion: Lah karahayonmu teka; lan kabéh kang dadi pituwasing rekaosé padha bareng kalawan Panjenengané, sarta kang wus dadi kagungané iku padha lumaku ana ing ngarsané.” (Yésaya 62:11). Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

**U: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI!**

- Umat ngidungaken KPJ 442: 1,2 "KULA KAPARENGNA CAKET GUSTI"
  - 1) Kula kaparengna caket Gusti  
mrih tentrem ing driya siyang ratri  
Kasetyan Paduka nganthia slaminya,  
tansah ambabarna kamulyan swarga.
  - 2) Nadyan kaoncatan ing pepadhang  
awit ngraosaken gung panandhang,  
sèstu tansah panggah nggèn kula gondhèlan,  
lamun Gusti nganthi, sung pitulungan.

**PELADOSAN SABADA** *(Lenggah)*

PS: (Pandongan Épiklésis)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 50:4-9**  
Makaten Sabdanipun Gusti

**U: Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Pananggap

L2: Sumangga kita atur pananggap dhateng Sabdanipun Gusti  
punika kanthi maos **Masmur 31:10-17**.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Filipi 2:5-11**  
Makaten Sabdanipun Gusti

**U: Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, saking **Matéus 27:11-26**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu sok sintena tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. HOSIANA!

U: (*ngidungaken aklamasi HOSIANA*)

**Wedharing Sabda****Wekdal Ening****Pangakening Pitados***(Jumeneng)*

Pr: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti Allah ing sauruting sejarah pakaryan kawilujengan, sumangga kita kekahaken malih kapitadosan kita kanthi nglairaken Pangakening Pitados Rasuli.

U: (**sesarengan nglairaken Pangakening Pitados Rasuli**)

**Pandongga Safaat***(Lenggah)*

PS: (ngonjukaken pandonga safaat)

**PELADOSAN PISUNGSUNG**

Pr: Sumangga kita ngonjukaken panuwun sokur kanthi ngaturaken pisungsung kita. Déné pangatag anggèn kita atur pisungsung kapethik saking **Masmur 54: 8**, “Kawula badhé nyaosi kurban kanthi èklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.”

- *umat ngidungaken KPJ 158:1, 2, 4 "DITANSAH PADHA BUNGAHA"*

- 1) Ditanseh padha bungaha nampèni kabegjan swarga, karana kita wong dosa ingentas saking antaka.

Refr.

Tansah bungah ing patunggilané Gusti,  
tansah bungah, wit sinung gesang sejati

- 2) Tansah ulah kabecikan, dhemen awèh pitulungan,  
yéku pratandhaning sokur mring sihing Allah Maluhur.

Refr.: ...

- 4) Ditanah padha bungaha, wit antuk tentrem-raharja.  
Gustimu ngreksa slamanya saparan lakunira.

Refr.: ...

*(pasamuwan jumeneng lan Pr nglantaraken pandonga  
pisungung)*

### **PANGUTUSAN**

PS: Sami mengkera ing salebeting kabingahan lan tansah mbudidaya mujudaken kautamaning Sang Kristus. Sami lampahana gesang kanthi raos sokur lan tansah setya ngèstokaken timbalanipun Gusti.

- Umat ngidungaken KPJ 425: 1, 2, 4 "AKEH SRUNING PASAMBAT"
  - 1) Akèh sruning pasambat, tilingna!  
mbutuhaké sih rahmat, tilingna!  
Refr.:  
Gusti nimbali sira dadya duta sembada  
mbabarken sih rahmat, tilingna!
  - 2) Akèh wong padha nguwuh, tilingna!  
mbutuhaké pangrengkuh, tilingna!  
Refr.: ...
  - 4) Akèh wong padha ngrintih, tilingna !  
mbutuhké welas-asih, tilingna !  
Refr.: ...

### **PANGUTUSAN**

PS : Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti,

U : **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng  
Gusti**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus

U : **Puji sokur konjuk Gusti**

PS : Pinujia Gusti Allah kita

U : **samangké dumugi ing salami-laminipun**

**BERKAH**

PS: Pangéran Yéhuwah mugé maringi berkah dhateng panjenengan, lan ngayomi panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugé nyunaraké cahyaning wadananipun dhateng panjenengan, lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah mugé karsaa nungkulaké wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

**U: (ngidungaké Hosiana Amin)**



(LSP-TNA)



## BAHAN TATA PANGIBADAH Kemis Pethak

*Kemis, 6 April 2022*

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

P: Pradata

U: Umat

L: Lèktor

## Nresnani Dumugi Pungkasan



### PENCAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan nuntun umat ngraosaken swasana pangibadah ingkang dipun lampahi
- Umat ngweningaken manah cecawis sacara pribadi
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

### TIMBALAN PANGIBADAH

*(Jumeneng)*

P1: Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti, Kemis Pethak punika ngemuti lampahipun Gusti Yésus ingkang ngwijiki samparanipun para siswanipun. Sanadyan Sang Kristus punika Sang Sabdanipun Allah ingkang ilahi lan suci, Panjenenganipun karsa ngasoraken dhiri lan mbabar dhiri minangka abdi. Lumbet ing Kemis Pethak caos pratandha bilih Mangsa Prapaska, Mangsa Sangsaranipun Gusti Yésus Kristus tansaya caket. Ing pahargyan Kemis Pethak, saben umat dipun timbali nyawisaken dhiri supados tansaya kasagedna ngasoraken dhiri kadya Sang Kristus, ngladosi lan ngurmati manungsa ingkang dipuntresnani Gusti. Ing wekdal pungkasaning gesangipun, ing bujana wanci dalu 2000 taun kepengker, Panjenenganipun nélakaken katresnanipun tumrap para siswanipun, tumrap panjenengan lan kula samangké. Minangka tandha atur panuwunan syukur kita awit sih rahmat kawelasanipun Allah, sumangga kita aturaken lumantar pangibadah ingkang badhé kita lampahi. Kita lumebet wonten ing pangibadah kanthi pengaken ingkang teguh bilih Gusti kersa nresnani kita dumugi ing pungkasanipun, pramila

sumangga kita sesarengan memuji asmanipun kanthi ngidungaken KPJ. 14:1,4

KPJ 14:1,4 “KULA SAMYA TETUNGGILAN”

1) Kula samnya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran, wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan  
*Ref.:*

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti, wit ing ayom ing sih ira sestu tentrem raharja.

4) Kawula nggih binerkahan lantaran mitra-kadang; sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan.  
*Ref: ...*

### VOTUM

PF: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pengaken bilih: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun lan ingkang setya netepi pasetyan kawilujengan ingkang sampun kebar.

U: **(ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

### SALAM

PF: Sih Rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil kaliyan panjenengan sedaya.

U: **Nunggila kaliyan panjenengan ugi**

### ATUR PAMBUKA

*(Lenggah)*

P2: Miji lelados utawi dados pelados? Sang Kristus boten namung ngladosi nanging ugi mapanaken dhiri lan nindakaken ayahan peladosan kanthi kebak katresnan lan kasetyan, dumugi ing sédanipun ing kajeng salib, punika kanggé panjenengan lan kula. Panjenenganipun paring dhawuh ingkang sami ing Kemis Pethak kanggé panjenengan lan kula. Sumangga kita memuji asmanipun Gusti kanthi ngidungaken KPJ. 68:1,2

U: **ngidungaken KPJ 68:1,2 “ALLAH MAASIH”**

1) Allah Maasih asung Putranya,  
Allah Ma asih mring manungsa.

*Ref.:*

- Mila kula ngidung Allah Maasih,  
 Allah Maasih mring manungsa  
 2) Gusti ingutus dadya Pamarta,  
 Gusti ingutus nebus kula. *Rèff.*: ...

### **PENGAKENING DOSA**

**PS:** (maos Yokanan 13:33-35, lajeng ngendika), “Boten wonten satunggal ing antawis kita ingkang saged netepi dhawuhipun Gusti kanthi sampurna. Punika awit saking kita linangkung nresnani diri pribadi katimbang nresnani Gusti lan sesami, sumangga kita nélakaken pengakening dosa lan pamratobat kita ing ngarsanipun Gusti Allah lan sesami)

### **U: ngidungaken KPJ 46:1,2**

KPJ 46:1-2 “AWIT KATHAH DOSA KULA”

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmgangan  
 Gusti kang madhangi manah,  
 myang tukung kabingahan
- 2) Mugi karsa angaksama, ing klepatan kawula.  
 Tyas kula mugi dadosa, padaleman Paduka.

### **PAWARTOS SIH RAHMAT**

(*Jumeneng*)

**PS:** Amargi Sih katresnanipun Gusti ingkang tanpa wates, Panjenenganipun karsa nampèni atur panelangsa lan pamratobat kita sacara tulus tumrap saben manungsa. Pramila Gusti ingkang Mahaasih paring pangapunteing dosa lumantar pakaryan kawilujenganipun lan ugi nuntun manungsa ingkang sampun kabirat dosanipun lumebet ing gesang enggal minangka atur panuwun. (“Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng.” Yohanes 3:16)

### **U: ngidungaken KPJ 92:1,4**

KPJ 92:1,4 “SESTU AGUNG SIHÉ GUSTI”

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.  
 Milujeng aken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 4) Nadyan kathah pepalangnya dalasan rubéda,

tiyang pitados rineksa, sembada gesangnya.

### **PELADOSAN PANGANDIKA**

(Lenggah)

PS: (Doa Epiklese)

U: (Ngidungaken KPJ.197, Lektor mapanaken dhiri)

KPJ 197 “ KULA SAMPUN SIYAGA ”

Kula sampun siyaga, Gusti;  
sumadya nampèni sabdamulya.

Kula sujud manembah Gusti,  
marak ngabyantara sapunika.

Mugi Gusti maringi berkah  
dhumateng kawula ing samangkya.

Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.

Sabda Paduka datan èwah gingsir saking mula buka;  
ugi sapunika wah salaminya.

Sabda Paduka wonten gesang kula.

Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

### Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Pangentasan 12:1-14**

Mekaten Pangandikanipun Gusti

U: **Puji konjuk Gusti**

### Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti saking  
Pangentasan 12:1-14, kanthi maos **Masmur 116:1-2, 12-19** sacara bersautan.

### Waosan kaping Kalih

L3: Waosan kaping saking saking **1 Korintus 11: 23-26**

Mekaten Pangandikanipun Gusti

U: **Puji konjuk Gusti**

### Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yohanes 13:1-17, 31-35**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu  
inggih punika sedya tiyang ingkang mirengaken  
Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. HOSIANA.

U: **(ngidungaken HOSIANA)**

## Khotbah Wekdal Ening

### PROSESI MIJIKI

PS: Gusti Yésus ingkang tatu awit cidra lan dosa kita.  
Nanging Panjenenganipun boten kèndel kémawon.  
Karana katresnanipun Panjenenganipun karso ngwijiki salah lan dosa kita.  
Sumangga kita sumadya mbikak manah,  
Supados kawijiki déning katresnanipun Gusti Yésus.  
Sumangga kita ugi sumadya ngaturaken dhiri kita,  
Kanggé ngwijiki sesami kita pinangka pratandha tumrap kita anggèn sami sedya lelados dhateng sesami

*Prosesi mijiki katindakaken, kaungelaken kidung "Melayani, Melayani Lebih Sungguh".*

*Sasampunipun Pelados Sabda nglairaken pandonga panyuwunan, supados umat sumadya dados pelados lan ngasoraken diri ing antawisipun gesangipun umat.*

- *Umat ngidungaken KPJ 445:1,2*  
KPJ 445:1,2 "MUGI GUSTI KARSA ANGUTUS"
  - 1) Mugi Gusti karsa angutus utusan ados duk kinanipun, ing kang ngemban sabdaning Allah an martosken sih piwelasiipun, supados tyang salumahing bumi sami nampia Injil ing Gusti.
  - 2) Mugi Gusti ngutus pra abdi sembada setya miwah taberi nyebarken pawartos basuki gumelar ing salumahing bumi, supados tyang sami pitadosa, temah ngraosken tentrem raharja

### Pengaken Pitados

*(Jumeneng)*

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhengah wekdal, sumangga kita lairaken lan teguhaken punapa

ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan nglairaken Pengaken Pitados Rasuli)**

**Donga Syafaat**

(Lenggah)

PF: (Ngaturaken pandonga syafaat)

**PISUNGSUNG**

P4: Atur panuwun kita unjukaken ing pangibadah kanthi pisungsung, kita landhesi atur panuwun kita kanthi pangandikanipun Gusti kados ingkang kapangandikakaken déning Rasul Paulus ingkang sinerat ing Seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Roma 4:7-8 "Rahayu wong kang padha kaapura panerake, lan kang kaaling-alingan dosa-dosane; rahayu wong kang kaluputane ora kaetang déning Gusti Allah."

U: **ngidungaken KPJ 186:1-4**

KPJ 186:1-4 "URIP KANG SAMESTHINÉ"

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucapsokur,  
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

*Ref.:*

Jroning susah lan bungah sadhèngah kaanan,

Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya!

2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,  
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku. *Rèff.:* ...

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur?  
Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus. *Rèff.:* ...

4) Dhuh Gusti mugè rena nampi atur kawula,  
Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga. *Rèff.:* ...

**Donga Pisungsung**

(Jumeneng)

P4: (Mimpin pandonga pisungsung, pungkasan pangibadah lan Pandonga Rama Kawula)

**Kidung Pangutusan**

U: **Ngidungaken KPJ 450:1,2**

KPJ 450:1,2 "SUMANGGA MAKARYA"

1) Sumangga makarya, para utusan setya  
ngundhang aken kabar adya, sih rahmat saking swarga,

mrih tyang kang peteng manahnya, dadya padhang lejara.  
Sumangga samekta, tansah makarya.

- 2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat,  
mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,  
pangghah ngadhepi bebaya, Gusti nganthi slaminya.  
Sumangga samekta, tansah makarya.

### **PANGUTUSAN**

PS: mengekera kanthi suka bingah saha ngémuti sabdanipun  
Gusti Allah, bilih Panjenenganipun tansah makarya  
wonten ing gesang panjenengan. Lampahana gesang  
ingkang kebak panuwun lan kanthi setya tuhu nindakaken  
timbanganipun Gusti. Gusti nyarengi lampah gesang  
panjenengan kanthi berkahipun.

### **BERKAH**

PS: Pangéran Yèhuwah maringi berkah dhateng panjenengan  
lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yèhuwah nyunaraken  
cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi  
sih rahmat. Pangéran Yèhuwah nungkulaken wedananipun  
dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: **ngidungaken KPJ 417:1**

KPJ 417:1 “SAURUTING LAKU”

- 1) Sauruting laku kang dakalami,  
Gusti tansah tindak ngrumiyini,  
Mula kang dadi osik ing atiku,  
Gusti kula sèstu setya tuhu!"

*Rèff.:*

Salakuku Gusti datan négakken,  
klayan setya dènira angreksa.  
Ing wusanané, Gusti mareng aken  
aku ndhèrèk ing kamulyan swarga

[IS/WW]





**BAHAN TATA  
PANGIBADAH  
Jemuwah Adi**

*Jemuwah, 7 April 2023*

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

Pr : Pradata

U: Umat

PNJ: Pemandu Nyanyian Jemaat

L: Lèktor

**Panjenenganipun  
Inkang Séda  
kanthi Nistha,  
Paring Pirukun  
Langgeng**

☪☪☪

**Prosèsi:**

- Umat kaajak lumebet ing wekdal ening.
- Alat musik boten kaungelakan wonten ing sauruting prosesi.

*(Jumeneng)*

Para Pelados Sabda lumebet ing dalem pamujan kaiiringan Solis ngidung KPJ.268:1 lan kalajengan umat ngidungaken pada 2 (*tanpa iringan musik*)

**Solis:** Panglipuring tyang prihatos, klangenan ing tyas kula.  
Sakathah sumlanging batos, kasirnakken sadaya.  
Sing swarga Gusti kang mulya, karsa tumedhak mriki,  
nyaur pundhat utang kula, Gusti gung kula puji.

**Umat:** Iba-iba Gusti mlasi bangsa apes lan nistha.  
Sing laknat Gusti ngluwari, margi sangsara séda.  
Riwe, rah, waspa Paduka nèng Gètsemané mili.  
Ngluwar kula sing ukuman, mbikak margining swargi.

**PS :** Saking séda inkang nggegirisi, Panjenenganipun sampun lan badhé milujengaken kita: konjuk ing Panjenenganipun, kita aturaken pengajeng-ajeng kita. Amin.

**U:** (*ngidungaken*) **Amin...amin...amin.**

**PS:** Sangsara lan sédanipun Gusti kita Yésus Kristus, maringaken lan nélakaken sih rahmatipun Gusti Allah tumrap panjenengan.

**U: Lan tumrap panjenengan ugi.**

Bel kaungelaken rambah kaping 3, swanten gumludhug (sound effect), musik instrument:

([https://www.youtube.com/watch?v=ZBmHs8pM2So&ab\\_channel=AeolusQuartet](https://www.youtube.com/watch?v=ZBmHs8pM2So&ab_channel=AeolusQuartet))

### **Pamaosing Yésaya 52:13-15**

(*Lenggah*)

(*kairingi musik instrumen ing link ngingil*)

L: Abdining Yèhuwah kang nandhang sangsara. Lah AbdiningSun bakal oleh gawé, bakal kaluhuraké, kaalembana lan kamulyakaké. Kayadéné anggoné wong akèh bakal padha dheleg-dheleg nyumurupi Panjenengané -- amarga saka bangeting rusaké pasemoné, nganti ora kaya manungsa manèh, lan katon ora kaya anaking manungsa manèh,-- mangkono anggoné Panjenengané damel gumuning bangsa akèh, para raja bakal padha sidhem mirsani Panjenengané; amarga apa kang durung kawartakaké, bakal kasumurupan, tuwin apa kang durung kapireng, bakal dimangertosi.

PNJ: Ngidungaken KPJ 269:1

“SAIBA SANGSARANÉ GUSTI”

1) Saiba sangsarané Gusti, nglampahi pinenthang.  
Kasamekaken tyang durjana, nggèné kapatrapan  
Pinaku samparan lan asta, cinamah asmanya,  
pinanggung ing bentèring surya, temah pegat nyawa.

### **Pamaosing Yésaya 53:1-4**

L: Sapa kang ngandel marang pawarta kang padha dakrungu, lan sapa kang kawedharan astaning Yèhuwah kang kwaos iku? Panjenengané iku thukul kaya trubusan ana ing ngarsaning Yèhuwah, tuwin kaya semen saka ing lembah garing. Ora bagus ing warna lan ora kagungan kaéndahan kang njalari kita banjur padha nyawang, sarta ora kagungan rupi, kang menginaké kita. Panjenengané dianggep asor lan disingkiri ing wong, awijining priya kang sugengé kebak kasangsaran sarta kulina nandhang gerah; banget anggoné karéméhaké, nganti wong padha nutupi rainé ana ing ngarsané tuwin sanadyan tumrap kita Panjenengané iku iya ora klebu étungan. Mangka

sanyatané lelara kita kang disanggi lan kasangsaran kita kang dirembat, éwasamono kita padha ngira Panjenengané iku kena ing ipat-ipat, kagebag tuwin katindhes déning Gusti Allah.

PNJ: Ngidungaken KPJ 269:2

“SAIBA SANGSARANÉ GUSTI”

2) Pundi dosané Gusti kula, nglampahi pinenthang.

Saèstu Gusti tanpa dosa ngrembat dosaning tyang.

Nggénipun masrahaken nyawa dhasar dipun sedya, karsa nebus mring tiyang kathah nggih kula sadaya.

### **Pamaosing Yésaya 53:5-7**

L : Mangka Panjenengané iku sinudukan marga saka anggon kita padha mbaléla, Panjenengané karemuk marga saka piala kita; ganjaran paukuman kang nekakake karahayon tumrap kita iku kadhawahaké ing Panjenengané, sarta marga saka bilur-biluré kita banjur padha dadi waras. Kita padha nglambrang kaya wedhus, dhewé-dhewé kang kita ener, éwadéné Pangéran Yèhuwah nempahaké sakèhing duraka kita marang Panjenengané. Panjenengané kinaniaya, nanging kèndel baé sajroné katindhes iku lan ora mbikak tutuké kaya cempé kang katuntun menyang ing pasembelehan; kaya wedhus kang ora nywara ana ing ngarepé para wong kang padha nggungtingi wuluné, kaya mangkono anggoné ora mbikak tutuké.

U: **Ngidungaken KPJ 269:3**

“SAIBA SANGSARANÉ GUSTI”

3) Makaten Allah Kang Masuci tan ngéman kang Putra

kang kinasih dénpasrahaken mring kraharjan kula.

Saiba sih-welasé Allah dhateng tiyang dosa.

Sinungken pangapunten samilantaran kang Putra.

### **Pamaosing Yésaya 53:8-12**

L: Sawusé katahan lan kaukum Panjenengané nuli kaluwaran, lan sapa kang mikir marang nasibe? Panjenengané sanyata wus kapethal saka ing nagarané para wong urip, tuwin marga saka pambalelaning umatingSun Panjenengané kena ing ipat-ipat. Pasaréané

kapapanaké ing satengahé para wong duraka, lan anggoné séda ana ing satengahé para durjana, sanadyan Panjenengané ora nindakaké kekerasan tuwin tutuké ora kadunungan cidra. Nanging Pangéran Yèhuwah karsa ngremuk tuwin damel gerahé Panjenengané. Samangsa Panjenengané wus masrahaké sarirané minangka kurban panebusing dosa, bakal mirsani tedhak turuné, yuswané bakal panjang, sarta karsaning Yèhuwah bakal tumindak sarana astané. Sawusé nyawané nandhang sungkawa Panjenengané bakal mirsani pepadhang nganti tuwuk; tuwin AbdiningSun iku, sarehné wong bener, bakal ngleresaké wong akeh kalawan kawicaksanané, lan ngrembat pialané wong-wong mau. Awit saka iku bakal Sunparingi panduman wong-wong kang luhur minangka bandhangan, tuwin bakal tanpa wong-wong kang santosa minangka jarahan, yaiku pikolèhé anggoné wus masrahaké nyawané marang pati lan marga saka anggoné kagolongaké wong mbaléla, sanadyan Panjenengané nanggal dosané wong akèh lan ndongakaké para wong kang mbaléla.

L: Ngidungaken Masmur 22:2-19 (saged kawaos, miturut pakulinan)

### **Atur Panelangsa**

L : Kawula mengker saking Paduka, nebih saking kasangsaran salib Paduka,  
 Nalika mélik pribadi ingkang nguwaosi dhiri.  
 Kawula mengker saking Paduka, murih raos tentrem kawula boten kanganggu,  
 Sanadyan punika namung raos aman ingkang semu.  
 Kawula lumampah ing margi kawula piyambak,  
 Nalika ngetut wingking Paduka boten saèmper kaliyan pepinginan kawula, lan punika mitunani kawula.  
 Kawula asring ngejaraken diri mbasar awit pamblithuking dosa.  
 Boten kawula pirengaken, nalika Paduka nimbali kawula saking salib Paduka,

Murih kawula nampèni sih rahmat katresnan Paduka ingkang wiyaripun nglangkungi seganten.  
 Kawula dipunbudhekaken kaliyan aliting katresnan ingkang nguwaosi manah ...  
 Ngantos risaking gesang, kawula sandhang minangka rasukan ingkang nguciwani.  
 Punapa kawula saged sowan malih kanthi panelangsa lan Paduka karenan?

**U: Ngidungaken KPJ 270:1,3**

“SANG KRISTUS SINANGSARA ”

- 1) Sang Kristus sinangsara sinandhangan wirang Rikinarya makutha, pinoyok tyang kathah.  
 Rinangkit lir durjana, ci nampah siniya.  
 Dhuh Allah, punapaa tan ngeman kang Putra?
- 3) Dhuh Yésus kang ingajep pra luhur wit kina.  
 Mugi kula sadaya émuta slaminya.  
 Sangsara lan kwirangan ageman Paduka,  
 nyawisi kedrajanan kula tuang nistha.

*(Jumeneng)*

**Sih Rahmating Allah (Pamaosing Ibrani 10:16-25)**

L: Sabab sawusé Panjenengané ngandika: “Iki prajanjian kang bakal Sunanakaké karo wong-wong iku, sawusé wektu iku,” Panjenengané banjur ngandika maneh: “Ingsun bakal maringi angger-anggeringSun ana ing atiné, sarta Sunserat ana ing budiné, sarta Ingsun ora ngènget-ènget manèh marang sakèhing dosa lan paneraké.” Dadi manawa iku kabèh wus kaapura, ora prelu ana kurban manèh kang kudu kasaosaké marga saka dosa.

Kang iku para sadulur, srana rahé Gusti Yésus ing samengko kita bisa lumebu ing papan pasucèn kanthi kebak ing kakendelan, amarga Panjenengané wus ngwengani kita dalan kang anyar sarta urip metu ing gubah, yaiku sarirané piyambak, lan kita duwé Imam Agung kang ngepalani padalemané Gusti Allah. Mulané payo padha sowan ing ngarsané Gusti Allah kanthi ati kang temen lan éklas sarta kalawan kayakinan ing pracaya kang kukuh, amarga ati kita wus karesikan saka

rumasaning ati kang ala lan badan kiat wus kaedusan kanthi banyu kang resik. Dikukuh anggon kita padha ngandhemi sahadating pangarep-arep, jalaran Panjenengané, kang mrasetyakake iku tuhu setya. Sarta mara padha engon-ingengon, supaya padha atag-ingatag ing katresnan lan ing panggawé utama. Kita aja ngedohi pakumpulan-pakumpulan pangibadah kita, kaya pakulinané sawenehing wong, ananging payo padha eling-ingelingaké, sarta ngarepaké dinaning Gusti kang saya cedhak iki disaya mepeng anggon kita tumindak ing gawé.

**U: Ngidungaken KPJ 278:1,2,4,**  
 “WONTEN DARAH SUCI MANCUR”

- 1) Wonten darah suci mancur nèng ardi Golgota,  
 nggih rahipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa.  
 Kang ngicalken dosa, kang ngicalken dosa.  
 Nggih rahipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa.
- 2) Tyang durjana kang sinalib angsal pangapura,  
 wit tinebus rahé Gusti, ndhèrèk mlebet swarga.  
 Ndhèrèk mlebet swarga, ndhèrèk mlebet swarga.  
 Wit tinebus rahé Gusti, ndhèrèk mlebet swarga.
- 4) Kula swau nggih cilaka, nging lajeng antuk sih.  
 Mila kedah ngluhuraken Gusti kang sinalib.  
 Gusti kang sinalib, Gusti kang sinalib.  
 Mila kedah ngluhuraken Gusti kang sinalib.

**Epiklese**

(PS ngunjukaken donga epiklese)

(Lenggah)

**Pamaosing Yohanes 19:16-37**

(saged ngginakaken Alkitab audio kados link ngandhap, kanthi editing miturut waosan)

([https://www.youtube.com/watch?v=MBA3S5KOvKM&ab\\_channel=MoonlightProject](https://www.youtube.com/watch?v=MBA3S5KOvKM&ab_channel=MoonlightProject))

**Kotbah:**

**Panjenenganipun Ingkang Séda kanthi Nistha,  
 Paring Pirukun Langgeng**

**Wekdal ening**

## Pengaken Pitados

Pr.: Kanthi ngémuti pangurbananipun Sang Kristus ing kajeng salib, sumangga kita nélakaken pengaken pitados kita kanthi ngidungaken KPJ 122:1-4 “KULA PITADOS”

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa; ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus Kang Putra ontang - anting lan kekasih, Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwané Roh Suci; miyam saking prawan Maryam, nahanaken pisakit kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatiya: sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah dhateng suwarga, pinarak nèng tengenipun Allah Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh. angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum. Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa, tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

## Donga Syafaat

PS: Sumangga kita nglairaken pandonga syafaat lan kita pungkasi kanthi ngidungaken donga Rama Kawula (KPJ 152) KPJ 152 “RAMA KAWULA KANG WONTEN SWARGA”  
Rama kawula kang wonten swarga,  
ingkang asma kasucèkna’  
Kraton Padukarawuh, karsa Paduka  
klampah ing bumi kadya anèng swarga.  
Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki;  
kula kaapuntenna, kadya kula ugi  
ngapunteni tyang kalepatan;  
sampun nandukken kula dhateng panggodha,  
kalepasna kula saking piawon,  
jer Gusti kang kagungan kraton lan wisésa  
sarta kamulyannya ngantos slamilaminya.  
Amin, amin

### **Pisungsong Panuwun**

Pr: Sumangga kita aturaken panuwun awit pangurbanan dan sédanipun Gusti kita Yésus Kristus, ingkang maringaken pirukun langgeng kanggé sedaya manungsa lan milujengaken jagad saking blengguning dosa. Pangandikangipun Sang Maha Tresna kados ingkang sinerat ing Rum 6:10-11, “Awit sédane iku, séda tumrap ing dosa, mung sapisan kanggo salawasé; lan gesangé iku gesang lumados marang Gusti Allah. Samono uga anggonmu mawas iya mangkenéa: kowé wus padha mati tumrapping dosa, nanging kowé padha urip lumados marang Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus.

### **U: ngidungaken KPJ 154:1**

KPJ 154:1-2 “ADRENGING TYAS KULA”

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Refr.

Mung punika Gusti, pisungsong kula sawetahing gesang, jiwa lan raga, wit kula tan darbé bandha kang pengaji kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugé katampia atur kawula, mrih gesang kawula kagama Paduka pirantos sapala.

2) Saiba éndhahing sih-tresna Paduka, Gusti;

kula kagunganta, Paduka rimati.

Refr.: ...

### **Donga Pisungsong**

(*Jumeneng*)

Pr: Wonten ing ngarsa Pasuka, dhuh Gusti, kawula aturaken pisungsong panuwun tanda sokur awit katresnan Paduka ingkang ngrengguh kadosan kawula murih Paduka sucèkaken kanthi katresnan Paduka ingkang mulihaken kamulyanipun manungsa. Mugé-mugé pisungsong kawula punika ndadosaken renaning penggalih Paduka. Makaten ugi Paduka nyagedaken kawula ndadosaken gesang kawula minangka pisungsong konjuk kamulyan Paduka. Wonten ing asmanipun Sang Kristus kawula ndedonga. Amin.

## Umat ngidungaken KPJ 275:1,2 “SRANA MANDENG ING SALIB”

- 1) Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,  
tinebus sagung dosanira.  
De cempéning Allah kang sinalib ngrembat,  
ngesahaken duraka kita.  
Refr.:  
Swawi den pandeng!  
Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang  
tinebus sagung dosa nira
- 2) Napa ta damelé Gusti Yésus séda,  
yèn datan ngruwat dosa kita?  
Napa ta damelé nombokaken nyawa,  
yèn datan nebus dosa kita?  
Refr.: ...

### Pangutusan & Berkah

- PS: Sédanipun Sang Kristus, Gusti lan Panebusing jagad,  
maringaken pirukun langgeng. Awit saking punika,  
gesanga kanthi tansah ngeneraken diri dhateng  
katresnanipun Gusti Allah ingkang ngrukunanken lan  
ngenggalaken jagad.
- U: **Kawula ngeneraken diri dhateng katresnanipun  
Gusti Allah ing satengahing jagad.**
- PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus ing sauruting lampahing  
gesang padintenan, kanthi dados mitra ingkang samidéne  
nanggal momotan lan ngiyataken ing antawising  
karingkahan.
- U: **Mugi Paduka nyagedaken kawula dados mitra  
tumrap sesami.**
- PS: Pinujia Allah Sang Rama, Putra lan Sang Roh Suci  
ingkang boten naté nguwalaken Asta Katresnanipun.
- U: **Kamulyan kagama ing Allah Sang Rama, Sang  
Putra lan Sang Roh Suci samangké lan selami-  
laminipun. Amin.**
- PS: Sangsara lan sédanipun Gusti kita Yésus Kristus, tansah  
dados kekiyataning gesang Panjenengan, kanggé  
maujudaken pirukun ing satengahing gesang sesarengan,  
ngrawuhaken sih katresnan ing antawisipun

panguwaosing raos sengit, sarta mbabar pengajeng-ajeng  
ing antawisipun pepeteng. Amin.

**U:** ***(ngidungaken KPJ 226:1 “HOSIANA GUSTIKU”)***

Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.

Hosiana, Gustiku rawuh saking ngaluhur.

Pra manungsa sajadad dèn paringi sih rahmat,  
gedhé cilik ywa kliwatan. Payo muji Pangéran.

[MRK/WW]

## BAHAN TATA PANGIBADAH Setu Sepi

*Setu, 8 April 2023*

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda

Pr: Pradata

U: Umat

N: Narator

L: Lektor

# Gusti Yesus lan Para Tiyang Inggang Wonten Kubur

☪☪☪

### KATRANGAN

Pangibadah Setu Sepi karakit sacara rèflèktif lan lumintu. Ing Pangibadah punika boten wonten khotbah.

### CECAWIS

- Pelados Pangibadah nyawisaken diri lumantar pandonga.
- Pawartos Pasamuwan

### WEKDAL ENING

*(musik instrumental kaungelaken nyarengi umat  
ngweningaken manah)*

*(Jumeneng)*

KPJ 279:1,2 “YÈN MANDENG SALIBING GUSTI”

1 Yèn mandeng salibing Gusti, pucaking kasangsanané,  
sagung dosa dak getuni, wit sampurna lelabeté.

2 Pinoyokan lan siniya, sedané wus anyelaki,  
kadi kapireng sabdanya, "Uripku tumrap sabumi."

### VOTUM LAN SALAM

PS: Mripatku tumenga marang gunung-gunung; pitulunganku  
iku pinangkané saka ing ngendi?

U: **Pitulunganku iku pinangkane saka Sang Yèhuwah,  
kang nitahaké langit lan bumi.**

- PS: Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku gloyoran, kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk.
- U: **Sayektiné kang ngreksa Israèl ora ngantuk lan ora saré.**
- PS: Pangéran Yéhuwah iku kang ngreksa kowé, Pangéran Yéhuwah iku pangayomanmu ana ing tengenmu. Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sedhèrèk sadaya. Amin.
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

(Lenggah)

### YUSUF

- L: Bareng soré ana wong sugih saka ing kutha Arimatéa, jenengé Yusuf, kang uga wis dadi siswané Gusti Yésus, séba marang ing ngarsané Sang Pilatus nyuwun layoné Gusti Yésus. Sang Pilatus banjur dhawuh masrahaké marang wong mau. Layon tinampa déning Yusuf, nuli diulesi nganggo mori putih kang resik, banjur kasarekaké ing pakuburané dhéwé kang anyar, kang digawé ing sajroning gumuk karang, lan sawisé ngglundungaké watu gedhé ing lawanging pasaréan mau, nuli mulih. (Matéus 27:57-60)
- N: (*mragakaken Yusuf*)  
Sapa nyana bakal kaya ngéné? Sang Guru kang pinuji pungkasané séda. Ahhh... apa manèh kang bisa daklakoni, kejaba ngaturaken papan pelereman pungkasan kagem sarira Panjenenganipun? Dimèn iki bakal dadi pakurmatanku kang pungkasan kagem Panjenengané, lan sawisé iku aku ya arep lunga.

### KPJ 274:1,3 “SINTEN KANG SUMARAH”

- 1) Sinten kang sumarah mring karsané Sang Rama miwah wus pasrah sarira tumrap tyang sadaya, pakaryannya linampahan priyangga?  
Mung Sang Putra sinangsara temah séda.  
Refr.: Yèku tresna kang sejati  
wus binabar kalayan sampurnaneng salib suci

- 3) Dhuh cempéning Paskah, kang wus pinenthang séda,  
kula ngaturaken puji mring Paduka, Gusti;  
kang mbikak kori swarga lan tyas kula,  
wonten katentreman kang denalami. Refr.: ...

### **PANGRAOSING MANAH PRIBADI**

PS: Samangké kula ngajak para sedhèrèk samidéné ngémuti pribadi-pribadi ingkang paring warna lan pangraos mirungga wonten ing gesang panjenengan. Para tiyang punika inggih pribadi-pribadi ingkang panjenengan urmati lan aosi. Punapa piyambakipun utawi para tiyang punika samangké taksih sugeng? Punapa para tiyang punika sampun sami séda? Sumangga kita ngemuti sedayanipun lan ngucap sokur awit adeging para tiyang punika ing gesang panjenengan awit keparengipun Gusti!

.....

*(Umat kaajak lumebet ing pangraosing manah pribadi)*  
*(PS ndedonga)*

### **MARYAM**

L: Nanging Maryam Magdalena lan Maryam sijine padha ana ing kono padha linggih ing ngareping pasarean (Matius 27:61)

N: *(mragakaken Maryam)*

Aku nyawang sareyan Paduka, dhuh Sang Guru, sungkawa ingkang lebet awit Paduka. Boten punapa, déné kula samangké linggih caket sampeyan Paduka kados kala rumiyin, sanadyan kaaling-alingan sela.

*(Jengkeng)*

KPJ 117 “KALA KULA DHAWAH”

Kala kula dhawah lan tanpa daya,  
nyawa kula kapetek, kasiksa.

Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti,  
karsa rawuh, mrih amitulungi.

Ref. Kula tansah kaangkat maring arga,  
 kula kwawi anempuh prahara;  
 wah kiyat, wit sinanggi swiwinya,  
 anglangkungi budidaya kula.

### **PANGRAOSING MANAH PRIBADI**

PS: Kula ngajak panjenengan sami ngemuti ing nalika kawontenan panjenengan ngraosaken kécalan ingkang ageng, amargi ingkang kita tresnani nilaraken kita. Punapa panjenengan samangké nembé nandhang dhuhkita? Menawi inggih, sumangga kita lairaken raos sungkawa punika sesarengan kaliyan kula. Tangis lan sungkawa punika boten tandha karingkahan, ananging punila tandha katresnan ingkang lebet. Nangisa menawa kepéngin lan lairna kidung pangadhuh menawa ati iki kebak pangadhuh. Amarga kang kita tresnani tilar donya, nilar kita kanthi katresnan kang karaos sanget.

.....  
*(Umat kaajak lumebet ing pangraosing manah pribadi)*  
*(PS ndedonga)*

*(Lenggah)*

### **PENGAREPING IMAM LAN TIYANG FARISI**

L : Ésuké, yaiku sawisé dina pacawisan, para pangareping imam lan para Farisi padha bebarengan sowan menyang ing ngarsané Sang Pilatus lan padha matur: “Tuan, kula sami kengetan, bilih juru panasaran punika nalika taksih gesang, cariyos makaten: Sawisé telung dina Aku bakal tangi. Awit saking punika, karsaa ndhawuhaken, supados kuburipun kajagi ngantos dumugi tigang dintenipun; manawi boten, saged ugi para sakabatipun lajeng dhateng nyolong Piyambakipun, nunten cariyos dhateng tiyang kathah: Piyambakipun sampun tangi saking antawisipun tiyang pejah, satemah panasaran ingkang kantun badhé langkung awon langkung awon tinimbang ingkang rumiyin.” Pangandikané Sang Pilatus marang wong-wong mau: “Prajurit-prajurit iki gawenen, wis mangkata, pakuburané jaganen sing becik.” Saunduré banjur padha nganakaké

panjagan lan nyègel watu tutuping pasarean kabantu déning para prajurit mau. (Mateus 27:62-66)

KPJ 55:1,2 “KULA TYANG DOSA”

1: Kula tyang dosa klangkung ageng, rinentahan palimirma.  
Punika ngéram-éramaken, kawula sèwu tan nyana.  
Mangké tan wonten paniksa (2x)  
Ming rumentah ing sih mirma (2x)

2: Allah ngasihi dhateng kula, dosa kula ingaksama.  
Tan wonten mulading bendunya, wit kula ingangkat putra.  
Kula punika sinten, ta,(2x)  
dé rinentahan sih-mirma? (2x)

### **PANGRAOSING MANAH PRIBADI**

PS: Pati boten dados pepalang anggèn kita nélakaken katresnan. Nanging, pati ugi boten dados pambengan tumrap tatu ingkang tuwuh nuwuhaken raos sengit. Sanadyan Gusti Yésus sampun kakubur, nanging tumrap para tiyang ingkang sengit dhateng Panjenenganipun, tansah kalimputan dening drengki lan gorèhing manah.

Samangké, kula ngajak panjenengan ngemuti pribadi-pribadi ingkang nate ntoni kita, nuwuhaken raos sengit ing manah kita. Para tiyang punika sampun nilaraken donya, kakubur, nanging nilaraken ugi tatu ingkang nggegirisi saéstu lebet.

Kula ngajak panjenengan nutup nétra, ngeningaken manah, lan ngrawuhaken malih pribadi ingkang sampun boten wonten kanggé nélakaken momotan kita, ing raos duka kita tumrap piyambakipun. Menawi bapak, ibu, sedhèrèk sampun cumawis nguwalaken pangapuntening dosa, kaaterna pangandika: “Kula saos pangapunten dhateng panjenengan, kula nresnani panjenengan.”

.....  
(Umat kaajak lumebet ing pangraosing manah pribadi)  
(PS ndedonga)

KPJ 140:1,3 “SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA”

1: Sihé Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa;  
sing bangsa sanès umatnya ingangkat dados putra,  
tinebus Sang Kristus Gusti, gesang énggal sayekti.  
Nindakna pakarti luhur, yéku tandha ning sokur.

3: Sihing Allah sèstu adya, nentremken tyang pracaya  
pinurih dadya rowangnya, mbabar kratoning swarga.  
Awit katresnaning Allah, karaharjan sumrambah.  
Asmanipun kaluhurna, samangkya lan slaminya.

*(Jumeneng)*

**PENGUTUSAN LAN BERKAH**

PS: mengkera sakini papan punika kanthi tentrem  
rahayunipun Gusti,  
Sang Kristus ingkang sampun seda kanggé panjenengan,  
nyagedaken panjenengan caos pangapunten dhateng  
soksintena ingkang sampun séda, ngiyataken, mulihaken  
sesambetan lan nyarengi panjenengan ing sauruting  
lampah dumugi pungkasaniing gesang panjenengan.  
Amin.

*Umat saged nglajengaken lumebet ingwekdal ening sacara pribadi.*

[BETH/WW]

**BAHAN LITURGI**  
**Minggu Paska Subuh**

*Minggu, 9 April 2023*

Katrangan:

PS : Pelados Sabda

M : Pinisepuh/Dhiaken

U : Pasamuwan

N : Narator

**Mawartosaken**  
**Wungunipun**  
**Sang Kristus,**  
**Mulihaken**  
**Sesambetan lan**  
**Patunggilan**



**PACAWISAN**

- Wekdal ening
- Sadèrèngipun pangibadah kawiwitan, organis ngungelaken kidung sesambetan kaliyan Paska
- Loncèng kapisan kaunggelaken (Para pelados pangibadah dedonga ing konsistori)
- Pawartos Pasamuwan
- Loncèng Kaping Kalih kaunggelaken pratanda pangibadah kawiwitan

Narator 1: *(lenggah)*

Ing énjang punika, Maria Magdaléna lan sawetawis pawèstri sami badhé nuwèni lan mborèhi layonipun Gusti Yésus, ananging sawetawis pawèstri kèndel ing sangajenging pakuburan. Sadaya sami gumun, sedhik lan bingung. Selanjengipun sami mlajar nilaraken pakuburan punika lan mawartosaken praswata dhateng para sakabat bilih kuburipun Gusti Yésus sampun suwung.

Narator 2:

Simon Pétrus lan para sakabat sanèsipun énggal-énggal mlajar kanthi rikat tumuju kuburipun Gusti Yésus. Sedaya ningali kubur ingkang suwung. Ing satengahing raos bingung lan sedhik, sadaya katuntun amrih pitados malih dateng punapa ingkang sampun naté dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus. Ananging nalika para sakabat sami késah, Maria tetep kémawon

wonten ing sangajengipun kubur lan muwun... piyambakipun mranata manah lan mbudidaya mlebet ing kubur wau. Piyambakipun dèrèng mangertosi prastawa ingkang nembé kelampahan.

Narator 3:

Lelampahaning sujarah mbuktèkaken bilih wungunipun Gusti Yésus punika lelampahan ingkang nyata, boten saged kabantah. Ing pungkasanipun Maria mbengok, “Aku wus ndheleng Gusti ...”. Piyambakipun ngalami éwah-éwahaning gesang. Gusti Yésus kanyata wungu.

*(pangarsaning kidung ngrepèkaken KPJ 258:1-2)*

Pasamuwan ngrepèkaken KPJ 258:1-2

KPJ 258:1 “GUSTI YÉSUS WUS WUNGU”

1. Gusti Yésus wus wungu! Haléluya!  
 Bumi swarga agirang! Haléluya!  
 Samnya memuji sokur! Haléluya!  
 Mring Gusti kang wus mimpang! Haléluya!
2. Katresnané sampurna! Haléluya!  
 Kamenangané nyata! Haléluya!  
 Sunaring surya padhang! Haléluya!  
 Tinampi kanthi girang! Haléluya!

### **TIMBALAN PANGIBADAH (M1)**

M1: Pepeteng sami kémawon kaliyan suwung, tan wonten punapa kémawon. Pepejah sami kémawon kaliyan pungkasanipun gesang. Ananging nalika Gusti Yésus wungu, ingkang boten wonten dados wonten. Wonten pengajeng-ajeng anyar. Wonten pamanggih anyar. Wonten krenteg anyar kanggé ngriyadinaken kawilujengan ingkang kaparingaken déning Gusti. Para sedhèrèk, sumangga kita sesarengan ngriyadinaken wungunipun Gusti Yésus Kristus, Gusti kita. (Pasamuwan jumeneng lan ngrepèkaken KPJ 258: 3 GUSTI YÉSUS WUS WUNGU)

KPJ 258:3 GUSTI YÉSUS WUS WUNGU

3. Gesang malih Sang Raja! Haléluya!  
 Kita tentrem - raharja! Haléluya!

Pati, endi antupmu? Haléluya!  
Kubur, endi kwasamu? Haléluya!

### VOTUM LAN SALAM

(jumeneng)

PS: Gusti Yésus sampun wungu saking séda. Panguwaosipun menang saking pepejah. Panjenenganipun maringaken panguwaos dhateng kita amrih saged gesang ing kayektèn lan gesang mituhu kersanipun kanggé sesami.

U: **Gusti Yésus sampun wungu, Gusti Yésus Gesang milujengaken kita.**

PS: Mugi sih-rahmatipun Allah Sang Rama, Sang Putra, Sang Roh Suci tansaha makuwon ing gesang panjenengan, samangké lan salaminipun

U: **Ugi dhateng panjenengan**

PS: ngrepèkaken           5 3 4 5 6 5 4 5 . .  
+U                            A . . . . . min

### PAMBUKA

(lenggah)

PS: Kitab Suci paring suraos makaten: yèn kita wis mati bebarengan karo Sang Kristus, kita pracaya, yèn kita uga bakal urip karo Panjenengané. Kita ngerti, yèn Sang Kristus wis kawungokaké saka ing séda. Panjenengané ora bakal séda menèh, sebab pati wis ora ngwasani Panjenengané. Séda sing dialami déning Sang Kristus kuwi séda tumrap ing dosa, mung sepisan waé. Nanging gesangé Sang Kristus saiki, kuwi gesang sing lumadi marang Gusti Allah. Mulané kowé uga kudu padha nganggep awakmu kuwi wis mati tumraping dosa, lan kudu padha urip kagem Gusti Allah lantaran Sang Kristus Yésus.

Pasamuwan ngrepèkaken: KPJ 252:1-3

KPJ 252:1-3 “GUSTI AGESANG MALIH”

1. Gusti agesang malih sampun ngawonaken pati.  
Gusti wungu, kula nggih sèstu sami badhé tangi.  
Sinung gesang kang mulya, yéku panglipur kula.
2. Gusti wungu jumeneng Ratu aneng kraton swargi.  
Umatipun kang mantep, mbénjing ndhèrèk angratoni  
Gusti ingkang prasetya, yéku panglipur kula.

3. Gusti wungu, hé kanca, sampun uwas-uwas malih. Gusti dados Pantawis kang gesang, karsa anggali ing kaapesan kula, yéku panglipur kula.

### **PENGAKENING DOSA**

M1: “Awit padha kaya Sang Rama enggoné nangèkaké wong sing wis mati, lan maringi urip marang wong-wong mau, mengkono uga Sang Putra kuwi maringi urip marang wong-wong sing dikersakaké. Sang Rama piyambak ora ngadili sapa-sapa, sebab sakèhé pangwasa kanggo ngadili wis dipasrahaké marang Sang Putra. Enggoné Sang Rama nindakaké mengkono mau supaya wong kabèh padha ngormati Sang Putra, padha karo enggoné ngormati Sang Rama. Wong sing ora ngormati Sang Putra, uga ora ngormati Sang Rama, sing ngutus Sang Putra.” (Yohanes 5:21-23).

Para sedhèrèk ingkang kinasih, kedahipun kita ingkang nampèni pejah langgeng awit dosa lan kalepatan kita, ananging awit déning séda lan wungunipun Kristus, kita nampèni gesang. Sesambetan kita ingkang karisak déning dosa kapulihaken déning séda lan wungunipun Gusti Yésus. Manungsa tinimbalan ngetingalaken katresnan dhateng satunggal lan satunggalipun. Pramila menawi kita dèrèng saged nresnani Gusti lan sesami, sumangga kita sesarengan ngakeni dosa sacara pribadi...

..... Wekdal ening, dedonga pribadi .....

M1: Inggih punika Gusti pengaken kawula, mugi Paduka paring pangaksama dhateng sadaya panerak lan dosa kawula. Wonten ing asmanipun Gusti Yésus kawula ndedonga. Amin

Pasamuwan ngrepèkaken: KPJ 56:1-3 “MULIHA ANGGÈR”

1. Muliha anggèr, muliha dèn énggal!  
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar  
Adhuh cilaka anggèr muliha! Dèn énggal muliha!

2. Élinga sira, wong dosa tobata.  
Ramamu kang asih nganti klawan sedhah.  
Adhuh, cilaka sira wong dosa, dèn énggal tobata.
3. Tobata sira, wong dosa nlangsa!  
Suwarga omahmu, naraka satrumu.  
Adhuh, cilaka sira wong dosa, nging Allah ngaksama.

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** (jumeneng)

PS: Tumraping saben tiyang ingkang nyata-nyata mratobat, Gusti Allah ngetingalaken sih-rahmatipun, *"Yèn mengkono, apa sing arep kita gung-gungaké? Ora ana! Banjur apa wewatoné manungsa enggoné kaslametaké? Apa merga enggoné nglakoni Torèt? Ora, nanging mung merga precaya. Dadi ringkesé mengkéné: Wong enggoné dirukunaké karo Gusti Allah kuwi mung wewaton pracaya thok, lan ora merga enggoné nglakoni apa sing didhawuhaké déning Torèt."*(Roma 3:27-28).

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

U: **Puji Sokur konjuk Gusti**

(Pasamuwan ajawat asta sinambi ngendika, "Gusti Yésus sampun wungu lan maringi pengajeng-ajeng")

Pasamuwan ngrepèkaken: KPJ 263:1-4

KPJ 263:1-4 – LAH WONTEN SWARA GUMIYAK

1. Lah wonten swara gumiya ngumandhang nèng Yérusalem.  
Duk gumebyar padhang surya. Lah wus wungu Gusti kula!
2. Sira plimenganing pati, tan kecongah nglawan Gusti.  
Gusti unggul, nilar kubur; nyata Sutèng Kang Maluhur.
3. Mangké pati tan ngajrihi, Gusti sampun anguwisi,  
Sinten pitados mring Gusti tan ajrih sara myang pati.
4. Krana Gusti sampun wungu, kula antuk geang estu,  
gesang énggal, krana Rahnya kang mancur anèng Golgota.

PS: Pandonga Epiklése

### **Pamaosing Sabda**

#### Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisanan saking *Lelakoné Para Rasul 10:34-43*  
Mekaten Sabdanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Gusti

#### Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Pangandikanipun Gusti kanthi maos Masmur 118:1-2,14-24 sesautan (saged ugi karepèkaken)

#### Waosan kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking Kolose 3:1-4  
Mekaten sabdanipun Gusti.

U: Puji sokur konjuk Gusti

#### Waosn Injil

PS: Maos Injil, saking *Yohanes 20:1-8*  
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ingkang ngestokaken. HALÉLUYA.

U: (ngrepèkaken) **HALÉLUYA**

### **Khotbah:**

**“Mawartosaken Wungunipun Sang Kristus, Mulihaken Sesambetan lan Patunggilan”**

### **Wekdal Ening**

#### **PENGAKENING PITADOS RASULI** *(jumeneng)*

M1: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ékraraken tuwin kita teguhaken malih menapa ingkang kita pitados kanthi sesarengan ngrepèkaken KPJ 122:1-4 “KULA PITADOS”

1. Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa; ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus  
Kang Putra ontang - anting lan kesasih,  
Gusti Pamarta kula.

2. Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci; miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupati: sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
3. Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.  
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
4. Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum. Patunggilané pra suci, pangapunteing dosa, tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

### **PANDONGA SAFAAT**

*(lengghah)*

*(PS ndedonga safaat, kapungkasi pandonga Rama Kawula)*

### **PISUNGSUNG**

M2: Mulané yèn kowé pinuju nyaosaké pisungsungmu marang Gusti Allah, mangka kowé kèlingan ana sedulur sing lara atiné karo kowé, pisungsungmu tinggalen ing sangareping mesbèh. Wong mau paranana, rukuna dhisik karo dhèwèké, yèn wis banjur balia, nyaosna pisungsungmu. (Matius 5:23-24)

KPJ 165:1-2 “KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG”

1. Konjuk mring Kang Mahaagung, kala saos pisungsung; cihnaning bingah ing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa, dadya srana mungpangati, mrih kamulyaning Gusti.
2. Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur, kebabaring raos urmat wit tansah rinimat, dalah gesang kula mugé kagem déning Gusti, dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

M2: PANDONGA PISUNGSUNG

*(jumeneng)*

*(M2 dedonga saos pisungsung)*

**PANGUTUSAN**

PS: Gusti Yésus sampun wungu lan déning panguwaosing wungunipun kita kakiyataken lan kasagedaken mulihaken sesambetan kita kaliyan sesami. Awit saking punika ngenerna manah dhateng Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah dhateng Gusti**

PS: Dadia seksinipun Gusti Yésus Kristus

U: **Kawula samekta dados seksinipun Kristus**

PS: Pinujia Gusti

U: **Samangké dumugi salaminipun**

KPJ 352:1-2 “SANTOSANING TETUNGGILAN”

1. Santosa ning tetunggilan wit saka katresnan.

Den sabar ing ati nira, sarèh ing wicara.

Di padha lan di mumadi, tan ngedungken dhiri.

Kabèh iku kang ingangkah tandha sih mring Allah.

2. Atut - rukun angesuhi, timbalan lestari

Yéku badan lan roh kita manunggal sajuga.

Kadya pangèsthi sawiji kang kita darbèni;

yéku sih rahmaté Allah kang lubèr ing berkah.

**BERKAH**

PS: Samangké nampenana berkahipun Gusti,  
Pangéran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat. Pangéran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin

U: **Haleluya 5X, Amin 3X**

do = d 4 ketuk

1 . 2 3 5 | 6 . 7 i 7' | i . 7 6 5 |

Ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya,

5 . 1 2 3 4 | 3 . 5 i 5' | 6 . 5 . | 4 . 3 . | 2 . 1 . ||

ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya! A - min, a - min, a - min!

[DAC/TJ]



**BAHAN LITURGI**  
**Minggu Paska Sore**

*Minggu, 9 April 2023*

Katrangan:

PS.: Pelados Sabda  
 M: Pinisepuh/Diaken  
 U: Pasamuwan  
 L: Léktor

**Wungunipun**  
**Sang Kristus**  
**mbereg**  
**Semangat**  
**Rekonsiliasi**



**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken kidung amrih pasamuwan kaasta ing swasana pangibadah
- Pasamuwan mendet wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Pawartosing pasamuwan kawaos.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(jumeneng)*

M1: Pasamuwan ingkang dipun tresnan Gusti, ing Matius 28:6a kaserat, “Malaékat ngendika dhateng para wanita ingkang badhé mborehi layonipun Gusti Yésus: bilih Panjenenganipun boten wonten ing ngriki, awit Panjenenganipun sampun wungu.”

Leres, Panjenenganipun sampun wungu. Panjenenganipun sampun ngawonaken pejah, pramila sumangga kita suka bingah awit kita ugi ndhèrèk kagesangaken ing wungunipun.

Sumangga sesarengan kita mulyakaken asmanipun Gusti kanti ngrepèkaken KPJ 267:1-2.

KPJ 267:1-2 “PAMARTA KULA AGESANG”

1. Pamarta kula agesang tyas kula mila agirang kang sinalib gesang. Dènya séda krana kula wunguné dados panjerna, kula ndhèrèk gesang.

Reff.:

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang.

2. Gesang, Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula, mila kula puji. Saiba dènnya ngasihi kula ngantos dènparingi, gesang langgeng ugi. *Reff.: ...*

### VOTUM

PS: Kita lumebet pangibadah Paska sonten punika kanthi pangaken bilih pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Yéhuwah ingkang nitahaken langit lan bumi tuwin sadaya isinipun, lan ingkang setya dhateng umati-Pun.

U: **(ngrepèkaken Amin, Amin, Amin)**

### SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing para sedhèrèk sadaya.

U: **wonten ing panjenengan ugi**

### TEMBUNG PAMBUKA

*(lenggah)*

M2: Gesanging manungsa asring nemahi mawarni-warni prekawis. Prekawising gesang gilir gumanti. Kadangkala benthik lan nuwuhaken padudon. Saé wonten ing salebeting nagari, kelompok lan pribadi. Ananging sejatosipun, memengsahan ingkang paling ageng ing jagad inggih punika antawisipun panguwaosipun Gusti kalawan iblis ingkang ndadosaken manungsa nglampahi dosa. Karana rahmatipun Gusti, manungsa prelu ndadosaken sesambetanipun kaliyan Gusti kapulihaken. Katentreman ingkang sejatos tumrapping manungsa namung wonten ing pakaryan kawilujenganipun Sang Kristus. Wungunipun pinangka rékonsiliasi ingkang sejati antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah.

U: **(ngrepèkaken KPJ 276:1-3)**

KPJ 276:1-3 “SWAWI PRA KANCA”

1. Swawi pra kanca girang memuja,  
Kristus sinalib agesang malih.  
Pamarta kula wungu sing séda.  
Sampun tinitik Ratuning urip.  
Gusti Panebus prangé wus unggul.  
Pati wus kalah, antupé ical.

2. Tyang Kristen samnya girang memuja;  
dé paukiman, bebendu laknat  
wus sirna èstu, Gusti wus wungu.  
Kristus nguculi ranténing pati,  
Sung gesang langgeng mring kang ngandelken.  
Kula tyang dosa, sinungan uga.
3. Salumah bumi badhé ngrormati,  
Gusti kang séda lan wungu uga.  
Swawi salir tyang kang karibedan,  
swawi ngungsèni piwlasé Gusti,  
ndhèrèk anyangga kalingsemannya  
ja ajrih pejah, Gusti kang menang.

### **PENGAKENING DOSA**

PS: (kawiwitan maos Matius 5:44-45), “Nanging saiki kowé Dakkandhani: Padha tresnaa marang mungsuhmu, lan wong sing nganiaya kowé, padha dongakna, supaya ketitika yèn kowé kuwi para putrané Ramamu ing swarga. Awit Ramamu maringi padhanging srengéngé marang wong sing becik, nanging uga marang wong sing ala. Ramamu maringi udan marang wong sing nglakoni kabecikan lan uga marang wong sing nglakoni piala”.

Ayat punika mbereg kita amrih nindakaken katresnan supados tuwuh rékonsiliasi. Miwiti rekonsiliasi saking tata cara karohanèn sacara pribadi lumantar pandonga. Bab punika ngémutaken kita bilih kita punika manungsa ingkang dosa, ingkang saged numusaken memengsahan ing gesang. Pramila sumangga kita nyethakaken raos keduwung lan pamratobat ing ngarsanipun Gusti lan sesami.

U: **(ngrepèkaken KPJ 63:1-3)**

KPJ 63: 1-3 “TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA”

1. Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga.  
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha.  
*Reff.:*  
Nyuwun suci, adhuh Gusti, nyuwun suci, nyuwun suci

2. Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi.  
Adhuh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula. *Reff.:* ...
3. Tyang najis ndlarung ing dosa, pinagas ing sihnya.  
Dé kang yekti asung bekti, tinunggil ing Gusti. *Reff.:* ...

### PAWARTOS SIH-RAHMAT

(jumeneng)

PS: Awit sih piwelasiipun ingkang ageng, Gusti nampi raos kedhuwung lan pamratobat ingkang lair saking telenging manah kita. Sih rahmatipun Gusti kaparingaken kanggé saben manungsa ingkang pitados. Roma 3: 25-26 makaten ***“Sédané Gusti Yésus kuwi kaagem déning Gusti Allah dadi srana enggoné manungsa kaapura dosané, yakuwi samangsa wong mau percaya marang Panjenengané. Enggoné Gusti Allah nindakaké mengkono mau kanggo nélakaké kaadilané. Ing jaman-jaman sing wis kepungkur, Gusti Allah sajroning kesabarané, ora maèlu marang dosa-dosané manungsa. Nanging saiki Panjenengané ngukum dosané manungsa. Srana mengkono Gusti Allah ngetingalaké yèn Panjenengané sipat adil, lan Panjenengané ngrukunaké sarirané piyambak karo saben wong sing percaya marang Gusti Yésus.”***

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti  
(ngrepèkaken KPJ 357)**

KPJ 357:1-2 “ÉNDAHING SADULURAN”

1. Éndahing saduluran manut rèhing Pangéran,  
sami déné ngajèni wah mbiyantoni.  
Nadyan béda agama wah béda golongannya,  
tunggal rasa, pambekan, pri kamanungsan.  
*Reff.:*  
Kluwung pindhanya, éndahing warna,  
nyawiji mbangun urip kang adya,  
tentrem raharja.
2. Rukun ing pitepangan, sumanak ing rembagan;  
dhemen sung pangapura, nyirik piala;  
nging samnya silih ngalah, mbabarken tresna tansah,

nulad ing sihé Allah mring sagung titah  
*Reff.: ...*

**PELADOSAN SABDA**

*(lenggah)*

PS: (Pandonga Epiklése)

U: (Ngrepèkaken KPJ 199, Lektor mapanaken diri)  
 KPJ 199:1 “MARA SIRA RUNGOKNA“

1. Mara sira rungokna swaranya.  
 Kori thinothok cetha; tilingna!  
 Gusti kang arsa mlebu, mara énggal wengakna!  
 Ywa nganti gawé cuwa; wenganana!

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 25:6-9**  
 Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nampèni waosan kapisan kanthi maos  
**Masmur 114** sinarengan sesautan.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **I Korintus 5:6-8**  
 Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Waosan Injil, saking **Lukas 23:13-49**  
 Mekaten Injiling Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu  
 inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti  
 lan ingkang nindakaken. HALÉLUYA.

U: **(ngrepèkaken HALÉLUYA)**

**Khotbah**

**Wekdal ening**

**Pengakening Pitados Rasuli**

*(jumeneng)*

M3: Sesarengan kaliyan tiyang pitados salumahing bumi ing sedaya papan lan wekdal, kita ngayaraken kapitadosan kita kanthi ngakeni Pengakenin Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken Pengakening Pitados Rasuli)**

**Pandongang Safaat** *(lenggah)*

PS: *(PF mimpin pandonga safaat, kapungkasi pandonga Rama Kawula)*

### **PISUNGSUNG**

M4: Anggèn kita sami saos pisungsung ing pangibadah punika, kita landhesi saking pangandikanipun Gusti lumantar rasul Paulus ing serat Roma 11:36-12:1 ...

U: **(ngrepèkaken KPJ 154:1-2**  
KPJ 154:1-2 “ADRANGING TYAS KULA”

1. Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.  
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

*Reff.:*

Mung punika Gusti, pisungsung kula  
sawetahing gesang, jiwa lan raga,  
wit kula tan darbé bandha kang pengaji  
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula,  
mugi katampia atur kawula,  
mrih gesang kawula kagema Paduka, pirantos sapala.

2. Saiba éndhahing sih-tresna Paduka, Gusti;  
kula kagunganta, Paduka rimati. *Reff....*

**Pandongang Pisungsung** *(lenggah)*

M4: (Mimpin pandonga pisungsung)

### **Kidung Pangutusan**

U: (Ngrepèkaken KPJ 431:1-3 GUSTI ADHAWUH)  
KPJ 431:1-3 GUSTI ADHAWUH

1. Gusti adhawuh yèn kita sami  
kinèn kadya lilin kang amadhangi  
supaya saben wong padhang ing ati,  
wah anggluhuraké Hyang Ma suci.

2. Saka suwarga Gusti mirsani  
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.  
Gusti ya mirsa, apa kita iki  
urip kadya lilin kang madhangi.
3. Ing jagad kéné peteng wurahan  
kebak ing dosa miwah kawusahan.  
Mula payo padha nyunarké cahya  
Injil peparingé Gusti kula.

### **PANGUTUSAN**

PS: Sami wangsula kanthi suka bingah awit ngémot-émot pangandikanipun Gusti. Panjenenganipun badhé ngasta rékonsiliasi ing gesang panjenengan sedaya. Lampahana gesang ingkang tansah kabereg déning dayaning rekonsiliasi dhateng kathah tiyang ing jagad punika. Gusti Allah tansah nyarengi gesang panjenengan, kinanthi berkahipun.

### **BERKAH**

PF: Pangéran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat. Pangéran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: (ngrepèkaken KPJ 460 – TENTREM RAHARJA)  
Tentrem raharja sing Gusti kita,  
tumrah mring kita;  
tentrem raharja sing Gusti kita,  
tumrah mring kita.

[YCK/TJJ]





**BAHAN LITURGI**  
**Minggu Paska kaping-2**  
*Minggu, 16 April 2023*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda  
 M: Pinisepuh/Diaken  
 L: Lektor  
 J: Pasamuwan

**“Karukunaken Lan  
 Katunggilaken  
 Awit Wungunipun  
 Sang Kristus”**



**PACAWISAN**

- Lilin Paska 1 kasumet (werni pethak).
- Sadèrèngipun pangibadah kawiwitan, organis ngungelaken kidung sesambetan kaliyan pangibadah.
- Pasamuwan mendhet wekdal ening sacara pribadi
- Pradata maosaken pawartos pasamuwan, nyumet lilin pangibadah lan 1 lilin malih Paska werni pethak minangka tanda bilih samangké sami lumebet ing Minggu Paska II.
- Loncèng kaungelaken, pratanda pangibadah kawiwitan.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(jumeneng)*

M: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, kita ngunjukaken raos sokur awit wungunipun Kristus sampun mbekta sukabingah lan tentrem rahayu ing manah lan gesang kita. Sumangga kita ngriyadinaken wungunipun kanthi sesarengan ngrepèkaken KPJ 267:2-3

KPJ 267:2,3 “PAMARTA KULA AGESANG”

2. Gesang, Gusti kang wus séda, dènnya gesang krana kula, mila kula puji. Saiba dènnya ngasihi kula ngantos dènparingi gesang langgeng ugi

*Reff.:*

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang

Gesang, gesang, Pamarta kula agesang

3. Tyas kula yoga agirang dé gadhah Pamarta gesang, sung gesang mring kula. Gusti gesang anèng swarga nyawisi papan mring kula, kula ndhèrèk gesang. *Reff.:* ...

(*Pelados sabda lan Pradata mlebet papan pangibadah*)

### VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Paska kaping kalih punika kita sengkeraken kanthi pengaken bilih pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Yéhuwah ingkang nitahaken langit lan bumi tuwin sadaya isinipun, lan ingkang setya netepi janji kawilujengan ingkang sampun dipun wujudaken.

U: (ngrepèkaken KJ 478 a “Amin.. Amin.. Amin..”)

AMIN, AMIN, AMIN

a) do = d - e - f 2 ketuk  
 5 6 ' | 5 6 ' | 5 4 | 3 . ||  
 A - min, a - min, a - min.

(Liturgi Belanda ± 1930)

### SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing para sedhèrèk sadaya.

U: **wonten ing panjenengan ugi.**

### TEMBUNG PAMBUKA

(*lenggah*)

M: Boten wonten satunggaling manungsa saged ngendhalekaken sadaya prekawis ing jagad punika. Sanadyan makaten, manungsa tetep kaatag saged rukun kaliyan dhirinipun lan kiwa tengenipun. Sanadyan bab punika mboten gampang, ananging sejatosipun sanès prekawis ingkang mokal. Kita gadhah kapitadosan lan pengajeng-ajeng dhateng Gusti, ingkang tansah nganthi lampahing gesang kita. Samangké kita sampun karukunaken lan katunggilaken déning wungunipun Kristus. Pramila sumangga kita purun kaagem kanggé mulihaken kawontenan ing sakiwa tengen kita.

### KIDUNG SOKUR

U: (ngrepèkaken KPJ 196:1,2)

KPJ 196:1,2 “KULA PÉNGEN LIR GUSTI”

1. Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati, tandang tanduk lan tembung mraati ngresepi.

*Reff.:*

O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.

Kula mugè winulang, nulad maring Gusti.

2. Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,  
napa kang sunlampahi, nut kasraning Allah. *Reff.:* ...

### **PENGAKENING DOSA**

**M:** Maosaken Markus 12:28-31... Ana para ahli Torèt sing ngrungokaké wawancarané wong-wong Saduki karo Gusti Yésus kuwi. Para ahli Torèt mau ngarani, yèn ngandikané Gusti Yésus bener banget. Dhèwèké banjur matur marang Gusti Yésus: "Angger-angger ingkang wigatos piyambak menika ingkang pundi?" Gusti Yésus ngandika: "Dhawuh sing gedhé dhéwé kuwi mengkéné: 'Wong Israèl, padha rungokna! Ora ana Allah liyané kejaba mung Allah sing kita bektèni. Kowé padha tresnaa marang Gusti Allah kanthi gemblenging atimu lan gemblenging jiwa ragamu, kanthi sakèhing kapinteranmu lan sakatoging kekuwatanmu.' Déné dhawuh sing nomer loro: 'Kowé padha tresnaa marang sapepadhamu kaya enggonmu tresna marang awakmu dhéwé.' Ora ana angger-angger liyané menèh sing gedhéné ngungkuli angger-angger loro mau."

Kita ngrumaosi menawi dèrèng saged nindakaken Pranatan Katresnan kasebat kanthi sampurna. Pramila, sumangga kanthi andhap-asoring manah kita ngakeni dosa lan kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti.

*(Pasamuwan kaparingan wekdal ndedonga sacara pribadi, lalu Pradata nutup ing pandonga).*

### **KIDUNG PANALANGSA**

**U: (Ngrepèkaken KPJ 63:1,2)**

KPJ 63: 1,2 "TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA"

1. Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga.  
Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha.

*Reff.:*

Nyuwun suci, aduh Gusti,

nyuwun suci, nyuwun suci

2. Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi.  
Adhuh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula. *Reff.: ...*

**PAWARTOS SIH-RAHMAT** (*jumeneng*)

PS: Tumrapping sabèn tiyang ingkang kanthi andhap-asoring manah ngakeni sadaya dosa lan kalepetan ing ngarsanipun Gusti, kaparingan sih pangapunten. Pawartos sih-rahmat dinten punika kapendhet saking Roma 6:8-10, ingkang makaten “*Yèn kita wis mati bebarengan karo Sang Kristus, kita precaya, yèn kita uga bakal urip karo Panjenengané. Kita ngerti, yèn Sang Kristus wis kawungokaké saka ing séda. Panjenengané ora bakal séda menèh, sebab pati wis ora ngwasani Panjenengané. Séda sing dialami déning Sang Kristus kuwi séda tumrap ing dosa, mung sepisan waé. Nanging gesangé Sang Kristus saiki, kuwi gesang sing lumadi marang Gusti Allah.*”

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

**U: Puji sokur konjuk Gusti.**

**PITEDAH GESANG ÉNGGAL**

PS: Nampènana pitedah gesang énggal saking Gusti, kadosdéné sinerat wonten Ibrani 12:14-15, ingkang makaten, “*Padha rukuna karo wong kabèh, lan ngudia urip sing suci. Jalaran tanpa mengkono ora ana wong siji waé sing bisa ndeleng marang Gusti Allah. Padha diawas, aja nganti ana wong sing nyingkur sih-rahmaté Allah. Padha sing ngati-ati, aja nganti ana sing dadi kaya thethukulan eri, sing mung gawé susahé wong akèh.*”

Mekaten pitedah gesang enggal saking Gusti.

**U: Puji sokur konjuk Gusti.**

(*Sumangga sami ajawat asta dinarengan ngendika  
“Wungunipun Kristus ngrukunaken kita.”*)

**KIDUNG KESANGGEMAN**

**U: (Ngrepèkaken KPK 183:1 SAOSNA BADANMU)**

KPJ 183: 1 “SAOSNA BADANMU”

1. Saosna badanmu minangka korban kang urip lan suci konjuk mring Pangéran; yéku pangibadahmu tulus satuhu, wit kersaning Allah anèng uripmu.

**PELADOSAN PANGANDIKA** *(lenggah)*

PS: (Ndedonga Epiklèsé, lan para lèktor mapanaken diri)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 2:14, 22-32**

Makaten sabdanipun Gusti.

**J: Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga nampèni waosan kapisanan kanthi maos **Masmur 16** kanthi sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Pétrus 1:3-9**

Makaten sabdanipun Gusti.

**J: Puji sokur konjuk Gusti.**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil saking **Yohanes 20:19-31**

Makaten Injiling Gusti Yésus Kristus. Inggang rahayu inggih punika sadaya tiyang inggang remen mirengaken Sabdanipun Gusti lan tansah dipun gatosaken. Haleluya.

**J: (Ngrepèkaken Haleluya KJ 473 b)**

1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 5 4 | 3 . . ||  
Ha - le - lu - ya, Ha - le - lu - ya, Ha - le - lu - ya!

**KHOTBAH**

**WEKDAL ENING**

**PENGAKENING PITADOS RASULI**

*(jumeneng)*

M: Sumangga kita sesarengan kaliyan umatipun Allah ing wekdal kapengker, sapunika lan ing mangsa ngajeng, ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli srana ngrepèkaken KPJ 122 “KULA PITADOS”

U: **(Ngrepèkaken “Kula Pitados”)**

KPJ 122:1,2,3,4 “KULA PITADOS”

1. Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa; ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.  
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus  
Kang Putra ontang - anting lan kesasih,  
Gusti Pamarta kula.
2. Kang sampun kabobotaken sing kwanané Roh Suci; miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupati:  
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka.
3. Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.  
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
4. Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.  
Patunggilané pra suci, pangapunte ning dosa,  
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

### **PANDONGA SAFAAT**

*(lenggah)*

PS: (Mimpin pandonga safaat kapungkasi Donga Rama Kawula sesarengan)

### **PISUNGSUNG**

M: Sumangga kita atur pisungsung minangka saos sokur awit pakaryan kawilujengan saking Gusti. Dhasaring pisungsung saking Matius 5:23-24, makaten, *“Mulané yèn kowé pinuju nyaosaké pisungsungmu marang Gusti Allah, mangka kowé kèlingan ana sedulur sing lara atiné karo kowé, pisungsungmu tinggalen ing sangareping mesbèh. Wong mau paranana, rukuna dhisik karo dhèwèké, yèn wis banjur balia, nyaosna pisungsungmu.”*

**KIDUNG PISUNGSUNG****U: (ngrepèkaken KPJ 157:1,2,3)**

KPJ 157:1,2,3 “CAOSNA PISUNGSUNG MU”

1. Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.  
Aturna pisungsungmu kanthi suka rena.  
Reff.

Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

2. Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan sarana samubarang saisining bumi,  
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar. *Reff.: ...*

*(jumeneng)*

3. Pisungsung kagem Gusti dadia sarana amrih kratoning Allah énggal kelampahan.  
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring. *Reff.: ...*

**PANDONGA PISUNGSUNG****M:** (Mimpin pandonga pisungsung lan pungkasing pangibadah)**PANGUTUSAN**

**PS:** Kita kautus déning Gusti amrih tansah dados juru pirukun kanggé sadaya titahipun Gusti. Tansaha mbudidaya rukun ing gesangipun piyambak, rukun kaliyan sesami, lan rukun kaliyan kawontenan. Ampun ngantos wonten bebentikan utawi memengsahan. Tansaha gesang kanthi pitados-mitadosi, tresna-tinresnanan, lan tansah sami déné paring panyengkuyung satungal lan satunggalipun. Awit tentrem rahayu ingkang kaparingaken déning Sang Kristus lumantar wungunipun sampun nunggilaken kita.

**KIDUNG PANGUTUSAN****U: (Ngrepèkaken KPJ 445:1)**

KPJ 445:1 “MUGI GUSTI KARSA ANGUTUS”

1. Mugi Gusti karsa angutus utusan kados duk kinanipun,

ing kang ngemban sabdaning Allah  
lan martosken sih piwelasipun,  
supados tyang salumahing bumi  
sami nampia Injil ing Gusti.

### BERKAH

PF: Samangké ngenerna manah panjenengan dhateng Gusti, tansah sumadyaa nindakaken ayahan pangutusan saking Gusti, lan nampenana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat. Pangéran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. *Amin*”.

U: (Ngrepèkaken KJ 478c “Amin.. Amin.. Amin..”)

478. AMIN, AMIN, AMIN

c) do = f      4 ketuk

1 . 2 3 | 4 . 3 . ' | 2 . 1 . ' | 4 . 2 . | 1 . . . . ||

A - - - - - min, a - min, a - - - min.

### KIDUNG PANUTUP

U: (Ngrepèkaken KPJ 459:1)

KPJ 459:1 “PINUJIA ALLAH SANG RAMA“

1. Pinujia Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci;  
purnapa ngabekti anèng gréja, ngrasuk geseang saben ari.  
Reff.

Payo nindakna kang trusing ati  
sabdaning Gusti Sung gesang yekti,  
sinartan déning berkahing Gusti,  
sung sih-rahmat mring sesami.

(Pasamuwan tetep jumeneng dumugi prosesi pasrah tinampi  
Kitab Suci katindakaken)

[FNH/TJ]



**BAHAN LITURGI**  
**Minggu Paska kaping 3**

*Minggu, 23 April 2023*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

U: Pasamuwan

L: Lektor

**Ngènet lan**  
**Ngraos-**  
**Ngraosaken**  
**Wungunipun**  
**Sang Kristus**

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken kidung ingkang mbekta pasamuwan ing swasana pangibadah.
- Pasamuwan mendet wekdal ening
- Pawartosing pasamuwan kawaosaken.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(jumeneng)*

PL: Lumantar wungunipun Sang Kristus, kita kaparingan wekdal kanggé ngraos-raosaken gesang ing mawarni-warni prekawis lan asring damel kaget. Ing salebetipun pangraos kita kaènetaken dhateng Gusti pinangka dhasaring gesang ingkang nyagedaken kita mbudidaya lan lumampah ing pengajeng-ajeng. Panjenenganipun ingkang kamulyakaken sampun, nembé lan badhé tansah makarya sinarengan para titahipun kanggé damel jagad elok lan nengsemaken. Sumangga kita miwiti pangibadah kanthi ngrepèkaken KPJ 338:1 Gréja Prasasat Baita.

KPJ 338:1 “GRÉJA PRASASAT BAITA”

1. Gréja prasasat baita nèng tengah samodra,  
 Kristus kang dadya panutan enering lampahnya.  
 Nadyan tan sepi babaya, ombak, lan prahara,  
 mesthi tulus kang sinedya, gisik ing sampurna,  
 angger tansah tan suwala mring sagung pangrèhnya,  
 temah sembada widada, kalis sing rubéda.

*Rèff.:*

Ayo disetya tulung tinulung tunggal sedya,  
 karya aneng Sang Pamarta ngantos salamina.

**VOTUM**

PS: Kita lumebet ing pangibadah punika kanthi pangaken, bilih pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi sarta sadaya isènipun, ingkang sih-susetyanipun tetep ing salami-laminipun. Amin

U: **(ngrepèkaken Amin, Amin, Amin)**

**SALAM**

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu lan katresnanipun Allah Sang Rama, Sang Putra tuwin Sang Roh Suci wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi**

**TEMBUNG PAMBUKA**

*(lenggah)*

PL: Lampahipun cacah kalih muridipun Gusti Yésus tumuju dhateng Emaus dados bukti bilih Panjenenganipun sampun wungu lan migatosaken saben titah ingkang mbetahaken wekdal supados saged mangertos punapa ingkang sampun kalampahan. Mlampah boten namung sadremi lumampah, ananging ugi dados prastawa kanggé ngèngeti lan negesi pakaryanipun Kristus, ingkang ndadosaken muridipun Gusti Yésus nampèni éwah-éwahaning pamawas. Éwah-éwahan punika ingkang dadosaken kekalihipun sangsaya mangertos, malah kapara sangsaya pitados, neraskan pawartos lan sukabingah bab wungunipun Gusti dhateng kathah tiyang. Dinten punika, kita sami nolèh dhateng dinten-dinten ingkang sampun kelampahan lan kaéngetaken kaliyan Gusti ingkang sampun mlampah sesarengan kita.

U: **(ngrepèkaken KPJ 395:1,2)**

KPJ 395:1,2“SAWATARA AKU NOLÈH”

1. Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati, sihé Gusti kang dak tanpa kanthi éraming ati. Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan, nanging Gusti karsa nuntun. Mulané aku ngungun, wit asta ning Allah ngreksa, temah rumangsa begja.
2. Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya; ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.

Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.  
Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?  
Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

### PENGAKENING DOSA

PL: Dinten punika, kita kaparingan wekdal kanggé mawas dhateng sedaya kalepatan ingkang sampun kita tindakaken ing dinten-dinten kita. Sumangga kita lumebet ing pengakening dosa kanti ngrepèkaken KPJ 60:1,2,3-Pundi Kang Najis.

U: **(ngrepèkaken KPJ 60:1,2,3)**

KPJ 60:1,2,3 “PUNDI KANG NAJIS”

1. Pundhi najis tan kénging mlebet dhateng swarga

Gusti sudi mirsani sabarang kang nistha

*Rèff.:*

Nyuwun suci, adhuh Gusti,

nyuwun suci, nyuwun suci.

2. Kang najis datan tinrimah ngarsané Hyang Sukma.

Adhuh Gusti mugé karsa mbirat dosa kula. *Rèff.:* ...

3. Wit kang najis saged sirna, iba begja kula,

Rahé Gusti kang ngicalken sakathahing dosa! *Rèff.:* ...

PL: Ing winatesing kawontenan, kawula ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti. Mugé kasagedna kawula ngènget sih pangapuntenipun Gusti amrih kawula tansah saged ngenggalaken diri kadosdene ingkang kawucalaken déning Gusti Yésus. Amin.

### PAWARTOS SIH-RAHMAT

*(jumeneng)*

PS: Tumrapping saben tiyang ingkang sampun kanthi andhap-  
asor lan kanthi manah ingkang tulus ngakeni dosa-  
dosanipun, nampenana pawartos sih-rahmat saking Gusti  
Allah miturut 1 Yohanes 1:9: “***Nanging menawa kita  
padha ngakoni dosa-dosa kita marang Gusti  
Allah, Panjenengané bakal netepi janjiné lan  
tumindak adil, temah bakal ngapura sakèhing  
dosa kita, sarta ngresiki sakèhing piala kita.***”

U: **(ngrepèkaken KPJ 65:1)**

KPJ 65:1 “AKU TAN NGRETI MENGKONÉ”

1. Aku tan ngreti mengkoné, mung saderma mlaku.  
 Dudu surya kang dakantu, jer iku bakal sirna.  
 Mengkoné aku tan kwatir, wit Gusti wus prasetya.  
 Lakuku kinanthi Yésus, mula tentrem uripku.  
*Rèff.:*  
 Bab akèh aku tan ngerti, kang bakal dakalami,  
 nging aku yakin sayekti, tasah kinanthi Gusti.

### **PELADOSAN SABDA**

*(lenggah)*

PS: (Pandonga Epiklèsé)

#### Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 2:14, 36-41**

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

#### Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi pangandikanipun Gusti kanthi maos **Masmur 116:1-4, 12-19.**

#### Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Petrus 1:17-23**

Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

#### Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 24:13-35**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ingkang ngestokaken. Haleluya!

U: **(ngrepèkaken Haleluya)**

### **Khotbah**

### **Wekdal ening**

### **Pengakening Pitados**

*(jumeneng)*

M: Sumangga kita sesarengan umatipun Allah ing wekdal kapengker, samangké lan ing salaminipun, angèngeti

pangaken pitados kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken Pengakening Pitados Rasuli)**

**Pandongga Safaat**

*(lenggah)*

PS: (Pandongga safaat)

### **PISUNGSUNG**

M: Sumangga kita saos sokur lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken, kanthi ngènget pangandika ing 1 Babad 16:29, ***“Pujinen Asmané kang mulya, saosana kurban ing Pedalemané. Atimu sucèkna kagem Panjenengané samangsa sujud nyembah ing ngarsané.”***

U: **(ngrepèkaken KPJ 146:1-3)**

KPJ 184:1-3 “SUKUR AKANTHI TULUS”

Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.

Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.

Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.

Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.

Mangkya kang ringkih dadya rosa;

kang miskin dadya sugih.

Sihé Gusti dadya nyata, yekti.

Mangya kang ringkih dadya rosa;

kang miskin dadya sugih.

Sihé Gusti dadya nyata yekti. Sukur!

**Pandongga Pisungsung**

*(jumeneng)*

M: (Mimpin pandonga pisungsung, panutuping pangibadah lan kapungkasi Donga Rama Kawula)

### **PANGUTUSAN**

PF: Mengkera kanthi ngènget lan negesi Kristus ingkang makarya sesarengan kita. Sumendékna sadaya momotaning gesang lan raos kuwatos kita namung dhateng Panjenenganipun, ingkang sampun wungu!

### **Kidung Pangutusan**

U: (Ngrepèkaken KPJ 363:1-2)

KPJ 363:1-2 “KATHAH TYANG KANG REBATAN”

1. Kathah tyang kang rebatan drajad lan kamulyan.  
nggih sami kami tégan, ngurbanken mring liyan.  
Nanging tiyang kang pracaya ngèngeti sesami;  
panjang kakaudianut pangreh ing Gusti,
2. Kathan tyang kang rebatan saliring pangwasa  
silih damel sangsara, nyenyebar cintraka.  
Nanging tiyang kang pracaya mbabar sih wilasa;  
ngambah margining Allah, anglantarken berkah

PS: Ngenerna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: Dadosa seksinipun Kristus

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

PS: Pinujia Gusti!

U: **Samangké dumugi selamanipun**

### **BERKAH**

PS: Nampenan berkahipun Gusti

Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin

U: (*ngidungaken*) *Hosiana (5X), Amin (3x)*

[APD/TJ]



**BAHAN LITURGI**  
**Minggu Paska kaping 4**  
*Minggu, 30 April 2023*

Katrangan:

PS: Pelados sabda  
 M: Majelis  
 U: Umat  
 L: Lektor

**Dipun Engèn  
 kanggé  
 Mulihaken lan  
 Ngrukunaken**  
 ☪☪☪

**PACAWISAN**

- Organis/pianis mungelaken kidung ingkang jumbuh swasana pangibadah.
- Pasamuwan mendet wekdal ening.
- Pawartos pasamuwan kawaos.

**TIMBALAN PANGIBADAH**

*(jumeneng)*

M1: Pinujia Juru Pangèn kang Utami ingkang sampun maringaken sih-rahmat gesang langgeng kanggé kita. Tansaha ngucap sokur lumantar pepujèn! Gesanga ing margining sih katresnanipun Gusti!

Sumangga pujèkna Haleluya kanggé Gusti kita!

KPJ 476:1 “PUJI GUSTI! HALÉLUYA!”

Puji Gusti Haléluya

Puji Gusti Haléluya!

Puji Gusti, Puji Gusti! Haléluya!

Puji Gusti! Haléluya!

Puji Gusti! Haléluya!

Puji Gusti, Puji Gusti! Haléluya!

Puji! Haléluya! Puji! Haléluya!

Puji Puji, Haléluya!

Puji Puji, Haleluya!

Puji Gusti Haleluya!

**VOTUM**

PS: Pitulungan kita ingkang sanyata menika Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, tuwin ingkang setya netepi prajanjining kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken déning Panjenenganipun.

U: **(ngrepèkaken Amin, Amin, Amin)**

**SALAM**

PS: Gusti nyarengi panjenengan sadaya!

U: **Nyarengi panjenengan ugi**

**TEMBUNG PAMBUKA**

*(lenggah)*

M2: Juru Pangèn tansah wonten ing lampahing gesang kita, saé nalika ing pasuketan ingkang ijo nengsemaken, utawi nalika mlampah ing jurang palimenganing pati. Juru Pangèn tansah lumampah ing sangajenging kita minangka pangarsa lan nampik sedaya pepalang.

Saosa sokur kanggé sih kasetyanipun Gusti kanggé kita ingkang ringkih lan sayah punika.

U: **(ngrepèkaken KPJ 211:1-3)**

KPJ 211:1-3 “YÉHUWAH PANGÈNKU”

1. Yéhuwah Pangènkु, aku rinimat;  
wah dènplégungaké nèng pasuketane,  
dèn giring mring toya ngenggon kang tentrem.
2. Nadyan ngambah jurang telenging pati,  
kula tan sumelang, Gusti nganthi kula.  
Kakwatan Paduka, nglipur kawula.
3. Saèstu kabegjan miwah kadarman,  
ngiring lampah kula, slami kula gesang.  
Kula badhé manggen ing Kraton Swarga.

**PENGAKENING DOSA**

PS: Juru Pangèn sampun nebus dosa kita. Pajenenganipun sumadya nggentosi papan kita ing salib. Katresnanipun tanpa winates. Gusti tansah ngrangkul sadaya kasèkèngan kita.

Sumangga kita ngrumaosi bilih gesang kita kadosdéne cempé-cempé ingkang boten saged njagi dhirinipun. Roh

Suci ingkang tansah ngreksa kita. Sumangga kita ndedonga sacara pribadi, nyuwun sih pangapunten karana lampah kita asring mimpang saking marginipun Gusti.

U: **(ngrepèkaken KPJ 64:1-3)**

KPJ 64 – “WONG DOSA REMPU ATIMU”

1. Wong dosa rempu atimu, nlangsanana dosamu.  
Mbok ya ngungsia mring Gusti, mesthi kinarya suci.  
Rèff.:  
Gusti nimbali sira, rungokna ta sabdanya,  
pasraha jiwa raga.
2. Hé, wong kang ilang kesasar, saparanmu kapirsan.  
Gusti nglari lan nimbali, bakal karsa nulungi. *Rèff.: ...*
3. Gusti kwasa, mahamirah nresnani sagung jalma.  
Mula dèn énggal mareka, mesthi tan nampik sira.  
*Rèff.: ...*

**PAWARTOS SIH-RAHMAT**

*(jumeneng)*

PS: Gusti tansah ngulungaken Astanipun lan ngrangkul kita, pramila sumangga kita nampèni pawartos sih-rahmat lan pitedah gesang énggal saking Gusti, “**Awit saka gedhéning sih-katresnané Gusti Allah marang jagad, nganti Panjenengané ngurbanaké Putrané ontang-anting, supaya saben wong sing precaya marang Sang Putra mau ora nemu karusakan, nanging ngalamana urip langgeng**” (Yohanes 3:16), “**Sarèhné semono gedhéning sih-rahmaté Gusti Allah marang kita, para sedulur, mulané kowé padha nyaosna badanmu dadi kurban sing urip kagem Gusti Allah, kanggo ngladosi pakaryané, kang gawé renaning penggalihé. Ya sing kaya mengkonono kuwi patrapé enggonmu ngibadah**” (Roma 12:1).

U: **(ngrepèkaken KPJ 78:1-3 ‘IBA BEGJAKU)**

KPJ 78:1-3 “IBA BEGJAKU”

1. Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;  
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Rèff.:

Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya

Aku memuji klayan rena,  
nggunggung asmané salamanya

2. Lamun pasrahku trusing kalbu, temah sampurna kabungahanku.

Pra malaékat asung puji,  
samnya ngungdhangken sihing Gusti. *Rèff.:* ...

3. Dakaturaké jiwa-raga marang Gustiku, atiku lega, klayan anganthe sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté. *Rèff.:* ...

### PELADOSAN SABDA

(lenggah)

PS: (Pandonga Epiklèsé)

U: (Ngrepèkaken KPJ 192, Lèktor mapanaken diri)  
KPJ 192:1-2 “ISINING KABAR KABINGAHAN”

1. Isining kabar kabingahan winangsit ken déning Pangéran,  
dadya srana paring piwulang margining kautaman.  
Rèff.:

Dimèn tyang pitados tansah arumantos  
mbangun turut Gusti, nresnani sesami

2. Tyang lepat winelèhken samya  
déning sabdaning Kang Makwasa;  
tyang dosa kang samnya mratobat  
anampèni sih -rahmat. *Rèff.:* ...

### Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Lelakoné Para Rasul 2:42-47**  
Mekaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

### Masmur Tanggapan

L2: Masmur tanggapan ing dinten punika kita waos saking  
**Masmur 23** kanthi sesautan.

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **1 Petrus 2:19-25**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yohanes 10:1-10**

Makaten Injiling Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ngèstokaken. HALÉLUYA.

U: **(ngrepèkaken HALÉLUYA)**

**Khotbah****Wedal ening****Pengakening Pitados**

*(jumeneng)*

M3: Sesarengan umatipun Gusti Allah ing sadaya wekdal, sumangga kita mratélakaken sahadat kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: ***(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)***

**Pandongga Safaat**

*(lenggah)*

PS: (Mimpin pandonga safaat)

**PISUNGSUNG**

M4: Kadosedéné sih-katresnanipun Gusti ingkang tansah ngreksa kita, sumangga kita saos sokur awit kacekapan ingkang pinarengaken déning Gusti ing gesang kita. Sumangga anggenipun kita atur pisungsung kadasaraken sabdanipun Gusti ing 1 Tesalonika 5:18 demikian ***“Padha saosa sukur ing sadhéngah kaanan. Kaya mengkono kuwi sing dikersakaké déning Gusti Allah ana ing patunggilané Gusti Yésus.”***

U: **(ngrepèkaken KPJ 164 Klawan BUNGAH MUJI)**

KPJ 164:1-3 “Klawan BUNGAH MUJI“

1. Klawan bungah muji nggonku ngaturaké pisungsung mring Gusti, nadyan sepélé.

2. Pira kacuwane Gusti mirsani,  
kang dak aturaké kalawan bekti
3. Aku sru kepéngin bisaa tansah  
males katresnané Pangéran Allah!

### **Pandonga Pisungsung**

*(jumeneng)*

M4: (Mimpin pandonga pisungsung, pungkasaning pangibadah lan pandonga Rama Kawula)

### **Kidung Pangutusan**

U: (ngrepèkaken KPJ 102:1-3)

KPJ 102:1-3 “ALLAH YÉKU PANGÈN KULA”

1. Allah yéku pangèn kula kang gung sihtresnanya.  
kula tansah rinimatan sarana gung kadarman.
2. Kula tansah dèn ayomi, mila ayem yekti;  
tinuntun ing margi adi, wit asmané Gusti.
3. Kula tan ajrih bilai, wit kinanthi Gusti;  
wah lestantun pangreksanya, temah kula begja.

### **PANGUTUSAN**

PS: Mengkera kanthi bingah. Tansah émuta pitulunganipun Gusti ing satata gesang panjenengan. Tansah nampenana pangèngènipun Gusti ing sadengah gesang panjenengan. Dadia pakempalan ingkang sumadya ngengèn-ingengèn ing katresnan. Tansah mberega ing sadengah tiyang, ngrembakakna patunggilan lan mawartosaken Injiling Gusti.

### **BERKAH**

PF: Pangéran Yehuwah mberkahi panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yehuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yehuwah nungkulaken wadananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: (ngrepèkaken KPJ 102:4-5)

KPJ 102:4-5 “ALLAH YÉKU PANGÈN KULA”

4. Nadyan sinatru ing mengsah, nging tatag ing manah;  
Allah nglubèrken sih-rahmat, berkahnya tan kendhat.

5. Kula rinoban kabegjan salaming gesang,  
saha manggèn lan memuji ing dalemé Gusti.



[KD/TJ]



## BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang  
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah  
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun  
pasamuwan piyambak-piyambak*



**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI**  
*Ngraos-raosaken*  
*Lelampahnipun Yesus*

---

Waosan:  
 Matius 4:1-11

**Sampun Ngantos**  
**Gampil Kapéncut**



**Panuntun**

Kita asring mireng tetembungan ing salebeting basa Indonesia ingkang mungel: “*harta, tahta, dan wanita*”. Mesthi kémawon tetembungan punika lair kanthi alesan-alesan ingkang dados dhasaripun, saé adhedhasar pengalamnipun warga masyarakat ingkang ngugemi tetembungan kalawau, utawi adhedhasar warisan budaya kapengker, punapa déné adhedhasar panalitnipun tiyang sanès. Pirembagan ngéngingi “bandha”, asring taksih kita pireng ing wekdal punika. Makaten ugi pirembagan bab “tahta” (dhampar kamulyan) ugi asring taksih kita pireng. Mboten béda ugi pirembagan ing bab sesambetan ing antawisipun jaler lan èstri ingkang asring dipun awisi, ugi taksih asring kapireng ing salebeting pasrawungan, malah ugi ing salebeting sarana-sarana panyebaran warta sosial (media-media sosial), warta ing antawisipun para “artis” lan sapanunggilanipun. Kathah tiyang ingkang dhumawah ing tindak lepat (nalingsir) awit namung mburu raja brana, kados ta korupsi, ngapusi, ngantos ngrampas darbèkipun asanès (ngrampok). Makaten ugi ing bab: “panguwasa” (tahta); kathah ingkang mburu panguwasa kalawau kanthi migunakaken sadaya cara lan sarana, wiwit saking ingkang saé lan leres, ngantos dumugi cara lan sarana ingkang awon, kados, upaminipun, ngorbanaken utawi nyingkiraken tiyang sanès, ngecakaken politik SARA, ingkang naté ngebaki wartos ing koran-koran lan sarananing wartos sanèsipun. Gesanging bebrayatan ugi kathah ingkang risak awit wontenipun “pria utawi wanita simpenan sanèsipun”.

Menawi kita sami migatosaken pawartos-pawartos ingkang makaten kalawau, tuwuh pamanggih bilih ing salebeting gesang padintenan punika, tetéla sampun kathah tumindak-tumindak ingkang nyimpang saking paugeraning pitados dhumateng Gusti, dhateng brayat, punapadéné dhateng bangsa lan malah dhateng gesang punika piyambak. Panyuraosing Kitab Suci ing wanci punika, ngajak kita sadaya kanggé ngraos-raosaken kasetyanipun Gusti Yésus dhumateng Sang Rama. Panjenenganipun punika saèstu dados modhèl tumrap kita sadaya ingkang sami dados pandhèrèkipun.

### **Panyuraos cekak Matius 4: 1 – 11**

Injil Matéus 4: 1-11 nyariosaken bab pacobèn ing ara-ara samun, ingkang kedah dipunlampahi déning Yésus. Ing salebeting Injil punika, dipunpangandikakaken bilih: “Yésus katuntun déning Roh menyang ing ara-ara samun, supaya kagodha déning Iblis”. Kanthi migatosaken ayat punika, katingal bilih Roh mbekta Yésus tumuju dhateng ara-ara samun lan nglilani Iblis nggodha Panjenenganipun. Menawi kita suraos kanthi lebet, ayat punika nélakaken bilih Roh kanthi sengaja masrahaken Yésus dhumateng Iblis supados kagodha.

Yésus nglampahi pasa sekawan dasa dinten sekawan dasa dalu laminipun. Punika kalampahan ing tengah-tengahing ara-ara samun ingkang sepi, garing, bentèr, kedah ngraos luwé lan ngelak. Inggih ing salebeting kawontenan ingkang makaten kalawau, Iblis ndhatengi Yésus lan wiwit nindakaken pangodha-panggodhanipun.

Panggodha ingkang katujokaken dhumateng Yésus punika, ngènetaken kita sadaya bilih mboten wonten manungsa satunggal kémawon ingkang uwal saking satunggiling pacobèn ing gesangipun. Pacobèn ingkang makaten punika saged ngeneraken manungsa tumuju dhateng lampah ingkang awon utawi mboten saé. Wonten ungel-ungelan: “lampah awon kaleksanan mboten karena dipun péngini ananging karena wonten kalodhangan”. Punika nedahaken bilih wontenipun pacobèn, asring damel manungsa langkung remen nindakaken lampah ingkang awon awit kapécut utawi kagodha nampi kawontenan ingang langkung ngremenaken manah, ingkang cepet, gampang lan “katingal” saé kanggé dhiri pribadinipun.

Ing panggodha ingkang wiwitan, Iblis matur: “Manawi Panjenengan Putraning Allah, sumangga séla-séla punika Panjenengan sabdakaken dados roti”. Pacobèn punika ngèngetaken Yésus bilih Panjenenganipun pancèn nggadahi panguwasa ingkang makaten punika. Karana Iblis mangertos, mila lajeng ngèngetaken: punapa sanès bab punika ingkang dados kabetahan wiwitanipun Yésus? Kabetahan kajasmanèn: tetedhan, unjukan lan sapiturutipun. Ing salebeting gesang kita, pacobèn ingkang makaten punika inggih asring kelampahan. Punapa malih kabetahan kajasmanèn punika pancèn mujudaken kabetahan ingkang paling utami. Purun mboten purun, sadaya kabetahan punika kedah cumawis. Menawi Iblis ngrimuk (membujuk) Yésus kanggé nyabda séla dados roti, ateges Iblis atur pamrayogi ingkang saèstu ngédab-édabi. Nanging dhumateng pamrayogi ingkang makaten punika, Yésus paring wangsulan: “Uripé manungsa iku ora mung saka roti baé, nanging saka sakabèhing sabda kang miyos saka ing lésaning Allah”. Sarana pangandika punika Gusti Yésus ngèngetaken kita sadaya, bab punapa ginanipun kacekapan ing sadaya tetedhan lan ombèn-ombèn dalah sadaya kabetahaning gesang, nanging kécalan kadrajaning gesang amargi lampah ingkang awon? Kanthi panguwasa ingkang dipundarbèni, Yésus mboten naté nindakaken kaéraman mligi namung kagem kamulyanipun piyambak.

Panggodha ingkang kaping kalih: Yésus kainggahaken wonten ing nginggil payonipun Padaleman Suci. Kathah tiyang ingkang nepsiraken payonipun Padaleman Suci punika Yérusalèm. Yérusalèm punika dados pusatipun gesanging agami tiyang-tiyang Yahudi. Ing salebeting Padaleman Suci punika padatanipun satunggiling imam badhé ngladosaken khotbah lan sagung umat sami mirengaken. Iblis matur: “Manawi Panjenengan Putraning Allah, sumangga kula aturi anjlog mangandhap, awit wonten seratan makaten: Pangéran bakal ndhawuhi para malaékaté tumrap sira, sarta sira bakal ditadhahi ing tangané, supaya sikilira aja nganti kesandhung ing watu”. Menawi Yésus karsa nindakaken panyuwunan punika, Panjenenganipun mesthi badhé dados paraga karohanèn ingkang kawentar lan kasubya-subya déning tiyang kathah. Panjenenganipun badhé kaanggep sampurna. Nanging

panggodhanipun Iblis kalawau dipunwangsulni sarana ngandika: “Ana manèh tulisan mangkéné: Sira aja nyoba Pangéran Allahira”. Ing babagan punika Yésus mboten badhé nyobi Gusti Allah sanadyan Allah sampun prajANJI badhé tansah paring pangayoman”. Gusti Yésus mboten karsa dados kawentar minangka Sang Mesih namung karena mamèraken panguwasa adi, awit sadaya punika saged kémawon dipun anggé déning Iblis kanthi sedya ingkang awon kados ing salebeting pacobèn ingkang kalampahan.

Iblis lajeng mbekta Yésus dhateng sainggiling gunung ingkang saèstu inggil lan nedahaken dhateng Panjenenganipun sadaya karaton ing jagad, kanthi sadaya kaéramanipun. Sadaya kaéraman lan kaéndahanipun jagad punika kathah dipun padosi déning manungsa. Iblis matur: “Punika sadaya badhé kula caosaken dhateng Panjenengan, anggeripun Panjenengan sumungkem sujud dhateng kula!”. Punapa ingkang dipuntawèkaken déning Iblis punika pancèn saèstu nengsemaken sanget. Iblis badhé nyukakaken punapa kémawon dhateng sedaya tiyang, jumbuh kaliyan pepénginanipun sauger purun sujud nyembah piyambakipun. Nanging Yésus mboten kodal déning panyobinipun Iblis. Malah Panjenenganipun ngandika: “Ana tulisan mangkéné: Pangéran Allahira kang kudu sira sembah, lan Panjenengané piyambak kang kudu sira abektèni!”.

Ing pérangan wekasan punika Injil Matéus ngandharaken: “Iblis banjur lèngsèr saka ing ngarsané Gusti Yésus; lah ing kono tumuli ana malaékat-malaékat kang padha sowan lan ngladosi Panjenengané”. Para malaékat punika ngladosi Yésus amargi Panjenenganipun saged nanggulangi panggodhanipun Iblis.

Punapa ingkang dipuntindakaken déning Yésus saèstu cengkah kaliyan punapa ingkang dipun tindakaken déning Adam lan ibu Khawa (kacundhukna kaliyan cariyos ing Purwaning Dumadi bab 3). Nalika sami-sami ngadhepi pacobèn, Yésus kanthi trewaca lan cetha ngandika bilih manungsa kedah sumuyud sujud namung dhumateng Allah lumantar sadaya sabdanipun ingkang sinabda. Déné Adam lan ibu Khawa taksih nimbang-nimbang, lan anyang-inganyang ngantos sami ningali, punapa ingkang dipun tawèkaken déning sawer punika saèstu

saé lan ngremenaken manah. Adam lan ibu Khawa ngantos kesupèn bilih kekalihipun kedahipun sami setya tuhu dhateng Sabdanipun Allah.

Kalamangsanipun, kanggé nindakaken punapa ingkang leres, jumbuh kaliyan karsanipun Allah, manungsa asring dipunaben-ajengaken kaliyan kawontenan ingkang kebak panandhang lan mboten ngremenaken manah, utawi pilihan ingkang mboten gampil kapilih, kados kawontenanipun Yésus nalika ngraosaken luwé. Nanging punapa kémawon ingkang kalampahan salebeting panggodha, Yésus tetep sembada setya tuhu sumuyud sujud wonten ig ngarsanipun Alah lan mboten gampil kapécut utawi kagodha déning pamblithukipun Iblis. Pangandika wekasan ingkang dipundhawuhaken: *“Pangéran Allahira kang kudu sira sembah lan Panjenengané Piyambak kang kudu sira abektèni”*.

### **Ngraosaken Pangandika Sangsaya Lebet:**

1. Manungsa tansah dipunaben-ajengaken kaliyan salah satunggiling tetembungan: “harta, tahta, wanita”. Kanggé para siswa ing sekolahan, wonten iming-iming kanggé nurun kanca, sadremi pikantuk biji ingkang saé. Punapa prekawis ingkang makaten punika taksih kalampahan ing wanci punika. Paringa katerangan cekak bab punika (saged maringi sawetawis conto ingkang umum, jumbuh kaliyan kawontenan ing wekdal samangké tanpa njeksani tiyang sanès).
2. Nalika nyatanipun manungsa mboten saged uwal saking sawernining panggodha, pasinaon punapa ingkang saged kita pethik saking cariyosipun Adam lan ibu Khawa, punapa déné saking lelampahanipun Gusti Yésus ingkang kagodha ing arara samun?
3. Patrap ingkang leres ingkang kados pundi nalika manungsa nembé ngadhepi panandhang, supados mboten damel keputusan ingkang sembrana, lan dhumawah ing salebeting gesang mboten setya tuhu dhumateng Gusti ?



**BAHAN  
PANYURAOS KITAB SUCI**

Waosan:  
Purwaning Dumadi 33:1-20

**“Mitra ing  
Salebeting  
Kawontenan  
ing kang  
Nguwatiraken”**



**Panuntun**

Memitran, biasanipun kabangun adhedhasar ancas tujuan lan paédah ing kang sami, ing kang kaajeng-ajeng. Nadyan makaten, kita ugi prelu sinahu dados mitra ing salebeting kawontenan gesang ing kang nguwatiraken. Kathah tiyang ing kang ngadhepi kanyatan bilih mitra punika pinanggih namung nalika kawontenan nembé saé kémawon, lan ing kawontenan ing kang makaten punika, jumlahipun tiyang ing kang purun memitran kapara tambah kathah. Kosokwangsulipun, nalika nembé ing salebeting kawontenan ing kang kebak panandhang, ngadhepi kawontenan ing kang nguwatiraken, para mitra kalawau saged kémawon lajeng sami késah. Ing salebeting panyuraos Kitab Suci samangké, kita sami kaajak saged dados “mitra ing salebeting kawontenan ing kang nguwatiraken”.

Kawontenan gesang ing kang nguwatiraken punika saged arupi manéka-warni kawontenan, kados ta: mboten gadhah utawi kekirangan arta, kawontenan keséhatan ing kang nguwasaken, gesang karohanèn ing kang ugi nguwasaken, punapa déné gesang kajiwan ing kang ugi nguwasaken. Wekdal samangké, kita badhé sesarengan ngraos-raosaken kawontenan gesang kajiwan ing kang nguwasaken. Punapa èstunipun ing kang winastan gesang kajiwan ing kang séhat punika (kesehatan mental). Gesang kajiwan ing kang séhat inggih punika kawontenan gesang ing kang ing mriku saben pribadi ndarbèni raos ayem tentrem, ing kang kacetha anggènipun sami ngrumaosi kasagedanipun piyambak dalah saged ngatasi sadaya prekawising gesang umumipun, ing sadaya kawontenaning

gesang, saged nindakaken jejibahaning karya ingkang ngasilaken woh ingkang migunani kanggé atur panyumbang dhateng masyarakatipun.<sup>1</sup>

### **Tataran 1:**

Para panyuraos sami kaajak mangertosi maknanipun tembung “kesehatan mental” sarana maspadakaken ciri-ciri wontenipun gangguan méntal punapa déné ciri-ciri mental ingkang séhat.

Ing wekdal samangké, keséhatan mental ingkang nguwasaken kathah dipun panggihi saé ing kalanganipun para wanita punapa dene kakung, tiyang sepuh, dhéwasa, malah ugi laré remaja punapa déné laré-laré. Gambaran punapa kémawon ingkang saged dipun pirsani wontenipun gangguan keséhatan méntal? Paling mboten saged kita tingali saking:<sup>2</sup>

- Wontenipun éwah-éwahan ing tandang tanduk
- Wontenipun éwah-éwahan ing karsa
- Ngraos angèl nggelengaken pamikir
- Kécalan bobot badan ingkang mboten limrah
- Nyakiti dhiri pribadi
- Thukulipun manékawarni sesakit
- Tansah ngraos kuwatir

Déné ciri-ciripun méntal ingkang séhat inggih punika:<sup>3</sup>

- Ngraos begja lan ndarbèni sikep ingkang saé dhumateng dhiri pribadi lan saged ngraosaken kabingahaning gesang
- Sagah gumrégah malih saking kawontenan gesang ingkang njèngkèlaken lan nguciwani

---

<sup>1</sup> Kapethik saking laman web:

[https://yankes.kemkes.go.id/view\\_artikel/362/mengenal-pentingnya-kesehatan-mental-pada](https://yankes.kemkes.go.id/view_artikel/362/mengenal-pentingnya-kesehatan-mental-pada)

remaja#:~:text=Kesehatan%20mental%20merupakan%20kondisi%20odimana,menghasilkan%2C%20serta%20mampu%20memberikan%20kontribusi

<sup>2</sup> Idem

<sup>3</sup> Idem

- Ndarbèni sesambetan ingkang saé kaliyan sadaya warga brayat lan ugi para kanca (boten rumangsanan, boten gumedhé, utawi tansah serik dhateng asanès)
- Tansah olah krida lan nedha tetedhan ingkang séhat
- Tumut cawé-cawé ing bot repoting sesami
- Mangertosi punapa ingkang sampun kagayuh
- Saged ngénggar-énggar manah lan tilem kanthi sekéca
- Ngrumaosi sreg wonten ing tengah-tengahing masyarakatipun

### **Tataran 2:**

Kathah tiyang ingkang nggadahi pamanggih bilih sarana suka-rena, kekésahan ing papan-papan wisata, lan sapiturutipun saged nyarasaken gangguan mental ingkang nguwatosaken. Awit saking punika warga masyarakat asring nyebat “wisata” minangka “nyarasaken”. Papan wisata pancèn saged dados sarana sarasipun gangguan méntal, namung kémawon, ingkang paling utami mboten sanès kajawi wontenipun kawigatosan lan greget kanggé mirengaken lan nuwuhaken raos pitados dhateng dhiri pribadi.

### **Tataran 3:**

Maosa kitab Purwaning Dumadi 33:1-20 kanthi tiliti lan sabar, resepana saben tembung ingkang sinerat wonten ing ayat-ayat nginggil. Ugi kejingglengana raos memengsahan ing salebeting batinipun Yakub nalika pepanggihan kaliyan Ésap.

Nalika nembé wonten ing salebeting raos memengsahan, raosing manah punika paribasanipun nembé ngadhepi prekawis ingkang wengis. Wusananipun, manah ngraos mboten sekéca babar blas. Raos cecongkrah, memengsahan lan sapiturutipun saged ngrisak keséhatan méntal. Yakub ingkang nembé memengsahan kaliyan Ésap, ngantos nilar kulawarganipun mataun-taun laminipun. Yakub piyamak manahipun tatu, lan ugi natoni manahipun kulawarganipun. Ing salebeting pangungsèn, piyambakipun ngraos sedhilih kalangkung. Sadaya ingkang katindakaken ing salebeting raos sedhilih kalangkung makaten punika, mboten anjalari manahipun marem dhateng sadaya asiling karya ingkang sampun katindakaken. Ing

salabeting manahipun mboten wonten raos bingah. Piyambakipun ngalami gesang ingkang saèstu nguwatiraken.

Sasampunipun Yakub pepanggihan kaliyan Allah, tékadipun kanggé pinanggih Ésap sangsaya golong gillig. Pepanggihanipun kaliyan Allah anjalari piyambakipun saged rukun malih kaliyan dhiri pribadinipun (wonten kekiyatan ing salebeting manahipun), rukun kaliyan Allah lan ugi rukun kaliyan sesami (Ésap). Wonten ing dinten ingkang sampun katetepaken, Yakub lumampah wonten ing garis wingking piyambak, sasampunipun kalih abdi wanitanipun, sémah lan anakipun. Ésap, kamasipun, ingkang 20 taun kapengker dipun apusi, lan njalari kekalihipun sami memengsahan, mapag dhatengipun adhikipun kanthi kairing déning 400 tiyang. Punika anjalari Yakub ngraos ajrih, awit nginten menawi kamasipun badhé nindakaken tumindak ingkang nggegirisi. Nanging raos ajrih punika jebul lepat, awit Ésap nganthi 400 tiyang punika tetéla kanggé nampèni kanthi raos bingah dhateng praptanipun ingkang rayi Yakub.

Ing ngarsanipun Ésap, Yakub sujud ngantos kaping 7. Punika katindakaken minangka wujud ing pangakening kalepatan dalah panyuwunan pangapunten. Punapa ingkang wusananipun katindakaken déning Ésap saèstu prekawis ingkang babar blas mboten kanyana déning Yakub. Ésap ngrangkul adhikipun lan kekalihipun sami nangis sesenggukan. Anggènipun Yakub nyuwun apunten katampi déning Ésap. Raos memengsahanipun Ésap sampun sirna, malah wiwitanipun, pisungsikipun Yakub awujud sato kéwan dhateng Ésap, dipun tampik. Nanging karena Yakub adreng anggènipun kepéngin atur pisungsiung minangka wujud ing raos pamaturnuwun awit sampun pikantuk sih kawelasan saking kamasipun, Ésap lajeng purun nampèni pisungsiung kalawau, kanthi trenyuhing manah.

Inggih punika caranipun Yakub ngaturi Ésap, kanthi ngginakaken tembung “tuwan”. Kénging punapa makaten? Punika nedahaken andhap asoring manahipun Yakub dhumateng Ésap, supados kanthi makaten piyambakipun katampi déning Ésap. Namung kémawon Ésap nampik sebatan punika. Ésap tetep nyebat Yakub adhiniipun. Pangapunten ingkang dipun lairaken déning Ésap dhateng Yakub sampun

mulihaken malih sesambetan pasedhèrèkan ingkang sawatawis dangu risak.

Ing salebeting pepanggihan punika, Yakub nyeksèni pasuryanipun Allah wonten ing Ésap (33: 10). Yakub mboten ningali malih Ésap kanthi pasuryan ingkang sangar (kados juru bedhag), nanging kosok-wangsulipun ningali pasuryan ingkang nedahaken raos welas asih kebak raos pasedhèrèkan ingkang mbingahaken manahipun Yakub. Kanthi makaten ing salebeting lampah salajengipun ngiringaken Ésap, Yakub ngadegaken satunggiling mezbah ing Sikhem lan katengeran nama “Allah punika Allahipun Israèl”. Allah ingkang sawatawis wekdal kapengker sampun manggihi piyambakipun ing Pnièl, kanthi bleger tiyang jaler ingkang gelut kaliyan piyambakipun, samangké manggihi dhiri pribadinipun lumantar Ésap lan kanthi sami rerangkalan minangka pratandha pulihpun karukunan ingkang swaunipun sampun risak.

Kados déné Yakub lan Ésap sami apunten-ingapuntenan, satemah sesambetan pasedhèrèkanipun kapulihaken malih, sampun samesthinipun manawi para tiyang pitados dhateng Gusti ugi nindakaken tumindak ingkang sami. Sami apunten-ingapuntena awit sadaya kalepatan ingkang pinanggih, satemah sesambetaning pasedhèrèkan badhé tetep kajagi lan kaanyaraken. Pulihipun sesambetan ing antawisipun sesami ndamel raosing manah tentrem kebak kabingahan. Katentremaning manah, nuwuhaken kakiyataning gesang kajiwan kita (kesehatan mental). Gesang kajiwan ingkang séhat kawiwitan saking manah ingkang kebak raos panarimah, pangapuntenan lan pangucap syukur.

#### **Tataran 4:**

Gambaran cariyos ing ngandhap punika saged dados pambukaning pirembagan salajengipun:

Ing satunggiling drama urutan ingkang asesirah “The Crown” (makutha), kacariyosaken bab gesanging brayat kraton Inggris wiwit raja George VI ngantos dumugi ratu Elizabeth II. Saben pribadi warganing brayat kraton, pikantuk wekdal kanggé ngandharaken gesang pribadinipun piyambak-pyambak. Salah satunggiling pribadi ingkang kaandharaken lelampahan gesangipun inggih punika Pangéran Philip, garwanipun ratu

Elizabeth II. Ing salah satunggiling pérangan cariyos kanthi irah-irahan: “Debu Bulan” kacariyosaken bilih Astronot Amerika cacah tiga inggih punika [Neil A. Armstrong](#), [Michael Collins](#), lan Edwin E. Aldrin Jr., saged dumugi ing rembulan. Pangéran Philip éram sanget dhateng lelampahan punika. Pangéran Philip piyambak ingkang sampun ngancik yuswa tengahan, ngrumaosi dèrèng saged ngasilaken gegayuhan punapa-punapa. Piyambakipun kepéngin sanget saged ngasilaken gegayuhan ageng ing salebeting gesangipun.

Nalika semanten, gesang karohanènipun Pangéran Philip kacariyosaken nembé kirang saé. Piyambakipun awis sanget tumut pangibadah Minggu, awit ngraos bosen dhateng sadaya upacara pangibadah lan peladosaning pangandika. Pangéran Philip langkung remen nindakaken prekawis sanès katimbang sesarengan kaliyan brayatipun dhateng papan pangibadah. Nyeksèni kawontenanipun garwanipun, ratu Elizabeth II lajeng nggantos Diaken pangarsaning peladosan ing Kapel Wetminster, papan ing ngriku padatanipun brayat kraton sami nindakaken pangibadah. Punika katindakaken déning ratu Elizabeth II kanthi pangajab badhé wonten swasana anyar tumrap brayat kraton, mliginipun kagem Pangéran Philip. Diaken pangarsa ingkang énggal inggih punika Diaken Robin Woods. Pangéran Philip piyambak èstunipun mboten remen dhateng Woods lan sadaya prekawis ingkang magepokan kaliyan prekawis-prekawis karohanèn. Pamanggihipun Pangéran Philip, tiyang-tiyang ingkang sami ngugemi satunggiling agami punika èstunipun mujudaken pakempalanipun tiyang ingkang njelèhi lan bodho lan mboten badhé saged ngasilaken gegayuhan punapa-punapa.

Satunggiling dinten, Diaken Robin Woods nyuwun palilah dhateng Pangéran Philip supados saged migunakaken salah satunggiling griya kraton ingkang padatanipun kanggé ngaso, inggih punika griya St. George, kanggé papan pakempalanipun para pandhita lan diaken sami pirembaran. Pangéran Philip maringaken palilhipun. Tamu kinormatan ingkang wiwitan dipun aturi rawuh inggih mboten wonten sanès kajawi Pangéran Philip piyambak. Wonten ing salebeting pepanggihan punika, Pangéran Philip midhangetaken satunggal baka satunggal reraosanipun para diaken lan pandhita ingkang sami andum bot repotipun lelados, lan sami asung panyengkuyung satunggal lan

satunggalipun. Pangéran Philip ingkang tumut midhangetaken sadaya reraosan kalawau, rumaoss bosen manahipun, lan ngandika ing salebeting manahipun manawi pakempalan punika mujudaken pakempalan ingkang saèstu mrihatosaken, ingkang mboten sanès ugi mujudaken pakempalanipun tiyang-tiyang prihatos, ingkang sami tulung-tinulung, nanging mboten ngasilaken punapa-punapa. Kanthi raos jèngkèl, Pangéran Philip lajeng mréntah para Diaken lan pandhita sinahu dhateng para astronot Amerika ingkang sampun kasil dumugi ing rembulan, minangka gegayuhan ageng ing salebeting gesangipun.

Nuju satunggiling dinten para astronot ingkang nembé kémawon ngrampungken ayahanipun nuju rembulan, lan sampun wangsul malih dhateng bumi punika, sami ngawontenaken arak-arakan wisata saperlu nyariosaken dhateng jagad bab gegayuhan ageng ingkang sampun kagayuh. Salah satunggiling negari ingkang katuju inggih punika Inggris. Pangéran Philip adreng sanget saged pinanggih kaliyan astronot tetiga, ingkang ngédab-édabi punika, lan kepéngin pirembagan babagan lelampahan dhateng rembulan punika. Ananging ing salebeting pepanggihan kalawau, para astronot namung nyariosaken prekawis ingkang prasaja sanget, limrah lan kados ingkang umumipun kelampahan ing padintenan. Kosok-wangsulipun, para astronot kalawau malah sami memuji kaéndahanipun kedhaton Buckingham, lan sami kepéngin mirengaken cariyosipun brayat kedhaton. Bab punika anjalari Pangéran Philip rumaos gumun lan mboten nglengganani babar pisan. Sadaya kawontenan ingkang ngédab-édabi ing rembulan punika tetéla namung prekawis limrah, lan sampun dados pakulinan tumrap para astronot. Dados punapa ingkang winastan ngédab-édabi punika èstunipun namung prekawis kadospundi kita misungsungaken karya lan kasagedan kita saksané-saénipun wonten ing tengah-tengahing prekawis-prekawis prasaja, limrah lan umum kelampahan. Pangéran Philip lajeng ngrumaosi bilih piyambakipun nembé nggayuh satunggiling gegayuhan nanging mboten sinartan pambudidaya, nadyan namung prasaja kémawon. Piyambakipun nembé nglampahi “*krisis paruh baya*”, ingkang ing mriku piyambakipun mboten mangertos karya lan kasagedan punapa ingkang saged kapisungsungaken ing salebeting gesangipun.

Nglengganani punapa ingkang sampun kelampahan ing gesang pribadinipun, tetéla ndamel Pangéran Philip wangsul dhateng pepanggihanipun para Diaken lan pandhita ing St. George. Samangké Pangéran Philip mboten nggadahi watak jumawa dhateng asanès malih. Malah ing salebeting pepanggihan punika, Pangéran Philip nglairaken raos lepatipun lan nyuwun pangapuntèn awit sadaya kalepatanipun. Boten namung punika, Pangéran Philip ugi nyuwun pitulungan, supados piyambakipun saged nyariosaken karingkahaning gesangipun lan kados pundi nyariosaken wurunging sadaya gegayuhanipun. Pakempalan ing St. George dados berkah mirungan tumrap Pangéran Philip, awit lumantar pepanggihan punika piyambakipun saged kanthi mardika nyariosaken lan ugi sesarengan menggalihipun lampah gesang kanthi kekahing pracaya. Salajengipun Diaken Robin Woods dados mitra sinarawèdinipun Pangéran Philip salaminé gesang. Piyambakipun dados pribadi ingkang saèstu dipun pitadosi kanggé ngluntakaken sadaya panguneg-uneging gesang.

### **Tataran 5:**

Pangarsaning panyuraos Kitab Suci saged ndhapuk sawetawis grup kanggé pirembaran (diskusi). Ing salebeting grup punika, sageda saben pribadi kasuwun nyariosaken kawontenan gesangipun ingkang nembé dipun alami, mliginipun kawontenan ingkang paling karaos ing salebeting manah, ingkang saèstu nuwuhaken raos sakit. Salajengipun, saben pribadi ing salebeting grup sageda sami donga dinonga ing salabeting pandonga giliran. Sageda saben pribadi ing salebeting grup dados rowang mitra kanggé nyariosaken dalah mirengaken cariyos setunggal lan setunggalipun magepokan kaliyan prekawising gesang padintenan.

[YPP/YTD]

**BAHAN**  
**PANYURAO S KITAB SUCI**  
*Pra-Paska III*

Waosan:  
 Pangentasan 17:1-7

**“Émosi Inggang  
 Mboten  
 Dipunkendhalèni  
 Saged Ngrisak  
 Sesambetaning  
 Gesang”**



**Panuntun**

Salaminipun manungsa taksih gesang, piyambakipun ndarbèni punapa inggang winastan “émosi”. Émosi punika perlu tansah kita pranata lan kendhalèni, supados ndayani gesang inggang timbang. Sacara gampil, émosi saged kapérang dados kalih pérangan, inggih punika “émosi iggang saé” (positif) lan “émosi singgang awon” (negatif). Émosi inggang saé, inggih punika émosi inggang ndayani gesang inggang kebak raos ayem, inggang ugi saged katampi déning asanès, kados upaminipun nangis awit raos sedhah inggang kalangkung, abebingah awit wontenipun prekawis inggang mbingahaken, lan sapiturutipun. Menggah émosi inggang awon inggih punika émosi inggang kapara nyakiti badan kita, awit nglairaken raos cecengkahan, lan kawontenan inggang mboten timbang ing salebeting gesang, kados upaminipun, nepsu lan ajrih, raos kuciwa inggang kalairken kanthi mboten kakendhalènan, ngantos mboten saged katampi sacara umum. Upaminipun nepsu inggang keladuk ing papan umum, inggang kalairaken ing salebeting tetembungan kasar lan tembung-tembung pisuh inggang ngrisak jenjeming gesang sesarengan, malah inggang ugi saged nuwuhaken raos dredah lan memengsahan. Awit saking émosi inggang makaten punika, tiyang lajeng mboten saged migunakaken nalaripun kanthi prayogi. Ing salebeting gesang bebrayatan ing tengah-tengahing masyarakat, sesambetan kita kaliyan sesami saged kémawon badhé risak, awit saking émosi inggang makaten punika. Émosi inggang mboten saged kita kendhalèni badhé anjalari sesami kita ngraosaken tatuning manah. Kosok

wangsulipun, manawi kita saged tansah ngendhalèni émosi kita, émosi ingkang awon malah saged kita éwahi dados émosi ingkang saé. Inkang kita betahaken namung sumadyaning manah kita kanggé ngéwahi émosi awon dados émosi ingkang saé. Lumantar panyuraos Kitab Suci sesarengan punika, kita badhé sesarengan nyinaoni kitab Pangentasan 17: 1-7 lan ngajab saged manggihaken maknananipun kanggé gesang padintenan kita samangké.

### **Pirembagan andum pamanggih (Diskusi) 1**

Saking pengalaman gesang padintenan panjenengan, prekawis punapa ingkang asring damel kathah tiyang mboten saged ngedhalèni émosi awonipun? Keparenga andum pengalaman panjenengan.

### **Kateranganipun Teks**

Wonten ing kitab Pangentasan 17: 1-7, kita manggihaken cariyosipun bangsa Israèl ingkang nggrundel dhateng Musa lan malah dhateng Allah piyambak, karena raos ajrih lan kuwatir. Sadèrèngipun, bangsa punika sampun sesambat dhateng Musa ngantos kaping tiga, inggih punika nalika dipunbujung déning prajurit Mesir, nalika ngalami toya pait ing Mara, lan nalika sami nyuwun daging lan roti ing ara-ara Sin. Dèrèng ngantos tigang wulan lumampah, bangsa punika sampun kaping tiga asesambat lan nggrundel, lan malah samangké mabeni Musa (ayat 2-4).

Ing wekdal samangké, émosinipun bangsa Israèl mboten saged dipunkendhalèni malih, awit ing Rafidim mboten wonten toya. Toya punika mujudaken kabetahan utami tumrap gesangipun manungsa, tanpa toya, manungsa mboten badhé saged nglajengaken gesang. Inggih makaten punika kawontenanipun bangsa Israèl nalika semanten, ingkang sampun bidhal saking tanah pangawulan Mesir nuju dhateng tanah Kanaan. Inggih awit kekirangan toya, mila bangsa punika nepsu lan nglepataken Musa. Bangsa punika sami munjuk pitakèn dhateng Musa: Kénging punapa Musa mbekta bangsa punika lumebet ing salebeting kasangsaran sarana katelasan

toya? Punapa sanès karana pados kamardikan, bangsa punika medal saking tanah pangawulan Mesir? Nanging nyatanipun, ingkang pinanggih malah ngalami kasangsaran ingkang saged anjalari pejah?

Prekawis kekirangan toya punika jebul sanès prekawis ingkang prasaja, awit lelampahan punika tetéla saged nuwuhaken padudon lan memengsahan ing satengahing bangsa Israèl wekdal semanten. Nanging menawi kita jingglengi kanthi lebet malih, sesambat lan pnggrundelipun bangsa Israèl kalawau jebul mboten karana kekirangan toya kémawon. Anggènipun sami mboten saged ngendhalèni émosi awonipun, tetéla sampun anjalari pamikir lan tumindakipun nyimpang saking paugeran umumipun. Tundhonipun, bangsa kalawau lajeng sami ngluntakaken émosi makantar-kantaripun ing salebeting kanepson lan panggrundel dhateng Musa. Émosi awonipun sampun nutupi nalaripun, satemah mboten saged mutusaken tumindak ingkang samesthinipun.

Ing satengahing kawontenan ingkang makaten punika, Musa nyuwun kawicaksanan dhateng Gusti. Musa ngawontenaken wawan rembag kaliyan Gusti, saperlu manggihaken margi pangluaran saking panandhang ingkang nembé dipun alami déning bangsa Israèl. Punapa ingkang katindakaken déning Musa, sampun mujudaken tumindak ingkang trep ing tengah-tengahipun bangsa Israèl ingkang nembé nepsu, awit emosi awon ingkang makantar-kantar kalawau. Inggih wonten ing babagan punika Allah kepareng mratélakaken panguwasani-Pun. Allah kepareng ngagem tekenipun Musa, supados kagebugaken ing séla, lan saking séla punika badhé mili toya ingkang kabetahaken. Saèstu ageng panguwasani-Pun Allah. Punapa ingkang mokal tumrap manungsa, boten mokal tumrapipun Allah. Séla punika ngilèkaken toya. Malah Gusti maringaken toya punika kanthi lubèr, satemah bangsa kalawau saged nglajengaken lampahipun tumuju dhateng tanah Kanaan.

### **Pirembagan andum pamanggih (Diskusi) 2**

1. Sinau saking lampahipun bangsa Israèl tumuju dhateng tanah prajanjian ing Kanaan, punapa kémawon ingkang ngaru-biru nalaripun bangsa Israèl satemah bangsa punika asring nggrundel dhateng Musa lan Gusti?
2. Sinau saking pengalamanipun Musa, punapa ingkang saged panjenengan tindakaken nalika nembé ngadhepi tiyang-tiyang ingkang nglairaken émosi awonipun ing salebeting kanepson, utawi tumindak sanès, ingkang ngrisak sesambetaning gesang?

Njagi lan ngendhalèni nalar ingkang séhat, mujudaken pérangan gesang ingkang wigatos. Langkung-langkung wekdal samangké, taksih wonten ing salebeting kawontenan ingkang kathah tiyang mboten saged malih mbédakaken pundi ingkang leres lan lepat. Inggih asring dipun tut-buri déning kathah tiyang, inggih punika lelampahan gesang ingkang saged ngrisak émosi, nanging malah punika ingkang kaanggep leres lan saé. Pramila mboten ngéramaken manawi ing wekdal samangké, pawartos ingkang sejatosipun palsu utawi ngapusi (hoaks) malah dipun remeni lan dipun padosi, lan kanthi gampil kathah tiyang pitados dhateng wartos kalawau, satemah ngaru-biru caranipun menggali lan tumindak. Kawontenan ingkang kados makaten punika ingkang saged dipun ginakaken déning manungsa kanggé mburu kaperluan-kaperluan pribadi, ingkang saged dados kekiyatan ingkang ngrisak sesambetaning gesang, satemah sami dredah lan memengsahan, awit dipunkuwaosi déning emosi awon, ingkang ugi kadhasaraken ing manéka warnining lampah gesang ingkang ugi kebak emosi awon.

### **Pirembagan andum pamanggih (Diskusi) 3**

1. Minangka pasamuwan, punapa ingkang kedah kita tindakaken menawi kita manggihi lelampahan kados ing nginggil? Kapenggalihna mliginipun ing bab kados pundi njagi lan ngendhalèni nalar séhatipun warga pasamuwan?
2. Kadamelana tataran-tataran lampah gesang, ingkang saged ngedalaken woh ingkang sembada, kanggé mbangun gesanging bebrayatan, punapa déné pasamuwan, satemah

brayat lan pasamuwan saèstu saged dados leladan pasinaon kanggé mranata lan ngendhalèni émosi ingkang saé (positif)!

[AP/YTD]



**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI**  
*Pra Paska 4*

---

Waosan:  
 Lukas 23:34  
 Matéus 18 : 21-35

**“Pangapuntenan”**



**Panuntun**

Tetembungan bab apuntenan punika kaucapaken déning Gusti Yésus Kristus, nalikanipun Panjenenganipun kasalib. Nadyan nandhang sangsara sinalib, éwasemanten Gusti taksih sagah nglantaraken apuntenan dhateng tiyang-tiyang ingkang sampun nyiksa, ngina dalah ngrèmèhaken Panjenenganipun.

Yésus Kristus, kanthi badan ingkang tinuwek wonten ing kajeng salib, kanthi rah ingkang mancur, lan wonten ing salebeting wekdal nengga sédanipun, ingkang kaanggep ngisin-isini punika, mboten ngucapaken tembung-tembung pisuh, ipat-ipat, pitenah lan ngendhem sengit dhateng tiyang-tiyang ingkang ngarah sédanipun. Kosok-wangsulipun, Panjenenganipun malah ndongakaken supados Ramanipun maringaken pangapunten dhateng tiyang-tiyang kalawau.

Punapa kita mangertos bilih petenging manah karena panandhang punika saged nular? Tiyang sepuh ingkang manahipun peteng awit panandhang, saged ngracuni brayatipun, satemah brayat swetahipun saged ngalami petenging manah ingkang anjalari panandhang. Pramila kita kedah saged meper raosing manah ingkang peteng, amargi manah ingkang peteng saged mujudaken satunggiling dosa ingkang kaselib, ingkang saged mblithuk lan malah ngrisak gesang kita sadaya, satemah kita wurung nindakaken rancanganipun Gusti tumrap gesang kita dalah anak putu kita.

Apuntenan, sanès prekawis kaadilan lan ugi sanès bab males ukum dhateng asanès, nanging prekawis ngluwari manah kita saking racuning raos ngendhem sengit, ingkang sampun nggrogoti gesang kita. Langkung prayogi madosi kasaénanipun

tiyang sanès katimbang namung madosi kalepatan lan sadaya karigkihanipun kémawon. Kapasrahna dhateng Allah ingkang badhé madeg Hakim tumrap sadaya tumindak awonipun asanès. Saged ugi pancèn mboten gampil kanggé nyingkiraken raos sakiting manah punika, ananging kita mesthi sagah nindakaken karana pitulunganipun Allah piyambak.

### **Tataran 1:**

Kita satunggal lan satunggalipun, mesthi sami mangertos kewajiban ngapunteni saben tiyang ingkang kalepatan dhateng kita. Kula aturi ngrembag ing salebeting panyuraos: punapa kémawon ingkang saged anjalari kita sadaya ngraos angèl kanggé ngapunteni?

### **Tataran 2:**

Punapa ingkang kedah kita lampahi menawi kita sampun nyakiti manahipun tiyang sanès? Makaten ugi, kados pundi sikep kita dhateng tiyang ingkang sampun nyakiti manah kita?

### **Tataran 3:**

Kawaosa Injil Mateus 18: 21-35 kanthi sabar lan tлити. Punapa ingkang sampun anjalari Sang Nata nélakaken raos welas ashipun, lan punapa ugi ingkang anjalari Sang Nata kalawau duka?

### **Kateranganipun Teks**

Pétrus, muridipun Yésus ingkang kebak grengseng punika, munjuk pitakèn dhateng Yésus gurunipun: “Kaping pinten kula kedah ngapunteni sasami kula menawi sesami kalawau sampun damel dosa dhateng kula. Punapa ngantos kaping pitu?” Pitakènanipun Pétrus punika ketingalipun nélakaken gegambaran bab dhiri pribadinipun. Pétrus rumaos sampun dados muridipun Yésus ingkang saé. Piyambakipun munjuk pitakèn dhateng Yésus, nanging dipunwangsuli piyambak kanthi matur kedah ngapunteni ngantos kaping pitu.

Wangsulanipun Pétrus punika mesthi kémawon wonten alesanipun. Miturut pranatan Rabi (pranatan ingkang katetepaken déning para Rabi adhedhasar jlèntrèhanipun angger-anggering Torèt) saben tiyang kajibah ngapunteni tiyang

sanès ingkang kalepatan ngantos kaping pitu. Dados, menawi Pétrus matur kedah ngapunteni ngantos kaping pitu, tegesipun sampun kawawas cekap anggènipun suka pangapuntenan dhateng tiyang sanès ingkang kalepatan. Kados déné keyakinanipun tiyang-tiyang Yahudi nalika semanten, cacah pitu, ateges sampurna. Pétrus sampun nindakaken pranatan punika kanthi saé inggih punika  $2 \times 3 + 1 = 7$ . Piyambakipun ngajeng-ajeng pangalembananipun Yésus awit sampun nindakaken pranatan ingkang saé punika.

Nanging Gusti Yésus paring wangsulan: “Ora; Pituturku marang kowé: ora mung kaping pitu waé, nanging kaping pitungpuluh ping pitu”. Sasampunipun punika, Yésus lajeng nyariosaken cariyos bab abdi ingkang utangipun dipun ikhlasaken, mboten kedah kasaur. Ananging jebul tiyang kalawau tetep nagih lan kanthi paripaksa majibaken abdi sanèsipun ingkang agenging piutangipun mboten murwat kabandhing piutangipun piyambak. Adhedhasar pakarti awon punika, mila abdi kalawau lajeng kapatrapan ukum. Pasemon punika mulang kita sadaya bab apuntenan, ingkang kedah katindakaken dhateng tiyang sanès ingkang kalepatan dhateng kita. Lajeng punapa ingkang saged kita pethik saking piwulang punika? Ing ngandhap puika pamanggihipun Willam Barclay ngéngingi prekawis punika.

- 1) Raos ngendhem sengit, punika paribasanipun piutang. Pasemon bab abdi ingkang mboten purun ngapunteni kalepatanipun tiyang sanès, punika paribasanipun utang. Kados déné utang kedah kasaur, makaten ugi raos ngendhem sengit dhateng sesami ugi kedah kasaur. Lajeng kados pundi caranipun nyaur? Kanthi ngapunteni. Awit, manawi kita taksih ngendhem raos sengit dhateng asanès, kita badhé kinunjara déning raos sengit kalawau. Saksisihipun kinunjara déning raos ngendhem sengit, kita ugi badhé manggih pepalang nampèni pangapunten saking Gusti. Kita saged ngèngeti pangandikanipun Gusti wonten ing Matéus 6:14-15, “Sabab manawa kowé padha ngapura kaluputaning wong, Ramamu ing swarga iya bakal ngapura marang kowé. Nanging manawa kowé ora ngapura marang wong, Ramamu iya ora bakal ngapura kaluputanmu”.

- 2) Ngapunteni, punika bab “nyaur pundhat”. Manawi raos ngendhem sengit punika kaibarataken kados déné utang, mila ngapunteni punika nyaur pundhat. Nalikanipun kita nggadhahi utang, lan utang punika lajeng kasaur pundhat, mesthi kémawon manah kita ngraos kebak kabingahan. Makaten ugi bab ngapunteni. Sarana ngapunteni tiyang sanès ingkang kalepatan, ing mriku kita badhé ngraos lega, lan ayeming manah, ingkang ateges kita sami unggul saking raos sengit. Sinten ingkang unggul? Inggang unggul mboten wonten sanès kajawi dhiri kita piyambak punapa déné sesami kita ugi.

Karena ngapunteni punika mujudaken bab nyaur pundhat, mila gesang pinika badhé karaos éndah lan tansah unggul menawi kita sami tansah setya tuhu dhateng piwulangipun Gusti Yésus. Ngapunteni ngantos pitungdasa ping pitu, ateges ngapunteni tanpa winatesan. Saking pundi mijilipun pangapuntenan ingkang makaten punika? Saking telenging manah kita kados kapangandikakaken wonten ing Matéus 18:35, “Samono uga Ramaku kang ana ing swarga iya bakal tumindak mangkono tumraping kowé, manawa kowé dhéwé-dhéwé ora gelem ngapura marang kaluputané sadulurmu kanthi terusing ati”.

#### **Tataran 4:**

Punapa paédahipun pangapuntenan tumrap dhiri pribadi kita satunggal lan satunggalipun; kanggé sasami lan alam sakiwa tengen kita?

#### **Tataran 5:**

Kados pundi pangupentenan saged nyipta kawontenan gesang anyar kanggé sesami lan jagad punika?

#### **Panutup**

Kapungkasana panyuraos Kitab Suci punika kanthi ngajak sadayanipun maos Injil Lukas 23:34. Kasuwuna seben tiyang ngraos-raosaken kaagunganing manahipun Gusti ingkang ngandika: “Dhuh Rama, tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunten, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang

dipuntindakaken”. Salabeting maos pangandika punika, kasuwuna ugi para panyuraos nggambaraken dhiri kita minangka tiyang-tiyang ingkang kadongakaken déning Gusti supados kaapunteni dosanipun. Wekasanipun, katutupa panyuraos Kitab Suci punika sarana ngajak dedonga nyuwun kamirahanipun Gusti, supados kita sami kasagedaken gesang ing salebeting apunten ingapuntenan.

[RPR/YTD]



**BAHAN  
PANYURAO S KITAS SUCI  
INTERGENERASIONAL  
(laré éngga adi yuswa)  
Minggu V**

---

Bacaan:  
Kohèlèt 9:1-12

**Sanès  
Gesang  
Inkang  
Muspra**

☪☪☪

**Gancaran**

Mangsa pra-Paska mujudaken satunggaling “wekdal mengker saking padatan” (*retreat*) inkang katindakaken déning sadaya umatipun Gusti. Ing salebeting wekdal mengker kasebat kita kaatag ngraos-raosaken malih gegayutan gesang inkang kita lampahi. Wohing pangraos-raos kita inggih punika pamratobat saha tata gesang inkang énggal.

Ing Panyuraos Kitab Suci punika kita ngraos-raosaken cak-cakaning gesang inkang kita lampahi sesarengan brayat saha pakaryan padintenan. Padatan inkang katindakaken tanpa wonten wekdal ngraos-raosaken badhé ndhatengaken raos lungkrah, tanpa makna, utawi sadaya pambudidaya boten wonten pikolèhipun. Kitab Kohèlèt ngatag kita ngraos-raosaken jatining gesang. Miturut kitab kasebat gesang punika sajatosipun élok (ajaib). Asring dumados kawontenan inkang boten kanyana. Kita taksih gesang éngga dinten samangké, sadaya punika awit Gusti inkang nunggil. Panunggiling Gusti ndayani gesang punika boten muspra tanpa gina. Awit saking punika lumantar Panyuraos Kitab Suci punika, sadaya pérangan inkang nyengkuyung kaangkah purun manggihaken makna sihipun Gusti inkang kababar ing lampah gesang padintenan saha wohing pangraos-raos kita punika boten sanès krenteg ngénggalaken gesang winengku sih-nugrahaning Gusti Allah.

**Purwakaning Pirembagan:**

Punapa kita naté ngraosaken semplah tanpa pangajeng-ajeng magepokan pambudidaya ndhatengaken katentreman ing satengahing brayat punapa déné ing papan panyambut damel?

Punapa kita rumaos jelèh ngèngetaken sémah, anak-anak, utawi mitra panyambut damel nalika boten sami nggapé pamelèh kita nalika sami nindakaken prakawis boten leres? Kaaturan mbagé kalairing raos manah saha pamawas gegayutan kedadosan kasebat (sesami boten nggapé kita).

### **Maos Waosan Kitab Suci: Kohèlèt 9:1-12**

Kawaosa kanthi pramana sampun ngantos kesesa, karaosna ing telenging manah saben tembung ingkang sinerat saha kagambarna ing pangangen-angen; kados-kados panjenengan punika minangka panyerating kitab Kohèlèt.

#### **Katrangan Waosan:**

Nalika nggatosaken kitab Kohèlèt ketingal cetha prakawis mirunggan inggih punika lampahing gesang ingkang rinangga ing semplah-nglokro, cuwa ing manah (*skeptis*), lan boten preduli utawi boten ngagas (*apatitis*). Prakawis-prakawis ingkang ginelar ing jagad punika kawawas boten wonten ingkang wigati kepara sarwa muspra. Prakawis ingkang sajatosipun saé kémawon kawawas namung satleraman, boten langgeng, ugi kawastanan tanpa gina babar pisan. Dadosa tiyang leres punapa déné tiyang duraka wusananipun badhé nemahi pejah. Sawenèh ingkang ngutamèkaken gesang tata karohanèn punapa déné ingkang nalesaken gesang ing bab kadonyan, pungkasaning gesang nuju pralaya. Sadaya badhé nemahi pejah lan boten wonten kalajenganing gesang sasampunipun nglangkungi pepejah. Tangsuling rembag saking waosan kasebat inggih punika Kohèlèt mawas bilih pepesthèn ingkang tumanduk tumrap sadaya manungsa inggih punika nemahi pejah.

Salajengipun Kohèlèt mbereg ingkang sami maos kitab kasebat supados nglampahi gesang ing donya punika kanthi raos suka bingah, mirungga magepokan prakawis neningkahan ugi bab makarya nyambut damel. Kohèlèt ngatag ingkang maos kitabipun mawas bilih sémah peparingipun Gusti punika kedah katampi kanthi raos sokur satemah ndhatengaken kabingahan. Kohèlèt ugi mbereg handayani para pamaosing kitab supados nglampahi kanthi bingahing manah pakaryan padamelanipun dadosa awrat sesanggènipun dadosa boten nuwuhaken kaayemaning manah. Kalih prakawis ing madyaning pagesangan

kasebat pancèn kawawas pérangan ingkang wigati sanget nanging ugi dados momotaning gesang. Makaten ugi nalika kabingahan tebih saking gesanging bebrayatan punapa déné ing panyambut damel; tundhonipun badhé kalair cuwaning manah, sasekécanipun piyambak tanpa nggagas kawontenan, saha boten gadhah pangajeng-ajeng anggènipun nglampahi gesang.

Cobi kabayangna, pinten gunggungipun tiyang ingkang sampun sesémahan nanging rumaos kécalan pangajeng-ajeng gegayutan mangsa ingkang badhé kalampahan nalika nalika brayatipun koncatan ing kabingahan? Pinten gunggungipun para laré ingkang kécalan pangajeng-ajeng mangsa ingkang badhé kalampahan nalika brayatipun koncatan kabingahan dadosa awit tiyang sepuh ingkang pisah, wontenipun padudon, tumindak kekerasan ing brayat, lan nalika wonten tumindak ngrèmèhaken tanpa aji (pelecehan)? Pinten gunggungipun sesami ingkang boten remen padamelanipun kepara kécalan daya makarya? Pinten gunggung tiyang ingkang kécalan pangajeng-ajeng awit dipun ndheg anggènipun nyambut damel lajeng kangèlan pados padamelan sanès ingkang trep kaliyan kasagedanipun? Makaten ugi ingkang boten preduli dhateng wosing piwulang Kristen magepokan prakawis panyambut damel?

Kalih sisih kasebat ingkang ginelar ing madyaning gesang asring ndadosaken sawenèh tiyang gesangipun muspra tanpa gina. Sesambetan kaliyan sesami ing salebeting kalih kawontenan punika ing satunggal sisih saged nuwuhaken pangajeng-ajeng nanging ugi saged mupus pangajeng-ajeng anggènipun nglampahi gesang.

Awit saking punika ingkang sami maos punika mesthinipun ndarbèni pamawas saha sikep gesang ingkang prayogi magepokan kalih sisih kanyatan gesang, inggih punika neningkahan lan padamelan. Bab neningkahan ing antawisipun:

1. Tansah ngucap sokur saha nampèni punapa wontenipun kawontenaning sémah makaten ugi brayat. Kita boten badhé manggihaken brayat ingkang sampurna tanpa cacad, nanging kita kasagedaken ngudi sesarengan nuju dhateng kawontenan brayat ingkang nengsemaken mbingahaken. Boten sadaya prakawis magepokan sesémahan utawi bebrayatan punika saged kita éwahi, nanging kanthi wontenipun éwah-éwahan dados jaminan kawontening

brayat lajeng prayogi linangkung. Katampia kanthi legawaning manah saé punapa déné awonipun sémah kita. Sémah punika sih-nugrahaning Gusti Allah kanggé kita.

2. Timbalaning brayat punika sami déné ngladosi. Sémah, laré, tiyang sepuh kita punika sih-nugrahaning Gusti Allah kanthi ancas ngrencangi saha nulungi kita nglampahi pagesangan. Pramila tandang damel sami déné nulungi lan ngladosi punika mujudaken tanggel jawabipun gegayutan sih-nugrahaning Gusti Allah.

Bab padamelan ing antawisipun:

1. Ndarbèni daya karosan nyambut damel ingkang saé, tumemen, wekel. Prakawis ingkang dados tanggel jawabipun katindakaken kanthi tumemen tinalesan pambudi (hikmat) makaten ugi lelimbangan ingkang wicaksana.
2. Boten prelu nandhingaken dhiri utawi kumèrèn gegayutan tiyang sanès ingkang kasih ing pambudidayanipun. Menawi kita tiru-tiru tiyang kasebat, dèrèng kantenan kita saged kasil raharja. Saben tiyang tampi berkah béda-béda saking Gusti.
3. Nalika tandang damel makarya punika limrah menawi dumadakan wonten kedadosan ingkang boten kanyana nglangkungi gegadhanganipun. Boten prelu kadalu-dalu anggènipun cuwa utawi sedhilih prihatos. Énggal njenggèlèk tangi lan énggal tumandang damel ingkang saged katindakaken satemah kita kuwagang nglajengaken gesang.

Kanthi atetales pamawas makaten ugi sikep gesang ingkang makaten punika, mugi kita kasagedna manggihaken kabingahan karaharjan ing gesang kita éngga kita boten prelu ndarbèni sikep kecuwan, boten preduli, punapa déné tanpa pangajeng-ajeng. Kita kedah manggihaken makna lumantar sadaya prakawis ingkang kita tindakaken ing pagesangan kita punika.

**Pitakènan kanggé Pirembagan:**

1. Sasampunipun ngraos-raosaken jlèntèrèhaning waosan kasebat, sikep kados punapa ingkang prelu kita budidaya nalika aben ajeng kaliyan kawontenan brayat saha padamelan

- kita? Punapa leres sadhéngah prakawis ingkang kita sampun kita pengkeraken punika muspra tanpa gina?
2. Kados pundi anggèn kita nuwuhaken pangajeng-ajeng tumrap dhiri pribadi punapa déné sesami ing sakiwa tengen kita magepokan gesang ingkang ndarbèni makna saha bingah mituru piwulanging Kitab Suci?
  3. Ing mangsa pra-paska punika, punapa ingkang kedah katindakaken déning brayat anggènipun ngraos-raosaken saha ngucap sokur awit sih-rahmatipun Gusti ingkang kababar ing satengahing brayat?

[APR/UCSL]



**BAHAN**  
**PANYURAOS KITAB SUCI 6**

*Ngraos-raosaken*  
*Kasangsanipun*  
*Gusti Yésus*

Waosan:  
Filipi 2:5-11

**“Pamawas lan  
Pangraosipun  
Sang Kristus”**



**Gancaran**

Tembung “rekonsiliasi” pertalan basa Jawi “pamulihan sesambetan” ingkang sampun risak utawi rengka. Risaking sesambetan kasebat mangaribawani sadaya prakawis ingkang magepokan kaliyan gesang. Sinau saking sujarah bilih kekerasan, nyélaki prasetya, saha tumindak duraka punika ndhatengaken gorèhing manah. Pamulihan sesambetan kalampahan awit wonten kalodhangan mbikak korining pangapunten lan wantun panggih aben ajeng ingkang nglairaken éwah-éwahan sesambetan.

“Mediator” utawi basa Jawinipun “pantara” punika wigati sanget murih kalampahan pamulihan sesambetan. Pantara punika péhak ingkang pana wosing kaadilan, kaleresan, bedamèn, saha wetahing tetunggilan titahipun Gusti. Tanpa tinalesan prakawis ingkang leres trap-trapaning pamulihan sesambetan boten badhé kagayuh, kepara badhé kalair prakawis énggal ingkang nambahi momotan. Ing sisih sanès, péhak-péhak ingkang nembé cecongkrahane kaajab sami déné ngaosi, lembah manah, saha purun rembagan murih kababaring pamulihan sesambetan.

Kitab Suci mratélakaken bilih Gusti Yésus punika juru Pantara. Lumantar kasangsanipun Gusti, Panjenenganipun jumeneng Pantara antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah. Panjenenganipun makarya kanthi pamawas saha pangraos ingkang andhap asor, lelados, saha ngwujudaken pamulihan sesambetan. Lumantar serat ingkang kakintun kanggé pasamuwan kitha Filipi, Rasul Paulus ngatag saben pandhèrèkipun Gusti supados ndarbèni pamawas ugi pangraosipun Sang Kristus.

Kados pundi wujuding pamawas saha pangraosipun Sang Kristus ing cak-cakaning gesang padintenan? Lumantar panyuraos Kitab Suci punika kita badhé ngraos-raosaken maknanipun saha ngudi kanthi tumemen nindakaken ing gesang padintenan.

### **Trap-trapan 1:**

Naté dados pantara utawi nengahi satunggaling prakawis? Kala punapa, wonten pundi, lan prakawisipun punapa? Panjenengan adreng krenteg piyambak nengahi utawi kaaturan dados pantara (mediator)? Kadhudhaha pangalaman-pangalaman minangka pantara. Menawi prelu kabandhingna kaliyan gambaran pantara (mediator) ingkang prayogi ingkang kawartosaken ing media. Kasinaua kanthi tлити papan kedadosanipun.

### **Trap-trapan 2:**

Punapa sababipun kedah ndarbèni pamawas saha pangraos ingkang leres ingkang dados tetales murih wontenipun pamulihan sesambetan? Kadhudhaha pancadan utawi pawadan ingkang tinalesan kalih tembung inggih punika “pamawas” lan “pangraos.”

### **Trap-trapan 3:**

Kawaosa kitab Filipi 2:5-11 kanthi taliti. Pamawas saha pangraosing Sang Kristus ingkang saged kadhudhah kapanggihaken saking waosan kasebat.

“Ing sajroné anggonmu padha urip bebarengan padha kadunungana **pangangen-angen lan pangrasa kang uga tinemu ana ing Sang Kristus Yésus**, kang sanadyan ngagem sipating Allah, ewadéné anggoné sajajar karo Gusti Allah iku ora kaanggep bab kang kudu dikekahi, nanging malah wus nyuwungaké sarirané piyambak, lan ngagem sipating abdi, sarta wus dadi padha karo manungsa (Filipi 2:5-7).

Piwulang kasebat kawulangaken déning Rasul Paulus sasampunipun Rasul Paulus nggadhag pasamuwan supados

tatag mbudidaya ngudi gesang ingkang trep kaliyan Injiling Sang Kristus mirungga anggènipun gesang sesarengan tinangsul ing tunggal manah (Fil. 1:27-2:4). Supados pasamuwan gesang sesarengan tinangsul ing tunggal manah, pasamuwan kitha Filipi kaatag ngraos-raosaken Jati Dhirinipun Gusti Yésus ingkang kababar lumantar kedadosan prakawis kamanungsan makaten ugi kallahaniipun. Ing ayat 6 kasebataken bilih, “kang sanadyan ngagem sipating Allah, ewadene anggoné sajajar karo Gusti Allah iku ora kaanggep bab kang kudu dikekahi.” Pratélan “kang sanadyan ngagem sipating Allah” nedahaken Adegipun Gusti Yéssus ingkang boten éwah gingsir satemah Panjenenganipun boten prelu ngegegi jati dhiri sajajar kaliyan Allah Sang Rama piyambak. Wonten ing Gusti Yésus, kaallahan punika kasuwungaken kanthi ngagem sipating abdi. Pramila, Rasul Paulus ngatag pasamuwan sami memuji Panjenenganipun.

Juru tafsir asma St. Darmawijaya, Pr., mratélakaken bilih pepujèn ingkang dipun kajengaken déning Rasul Paulus kasebat minangka eninging dhiri karaos-raosaken ing lampah gesang ingkang dipun tindakaken déning tiyang Kristen. Timbalan supados saben tiyang pitados gesangipun ndarbèni pamawas saha pangraosipun Sang Kristus nedahaken bilih timbalanipun tiyang pitados boten namung mangretosi sinten ta Sang Kristus (tata pamawas), nanging ugi ngraos tumut ngraosaken Sang Kristus (tata pangraos). Wigatining prakawis nggatosaken saha ngraosaken cara gesangipun Sang Kristus punika wujuding tata gesang ingkang dipun karsakaken déning Sang Kristus. Darmawijaya nandhesaken pérangan kasebat kanthi pratélan bilih cakepaning pepujèn inggih punika maknaning salib saha kamulyan, ngasoraken dhiri ugi kamulyakaken, margi sangsara ingkang sinandhang déning Gusti Yésus Kristus. Salib mujudaken gesang kekristenan ingkang sinenger, déné kamulyan punika nuju bab pungkasan gesangipun.

**Trap-trapan 4:**

Karembaga sesarengan adeging dhiri pantara (mediator) ing satengahing prakawis ingkang dipun rampungi, atetales isining waosan ingkang kapratélakaken kalawau. Punapa kémawon ingkang dados tangsuling rembag?

**Trap-trapan 5:**

Kadhaftara trap-trapan prayogi ngwujudaken pamawas saha pangraosing Sang Kristus ingkang kedah katindakaken ing satengahing prakawis bebèncèngan ingkang katemahan.

**Panutup**

Pamulihan sesambetan punika badhé mawujud awit wontenipun kasadiyan dhiri mbikak kori pangapunten lan adrenging manah pepanggihan ingkang nuju dhateng éwah-éwahan sesambetan ingkang saé malih. Sumadiya dados pantara (mediator) ateges sumadiya ngrawuhaken katresnan sejati ingkang nangsuli wetahing patunggilan; inggih punika wonten ing salebeting katresnanipun Gusti ingkang ngrenggani sadaya péhak. Dadosa pantara ingkang ndhatengaken pamawas saha pangraosing Sang Kristus.

Kidungan Taize:

***Ubi Caritas***

Ing tresna asih kang satuhu,  
ing tresna asih Gusti nggih rawuh.  
(cakepan: Uri Christian SL)

[LSP/UCSL]

**BAHAN  
PANYURAOS KITAB SUCI 7**

*Ngraos-raosaken  
Kasangsaranipun  
Gusti Yésus*

Waosan:  
Yésaya 52:13-53:12

**“Margining  
Kasangsaran  
Ndhatengaken  
Pangajeng-Ajeng”**

☪☪☪

**Gancaran**

“*Pathei-mathos*,” pratélan ingkang kapethik saking cariyos Agamemnon riptanipun Aeschylus (antawis taun 458 sM), ingkang ngemu makna: Sinau saking panandhang. Pratélan punika ancasiipun bilih manungsa punika titah ingkang kuwagang sinau utawi manggihaken piwulang saking panandhang kasangsaran ingkang dipun temah. Ing lampahing gesang padintenan kita, kita njinggleng saha nemahi kanyatan magepokan panandhang kasangsaran; dadosa ingkang nempuh dhiri kita piyambak makaten ugi sesami ingkang wonten ing sakiwa tengen kita.

Pancèn boten sekedhik tiyang sinau saking panandhang gesangipun utawi ingkang dipun temahi déning sesami, satemah asiling sinau kasebat dados sangu anggènipun ndandosi manéka warni prakawis ing gesangipun. Kosok wangsulipun, nalika wonten sesami ingkang boten sinau saking kedadosan ingkang naté kelampahan ing wekdal kapengker satemah panandhang awit saking kedadosan kapengker punika badhé kalampahan malih ing wekdal mangsa ngajeng.

Awit saking punika, ing kalodhangan punika, kita badhé sinau saking panandhang ingkang dipun temahi déning satunggaling priyagung ingkang sinebat “Abdining Gusti” ingkang nemahi panandhang sangsara. Punapa maknaning panandhang ingkang katemahan saha prakawis punapa kémawon ingkang saged kita pethik tumrap gesang kita?

**Trap-trapan 1:**

Inggang sami manunggil ing Panyuraos Kitab Suci punika sami maos langkung rumiyin Yésaya 52:13-53:12 kanthi paring tandha ing pérangan inggang kaanggep wujuding panandhang, pawadan/ sabab wontenipun panandhang, saha pangaribawa saking panandhang kasangsaran inggang katemahan déning abding Gusti. Panandhang kasangsaran kaparingana tandha (+), pawadan/ sabab wontenipun panandhang kasangsaran kaparingan tandha (!), déné pangawibawa (dampak) inggang saged kapanggihaken kaparingan tandha (v).

**Trap-trapan 2:**

Inggang sami nyuraos mbagé prakawis inggang kapanggihaken makaten ugi paring pamawas pamanggih magepokan prakawis kasebat. Pemimpin panyuraos nangsuli pamanggih para rawuh panyuraos kasebat sadèrèngipun paring gancaran ringkes gegayutan waosan Yésaya 52:13-53:12.

**Trap-trapan 3:*****Gancaran ringkes Yésaya 52:13-53:12***

Pérangan saking “Deutero-Yésaya” (Yésaya bab 40-55) punika mujudaken kidungan pangajeng-ajeng inggang kakintunaken kanggé tiyang-tiyang Yéhuda (karajan Israèl sisih Kidul) inggang nembé pambuwangan ing tanah Babil. Tiyang-tiyang punika rumaos rempu manahipun, kécalan pangajeng-ajeng, kaduwung, ugi rumaos lingsem awit sampun mbaléla dhumateng Gusti Allah. Tiyang-tiyang punika rumaos boten pantes saha boten wantun malih ndarbèni pangajeng-ajeng dhumateng Gusti Allah. Kekidungan magepokan “Abding Gusti” inggang kautus neguhaken saha ngiyataken umat bilih Gusti Allah boten badhé nilar umati kagunganipun, sinaosa umat sampun mbaléla ugi nilaraken Panjenenganipun ing wekdal inggang kapengker. Lumantar panandhang paukuman kados inggang kapratélakaken ing Yésaya 50, umat kabereg mangretosi maknaning panandhang panebusan inggang kasanggi déning Abdiniing Gusti kasebat (Yésaya 52 lan 53). Panebusan tumrap umat inggang winengku dosa, katindakaken kanthi margi sangsara inggang dipun temahi déning Abding Gusti. Ketingal cetha panandhang inggang kasanggi déning Abding Gusti

anggènipun nindakaken pakaryan panebusan dosa. Adegning Abdining Gusti boten kapétang déning sinten kémawon; piyambakipun kalirwakaken kepara katampik. Umat (manungsa) langkung nggagas utawi ngutamèkaken kapentinganipun piyambak (Yés. 53:6), boten preduli prakawis ingkang nembé kababaraken Gusti Allah lumantar gesangi saha panandhangipun Abdining Gusti murih panebusan! Sinaosa makaten, Gusti Allah tansah makarya murih panebusaning umat. Abdining Gusti ingkang nandhang sangsara sanget, ing salebeting kasangsaranipun adreng nedahaken bobroking bébudèn para panguwaos ingkang sampun mblénjani prasetya maringi kawelasan, kaadilan, ugi katentreman. Kosok wangsulipun, Abdining Gusti ingkang ngladosaken panebusan manut ing karsaning Gusti Allah, jati dhirinipun boten sanès kalebet satunggaling tiyang ingkang pener saha adil. Minangka péhak ingkang “leres ugi adil” (Ibrani: *tsaddiq*) Abdning Gusti punika boten badhé ngadili saha matrapi bebendu tumrap umat ingkang sampun mbaléla; nanging badhé mbélani umat, mulihaken, ndadosaken umat ndarbèni sikep leres saha adil (Yés. 53:11). Prakawis kasebat badhé kababar menawi margining kasangsaran saha panandhang nistha katanggél déning déning Abdining Gusti.

#### **Trap-trapan 4:**

Inggang nyuraos Kitab Suci kaatag sami déné mbagé pamawas atetales pitakènan: Punapa sababipun Abdining Gusti miji margining kasangsaran panandhang katimbang ngadili éngga ndhatengaken bebendu ngginakaken panguwaosipun Gusti ingkang ngéramaken? Punapa ingkang sajatosipun dipun karsakaken déning Gusti Allah tumrap umat ingkang nembé nandhang sangsara?

#### **Trap-trapan 5:**

Inggang sami nyuraos kaatag ngraos-raosaken pangalaman nandhang ingkang katemahan manungsa éngga jaman samangké saha kanyatan rawuhipun Gusti ing salebeting panandhang. Sawatawis pitakènan kanggé nuntun piremangan:

- a. Ing satengahing panandhang ingkang dipun temahi déning manungsa, sajatosipun Gusti punika nebih utawi nyelak dhateng manungsa ingkang nandhang sangara?
- b. Punapa leres ingkang nama panandhang punika dados tandha pungkasaning samukawis?
- c. Woh utawi asil kados punapa (ingkang saé/ positif) ingkang kawedal saking kanyatan panandhang ingkang dipun temahi déning manungsa?

### **Trap-trapan 6:**

Panutuping Panyuraos Kitab Suci punika nandhesaken wartosing pangajeng-ajeng ing suwaliking kanyatan panandhang ingkang kelampahan awit Gusti Allah boten badhé nebih nanging Panjenenganipun karsa ambyur gulet ing salebeting pergumulaning manungsa ugi nyarengi manungsa anggènipun ugi ngraosaken panandhang kasangsaran.

[MRK/UCSL]

Saged nyinau ugi saking:

- *Vanessa Lovelace*, Commentary on Isaiah 52:13-52:13, [workingpreacher.org](https://www.workingpreacher.org)  
<https://www.workingpreacher.org/commentaries/revise-common-lectionary/good-friday/commentary-on-isaiah-5213-5312-10>)

**BAHAN  
PANYURAOS KITAB SUCI 8**

*Ngraosaken Paska*

---

Waosan:  
Mazmur 114

**Katresnanipun  
Gusti nglangkungi  
Pasambatipun  
Umat**

☪☪☪

**Panuntun**

Manungsa aben-ajeng kaliyan sakathahing tantangan wonten ing gesang, saé ing mangsa ingkang pinanggih prayogi punapadéné ing mangsa ingkang boten ngremenaken. Nalika ngadhepi swasana tertamtu, padatanipun ingkang dipun agem ningali kawontenan kanthi pikiran ingkang boten saé (negatif), kirang jangkep, tanpa daya. Wusanipun gesang rinaos sayah, bosen, tebih saking pangajeg-ajeng. Caranipun mawas gesang badhé nemtokaken punapa ingkang badhé katindakaken. Awit saking punika, dados bab ingkang wigati menggahing manungsa ngudi caranipun mawas kanthi prayogi, pamawas ingkang wening tumrap lelampahan-lelampahan ing gesangipun. Wonten ing bab punika tiyang pitados mbikak manah kagem rawhipun Gusti wonten ing lelampahan gesang ingkang njalari umat nyumerepi sadaya prakawis kanthi wening. Caranipun Gusti nyawang nglangkungi kasagedanipun manungsa. Lelampahan medalipun bangsa Israèl saking Mesir minangka satunggaling conto kadospundi pakaryanipun Gusti Allah ageng sanget damel éwah-éwahan gesangipun umat. Punapa ingkang katingal mokal tumrapping manungsa, kagem Gusti boten. Lumantar panyuraosing Kitab Suci wekdal punika, kita badhé ngraosaken gesang ing salebeting caranipun Gusti Allah lan mbabaraken cara panyawangipun Gusti wonten ing gesang padintenan.

### **Katrangan Waosan.**

Paska punika lelampahanipun bangsa Israèl uwal saking wewelak ingkang kaping sadasa, pejahipun anak mbajeng ingkang lajeng njalari bangsa Israèl medal saking nagari Mesir. Sasampunipun wewelak punika kalampahan, Firaun maringi palilah supados nilaraken Mesir. Nanging sasampunipun lajeng keduwung karena kécalan berah kanthi regi ingkang mirah ingkang sadangunipun punika nyambut damel kanggé tiyang Mesir. Sang Prabu Pringon lajeng ndhawuhi supados nututi bangsa Israèl. Ananging astanipun Gusti makarya kanthi nengsemaken nguwalaken bangsa Israèl saking pangoyakipun prajurit Mesir. Panjenenganipun mbikak margi ing seganten Teberau. Toya seganten piyak nalika bangsa Israèl mlampah lan nutup toya malih nalika prajurit Mesir ing tengahing seganten. Sarana makaten bangsa Israèl kanthi mardika nglajengaken lampahipun tumuju nagari prsetyan.

Mazmur 114 punika ngandharaken pepujènipun umat Israèl sasampunipun uwal saking pangoyakipun prajurit Mesir. Jejer Mazmur ingkang dipun damel déning LAI (Lembaga Alkitab Indonesia) kanthi cetha nyumerepakan bab punika. Makaten ugi wonten ing pratéla pambuka Mazmur kagambaraken kanthi cetha inggih punika ing wekdal bangsa Israèl medal saking Mesir lan dipun tandhesaken kaliyan taler tedhakupun Yakub saking bangsa manca. Ayat 2 nedahaken bilih sami badhé tumuju dhateng nagari prasetyan kanthi nyebat Yehuda minangka papan mirunggan lan Israèl dados wewengkoning panguwaosipun Gusti.

Ayat 3 dados gegambaran kadospundi menggahing mukjijatipun Gusti kalampahan. Toya seganten Teberau piyak nalika bangsa Israèl medal saking nagari Mesir lan makatena ugi lèpèn Yardèn inggih sami kadosdéné seganten Teberau nalika bangsa Israèl mlebet dhateng nagari prasetyan. Kekalihipun punika nedahaken panguwaosipun Gusti ingkang ngédab-édabi. Panguwaosipun Gusti ingkang kados makaten dipun ambali wonten ing ayat 5, ing pundi toya seganten Teberau lan lepen Yardèn nungkul dhumateng panguwaosipun Gusti.

Ayat 4 lan 6 ngrembag bab ingkang sami inggih punika paredèn ingkang nungkul dhumateng Gusti. Llampahan medal saking Mesir ing satunggal sisih mbekta kabingahaning Israèl

amargi uwal saking pangawulan Mesir. Ing sisih sanès mbekta umat Israèl mlebet dhateng tantangan anyar minangka bangsa ingkang saweg ngudi wewangunanipun, mirungga Gusti ngagem ara-ara samun kinarya dados caranipun mangun bangsa punika. Kawontenaning ara-ara samun ingkang cengkar mbekta umat sami sesambat ing bab tetedhan lan toya. Pangentasan 17 nyariosaken kadospundi pasambatipun ing bab toya temahan nggigat nabi Musa jalaran sampun mbekta dhateng ara-ara samun. Tumraping nabi Musa, bangsa Israèl sampun wantun nyobi dhumateng Gusti lan Musa munjuk dhumateng Gusti nyuwun pitulungan. Panguwaosing Gusti nglangkungi pasambatipun umat. Menggahing Gusti maringi toya kanggé umat punika prakawis ingkang ènthèng kémawon, satemah nabi Musa kadhawuhan supados nyabetaken teken dhateng parang ing gunung Horèb lan ngedalaken toya. Sasampunipun toya medal saking redi parang pramila lajeng sami kacekapan ing bab kabetahan toya.

Panguwaosing Gusti tumrap paredèn dipun tandhesaken malih wonten ing ayat 7 lan 8. Bumi gumeter ing ngarsanipun Gusti, lan Gusti kawasa ngéwahi redi parang dados blumbang. Sanadyan saking séla ingkang keras, sumber toya saged medal saking ngriku.

Lelampahan punika badhé nyumerepaken bilih pamawas ingkang kirang prayogi saking bangsa Israèl ing bab kawontenanipun piyambak magepokan kaliyan nabi Musa ingkang ngirid umat medal saking Mesir. Lelampahan punika ngajak kita mbikak papan ing gesang kita tumrap sih-rahmatipun Gusti ingkang kawasa anyipta mukjijat kanggé kita nglangkungi sakathahing pasambat kita.

### **Pitakenan panyuraos:**

- Pasambat ingkang kadospundi ingkang asring jumedhul ing gesang panjenengan? Punapa ingkang njalari panjenengan sambat?
- Pitulunganing Gusti ingkang kadospundi, ingkang saged panjenengan edumaken nalika Gusti minangkani pasambat panjenengan?

- Bab punapa ingkang wigati ingkang panjenengan panggihaken saking Jabur 114 punika? Panjenengan edumaken miturut pangraos panjenengan.
- Kapungkasanana Panyuraos Kitab Suci sarana pandonga.

[YCK/TK]

**BAHAN**  
**PANYURAO S KITAB SUCI 9**  
*Minggu Paska Kaping-2*

Waosan:  
 Roma 12:9-21

**“Kuncinipun:  
 Katresnan”**



**Panuntun**

Wonten satunggaling tetembungan, “Gajah ana ing tlapukan mripat ora katon, semut ing sabranging segara ketara.” Tetembungan ingkang arupi bebasan punika badhé nggambaraken bilih tiyang langkung gampil nyumerepi utawi madosi kalepatanipun asanès, ananging kalepatanipun piyambak boten dipun raosaken. Sesambetan ingkang dipun talesi sikep ingkang makaten, sanès sesambetan ingkang prayogi lan sehat. Pados kalepatanipun asanès langkung gampil katimbang ngaosi kaunggulanipun asanès, punika saged dados dredah.

Temtu boten wonten tiyang satunggala kémawon ingkang ndarbèni pepenginan dredah kaliyan tiyang sanès. Saben tiyang temtu kepèngin gesang rukun kaliyan asanès. Ananging ingkang nama dredah daos satunggaling bab ingkang wonten ing sakiwatengen kita. Kadhangkala pitembungan utawi patrap kita saged nyénggol manahipun tiyang sanès. Utawi pikiran kita asring kebak déning cubriya, kumèrèn, lan pados kalepatanipun asanès kados tetembungan ing nginggil.

Dinten punika kita sesarengan badhé nyuraos pangandikanipun Gusti bab sesambetaning gesang ingkang kinebakan déning bedhamèn. Lumantar serat Roma 12: 9-21, kita badhé nampèni sawatawis wejanganipun Rasul Paulus supados gesang kanthi katresnan. Kuncinipun inggih punika katresnan, sabab inggih punika ingkang kawulangaken lan kadadosaken tetuladhan déning Gusti Yésus piyambak lumantar séda lan wunguni-Pun.

### **Katrangan waosan.**

Rasul Paulus paring wejangan dhateng pasamuwan ing Rum supados sami gesang salebeting katresnan. Wejangan ingkang kaparingaken darbé pangangkah pasamuwan ing Roma sageda ngrumaosi bilih piyambakipun punika minangka para tiyang pitados. Minangka tiyang pitados, temtu sampun samesthinipun nedahaken sikep lan kedaling lathi ingkang prayogi. Paulus kepéngin pasamuwan ing Roma sageda nyaosaken badan lan sawetahing gesangipun minangka pisungsung ingkang gesang, suci, lan ndadosaken keprananipun Allah (Mirsanana Roma 12:1).

Paulus miwiti wejanganipun sarta ngersakaken pasamuwan nedahaken katresnan ingkang mboten lelamisan (9). Menawi kita nresnani asanès, inggih kinanthenan katresnan ingkang salugunipun. Nedahaken katresnan ingkang lamis sami kaliyan *dobel* praupan. Ing wekdal ingkang sami, kita saged asikep manis ing ngajengipun tiyang, nanging ing wingkingipun tiyang wau kita mènjep. Patrap ingkang makaten punika sinebat lamis. Punapa ingkang dipun tindakaken mboten kinanthènan tulusing manah. Sikep ingkang makaten punika mboten prayogi. Paulus ngèngetaken supados nebihi punapa ingkang awon kanthi nindakaken kasaénan (9).

Supados kita mboten keblegong dhateng lelamisan, pramila nalika nresnani tiyang sanès, prayogi menawi kita nganggep kadosdéné sedhèrèk lan samidéné ngrumiyini suka pakurmatan (10). Kanthi nresnani tiyang sanès, kita badhé langkung gampang kedudut kanggé mitulungi tiyang sanès (13). Tetulung tanpa ngajeng-ajeng pituwas utawi pangalembana. Mitulungi tanpa cubriya dhateng tiyang ingkang kita tulungi. Tetepa suka pitulungan sanadyan tiyang wau naté damel saking manah kita. Sabab, kita dipun ènetaken sampun ngantos ngrendhem sengit dhateng tiyang ingkang naté damel tatuning manah kita (14).

Nresnani lan tetulung dhateng asanès kedah kinanthènan landheping pangraos. Kanthi makaten, kita mangretos kadospundi patrap ingkang kedah katindakaken. Tiyang ingkang bingah kabiyantu kabingahanipun, tiyang ingkang nangis kabiyantonana panangisipun (15). Sampun ngantos kita ndarbèni sikep ingkang ngosokwangsul, nalika tiyang bingah,

kita mboten remen. Nanging nalika tiyang sanès nangis, kita malah bingah.

Sumangga kita tindakaken punapa ingkang prayogi kanggé sadaya tiyang (17) lan gesanga kanthi bedhamèn kaliyan sadaya tiyang (18). Kalairna kawigatosan kita dhateng sadaya tiyang (20). Sampun ngantos kita kawon déning piawon, ananging piawon kita kawonaken sarana kabecikan (21). Wejangan Rasul Paulus mboten namung kanggé pasamuwan ing Roma, ananging kanggé kita ugi ingkang gesang wonten ing jaman sapunika. Pancèn mboten gampil nindakaken dhawuhipun Rasul Paulus punika. Nanging sauger kita anggadhahi sedyaning manah, kita temtu saged nindakaken.

Dèn ènget, kuncinipun punika katresnan. Katresnan saking Gusti Allah badhé mbereg lan nyagedaken kita nresnani tiyang sanès. Panjenenganipun sampun séda lan wungu! Sumangga kita pahargya kabingahaning wunguni-Pun sarana roh ingkang nenangi paladosan kita dhumateng Gusti (11). Menawi Gusti sampun nresnani kita tanpa wates, lajeng kénging punapa kita amatesi katresnan dhateng sesami kita? Wiwitana jumangkah kanggé ngupadi gesang ingkang kebak bedhamèn sarana ngèneti katresnanipun Gusti dhateng kita.

### **Pitakenan kanggé panyuraos:**

1. Kanthi cara ingkang kadospundi panjenengan ngunjukaken panuwun karana sampun nampèni katresnanipun Allah?
2. Punapa ingkang njalari panjenengan nresnani tiyang sanès kanthi salugunipun?
3. Kadospundi raosing manah panjenengan nalika keblegong wonten ing dredah kaliyan tiyang sanès? Kadospundi anggèn panjenengan nanggulangi dredah?
4. Pambudidaya ingkang kadospundi ingkang panjenengan tindakaken supados saged gesang kanthi bedhamèn kaliyan tiyang sanès?



**BAHAN****PANYURAOS KITAB SUCI 10**

Waosan:

Lelakoné Para Rasul 2:14, 36-41

**Sinau  
Anampèni****TUJUWAN:**

1. Umat saged angrumaosi bilih nampèni Gusti Yésus mengku timbalan gesang wonten ing Panjenenganipun, gesang ingkang kedah laras kaliyan piwulang lan sikep gesangipun Sang Kristus.
2. Umat sageda tansah kepéngin sinau ndandosi dhiri minangka peranganing sariranipun Sang Kristus sadangunipun gesang ing jagad punika.

**Panuntun**

Punapa ingkang kalampahan nalika tiyang nembé kasmaran? Padatan kathah tyang ingkang ngandharaken bilih wonten raos ingkang ngremenaken lan bingung temahan raos punika lajeng tinanggapan sarana sawatawis tumindak. Wiwit saking pitepangan, asring pinanggih, samidéné carios, nindakaken bab-bab ingkang narik kawigatosan, lan taksih kathah malih. Ananging ingkang baken, raos ingkang kapratélakaken saking tiyang kalih ingkang nembé kasmaran padatan purun samidéné sinau anampèni. Narik kawigatosan, kasunyatanipun kathah raos pangraos sanèsipun ingkang nyarengi nalika tiyang purun anampèni, saé kahanan punapadéné tiyang sanès. Sikep nampèni punika ngemu akibat dhateng dhirinipun piyambak sesarengan kaliyan tanggal-jawab jumangkah mlampah ing lebetipun. Wekdal punika kita badhé ngraosaken khotbahipun Pétrus ing sangajenging tiyang kathah ingkang tundhonipun sami nampèni paseksinipun Pétrus lan wonten kirang langkung tigang èwu tiyang nyuwun kabaptis.

### **Lelakoné Para Rasul 2:14, 36-41**

Manut ilining carios, Lelakoné Para Rasul minangka kalajenganing Injil Lukas. Wonten ing Lukas 9:51, panyerat nyariosaken tindakipun Gusti Yésus tumuju dhateng Yèrusalèm. Wonten ing Yèrusalèm, carios Injil Lukas purna. Lajeng, Lelakoné Para Rasul nglajengaken carios ing Yèrusalèm (PR 1:1) ngantos pungkasanipun wonten ing Roma (PR 28:30-31). Sasampunipun Gusti Yésus sumengka dhateng ing swarga, Roh Suci rawuh dados daya kanggé nggelaraken Kratoning Allah ing donya. Roh Suci mitulungi lan nuntun para rasul lan pawartos sanèsipun kanggé ngraosaken lan dundum Injil dhateng tiyang kathah. Wonten ing Lelakoné Para Rasul 2:14, 36-41, Pétrus kaliya sewelas rasul sanèsipun jumeneng lan ngundhangaken dhateng para tiyang Yahudi ingkang wonten ing Yèrusalèm wekdal semanten, supados pitados dhumateng Gusti Yésus ingkang wungu ( ay. 3) lan njurung tiyang kathah masrahaken gesang supados dipun baptis.

Gegayutan kaliyan bab ingkang kaandharaken Pétrus wonten ing khotbahipun, wonten 2 tembung ingkang narik kawigatosan. *Sepisan*, wonten ing ayat 37 kaserat, “*Bareng wong-wong padha krungu pangandika mangkono mau, atine trenyuh, banjur padha matur pitakon marang Rasul Pétrus lan para rasul liyane: “Para sedhèrèk, punapa ingkang kedah sami kula lampahi?”*”. Tembung *trenyuh*, wonten ing basa asli (Yunani) *katanoos’so*, ingkang tegesipun nuwek. Tegesipun, pangandika ingkang kaandharaken déning Pétrus sayekti saged lumebet wonten ing manahipun tiyang ingkang mirengaken lan dipun raosaken. Bab punika nggambaraken kadospundi Roh Suci makarya wonten ing tiyang kathah inking mirengaken Pétrus wekdal semanten. *Kaping kalih*, sasampunipun Pétrus ngandharaken khotbahipun, wonten ing ayat 41 kaserat makaten, “*Wong-wong kang nampani pangandikané, padha kabaptis. Ing dina iku cacahé siswa wuwuh watara telung èwu.*” Tembung *nampani* punika tanggapan saking tiyang kathah ingkang gunggungipun kirang langkung tigang èwu (ay.42). panampèn ingkang makaten minangka tanggapan saking manah ingkang sampun mireng pawartos bab Sang Kristus.

Lelampahan punika dados bab ingkang narik kawigatosan ngèngeti pawartos ingkang kaandharaken déning Pétrus kanggé

para tiyang Yahudi ingkang sampun sami nyepengi kabudayan lan panembahing agami kanthi kiyat. Nanging pakaryaning Roh Suci lumantar para rasul nyagedaken para tiyang Yahudi wekdal semanten mireng lan ngraosaken pratélanipun Pétrus kanthi leres. Pangraosipun dhateng punapa ingkang kaandharaken déning Pétrus ketinggal saking pitakènan “*Para sedhèrèk, punapa ingkang kedah sami kula lampahi?*” pangretosan ing bab Gusti Yésus ingkang sadangunipun punika sami kapireng utawi kaseksènan, mitulungi tiyang kathah kanggé nenimbang lan ngraosaken, satemah tanggapanipun saged jumbuh kaliyan punapa ingkang dipun khotbahaken déning Pétrus. Punapa ingkang dipun ènet ing bab Gusti Yésus lan manah ingkang sumadya ngraosaken, njalari para tiyang wau sami pitados lan masrahaken dhiri supados kabaptis.

### **Cak-cakan**

Wonten ing khotbahipun, Pétrus ngandharaken bab ke-Allah-anipun Gusti Yésus ingkang rawuh manjalma manungsa, ngalami séda sinalib, lan wungu ing tigang dintenipun. Pétrus nandhesaken dhateng tiyang kathah—tiyang-tiyang Yèrusalèm—supados pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus kadosdéné ingkang Pétrus lan para rasul sanèsipun pitados, jalaran piyambakipun dados seksi menggahing séda lan wunguni-Pun. Sasampunipun mireng pangandikanipun Pétrus, “wong-wong” ingkang tegesipun tiyang kathah wekdal semanten, nampèni punapa ingkang kaandharaken déning Pétrus, satemah manahipun trenyuh lan masrahaken dhiri kabaptis.

Nampèni andharanipun Pétrus minangka wujud nyata Roh Suci makarya wonten ing para tiyang wau lan sami nanggapi kanthi pitados. Sasampunipun nampèni punapa ingkang kaandharaken Pétrus tuwin nampèni baptis, nembé lampah ingkang “panjang” kawiwitan. Panampènipun kanggé pitados dhumateng Gusti Yésus ngemu akibat bilih para tiyang wau prelu ngudi gesang wonten ing Panjenenganipun. Gesang wonten ing Sang Kristus sanès gesang ingkang awewaton sasekécanipun, nanging gesang ingkang ngudi katentreman lan katresnan.

Sinau nampèni, sejatinipun boten ngrembag bab “inggih, kula tiyang Kristen, ingkang sampun nampèni Gusti Yésus minangka Gusti lan Juruwilujeng” utawi “inggih, kula sumadya

kabaptis” namung kèndel wonten ing pitebungan kémawon. Nampèni Sang Kristus ateges ngudi gesang ingkang ndadosaken keprananipun Gusti, kanthi tansah setya mirengaken, ngraosaken, lan nindakaken kayektèn, ingkang ambekta katentreman menggahing sadaya tumitah. Sarana makaten, nampèni Gusti Yésus boten “mirah” aosipun, sasekècanipun gesang kita, nanging dados pancasan ingkang éndah, jalaran lumantar punika, kita dados manungsa ingkang tansah purun sinau lan nganyaraken gesang.

**Tuntunan pitakenan:**

1. Wontena wekdal ening 1-2 menit lan raosna “Gusti Yésus ingkang kita pitados punika Sang Katresnan lan Sumbering Gesang”
2. Lumantar ukara ingkang prasaja lan mbok bilih asring kapireng wonten ing angka 1, samia aningali dhateng dhiri kita piyambak, punapa ingkang kita raosaken nalika kita mireng lan maos punika?
3. Wonten ing pangraos, punapa wonten raosing manah utawi panggalihan ingkang mambengi kita kanggé nindakaken punapa ingkang damel keprananipun Gusti ing sadangunipun punika?
4. Sasampunipun ngraosaken bilih gesang kita dipun tresnani Gusti, punapa ingkang badhé katindakaken supados saged aneksèni katresnanipun Sang Kristus dhateng sesami?
5. Damel kelompok alit lan dundum pengalaman kados ing angka 3 kaliyan anggota kelompok sanèsipun. Samidéné nyengkuyung, ngiyataken, lan ngèngetaken supados tansah sinau ngraosaken panampèn kita kanggé gesang wonten ing Sang Kristus ing padintenan.

(APD/TK)

**BAHAN  
PANYURAOS KITAB SUCI 11**

*Angraosaken wungunipun Gusti  
Yésus*

Waosan:  
1 Pétrus 2:19-25

**“Mandenga  
dhumateng  
Sang Kristus,  
Jumangkaha  
Kanthi  
Tentrem”**



**Panuntun.**

Sinten ingkang mboten tepang kaliyan Martin Luther King Jr. satunggaling pandhita lan *aktifis* Amerika Serikat ingkang mbudidaya adamel sami drajating tetiyang. King mbudidaya sadaya manungsa saking kawontenan punapa kémawon pinanggih sami, sadaya ndarbèni hak mengku gesang ingkang saé. Panyuraos Kitab Suci dinten punika badhé ngrembag tetuladhanipun Martin King Jr., kanthi kapadhangang serat 1 Petrus 2: 19-25.

**Trap-trapan 1:**

Maos lan ngrembag perangan saking pidatonipun Martin Luther King ingkang makaten:

“Kula pratéla dhateng panjenengan dinten punika, sedhèrèk, sanadyan kita ngadhepi kangèlan dinten punika lan bénjing énjing, kula taksih gadhah pangimpèn.

Punika pangimpèn ingkang ngoyod saking impènipun tiyang Amerika. Kula gadhah pangimpèn bilih satunggaling dinten benjang bangsa punika badhé gumregah lan gesang adhedhasar makna sejati saking tekadipun;

‘Kita punika bukti nyata saking kapitadosan bilih sadaya manungsa katitahaken sami’,

Kula gadhah pangimpèn bilih ing satunggaling dinten wonten ing Red Hills Georgia, para laré tilas batur lan para laré tilas bendara saged linggih sesarengan wonten ing meja salebeting pasedhèrèkan.

Kula gadhah pangimpèn ing satunggaling dinten malah ing Mississippi, satunggaling nagari ingkang kepanggang déning tumindak boten adil, kepanggang déning panasing panindhes, badhé salin dados tлага tumraping kamardikan lan kaadilan.

Kula gadhah pangimpèn bilih anak kula sekawan ingkang taksih alit, ing satunggaling dinten gesang ing nagari ing pundi mboten badhé dipun jeksani karena warnining kulitipun, nanging adhedhasar sesipatanipun.

Kula gadhah pangimpèn Bénjing ing Alabama, ingkang kawengku déning patrap mbédakaken warni kulit lan bangsa kanthi kejem, kanthi tutukipun gubernur ingkang remen nètèsakan pitembungan nglawan dhateng paugeran lan nyegah jejeging ukum; satunggaling wekdal Bénjing wonten ing Alabama, laré jaler lan èstri kulit cemeng saged gegandhèngan kaliyan laré jaler lan èstri kulit pethak minangka sedhèrèk.

Kula gadhah pangimpèn dinten punika.

### **Trap-trapan 2:**

- “Tiyang Kristen kedahipun sugih lan Makmur awit berkahipun Gusti lubèr, menawi kita gesangipun mboten kacekapan, kita dados tiyang Kristen ingkang kirang iman!” Punapa panjenengan sarujuk kaliyan pratéla punika? Kadospundi pamanggih panjenengan?
- Punapa leres menawi kita dados tiyang Kristen ateges gesang kita sampun temtu kacekapan lan tebih saking kasangsaran lan prakawis? Kadospundi pamanggih panjenengan?

### **Trap-trapan 3:**

Kawaos 1 Petrus 2:19-25 kanthi setiti, dipun cathet bab-bab ingkang wigati wonten ing waosan punika.

Sang Kristus dados panutanipun tiyang pitados. Panjenenganipun katampik déning manungsa, ananging karenan tumrap ing Gusti Allah. Tiyang pitados ingkang wonten ing Panjenenganipun kabangun minangka griya rohani, kaimaman suci ingkang misungsungaken kurban dhumateng Allah.

Minangka griya rohani, umat kaèngetaken ing bab tetengeraning gesangipun. Rumiyan para tiyang sanès umatipun Gusti Allah, nanging sapunika dados umati-Pun, karena sih-rahmatipun Gusti. Umat kadhawuhan ngraosaken sih-piwelasipun Allah supados saged mbabaraken katresnan ing pundia papan. Wujuding sih-piwelas ingkang nyata inggih punika andhap asor.

Andhap asor dados tetuladhan saking Gusti Yésus ingkang katilaraken déning Panjenenganipun (ay.21) wonten ing katresnan, umat katimbangan ngetut winging tindakipun Sang Kristus. Panjenenganipun tanpa dosa lan mboten wonten ing lesani-Pun pinanggih cidra. Nalika dipun cecamah, Panjenenganipun mboten males kanthi panyenyamah, nalika sangsara, Panjenenganipun mboten ngancam, nanging masrahaken dhateng Panjenenganipun ingkang ngadili kanthi adil. Masrahaken dhumateng Panjenenganipun wonten ing ukara sanèsipun kasebat masrahaken sariraniipun dhumateng Allah karena pitados wonten ing Allah kaparingan pangajeng-ajeng ingkang saèstu adil. Karena Panjenenganipun adil, Pramila tiyang ingkang katindhès mboten badhé nandukaken pamales sabab ngraosaken bilih pamales mboten badhé ngrampungaken prakawis. Pamales malah badhé nukulaken piawon ingkang langkung ageng malih.

Kadospundi umat saged tahan ing satengahing kahanan batin lan gesang ingkang kebak pameteg, kamangka mboten nandukaken pamales? 1 Petrus: 22-25 mratélakaken, “Panjenengané piyambak wis ngrembat dosa kita ing sarirané ana ing kayu salib, supaya kita sawisé mati pisah saka dosa, padha urip cumadhang ing kayektèn. Marga saka bilur-biluré kowé wus padha rahayu. Awitdéné dhèk biyen kowé padha kesasar kaya wedhus, nanging saiki wis padha bali marang pangon sarta pamomonging nyawamu.”

Panjenenganipun piyambak mikul dosa kita wonten ing sarirani-Pun ing kajeng salib. Tembung dosa ing ngriki saged mengku teges ingkang nedahaken lelampahan utawi tumindak

awon. Menawi Panjenenganipun mikul dosa wonten ing kajeng salib, punapa maknanipun? Inggang dipun tengenaken ing ngriki pancèn sanès lelampahanipun utawi pandamel inggang dipun tindakaken, nanging wonten ing kalepatan inggang pantes nampi paukuman karana dosa. Kalepatan inggang dipun sebabaken déning pandamelipun manungsa inggang awon. Awit saking punika, wonten ing sawatawis basa, pérangan ngajeng ayat punika saged dipun pertal dados: Sang Kristus piyambak nandhang sangsara wonten ing salib kanggé nanggél kalepatan inggang dipun sebabaken déning pandamel awon kita utawi kita sampun tumindak lepat nanging Sang Kristus inggang kapatrapan ukum jalaran kalepatan kita wau (Arichea & Nida, 2013). Nalika Panjenenganipun séda, Panjenenganipun nandhang sangsara demi nanggél dosa-dosanipun manungsa. Dosa ing ngriki kalebet kalepatan, supata, paukuman awrat karana dosa wau. Sarana sédani-Pun ing kajeng salib, manungsa pikantuk pangapunten saking Allah. Bilur-biluripun Sang Kristus minangka kanugrahanipun Allah inggang damel pulhihipun kita.

#### **Trap-trapan 4:**

Punapa gesang kanthi nandhang sangsara punika minangka pungkasan inggang tanpa makna? Punapa maknanipun sih-rahmatipun Allah kanggé tiyang Kristen salebeting ngadhepi kaprihatosaning jagad?

#### **Trap-trapan 5:**

Sumangga maos carios punika.

*Anne Frank punika satunggaling laré saking sayuta laré Yahudi inggang pejah sadangunipun Holocaust. Nalika wonten ing singidan, Anne nyimpèn buku cathetan pribadi (diari) kanggé ngluntakaken raos ajrih, pangajeng-ajeng, lan pengalamaniipun. Buku cathetan pribadi wau dipun panggihaken wonten ing apartemèn rahasia sasampunipun brayatipun Frank dipun rangket, dipun simpen déning Miep Gies, satunggaling tiyang inggang mbiyantu nyingidaken brayat wau. Sasampunipun paprangan, buku wau kacétak*

*kanthi maneka warni basa lan kadadosaken kurikulum sekolah menengah lan sekolah menengah atas ing saindenging donya. Anne Frank dados lambang menggahing janji ingkang ical saking para laré ingkang pejah sadangunipun Holocaust. Anne lair ing tanggal 12 Juli 1929, wonten ing Frankfurt, Jerman saking tiyang sepuh Otto lan Edith Frank. Ngantos umur 5 taun, Anne gesang kaliyan tiyang sepuhipun lan mbakyunipun, Margot manggèn wonten ing apartemèn pinggir kitha Frankfurt. Sasampunipun Nazi madeg dados panguwaos ing taun 1933, brayatipun Frank ngungsi dhateng Amsterdam, Belanda. Jerman nguwaosi Amsterdam ing wulan Mei 1940. Ing wulan Juli 1942, panguwaos Jerman lan kolaborator Belanda ngusir tiyang-tiyang Yahudi saking Belanda dhateng papan-papan kanggé mejahi ing Polandia ingkang dipun kuwaosi déning Jerman.*

*Saperangan ing wulan Juli 1942, Anne lan brayatipun singidan sesarengan brayat Yahudi sanèsipun. Ngantos kalih taun, anggènipun sami singidan ing apartemèn lotèng ing wingking kantor perusahaan gadhahanipun brayat ing 263 Prinsengracht Street, ingkang dipun sebat déning Anne minangka Secret Annex. Kanca-kancanipun nyambut damel ngintu kanthi sesidheman tetedhan lan rasukan dhateng brayat Frank kanthi totohan nyawanipun. Ing tanggal 4 Agustus 1944 Gestapo (Polisi Rahasia Negara Jerman) manggihaken papan singidan wau sasampunipun nampi pitedah saking tiyang lumantar telpun ing Belanda ingkang mboten dipun sebataken naminipun lan ngrangkèt sadaya ingkang manggèn ing ngriku. Ing wulan September 1944, pihak panguwaos mbekta brayat Frank, lan sekawan brayat sanèsipun ingkang sesarengan singidan, katumpakaken sepur dhateng Auschwitz. Kapilih kanggé nyambut damel kasar karena taksih anèm, Anne lan sedhèrèkipun dipun pindhah dhateng kamp konsentrasi Bergen-Belsen ing Jerman iring lèr wonten ing pungkasaning wulan Oktober 1944. Sedhèrèk kekalih wau lajeng tilar donya karena ketaman tipes ing wulan Maret 1945, namung sawetawis minggu saderengipun pasukan Inggris ngluwaru kamp punika. Ibutipun Anne tilar wonten ing*

*Auschwitz ing wiwitaning wulan Januari 1945, déné bapakipun Anne, Otto, wilujeng saking paprangan wau.*

*Buku cathetanipun Anne dipun panggihaken déning kanca-kancanipun brayat Anne ingkang madosi barang-barang ingkang taksih kanton sasampunipun Gestapo nggrebeg. Barang-barang lan cathetan ingkang dipun panggihaken lajeng dipun wangsulaken dhateng Otto Frank. Sanadyan gesang wonten ing panindhes lan raos ahrih menawi karangkèt déning Nazi, Anne tuwuh dados laré ingkang saé manahipun. “Kula taksih pitados, badhé uwal saking sadaya punika, bilih saben tiyang nggadahi manah ingkang saé,” makaten Anne anggènipun nyerat ing buku cathetanipun. Buku cathetanipun Anne dipun cetak wonten ing Belanda ing taun 1947 lan kacétak mawi basa Inggris ing taun 1952. Ing taun 1969, buku cathetanipun sampun kapertal mawi 34 basa lan wekdal punika taksih wonten mawi 70 basa.*

Saking cariosipun Anne Frank lan Marthin Luther King punika, kita saged sumerep bilih ing salebeting kasangsaran kita taksih saged makarya lan nindakaken pandamel ingkang migunani. Carios Anne Frank lan Marthin Luther King saged nenuntun kita bilih kasangsaran punika sanès bab ingkang mungkasi samudayanipun, sampun ngantos pedhot ing pangajeng-ajeng ngadhepi gesang punika. Sumangga kita salin kasangsaran ingkang kita alami dados satunggaling bab ingkang éndah lumantar sikep tumemen lan setya nglampahi ing saben dinten.

Kasangsaran salebeting ngugemi iman kapitadosan sanès bab ingkang nglaha, awit ing ngriku taksih wonten sih-rahmatipun Allah. Awit saking punika, tansaha setya lan tetepa jumangkah wonten ing katresnanipun Gusti ing kawontenan saé punapadéné ingkang mboten ngremenaken.

Prakawis ingkang kedah kita singkiri inggih punika nglepataken utawi ngginakaken Gusti minangka tameng salebeting kasangsaran ingkang jumedhul karena kalepatan kita piyambak. Wonten pepenginaning manah kita ingkang mratélakaken “Sadaya punika karena Gusti Allah”, kamangka sejatinipun kita

piyambak ingkang nindakaken kalepatan lan dedosa. Kathah tiyang Kristen ingkang singidan ing sawingkinging ukara-ukara wau namung kanggé ketingal saé ing sangajenging tiyang kathah. Awit saking punika, sumangga tansaha mandeng salibipun Sang Kristus ingkang sampun wilujengaken kita. Nyawanga Sang Padhang ingkang tansah amadhangi lampah kita, kasangsaan ingkang kita alami karena ngekahi iman kapitadosan minangka sih-rahmat. Punapadéné tansaha makarya minangka wujud raos sokur awit pangrimatanipun Gusti lan kanggé karaharjaning sesami, sampun ngantos kadamel tanpa aji sih-katresnanipun lan peparang ingkang kaparingaken déning Gusti dhateng kita, sanadyan ingkang kita tindakaken punika prasaja, menawi Gusti ngersakaken bab punika badhé dados prakawis ingkang migunani kanggé kita piyambak punapadéné tetiyang ing sakiwa-tengen kita ing mangsa ngajeng.

Minangka tandha panuwun awit katresnanipun Allah ingkang adamel pulih kita, punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken ing salebeting brayat, pasamuwan lan masyarakat? (Sabèn tiyang panyuraos Kitab Suci saged nyerat wonten ing kertas utawi kalésanaken kanthi urutan, salajengipun kapungkasan kanthi samidéné ndongakaken).

Sumber seratan :

<https://encyclopedia.ushmm.org/content/id/article/anne-frank-abridged-article>

Seratan punika sampun kapacak ing Kompas.com kanthi irah-irahan, "Anne Frank dan Buku Hariannya yang Menjadi Catatan Penting Sejarah", Klik kanggé maos:

<https://www.kompas.com/tren/read/2020/06/12/134000465/anne-frank-dan-buku-hariannya-yang-menjadi-catatan-penting-sejarah?page=all>.

[KD/TK]



## BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang  
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah malih  
jumbuh kaliyan kawontenanipun pasamuwan  
piyambak-piyambak*



**BAHAN**  
**PAKEMPALAN DONGA 1**  
*Ngraos-ngraosaken*  
*panandhangipun Gusti Yesus*

Waosan:  
 Lukas 23:33-43

**“Panandhang  
 ndhatengaken  
 Kabingahan”**



**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 251 DOSA PUNAPA

- 1) Dosa punapa déné Gusti kula,  
 nadyan Masuci. Ning siniya-siya?  
 Krana sih-tresna Paduka mring kula,  
 nandhang sagsara.
- 2) Dhuh, Ratuning rat, napa ta sababnya,  
 makutha eri ngrenggani mustaka?  
 Dimèn pra umat rinoban sih-rahmat,  
 luwar sing laknat.
- 3) Dhuh, Guru kula, napa darunanya\*,  
 kaukum pati krana seksi dora?  
 Wit nebus jalma sing kwasaning dosa,  
 mrih gesang mulya.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 250 ANÈNG SALIB PADUKA

- 1) Anéng salib Paduka pangayom kawula,  
 toyaning gesang mulya ing ardi Golgota  
*Rèff.:* Salibnya, salibnya, kamulyan kawula,  
 ngantos bénjing nampèni palereman baka\*
- 2) Anèng salib Paduka, katresnan kababar;  
 inggih namung Paduka kadya lintang pajar  
*Rèff.:* ...

- 3) Anéng salib Paduka, pikekah kawula;  
tansah kula èngeti ing gesang slaminya. *Rèff.:* ...
- 4) Anéng salib Paduka, pitados kawula;  
dumugi wancinira bingah anèng swarga. *Rèff.:* ...

## 5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 23:33-43

## 6. RENUNGAN

### “Panandhang Ndhategaken Kabingahan”

Ing dinten Selasa 15 April 2014, paukuman pejah ing panyulahan batal secara dramatis ing wekdal-wekdal akhir (<https://nationalgeographic.grid.id/read/13289932/ketika-hukuman-mati-di-tiang-gantungan-batal-secara-dramatis>). Pun narapidana aran Bilal kanthi mripat katutup kain kabekta dhateng alun-alun kitha saprelu nglampahi èksekusi paukuman pejah ingkang kadhawahaken déning pangadilan dhateng piyambakipun awit raja pati ingkang katindakaken. Piyambakipun sampun ngadeg ing sanginggiling kursi ing sangandhaping panyulahan, tangsul sampun kaiketaken ing gulunipun. Ibaratipun, pati sampun kantun sajangkah methuk nyawanipun Bilal. Nalika èksekusi badhé katindakaken, dumadakan dhateng satunggaling wanita mlajeng nyelaki Bilal lan mbengok, “Stoop!!!”

Sinten ta wanita kasebut? Kénging punapa wanita punika ngantos dhateng mlajeng-mlajeng nyelaki Bilal? Punapa wanita punika kanca raket utawi sémahipun Bilal ingkang badhé tumuli dipun ukum pejah? Pranyata ingkang dhateng lan mlajeng nyelaki Bilal punika ibu Samereh ingkang anakipun sampun pinejahan déning Bilal. Punapa ingkang badhé katindakaken déning ibu Samereh? Punapa ibu Samereh nepsu, sumedya ngantem lan sumedya males anggènjpun ngendhem sengit srana mejahi Bilal? Pranyata MBOTEN. Ibu Samereh dhateng nyelaki, ngruket lan ngapunteni Bilal ingkang sampun mejahi anakipun. Wasana èksekusi paukuman pejah ingkang badhé kalampahaken tumrap Bilal dipun batalaken.

Lukas 23:33-43 nyariyosaken bilih wekdal nalika Gusti Yésus ngalami puncaking panandhang, bilih Gusti Yésus ngraosaken panandhang lan sangsara ngantos kasalib. Ing ngriku ugi wonten durjana kalih ingkang kasalib sesarengan kaliyan Panjenenganipun, ingkang satunggal ing sisih tengenipun, lan ingkang satunggal malih ing sisih kiwanipun Gusti Yésus. Kedahipun inggih manungsa ingkang tanggel jawab tumrap dosanipun ingkang sampun katindakaken. Gusti Allah pirsa bilih manungsa mboten kuwawi ngadhepi paukuman tumrap dosa ingkang sampun katindakaken. Gusti Allah tumedhak dhateng jagad dados liruning manungsa nanggél dosa. Gusti Yésus kedah dipun pilara, dipun tendhang, dipun poyoki, dipun siya-siya, dipun pecut, lan malah dipun idoni. Ananging, kados pundi tanggapanipun Gusti Yésus nalika nampi tumindak ingkang mekaten wau? Gusti Yésus namung kèndel lan mboten males babar pisang. Ing ayat 34 Gusti Yésus ngandika "Dhuh Rama tiyang-tiyang punika mugi Paduka apunteni, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun tindakaken." Punika nélakaken bilih Gusti Yésus sanget anggènipun nresnani manungsa. Gusti Yésus mboten namung ngapunteni tiyang-tiyang ingkang nalika semanten ngantemi lan nganiaya Panjenenganipun. Pangapunten punika dipun paringaken dhateng sedaya tiyang.

Cobi kita nggambaraken yèn kita dados Gusti Yésus. Punapa ingkang badhé kita tindakaken? Saged ugi kita badhé males srana nindakaken tumindak ingkang sami kados ingkang kita alami. Nalikanipun dipun antem, saged ugi kita badhé males ngantem. Nalikanipun manah kita kagepok, saged ugi kita lajeng nepsu. Tanggapan kita mekaten punika pranyata mboten damel gesang kita ayam tentrem. Saged ugi kita marem nalika males anggèn kita mendhem sengit. Nalikanipun padudon/ tukar paben utawi kedadosan kekerasan limrahipun badhè kawales srana kekerasan ingkang sami supados punapa ingkang katindakaken saged ndadosaken mareming manah. Bab punika pranyata mboten badhé damel gesang kita nyaman lan ayam tentrem. Ananging punapa ingkang katindakaken déning Gusti Yésus nalika dipun aniaya, dipun antemi,

dipun siya-siya, dipun poyoki, dipun idoni lan dipun salib ingkang béda kaliyan kita. Gusti Yésus namung kèndel lan mboten males tumrap tumindak ingkang dipun alami. Saged ugi ingkang wonten ing manahipun Gusti Yésus punika pasuryan bapak/ibu/para sedhèrèk sedaya lan kula.

Gusti Yésus saged kémawon males srana tumindak ingkang sami ingkang sapun dipun alami, nanging Panjenenganipun saged nélakaken sinten Panjenenganipun ingkang saleresipun, inggih punika Gusti Allah ingkang kebak ing sih-katresnan.

Punapa ingkang sampun dipun wulangaken déning Gusti Yésus pranyata ugi dipun praktikaken sacara nyata, lan inggih bab punika ingkang saged mbikak pangertosan énggal kanggé kita ing bab maknaning pangapunten ingkang saleresipun. Gusti Yésus mraktikaken piwulang sih-katresnan sacara nyata dhateng sedaya manungsa. Gusti Yésus memulang bilih kekerasan ingkang kelampahan kedah dipun wales srana katresnan. Malah rasul Paulus ing seratipun dhateng pasamuwan ing Rum mulang kita “*Aja males ala marang wong kang gawé piala; padha nindakna kang becik tumrap sadhéngah wong*” (Rom. 12:17). Rasul Paulus maringi tuladha dhateng kita bilih ing madyaning gesang kedah tansah gesang ing salebeting katresnan.

Ngucapaken tembung “pangapunten” punika gampil sanget, nanging pranyata angèl sanget dipun cakaken. Punapa ingkang dipun praktikaken déning Gusti Yésus lan kawulangaken dhateng kita kedah nglangkungi margi ingkang awarat sanget, nglangkungi margining salib, panandhang lan séda. Menawi kepareng jujur, kita mboten saged nindakaken punapa ingkang kawulangaken lan dipun praktikaken déning Gusti Yésus. Ananging lantaran punapa ingkang sampun kawulangaken lan kapraktikaken déning Gusti Yésus, kita saged sinau bilih:

**Kapisan: ngapunteni mbetahaken pangorbanan/ panandhang. Gusti** Yésus karsa ngapunteni tiyang-tiyang ingkang nyenyamah, nganiaya, lan nyalibkan Panjenenganipun. Pangapunten ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus kedah nglangkungi

pandhang. Ing salebeting panandhang, Gusti Yésus kuwawinahan lan ngendhalèni dhiri lan malah Gusti Yésus mraktikaken katresnan secara nyata nalikanipun ngalami panandhang. Bab ingkang sami ugi dipun alami déning Ibu Samereh nalika anakipun dipun pejahi, mesthi wonten raos nepsu, benci, kécalan, lan malah ngendhem sengit. Nanging Ibu Samereh kuwawin mraktikaken katresnan lan pangapunten tumrap Bilal ingkang sampun mejahi anakipun. Wonten raos sakit lan panandhang ingkang dipun alami déning Ibu Samereh, nanging katresnan saged nutupi sedaya wau. Bab ingkang sami sampun kapraktikaen déning Gusti Yésus, katresnan ingkang kaparingaken déning Gusti Allah pranyata kuwawin nutupi lan malah mbirat dosa kita. Nalikanipun ngapunteni, kita badhé berjuang nglawan ego, benci, nepsu, lan sengit ingkang taksih wonten ing dhiri kita. Inggih punika ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus bilih ngapunteni punika mbetahaken pangurbanan.

***Kaping kalih:***

***Ngapunteni mbekta berkah.*** Kita asring menggalih bilih nalika kita sampun ngapunteni tiyang sanès tiyang punika badhé kaluwaran. Nanging kejawi ngluwari tiyang sanès, gesang kita ugi badhé kaluwaran. Kaluwaran saking raos sengit, nepsu, lan ngendhem sengit. Nalika kita ngapunteni, kita badhé ngraosaken gesang ingkang kebak déning raos katentreman. Bab ingkang sami dipun raosaken déning Gusti Yésus, nalika Panjenenganipun ngapunteni, Gusti Yésus luwar saking raos sengit, duka, lan mendhem sengit. Bab ingkang sami ugi dipun alami déning Ibu Samereh. Ibu Samereh luwar saking anggènipun ngendhen sengit, raos kapeteg, nepsu, cuwa lan sakiting manah awit kécalan anakipun. Inggih punika berkah ingkang badhé kita tampi menawi kita purun ngapunteni kanthi tulusing manah. Nalika kita purun ngapunteni kita badhé ngraosaken katentreman. Sampun mboten wonten raos was sumelang malih, lan gesang kita badhé tentrem. Séda lan wungunipun Sang Kristus ugi badhé ngluwari kita saking sedaya dosa. Pangapuntenipun Sang Kristus Mujudaken sih-rahmat ingkang nyata ing gesang kita, inggih punika ngluwari kita saking sedaya dosa kita.

Ing mangsa Paska wekdal punika, saged ugi ing antawis kita taksih wonten raos cuwa, nepsu, sakiting manah, dengki, lan malah ngendhem sengit. Mangga kita sami sinau saking Gusti Yésus ingkang lila ngawonaken égo. Kersa ngapunteni, lan mraktikaken katresnan panci kedah wonten pangurbanan ingkang badhé kita alami nalikanipun kita ngapunteni, Nging ing suwaliking panandhang punika, kita badhé kaluwaran saking momotan, pameteg, lan malah kuwuring manah.

Pangapunten badhé ndhatengaken berkah katentremen ing gesang kita. Saged ugi bab punika karaos angèl lan awrat, nanging mangga kita sami sinau saking Gusti Yésus ingkang kersa ngasoraken saliranipun minangka abdi namung kanggé ngapunteni, ngluwar lan nebus dosanipun manungsa. Sumlondhohing manah sarta pasrahing dhiri lan gesang manut panuntuning Sang Roh Suci badhé nyagedaken kita nindakaken pangpunten. Pangapunten ingkang kita tindakaken punika wujuding katresnan, sami kaliyan Gusti Yésus ingkang sampun ngapunteni awit Panjenenganipun sanget nresnani kita. Awit kita sampun dipun apunten, pramila wekdalipun sapunika kita ngpunteni. Dipun apunteni supados ngapunteni. Gusti mberkahi. Amin.

## 7. PAMUJI

### KPJ 257 GUSTI YÉSUS SINALIB

- 1) Gusti Yésus sinalib sinrahken Allah priyangga, karsa nyangga paukuman myang laknat dados lintuning jagad.
- 2) Gustiku kang sinalib, pasrah pyambak mring sédané, supayané aku padha slameta, sihé winangsulana.
- 3) Gustiku kang sinalib, marga déning durakaku, mangka aku jenak mring pakareman\*, pantes tanpa ukuman.
- 4) Panebusku sinalib, aku iki tebusané. Kwajibbané, aku mbuwang piala margané Gusti séda.

\* *pakareman* = *kesenangan (Indonesia)*

## 8. PANDONGA

- Nyuwun pasamuwan sageda tansah ngraos-ngraosaken panandhangipun Gusti srana nuladhani lan nglajengaken pakaryanipun.
- Nyuwun pasamuwan sageda mbangun patunggilan srana nuladhani pakaryanipun Sang Kristus
- Ndedonga supados brayat, umat, lan pasamuwan sami-déne ngiyataken ing satengahing panandhang ingkang dipun lami.

## 9. PUJIAN

KPJ 428 BINGAHA, SISAHA, GUSTI KULA PUJI

- 1) Bingaha, sisaha, Gusti kula puji,  
kang mranata gesang kula  
Kula rinimatan klayan katresna,  
mila kula pasrah pangrèhnya.  
*Rèff.:*  
Pasraha! Pasraha!  
Ing sapangrèhé Kang Makwasa.
- 2) Sapinten awrating momotan kawula,  
godha rencana myang susah,  
yèn kawula énggal mulad Sang Putra,  
manah kula ènthèng lan bingah.  
*Rèff.:* ...
- 3) Sanadyan kawula kasinungan drajat,  
kaluhura, miwah pangkat,  
tebih kula saking raos gumunggung,  
nging tumungkul mring Kang Maagung.  
*Rèff.:* ...

[KUR-WMS]



**BAHAN**  
**PAKEMPLAN PANDONGA 2**  
*Ngraos-ngraosaken*  
*Panandhang*

---

Waosan:  
 Purwaning Dumadi 50:15-21,  
 Matéus 27:27-31

---

**Panandhang,**  
**Pangapunten,**  
**lan**  
**Rékonsiliasi**  
 ☪☪☪

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 78:1-2 “IBA BEGJAKU”

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;  
 Aku tebusan kagungané; anyar uripku krana rahé

*Ref.:*

Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya  
 Aku memuji klayan rena, nggunggung asmané salamanya

- 2) Lamun pasrahku trusing kalbu, temah sampurna  
 kabungahanku.

Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihé  
 Gusti.

*Rèff.:* ...

- 3) Dakaturaké jiwa raga marang Gustiku, atiku lega  
 Klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

*Rèff.:* ...

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 22:1-3 “PUJI KONJUK ALLAH RAMA”

- 1) Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra.

Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya sawiji.

Haléluya! Haléluya! Tetiganya sawiji.

- 2) Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,  
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang  
Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.
- 3) Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,  
wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat.  
Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat.

## 5. PAMAOSING KITAB SUCI:

**Purwaning Dumadi 50:15-21, Matéus 27:27-31**

## 6. RENUNGAN

**“Panandhang, Pangapunten, lan Rékonsiliasi”**

Raos cuwa, duka saget jumedhul saking pundi kémawon lan saged dipun alami déning sinten kémawon. Malah saged ugi dipun alami déning brayat kita. Jalaranipun saged awit mawarni-warni prekawis. Kadhangkala kepara saking bab-bab ingkang mboten wigati utawi sepélé sanget. Temahanipun, ndadosaken sakiting manah, ngendhem sengit ingkang badhé mbekta manungsa tumuju dhateng panandhanging batos lan gesangipun. Ing antawisipun waganing brayat saged kadadosan sami-déné ngendhem sengit, lan malah badhé dados mengsah munggwèng cangkakan (*musuh dalam selimut*) mboten saged dipun éndhani, dipun kèndelèni, nyakitaken sanget.

Nalika bab punika kadadosan, saben tiyang prelu ènget bilih raos sengit badhé mbekta manungsa dhateng panandhanging gesang ingkang dangu. Maringaken pangapunten kedah katindakaken sandyan bab punika awrat lan nyakitaken. Maringaken pangapunten badhé ndhatengaken raos lega lan mitulungi manungsa mbangun rékonsiliasi lan pemulihan ing salebeting mbangun pasedhèrèkan.

Para sdedhèrèk ingkang kinasih, kathah panandhang ingkang dipun alami déning Yusuf ing sajawining kendhalinipun. Yusuf kedah dipun lebetaken sumur, dipun sadé lan dados budhak ing negari Mesir. Salajengipun Yusuf dipun kunjara, lan wusananipun dados tiyang ingkang

nggadhahi panguwaos ing negari Mesir. Sadaya punika kalampahan ing sajawining kendhalipun Yusuf. Yusuf ngalami kathah bab énggal sadèrèngipun wusanipun dados panguwaos ing negari Mesir. Bab ingkang nemtokaken gesangipun Yusuf minangka manungsa ingkang nggadhahi kapitadosan inggih punika patrapipun Yusuf tumrap punapa ingkang kelampahan. Menawi Yusuf purun, Yusuf saged males kadurakan ingkang katindakaken déning para sedhèrèkipun. Nanging, Yusuf milih negesi sacara positif sedaya panandhang ingkang dipun alami (ayat. 20). Yusuf pitados bilih Gusti Allah kagungan rancangan ingkang ageng. Pramila punika piyambakipun milih tetep nresnani para sedhèrèkipun (ayat. 21). Patrap ingkang kapiji punika ingkang nemtokaken sinten Yusuf ingkang saleresipun.

Ing Mangsa Paska sapunika ngèngetaken panandhang ingkang dipun alami déning Gusti Yésus. Panandhang ingkang dipun alami déning Gusti Yésus ingkang kaserat ing Matius 27:27-31 awrat sanget. Para prajurit Roma nglukar agemanipun Gusti Yésus, mustakanipun dipun etrapi makutha eri, ngidoni Panjenenganipun lan dipun antemi. Salajengipun Panjenenganipun dipun salib. Punapa Gusti Yésus males tumindak ingkang sampun dipun alami punika? MBOTEN! nggih srana cara punika Gusti Yésus nedya nedahaken lan memulang dhateng manungsa, bilih pangapunten lan panebusan dosa punika nyakitaken lan kebak ing panandhang. Panjenenganipun kedah nglangkungi margining salib lan tètèsan rah, nanging ndhatengaken pemulihan lan manunggalaken malih sesambetan ingkang naté benthèt utawi remuk. Namung srana katresnaning Gusti Allah, pangapunten punika kelampahan lan gesang kita kapulihaken sarta kaluwaran saking panguawaosing dosa.

Para sedhèrèk ingkang kinasih, lantaran waosan kita wekdal punika kita saged sinau, bilih:

**Kapisan: Panandhanging gesang nélakaken kapitadosaning manungsa.** Ing panandhanipun, Yusuf mboten ngendhem sengit babar pisan dhateng para sedhèrèkipun. Kados-déné manungsa, saged kémawon

Yusuf males tumindak ingkang sampun katindakaken déning para sedhèrèkipun. Nanging srana iman ingkang teguh, Yusuf kuwawi nglampahi prosès ingkang dipun alami srana pitados, bilih Gusti Allah badhé tansah maringi kakiyatan lan badhé kasantosan lan mitulungi. Yusuf tetep kèngetan panandhang ingkang dipun alami, nanging Yusuf mboten kesupèn dhateng para sedhèrèkipun. Yusuf yakin bilih lantaran panandhang ingkang dipun alami, Gusti sampun kagungan rancangan kanggé gesangipun, para sedhèrèk lan kulawarganipun. Inggih punika ingkang kedah dados tuladha ing gesang kita, dados brayat punapa-déné pasamuwanipun Gusti. Ngraos-ngraosaken mangsa Paska wekdal punika, panandhang ingkang nembé kita alami kedahipun kita ginakaken kanggé ningali malih dhiri kita, lan kita dadosaken kalodhangan kanggé ningali malih iman kita. Sinau ngapunten senadyan kedah ngraosaken panandhang, awit srana pangapunten, badhé wonten rékonsiliasi lan sesambetan kita badhé kapulihaken malih. Ingkang sampun naté katindakaken déning para sedhèrèkipun Yusuf mboten mambengi mekaring imanipun Yusuf. Malah srana wontenipun panandhang, iman saget mekar lan nélakaken jati dhirining manungsa ingkang saleresipun

**Kaping kalih: Pangapunten punika kanggé sadaya tiyang.** Ing panandhang ingkang dipun alami, Gusti Yésus tetep maringi pangapunten, lan malah ndongakaken. Lukas 23: 34 *“Dihuh Rama, tiyang-tiyang punika mugè Paduka apunten, amargi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun tindakaken.”* Gusti Yésus paring piwulang bilih ing panandhang ingkang dipun alami déning manungsa, kedah tetep ngapunten tanpa mawang sinten ingkang lepat lan sinten ingkang leres. Sih lan pangapunten ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus mboten winates, nanging manungsa asring matesi dhiri ing salebeting andum sih-katresnan lan pangapunten. Kanggé milujengaken manungsa lan jagad, Gusti Yésus mboten ngènget-ènget kalepatan lan dosaning manungsa. Inggih punika ingkang kedah mbereg kita langkung-langkung minangka umat pitados ing salebeting nglampahi gesang lan

kawilujengan ingkang kaparingaken déning Gusti Allah. Saged ugi ing antawisipun brayat kita wekdal punika naté nindakaken kalepatan ingkang dipun sengaja utawi mboten dipun sengaja ingkang nuwuhaken konflik, mangga kita sinau nampi sedhèrèk kita kanthi cara ngapunteni sanadyan angèl utawi awrat, nanging menawi wonten niat Roh Suci badhé nyagedaken kita nglangkungi “panandhanging gesang” ingkang wekdal punika kita alami, wonten rékonsiliasi lan pemulihan ingkang kaparingaken déning Gusti ing gesang kita.

Para sedhèrèk ingkang kinasih, lelampahan utawi pandhanging gesang panci saged mangaribawani jati dhirining manungsa. Nanging, wusananipun, inggih patrap kita ing bab kedadosan utawi panandhang ingkang nemtokaken dhiri lan iman kita minangka umat pitados.

Kita sadaya saged ugi sampun kulina kaliyan lagu punika: “... *Sungguh alangkah baiknya, sungguh alangkah indahny* *Bila saudara semua, hidup rukun bersama ...*”. Lagu ingkang kapethik saking Masmur 133. Saking lagu punika, wonten semangat ingkang nedya kamunculkan déning juru masmur. Semangat kanggé nguri-uri gesang sesarengan ing salebeting brayat, pasamuwan, lan masyarakat. Minangka sedhèrèk sami-déné gesang kanthi andon rukun. Pramila ing ngriku kaserat: “... *saiba prayoga lan éndahé ...*” *Saiba begjanipun gesang* kita punika menawi kita sadaya gesang rukun sesarengan, sanadyan naté ngalami konflik ingkang damel kita ngraosaken panandhang, nanging Gusti mulangaken pangapunten lan rékonsiliasi sarta pulihing gesang. Semangat punika ingkang nedya katedahaken déning Yusuf lan Gusti Yésus dhateng kita sadaya ing mangsa Paska wekdal punika. Gusti Yésus mberkahi, Amin.

## 7. KIDUNG

### KPJ 86 MUGI SAMPUN ANGLANGKUNGI

- 1) Mugi sampun anglangkungi dhateng kula dhuh Rama.  
Tyang kathah Paduka wlas, mugi mlas mring kula;  
nggih kula, nggih kula, mugi mlas mring kula.

- 2) Sampun anglangkungi kula, dhuh Pamarta kang setya.  
Gusti nimnbali tyang dosa, mugi nimbali kula;  
nggih kula, nggih kula, mugi nimbali kula.

## 8. PANDONGA

- Nyuwun supados panandhang damel murnining iman kita.
- Nyuwun supados umat nglangkungi panandhanging gesang.
- Nyuwun supados umat wani ngapunteni supados wonten rékonsiliasi lan pulihing gesang.

## 9. KIDUNG

### KPJ 447 PRA ABDINING GUSTI

- 1) Pra abdining Gusti, padha prayitna  
Ing perang rohani. Ywa kongsi léna,  
ngrasuka kayektèn wah kaadilan,  
sanadyan tumiba ing kasangsaran.  
*Rèff.:*  
Yekti Iblis culika lan julig maéka  
Ditegen ndedonga, Gusti kang ngreksa
- 2) Pra putraning Allah, padha dèn panggah  
setya dados sesksi Injiling Allah.  
Nyanggemi dhawuhnya kang trus ing ati  
manteb ing pracaya tumekèng pati  
*Rèff.:* ...
- 3) Pra wong kang pracaya, di tunggal sedyana.  
nyirik pasulayan, mbangun katresnan.  
Sangkal-sinangkula bot-répotira  
amrih roh piala sirep dayanya.  
*Rèff.:* ...

(KUR-WMS)

**BAHAN**  
**PAKEMPALAN PANDONGA 3**  
*Ngraos-ngraosaken sédanipun*  
*Gusti Yésus*

Wosan:  
**Yohanes 15:9-17**

**Mitranipun**  
**Gusti Yésus**  
**Kristus**  
 ☪☪☪

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PAMUJI**

KPJ 10 HÉ WONG SALUMAHING BUMI

- 1) Hé wong salumahing bumi padha sumyaka memuji lan ngabektia mring Allah kambi ngidung klawan bungah.
- 2) Hyang Ma'agung dèn anggepa Allah kang nitahken kita. Kita umat kagungannya, sarta ménda ngèn-ngènnannya.
- 3) Mlebua mring gapuranya klayan muji lan pirena, wah marang ing pasucèné, klawan anggunggung asmané.
- 4) Dé Pangéran asih-darma, alangגעng sih-kadarmannya, wah kasetyané tan kendhat. Tan gingsir trus ing akérat.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PAMUJI**

“ADA SATU SOBATKU”

Ada satu sobatku yang setia.  
 Tak pernah Dia tinggalkan diriku.  
 Di waktu aku susah, waktu ku sendirian.  
 Dia s'lalu menemani diriku.

*Reff:* Nama-Nya Yésus, Nama-Nya Yésus.  
 Nama Yésus yang menghibur hatiku.  
 Nama-Nya Yésus, Nama-Nya Yésus.  
 Nama Yésus yang menghibur hatiku.

**5. PAMAOSING KITAB SUCI:** Yokanan 15:9-17

## 6. RENUNGAN

### “Mitrani pun Gusti Yésus Kristus”

“*Hikikomori*”, punapa panjenengan naté mireng tembung punika? Tetembungan “*Hikikomori*” karipta déning Dr. Tamaki Saito, satunggaling psikolog Jepang. Punika (“*Hikikomori*”) mujudaken satunggaling fénomèna sosial ing Jepang, inggih punika wontenipun tiyang ingkang nebih saking ngasanès, saking lingkungan sosialipun, miyambak, awit satunggaling wewaton/alesan. Anggènipun miyambak kasebut dangu sanget, wulanan ngantos taunan.

Fénomèna punika tentu ageng pangaribawanipun tumrap manungsa minangka makhluk sosial. Jejeripun minangka makhluk sosial, kabetahan mbangun rélasi lan interaksi kaliyan tiyang sanès mboten saged dipun singkiri. Émanipun, éwah-éwahan budaya lan lampahing donya ingkang cepet punika wiwit nggerus kabetahan nindakaken sosialiasi. Manungsa condhong dados égois lan individualistis. Kawewahan wonteipun masalah komunikasi ingkang asring nuwuhaken konflik lan tatuning manah, mila tetebihan (*menjaga jarak*) kaliyan tiyang sanès dados pilihan ing wekdal sapunika.

Ing kawontenan jagad énggal ingkang nembé lumampah, kathah tiyang ngraosaken piyambakan ing satengahing kawontenan ingkang ramé. Tiyang-tiyang punika sami kikuk lan wegah mbangun kekancan, sanadyan saleresipun mbetahaken. Tiyang-tiyang punika rumaos kapeteg nalika ningali *akun* lan *up date* status tepangan ing medhia sosialipun ingkang ketinggal “wah”. Kekancan kémawon angèl, punapa-malih manggihaken mitra. Mitra, asring dipun tegesi minangka tiyang-tiyang pilihan ing salebeting komunitas kekancan ingkang karaosaken langkung raket lan saged pinitados. Satunggaling mitra nggadhahi manahipun inggikang langkung spésial lan dados kanca mlampah ing salebeting ngadhepi sawarnining tantanging gesang.

Inggih punika ingkang éndah sanget, nalika Gusti Yésus maringaken dhawuhipun ing Injil Yohanes 15:14-15. Gusti Yésus mratélakaken kanthi cetha, “Kowé iku mitra-Ku,

menawa kowé padha nglakoni pepakon-Ku marang kowé. Aku ora ngarani abdi marang kowé, sabab abdi iku ora sumurup marang panggawéné bandarané, nanging kowé wus padha Dakarani mitra, jalaran sabarang kang wus Dakrungu saka Rama-Ku, iku wus Daksumurupaké kabèh marang kwé.” Malah, Gusti Yésus miwiti pangandikan punika srana: “Ora ana katresnaing wong kang ngetohaké nyawané kanggo nglabuhi mitra-mitrané.” (ay. 13).

Peparing status minangka mitranipun Gusti Yésus Kristus punika mirunggan sanget; awit kadhasaran déning katresnanipun Sang Kristus, mratélakaken sadaya ingkang kapingreng saking Sang Rama, lan nindakaken dhawuhipun. Katresnanipun Sang Kristus sampun kabuktèn lan dipun uji, ing sedaya pakaryanipun Gusti Yèsus ingkang kebak ing panandhang ing satengahing jagad ngantos sédanipun ing kajeng salib. Gusti Yésus kanthi kebak ing pambangun-turut lan kasetyanipun ngambah margining *via Dolorosa* kagem nuntasaken kersanipun Sang Rama amrih kawilujenganipun manungsa. Pramila, sédanipun Gusti Yésus ngemu teges ingkang wigati sanget lan bukti katresnanipun dhateng manungsa ingkang dosa. Ing lelampahan sédanipun Gusti Yésus ngemu piweling lan dhawuh ingkang wajib kapraktikaken ing salebeting ngraos-ngraosaken magsa raya Paska 2023 punika, inggih punika:

### **1) Katresnan Sejati Satunggaling Mitra**

Gusti Yésus mboten maringi dhawuh kosong, nalika ngendika: “Ora ana katresnan kang gedhéné ngluwihi katresnaning wong kang ngetosaké nyawané kanggo nglabuhi mitra-mitrané.” (ay. 13). Panjenenganipun sampun nindakaken lan maringaken tuladha ing salebeting mbuktèkaken katresnan sejati minangka mitra ing kajeng salib. Panjenenganipun nampi kanthi kebak ing pambangun-turut paukuman pejah ingkang nistha sanget punika. Panjenenganipun nanggél sedaya raos sakit lan perih ing kajeng salib.

Jim Caviezel, ingkang dados paraga Gusti Yèsus ing film “*The Passion of The Christ*” suka paseksi: “Aku ora mbayangaké yèn tantanganing film iki luwih angèl banget katimbang sing takbayangké. Aku di-*make up* 8 jam suwéné

saben dina tanpa olèh obah lan tetep ngadeg, kostum kasar sing gawé gatel-gatel, salib sing abot banget temah gawé pundhak copot, pecut temenan, ngenani *hypothermia*, kesamber kilat, lan mèh édan sing mbereg sregep ndedonga. Wiwit akèh tarung batin (*bergumul*) ndedonga ing film iku, bdedonga dadi pakulinan sing ora bisa kapisah ing uripku. Film iku wis nggepok lan ngowahi uripku, aku ngajab bab iku iya kelakona ing uripmu.”

Kedadosan sédanipun Gusti Yésus ing kajeng salib mujudaken panandhang nyata ingkang kedah karaosaken lan dipun alami déning Sang Kristus. Nanging sédanipun sanès séda ingkang nglaha tanpa gina, ananging sédanipun satunggaling mitra sejati ingkang nélakaken sihipun ingkang ngédab-édabi lan langkung ageng katimbang punapa kémawon. Sihipun sampun milujengaken, mulihaken, lan maringi gesang langgeng. Punapa panjenengan sampun nampi lan ngraosaken sihipun Sang Kristus? Tampènana lan mangga dipun alami!

## 2) Èstafèt Katresnaning Mitra dheteng Jagad.

Sihipun Gusti Yèsus kedahipun mboten kèndel ing dhiri pribadi. Nanging kedah kalajengaken kasebaraken dhateng sakathah-kathahing tiyang, temah sangsaya kathah tiyang ngalami katresnan sejatining Sang Kristus lan kawilujengaken. Gusti Yèsus ngendika, “Dudu kowé kang milih Aku, nanging Aku kang milih kowé. Sarta Aku wus netepakè, supaya kowé padha lunga lan metokaké woh lan wohmu iku lestaria, dimèn kowè padha kajurungana apa kang koksuwun marang Sang Rama atas saka jeneng-Ku. Iki dhawuh-Ku marang kowé: Padha tresna-tinresnana.” (ay. 16-17).

Jagad ingkang kebak déning pamentingan dhiri, kekerasan, lan memengsahan; mbetahaken sihipun Sang Kristus ingkang sejati. Para mitranipun Gusti Yèsus Kristus ingkang sampun nampi lan ngraosaken katresnan sejatinipun Sang Kristus, katimbangan nglajengaken sarta mujudaken katresnan punika dhateng tiyang sanès. Max Lucado nélakaken, “Tiyang-tiyang ingkang wonten ing sakubengipun Sang Kristus mboten gadhah sangga-runggi

tumrap sihipun; tiyang-tiyang ing sakubeng kita kedahipun mboten gadhah sangga-runggi dhateng kita.” *Katindakna!*

## 7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 191 GUSTI YÉSUS PANGÉN SETYA

- 1) Gusti Yésus Pangèn setya pindha parang santosa.  
Sedaya ingkang pracaya dimèn sami ngayoma.  
*Rèff.:*  
Gustiku Makwasa, yéku Pangèn kang setya.  
Gustiku kang kwasa pindha parang santosa.
- 2) Piandelé kang ngabekti namung asmané Gusti.  
Ironing sangsara ginodha, panggah tatag ing driya.  
*Rèff.:* ...
- 3) Asmané Sang Kristus Gusti mbereg dhemen leladi,  
mrih gesang tentrem ing donya tansah rinoban sih-Nya.  
*Rèff.:* ...
- 4) Undhangna asmané Gusti ing salumahing bumi,  
amrih ingkang winartosan namapi sih-katentreman.  
*Rèff.:* ...

## 8. PANDONGA

- Nyuwun supados umat pitados lan nampi kawilujengan ing sihipun Sang Kristus.
- Ndongakaen saben tiyang pitados saged nglajengaken sihipun Sang Kristus lan mbekta katentreman.
- Ndongakaken patunggilanipun tiyang pitados mujudaken sihipun Sang Kristus ing satengahing jagad ingkang kebak konflik.

## 9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 262 KWAOSING ASMA PADUKA

- 1) Kwaosing asma Paduka ingkang kita sebar,  
pramila kita dhuh Gusti, tan giris ing pati.  
kadya gesangipun wiji ingkang katanem ing siti,  
amrih tuwuh angrembaka temahan medal wohira,  
mumpangati salumahing bumi.
- 2) Kados tuladha Paduka kang nandhang sangsara,  
dé sinalib nulya séda, wit dosaning jalma.

Kados wiji kang katanem ing siti samya kapendhem,  
makaten kita kang nistha, kepareng nunggil Paduka,  
binerkahan, pikantuk kaswargan.

- 3) Paduka kang wungu malih saking palimengan  
Kawula sami antuk sih, rahmaming Pangéran.  
Karebat saking antaka, nampi kamulyaning swarga.  
Gusti ngutusa pra abdi kang tlatos anyebar wiji  
kanthi setya, katur nring Paduka.

[NLU-WMS]

**BAHAN**  
**PAKEMPALAN PANDONGA 4**  
*Ngresepi Sedanipun Gusti Yésus*

Waosan:  
**2 Korintus 5:11-21**

**Pakaryan**  
**Karukunan**



**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 31:1-2 SWAWI PRA SUCI NYAWIJI

1. Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,  
 sami ngabekti memuji mring Gusti.  
 Ajrih, sumelang, sedhah, lan kasangsaran  
 ginantos kabegjan sihing Pangéran
2. Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat,  
 ngetang mukjijat lan gunging sih-rahmat.  
 Lubering berkah sing swargi tansah tumrah,  
 nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 59:1,2 PINUJIA TANSAH ALLAH MAMIRAH

1. Pinujia tansah Allah Mamirah,  
 kang gung tresna nira mring salir titah.  
 Tyang dosa duraka sinung apura,  
 tinebus sing pati temah basuki  
*Refr.:* Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!  
 Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.  
 Pasrah maring Allah srana pracaya  
 margining waluya tentrem raharja.
2. Pinuji slaminya Allah Matresna,  
 kang ngegunken sabar mring tyang kang nasar,

nuntun mring pitobat srana sih-rahmat,  
mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci. *Refr.:*

**5. PAMAOSING KITAB SUCI:** 2 Korinta 5:11-21

**6. ANDHARAN**

**"Pakaryan Karukunan"**

Sanajan saben tiyang mangertos bilih gesang punika setunggal pakèt kaliyan pepsthèn pejah, nanging ing kanyatanipun prekawis punika angèl tinampi. Punapa malih menawi kita piyambak ingkang ngalami. Ing panandhang sedhik krana tilar donyanipun tiyang ingkang tinresnanan, utawi nalika nemahi kaapesan tartemtu, asring nenuntun kita nguda raos ing manah. Kénging punapa punika saged kelampah? Kénging punapa kok sapunika? Kénging punapa kok piyambakipun, kok sanès kula? Pitakènan-pitakènan punika namung sapérangan alit saking pratélan pitakènan panjang ingkang asring pinanggih ing manahipun tiyang ingkang nembe nemahi kanyatan pahiting gesang.

Setunggaling *psikiater* ingkang kawentar, Elisabeth Kubler-Ross naté njlènrèhaken trap-trapanipun tiyang ingkang nandhang sedhik. Piyambakipun niti, lajeng nyathet bilih tiyang ingkang nandhang sedhik umumipun badhé ngalami proses nyélaki punapa ingkang kelampah (penyangkalan), duka (marah), nggugat (menawar), *depresi* lan ngantos wusanipun dumugi saged nampèni punapa ingkang kelampah (penerimaan).

David Kessler, kancanipun Elisabeth Kubler-Ross ngantepaken pemanggihipun Kubler-Ross kanthi paring tambahan setunggal trap-trapan malih, inggih punika trap-trapan ngupadi maknaning punapa ingkang nembé kalampahan. Dados, sasampunipun saged nampèni kanyatan bilih piyambakipun nembé kécalan, tiyang punika lajeng gumrégah ngupadi makna ing suwaliking kasedhihan ingkang sinandhang. Ing kawontenan makaten tiyang badhé saged ngalami swasana tentrem, rukun kaliyan manahipun piyambak (*rekonsiliasi*). Kawontenaning manah jumbuh kaliyan kanyatan ingkang kedah dipun adhepi.

Ing wekdal samangké sinarengan kaliyan ngresepé sédanipun Gusti Yésus, Rasul Paulus jumbuhaken pakaryan peladosanipun ing salebeting makna sédanipun Gusti Yésus.

Kapisan, sédanipun Gusti Yésus nuwuhaken ener ingkang anyar tumrap gesangipun tiyang pitados. Ing ayat 15 kaserat, „*Lan Sang Kristus wus nglampahi séda kanggo wong kabèh, supaya wong kang padha urip, uripé ora lumadi marang awaké dhéwé manèh, nanging lumadia marang kang wus séda lan kang wus kawungokaké marga saka wong-wong mau.*“ Menawi ing sadèrèngipun saben tiyang gesangipun namung kanggé dhiri pribadinipun piyambak-piyambak, mila awit sédanipun Gusti Yésus nukulaken ener ingkang anyar ing gesangipun. Saben tiyang pitados, mboten badhé gesang namung kanggé dhirinipun piyambak malih, nanging kagèm Sang Kristus. Ening gesang tiyang pitados ngalami éwah-éwahan ageng, sanès kula malih ingkang dados punjering gesang (*egosentrisme*), ananging Sang Kristus ingkang dados punjeripun (*kristosentris*). Tiyang ingkang gesang ing Sang Kristus dados titah ingkang anyar.

Kaping kalih, srana sédanipun Gusti Yésus, sesambetan antawising Gusti Allah lan jagad karukunaken malih. Kados ingkang kacetha ing ayat 18 lan 19, „*Lan kabeh iku pinangkané saka Gusti Allah, kang lumantar Sang Kristus wus ngrukunaké kita kalawan Panjenengané lan kang wus masrahaké ayahan karukunan iku marang aku kabèh. Awit Gusti Allah lumantar Sang Kristus ngrukunaké jagad karo Panjenengané Piyambak, ora ngétang paneraké, lan masrahaké pawarta karukunan iku marang kita.*“ Karukunaken ngemu teges bilih sesambetan ing selami punika risak krana dosa, samangké sampun kapulihaken. Kita mboten gesang ing panguwaosipun dosa malih, ananging gesang kita wonten ing Allah lan kagem Gusti Allah.

Kaping tiga, sédanipun Gusti Yésus mboten namung ngrukunaken kita kaliyan Gusti Allah. Srana sédanipun Sang Kristus, saben tiyang pinitados ndhèrèk martosaken lan ngabaraken peladosan karukunan punika. Tiyang-tiyang ingkang sampun kapulihaken lan ngalami karukunaken,

samangké pinitados kautus ngudi pulihing gesang wonten ing karukunan lan katentreman saben dintenipun.

Ing salebetipun kita ngresepni bab sédanipun Gusti Yésus sapunika, sumangga kita tilingaken malih punapa gesang kita sampun ngener dumateng Sang Kristus? Utawi malah saestunipun kita taksih rumaos dados punjering gesang punika. Punika wekdalipun kanggé kita ngemuti malih bilih kita sampun dados titah anyar. Gesang kita kedahipun tansah ngener dumateng Sang Kristus. Kita nindakaken punapa kémawon wonten ing Sang Kristus lan kagem Sang Kristus.

Kita ugi kepareng ngresepni bilih srana sédanipun Gusti Yésus, gesang kita sampun karukunaken malih kaliyan Gusti Allah. Ingkang ndadosaken bombong kita sami inggih punika, bilih samangké minangka tiyang-tiyang ingkang kapulihaken, kita pinitados ngladosaken karukunan dhateng sesami. Awit saking punika, nalika kita ngresepni sédanipun Sang Kristus, mangga tansah ènget bilih kita mbekta pawartos karukunan lan ngupadi pulihing gesang saking dosa dhateng tiyang kathah ing pundi kémawon kita wonten.

## 7. PEPUJÈN

KPJ. 269:1-2 SAIBA SANGSARANE GUSTI

1. Saiba sangsarane Gusti nglampahi pinenthang.  
Kasamekaken tyang durjana nggene kapatrapan  
Pinaku samparan lan asta, cinamah asmanya,  
pinanggung ing bentering surya, temah pegat nyawa.
2. Pundi dosane Gusti kula, nglampahi pinenthang.  
Saestu Gusti tanpa dosa ngrembat dosaning tyang.  
Nggenipun masrahaken nyawa dhasar dipun sedya,  
karsa nebus mring tiyang kathah nggih kula sadaya.

## 8. PANDONGA

- Nyenyuwun supados para umat purun dipun rukunaken kaliyan Gusti Allah.

- Nyenyuwun supados para umat kasagedna nglampahi gesang minangka utusan ingkang kedah ngrawuhaken katentreman lan karukunan.
- Nyenyuwun supados karukunan pinanggih ing jagad ingkang kebak pasulayan.

## 9. PEPUJÈN

KPJ 275:1,2 SRANA MANDENG ING SALIB

1. Srana mandeng ing salib, tyang dosa gesang,  
tinebus sagung dosanira.

De cempening Allah kang sinalib ngrembat,  
ngesahaken duraka kita.

*Rèff.:* Swawi den pandang!

Srana mandeng ing salib tyang dosa gesang  
tinebus sagung dosa nira

2. Napa ta damelé Gusti Yésus seda,  
yen datan ngruwat dosa kita?

Napa ta damele nombokaken nyawa,  
yen datan nebus dosa kita? *Rèff.:*

[DWE/IP]



**BAHAN**  
**PAKEMPALAN PANDONGA 5**  
*Ngresepi Wungunipun Gusti Yésus*

Bacaan:  
 Markus 9:30-32

**Pakaryaning**  
**Allah**  
**Ngosikaken**  
**Pasrawungan**  
**Ing Gesang**

**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 28:1-2 SUCI, SUCI, SUCI

1. Suci, suci, suci pinuji Hyang suci.  
 Allah Mahamulya kang jumeneng Raja.  
 suci, suci, suci pinundhi Hyang Widi  
 titah sadaya memuji samnya
2. Suci, suci, suci, pujining pra suci  
 angumandhang sora ngèbeki akasa.  
 Pra mlaékat sami sujud angabekti,  
 ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 44:1-2 AKU WONG KANG DOSA

1. Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,  
 temahan den sucekna, srana rahe kang suci.  
 Reff. Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.  
 Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur
2. Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka  
 ingkang saged ngluwari kawula saking dosa. Reff.

**5. PAMAOSING KITAB SUCI: Markus 9:30-32**

## 6. ANDHARAN

### "Pakaryaning Allah Ngosikaken Pasrawungan Ing Gesang"

Manungsa sinebat *makhluk sosial*, tegesipun bilih manungsa ing gesangipun tansah gadhah sesambetan lan pasrawungan kaliyan makhluk sanèsipun, saé punika sesamining manungsa, punpa déné titah sanèsipun. Punika sadaya dipun sebabaken déning raos betah, bilih manungsa tansah mbetahaken tiyang sanès. Namung makaten, mboten sedaya tiyang purun mbangun sesrawungan dhedhasar sesrawungan ingkang saé utawi seimbang. Pasrawungan, minangka kabetahan awit kedah wontenipun asanès ing gesangipun manungsa, bab punika saged kabangun awit déné karena mawerni-wernining alesan. Wonten pasrawungan ingkang kabangun awit karena kekancan, pasangan gesang, brayat, kanca kenthel, nanging wonten ugi pasrawungan ingkang sipatipun *toxic* utawi ingkang damel wisa/ racun, ingkang ngrisak lan ingkang damel pingget. Wonten ugi pasrawungan ingkang kabangun adhedhasar *hiérarki*, wonten trap-trapanipun. Ing ngriki tiyang saged nganggep drajadipun langkung inggil tinimbang tiyang sanès, tiyang saged nganggep dhirinipun langkung inggil panguwaosipun tinimbang sanèsipun. Pasrawungan ingkang kados makaten ing salajeng asring nukulaken pasulayan awit linandhesan déning raos ingkang sami déné kepéngin manguwaosi sanèsipun.

Pasulayan karena rumaos kepéngin sami déné manguwaosi sanèsipun, kepéngin ngawonaken sanèsipun lan kepéngin dados ingkang paling onjo piyambak, temtu badhé saged ngrisak kathah prekawis. Saben tiyang kepéngin ngawonaken asanès, kamangka ing satengahing pasulayan yektosipun mboten wonten ingkang mimpang lan kawon. Saben péhak ing pasulayan namung badhé ngraosaken tatu lan sakiting manah. Lan punika ndhatengaken kaprihatosan. Sedaya dados korban awit hawa nepsuning kasrakahan dhiri.

Kasrakahan ing satunggaling pasrawungan saged thukul nalika tiyang namung mandeng tuna lan bathinipun

kémawon. Krana kula mboten kepéngin tuna ing pasrawungan punika, mila kula kedah mendet kauntungan saking tiyang-tiyang ingkang kekancan kaliyan kula. Minangka bab ingkang limrah nalika tiyang punika mboten kepéngin rugi. Ananging menawi namung ndhasaraken pasrawungan karana ngétang tuna lan bathinipun kémawon, punika mboten leres. Awit punapa kita piyambak rila menawi dipun damel tuna déning kanca kita?

Wontenipun paprangan, saé paprangan ingkang ngantos sepriki taksih lumampah ing Timur-Tengah, punapa déné ingkang nembe lumampah ing antawisipun Ukraina lan Rusia, tumindhak nindhes dhateng para wanita kanthi ngasoraken lan damel kucemipun, tumindhak ngrisak alam raya, punika sedaya nélaaken sawernining pasulayan ingkang saged lumampah awit pasrawungan ingkang linandhesan tuna lan bathi. Punapa saèstu wonten kauntungan saking péhak ingkang kaanggep mimpang?

Gusti Yésus ngendikaaken malih bab kasangsaran ingkang badhé dipun lampahi dhateng para murid ngantos rambah kaping kalhipun. Nanging ing samangké Panjenenganipun ngandika kanthi ngeblak, mboten namung ing bab kasangsaranipun kémawon, Panjenenganipun ugi nggambaraken pakaryan kawilujenganing Allah kanthi wetah. Punapa para murid saged nampi lan mangertos punapa ingkang dipun ngendikaaken Gusti Yésus? Kitab Suci nyariosaken bilih para murid mboten mangertos punapa ingkang kinersaaken Gusti Yésus bab kasangsaran lan pakaryan kawilujengan ingkang kedah lan nembé katindakaken (ay. 32). Nanging ingkang dados kawigatosan utami kita samangké mboten namung babagan para murid ingkang mboten saged nampi lan mangertos kersanipun Gusti, nanging langkung saking punika, Gusti Yésus ngetingalaken kados pundi manungsa langkung remen pasulayan tinimbang bedhamèn.

*Putrané Manungsa bakal kaulungaké marang tangané wong, bakal disédani.* Punapa ingkang dipun ngendikaaken Gusti Yésus punika nélaaken wontenipun pérangan ingkang saged mujudaken paprangan, pasulayan lan crah kanggé pados kauntungan pribadi. Tanganipun

manungsa sami nggegem lan téga mrejaya Putraning Manungsa. Punika nélaaken bilih manungsa mboten purun nampi rawuhipun Gusti Yésus. Manungsa nampik Gusti, déné sikep nampik punika tegesipun badhé nukulaken pasulayan. Panampik ugi ngetingalaken wontenipun kapentingan saking péhkipun manungsa. Punika tegesipun nalika manungsa nampik rawuhipun Gusti Yésus, wonten raos ajrih ingkang muncul saking dhirinipun manungsa, bilih saged kémawon kauntungan lan panguwaosipun dipun rebut déning Gusti Yésus. Pramila manungsa sami nampik Gusti, ngantos-ngantos wantun nukulaken pasulayan.

Gusti Yésus pirsá bab punika. Gusti Yésus pirsá kadurakaning manahipun manungsa ingkang namung mikiraken kauntungan kanggé dhirinipun piyambak. Ananging lampahipun Gusti Yésus mboten kandheg dumugi ing ngriki. Gusti Yésus ngetingalaken bilih pakaryanipun Allah mboten badhé mandheg krana kadurjanan manahipun manungsa. *Ing telung dinané bakal wungu maneh.* Gusti Yésus ngetingalaken bilih sanajan to manungsa saged nampik Putraning Manungsa, nanging manungsa mboten saged nampik pakaryanipun Allah lumantar rawuhipun Putraning Manungsa. Pakaryanipun Allah punika ngrengkuh lan maringaken kawilujengan dhateng manungsa. Pakaryaning Allah tetep rawuh lan nyata, kanggé ngrangkul manungsa sanajan Panjenenganipun pirsá bilih manungsa malah nandhuki kasangsaran lan sakit. Pakaryaning Allah mboten saged katelukaken déning sakiting tatu. Gusti Allah ing Sang Kristus tetep nresnani manungsa lan malah tetep mbangun pasrawungan ingkang langkung éndah kaliyan manungsa. Dados pakaryaning Allah mboten namung mandheg ing sédanipun Putraning manungsa kémawon, nanging pakaryanipun sangsaya kawéstingal nyata ing wungunipun.

Srana pawartos punika, Gusti Yésus nélaaken dhateng para murid, kados pundi Gusti Allah saèstu-èstu nresnani manungsa. Gusti Allah mboten kandheg krana manahipun kadamel sakit déning manungsa. Nanging langkung saking punika, Gusti Allah ngrangkul lan tansah mbangun pasrawungan kaliyan manungsa. Bab punika ketingal cetha

srana rawuhipun Gusti Yésus ing jagad ngantos wungunipun. Ing pakaryanipun, Gusti Yésus mboten ngétang kauntungan lan kapitunan ingkang kedah kasanggi. Awit menawi makaten temtunipun Gusti Allah mboten badhé milujengaken manungsa. Anggènipun mujudaken pakaryanipun, Gusti Allah ndhasaraken sadayanipun saking semangatipun nresnani, ingkang kawiwitan kanthi mbangun pasrawungan kaliyan manungsa lumantar rawuhipun Gusti Yésus. Srana rawuh lan wungunipun punika, Gusti Yésus karsa ngetingalaken bilih pasrawungan ing gesang punika sayektosipun kanggé sami déné ngiyataken, mbangun, nyemangati lan mitulungi.

Lajeng kados pundi tumrap kita, tiyang pitados ingkang gesang ing satengahing sawernining pasrawungan *toxic* ingkang lumampah? Mangga tilingna kados pundi Gusti Yésus nyawisaken para murid. Pangandikanipun Gusti wau dipun ngandikaaken nalika Gusti lan para murid wonten ing papan sepi. Gusti Yésus mboten namung ngandikaaken bab wewadining illahi ingkang kedah tinampi déning para murid kémawon. Gusti Yésus ugi karsa nyawisaken para murid kanggé ngadhepi kawontenan lan mangsa nalika Gusti Yésus sampun wungu ing mangkènipun. Saking ngriku para murid gadhah daya kanggé nuladha lan nglajengaken pakaryanipun Gusti. Punika dipun lampahi srana sami ngresep wungunipun Gusti Yésus ingkang sampun milujengaken manungsa, sinartan mbangun pasrawungan ingkang éndah kaliyan manungsa. Tumrap kita ing samangké, kita kaajab wangsul malih, ngresep bab wungunipun Gusti Yésus ingkang sampun ngosikaken semangat karukunan lan patunggilan kanthi mbangun pasrawungan ingkang éndah kaliyan Gusti Allah, sesami lan alam raya punika.

Semanten ugi kosok wangsulipun, kita ugi kaajab sampun ngantos dados *toxic person* utawi pribadi ingkang asipat dados racun/ wisa dhateng sesami. Kita kaajak gadhah penggalihan ingkang panjang kanggé mangertosi akibat ingkang saged kalampah saking saben punapa ingkang kita tindakaken, badhé ngakibataken kasaénan utawi malah kosok wangsulipun. Mila kita kedah gadhah

visi, angen-angen ingkang saé ing gesang punika. Kados déné Gusti Yésus ingkang kagungan visi nalikanipun martosaken ingkang angka kalih bab kasangsaranipun, lan akibat ingkang badhé kelampah saking visinipun punika. Gusti Yésus pirsá bilih visinipun punika prayogi, mila tujuanipun ugi mesthi saé. Awit saking punika minangka setunggaling bab ingkang saé menawi visi punika dipun tindakaken. Kanthi visi/ angen-angen ingkang saé, kita badhé saged kalis dados *toxic person*, lan malah saged dados pribadi ingkang nglantaraken berkahipun Gusti ing satengahing mbangun gesang pasrawungan kita. Gusti mberkahi.

## 7. PEPUJÈN

KPJ 146:1-2 YEN SIRA SANGSARA

1. Yen sira sangsara sarta sedhik,  
manteba pracaya, Allah tan tebih.  
Aja wedi, Gustimu nganthi.  
Rehing kadursilan mesthi kasoran.  
Pepeteng dosa ilang sirna,  
mung gung karaharjan, linuberaan.
2. Yen nyanggi momotan wah panandhang,  
sira aja semplah alit ing manah.  
Iblis julig memilut driya,  
milih margi entheng nging dugeng nraka.  
Pasrah mring Allah nyuwun kiyat,  
sira tamtu rinoban sih-rahmat.

## 8. PANDONGA

- Nyuwun supados para umat saged ngresepé wungunipun Gusti kanthi nuladha lan nerasken pakaryanipun.
- Nyuwun supados para umat saged mbangun visi/ angen-angen ingkang salaras kaliyan karsanipun Gusti.
- Ndongaken pakempalan/ patunggilan supados dados papan sami déné ngiyataken lan mitulungi setunggal lan setunggalipun.

**9. PEPUJÈN**

KPJ 452:1,2 TEKADING MANAH KAWULA

1. Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti, yéku Panutan sanyata, nggih Panebus sejati.

Refr.:

Margining salib ingambah, mbangun turut mring Allah.  
Mbabarken tresna sejati, mrih jagad tentrem basuki.

2. Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngantos slami-laminya, martosaken Injil Suci, dimèn samya waluya. *Refr.:* ...

[ZDP/IP]



**BAHAN**  
**PAKEMPALAN PANDONGA 6**  
*Ngresepi Wungunipun Gusti Yésus*

Waosan:  
 Lukas 3:15-17

**Kamenangan**  
**Kang Sejati**



**1. WEKDAL ENING**

**2. KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 23:1,2 PUJI MRING ALLAH

1. Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.  
 Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.  
 Pangidungnya klayan bingah ing manah,  
 nggunggung Gustining pratitah.
2. Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.  
 ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.  
 wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.  
 tinebus temah waluya.

**3. PANDONGA**

**4. KIDUNG PEPUJÈN**

KPJ 96:1,2 TYAS KITA DIMEN SLAMANYA BUNGAH

1. Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,  
 déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.  
*Refr.:*  
 Mara tansah abebungah saben dina antuk trang  
 Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang
2. Hyang Agung kang njangkung kita,  
 angreksa ing panggoda.  
 Sih-rahmatnya kang anglipur,  
 paring kuwat-santosa. *Refr.:*

**5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 3:15-17**

## 6. ANDHARAN

### "Kamenangan Kang Sejati"

Menang. Dados prekawis ingkang limrah menawi saben tiyang kepéngin tansah pinanggih kamenangan ing gesangipun. Ing wekdal sapunika, tembung kamenangan sampun gadhah makna ingkang langkung wiyar. Satunggaling kasuksèsan anggènipun nggayuh punapa ingkang kaidam-idamaken utawi ingkang kaajeng-ajeng asring dipun raosaken minangka satunggaling kamenangan tumrapping dhiri pribadi. Contonipun kamenangan ing salebeting nggayuh cita-cita lan manggihaken punapa ingkang dipun kajengaken, mekatena ugi ing babagan padamelan. Nanging, bab menang-kalah ugi tetep lumampah ing salebeting tetandingan punapa déné cecongkahan. Menang, bilih piyambakipun langkung unggul tinimbang sanèsipun, bilih piyambakipun saged ngawonaken péhak sanès, mekaten ugi bilih piyambakipun saged damel kucem, nindhes lan nyingkiraken sanèsipun.

Menang, mboten namung dados prekawis ingkang dipun péngini, nanging saged ugi dados prekawis ingkang dipun remeni. Saben tiyang remen menang. Pramila ing wusanipun asring nggugat, saé nggugat dhateng dhiri pribadi, dhateng tiyang sanès, punapa déné dhateng ing sakiwa tengenipun supados sami nuruti punapa ingkang dados pikajengipun. Gugatan nukulaken pepinginan utawi nafsu supados saged ngendhalèni punapa kémawon temahan piyambakipun tetep dados pemenang. Mila mboten mokal menawi karemenan ingkang kados mekaten badhé nuwuhaken crah/ pasulayan, saé crah ing dhiri pribadi (crahing bathos), punapa déné crah ing salebeting sesrawungan. Upaminipun paprangan antawisipun Rusia lan Ukraina, tumindhaking panindhès ingkang asring dipun alami déning para wanita. Para wanita sejatosipun gadhah hak lan kewajiban ingkang sami kaliyan para priya, nanging asring katandhukan tumindhak ingkang mboten ngremenaken saking para priya. Crah ingkang kados mekaten lan sawernining pasulayan sanèsipun ing

wusananipun badhé damel perpecahan pasrawungan lan ugi prinsip kemanusiaan.

Ing salebeting pasrawungan, inggih ing suwaliking kamengangan badhé wonten tiyang-tiyang ingkang ngraosaken kalah. Tumrap tiyang ingkang ngalami gagal, kalah, manggih kangèlan lan tanpa daya, pitakènan ingkang asring dipun munculaken inggih punika, “Kados pundi déné punika saged kelampahan mekaten?” utawi Kénging punapa kula ingkang gagal? Menawi katiti ing salajengipun, pitakènan-pitakènan ing sakupenging kekalahan, kegagalan lan kangèlan ingkang pinanggih, punika sedaya sejatosipun asring mboten nggadhahi tujuan kanggé ngudhari prekawis ingkang wonten. Ananging pitakènan-pitakènan punika muncul minangka wujud ing panggugat. Langkung cilaka malih menawi ing suwaliking pitakènan-pitakènan punika, déning tiyang-tiyang wau karaosaken minangka korban saking satunggaling kemenangan péhak sanès. Ing salajeng pangraos punika kawujudaken ing salebeting tumindak ingkang nggrisak.

Korban. Dipun sadhari punapa mboten, ing suwaliking kemenangan asring munculaken korban. Nanging makaten, ing sasisih sanèsipun kegagalan ngranggèh kemenangan ugi saged dipun mangertosi minangka korban saking kawontenan. Ing tindhak kekerasan *gender*, para wanita ingkang nembé berjuwang, saged mestani dhiri minangka ingkang dados korban, inggih punika korban saking tumindhak mboten adil. Para priya piyambak ugi saged rumaos minangka korban, karena rumaos blih ajining dhiri para priya kaidèk-idèk. Ing salebeting paprangan, saé péhak ingkang dipun lurug punapa déné ingkang nglurug, sami-sami saged rumaos minangka ingkang dados korban nalika kalah ing paprangan. Sawernining pasulayan sejatosipun nélaaken bilih pitakènan “Kados pundi...” lan “Kénging punapa...” dados pitakènan ingkang sampun mboten trep malih. Awit ing wusananipun sedaya kedah wangsul ing dhiri pribadinipun piyambak-piyambak, kanthi pitakènan, “punapa ingkang njalari kula ndhèrèk ing perjuangan punika?”

Yohanes Sang Pambaptis rawuh lan piwulangipun narik kawigatosan ing antawisipun tiyang-tiyang Yahudi. Panguwaosipun ing salebeting ngladosaken baptisan lan kawicaksananipun ing salebeting maringaken piwulang saestu nggepok manahipun saben tiyang, khususipun tiyang-tiyang Yahudi. Bangsa Yahudi kala semanten wonten ing salebeting pangawulan saking Bangsa Roma. Tiyang-tiyang punika sampun bosen lan mboten betah malih dados bangsa jajahan. Punapa malih kala semanten kathah tiyang ingkang sami déné ndaku minangka Sang Mesih, ingkang maringaken pangajeng-ajeng nanging ing wusananipun sami nemahi pejah krana kapatrapan paukuman. Pramila saben-saben wonten pangajeng-ajeng ingkang nembé thukul, mboten dangu pangajeng-ajeng punika pejah malih. Rawhipun Yohanes Sang Pambaptis ingkang kinanthènan panguwaos lan piwulangipun, dipun anggep mbekta pangajeng-ajeng anyar tumraping tiyang-tiyang Yahudi, bilih Yohanes Sang Pambaptis punika Sang Mesih ingkang dipun prasyaaken déning Gusti Allah kanggé ngluwar lan mangsulaken bangsa Yahudi tumuju ing kasantosanipun kados duk nalika papréntahanipun Sang Prabu Dawud.

Pangajeng-ajeng ingkang inggil ing satengahing panglemprek krana pangawulan lan ugi krana munculipun sang mesih ingkang palsu, ing sasisih ngetingalaken panggugating tiyang-tiyang Yahudi dhateng Gusti Allah tumrap punpa ingkang sampun kaprasetyaaken. Purunmboten purun, gugatan punika temtu kémawon ugi ngener dhateng Yohanes Sang Pambaptis supados purun ngakeni dhiri minangka sang mesih. Gugatan punika munculaken pepinginan kanggé ngendhalèni Yohanes Sang Pambaptis, malah ugi ngendhalèni Gusti Allah lumantar gugatan supados Yohanes purun ngaken pinangka sang mesih. Tiyang-tiyang punika kesupèn dhateng pitakènan ingkang dados landesaning pangajeng-ajengipun. “Punapa ingkang ndadosaken tiyang-tiyang punika nunggil ing perjuanganipun?” “Punapa ingkang ndadosaken tiyang-tiyang punika gadhah pengajeng-ajeng?” Saking pitakènan punika, temtu kémawon wangsulanipun namung satunggal, inggih punika Gusti Allah. Gusti Allah ingkang sejatosipun

maringaken pangajeng-ajeng lan njalari tiyang-tiyang Yahudi tetep wonten ing perjuangan gesangipun. Anamung, pancen kangélan-kangélaning gesang ndadosaken tiyang-tiyang punika kapilut lan munculaken panggugat punapa déné pepénginan ngendhalèni asanès.

Ing sisih sanès, minangka manungsa, Yohanes ugi gadhah kesempatan kanggé saged ngunggulaken dhiri. Sadaya pangajeng-ajeng ingkang kaeneraken dhateng piyambakipun maringaken “panguwaos” ingkang linangkung tinimbang punapa ingkang kadhawuhaken Gusti dhateng piyambakipun. Pangajeng-ajeng, kanugrahan lan panguwaos saged damel tiyang kapilut. Menawi saèstu kapilut lan piyambakipun kepéngin unggul lan menang saking sanèsipun, piyambakipun saged nggugat dhirinipun dadosa sang mesih. Yohanes saèstu sadhar tumrap bab punika. Mila sacara tinarbuka Yohanes milih ngakeni bilih piyambakipun sanès sang mesih kanthi paring pangandika menawi ingkang langkung kagungan panguwaos tinimbang piyambakipun badhé rawuh. Sikep tinarbuka saged nuwuhaken cuwa, nanging ing sisih sanèsipun ugi maringaken kesadharan supados wangsul malih dhateng bab ingkang dados landhesan, inggih punika bilih wiwit sekawit ingkang dados pengajeng-ajenging tiyang-tiyang punika inggih namung Gusti Allah pribadya. Sikepipun Yohanes ngetingalaken bilih ing satengahipun kangélaning gesang, Yohanes tetep nyawisaken papan kagem rawuhipun Gusti Allah ing manahipun. Tinimbang ngendhalèni tiyang sanès lan malah ngendhalèni Gusti Allah, Yohanes milih ngendhalèni dhirinipun piyambak kanggé rawuhipun Allah ing manah. Sikap kados makaten ingkang mboten wonten ing antawising tiyang-tiyang Yahudi. Tiyang-tiyang punika sami déné repot kaliyan pangajeng-ajengipun, panggugatipun, temahan muncul pepénginan ngendhalèni asanès. Ing satengahipun kangélaning gesang lan sakathahing pangajeng-ajeng, tiyang-tiyang punika kesupèn nyawisaken papan kanggé rawuhipun Gusti Allah ing manahipun.

Sejatosipun menawi kita gatosaken kanthi permati, tiyang-tiyang Yahudi tetep gadhah pangajeng-ajeng dhateng Gusti Allah. Nanging kawontenan pangawulan ingkang

dangu karaosaken nuwuhaken raos bosen lan lungkrah. Lungkrahing manah ndadosaken tiyang-tiyang Yahudi (ing salebeting pengajeng-ajengipun) kesupèn nyawisaken papan kagem Gusti Allah ing manahipun, mila nukulaken panggugat dhateng Allah. Manah ingkang isinipun namung panggugat, temtu mboten nguwohaken katentreman, nanging raos bosen lan lungkrah. Lungkrah ingkang kedangon punika ingkang wusananipun mboten dipun sadhari badhé ngewahi pangajeng-ajeng dados gugatan ingkang dipun peksaaken.

Ing satengahing pangajeng-ajeng ugi pregumulan ingkang wonten, kakiyatan ugi kasisahan, kita sadaya kaajab saged ngeningaken penggalih lan manah. Supadosa kita mboten kapilut déning pregumulan lan kasisahan ingkang saged mbekta kita dhateng nepsu ingkang kepéngin manguwaosi lan ngendhalèni punapa kémawon. Kita wangsul dhateng pitakènan ing ngajeng, “Punapa ingkang nunggilaken kita ing perjuangan punika?” Ngeningaken penggalih lan manah tegesipun ngeningaken pepinginan supados wangsul dhateng pangajeng-ajeng kita lan nyawisaken papan kagem rawuhipun Gusti Allah ing manah.

Rawuhipun Gusti Yésus ing jagad lan wungunipun ingkang maringaken pangajeng-ajeng dhateng manungsa, sangsaya damel cetha prekawis punika (bab ngeningaken penggalih lan manah) lan sinarengan punika ngajab dhateng kita wangsul dumateng Gusti Allah, wangsul dhateng karsanipun Gusti. Mila ing wekdal punika kita dipun ajak supados ngilo, menawi sapunika kita nembé mbangun pangajeng-ajeng ing satengahing pergumulan, émuta dhateng karsanipun Gusti ing satengahing ngeningaken penggalih lan manah. Kosok wangsulipun, menawi kita rumaos lan sadhar bilih kita sampun kèrem ing pregumulan lan kasisahaning gesang ingkang munculaken sawernining panggugat, keparenga kita ngeningaken penggalih lan manah, sarta wangsul dhateng Gusti Allah. Kanthi eninging penggalih lan manah ingkang namung tumuju dhateng Allah, kamenangan sejati badhé saged kita wujudaken. Gusti mberkahi.

**7. PEPUJÈN**

KPJ 140:1-2 SIHÉ ALLAH GUNG SANYATA

1. Sihé Allah gung sanyata mring kawula tyang dosa;  
sing bangsa sanès umatnya ingangkat dados putra,  
tinebus Sang Kristus Gusti, gesang enggal sayekti.  
Nindakna pakarti luhur, yèku tandha ning sokur.
2. Sih - nugrahaning Pangéran, peparing lelahanan.  
Tan wonten dosa duraka kang datan ingapura.  
Nging tyang kang wangkot ing ati, pracaya mung ing lathi,  
pinagas saking sih-rahmat, sangsara ing akérat.

**8. PANDONGA**

- Nyuwun supados para umat tansah saged ngresepi  
wungunipun Gusti ing manah lan penggalih ingkang ening  
wonten salebeting gesang.
- Ndedonga tumraping patunggilan supados saged dados  
papan ingkang sami déné ngiyataken lan tetulung ingkang  
damel ening setunggal lan setunggalipun.

**9. PEPUJÈN**

KPJ 295:1, 2 WIT SANG ROH SUCI

1. Wit Sang Roh Suci, kula sagedna,  
martosken Injil adi Kraton Swarga.  
Wit Sang Roh Suci, kula sinung daya,  
nekseni Yésus Gusti, Sang Pamarta.
2. Wit Sang Roh Suci, kula wicaksana,  
wijang nerangaken sabda karseng Allah.  
Wit Sang Roh Suci, kawula sembada,  
Nglampahi gesang tansah lembah-manah.

[ZDP/IP]

